

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

BOUKAN DIFE LITERATI AK JOËL LORQUET:

A collection of articles & interviews

Edited by | Edisyon | Édition Emmanuel W. Védrine,

E. W. Védrine Creole Project, Inc. /Online

Creole Publishers. Boston, Massachusetts.

3 /4

Copyright © 2009

February |fevriye| février

NOTE: *Atlantic Creole, Haitian Creole, Haitian Creole lexical data, Haitian culture, Haitian history, Haitian language, Haitian linguistics, Haitian literature, Interviews in Creole, Reading in Haitian Creole, Teaching materials in Haitian Creole* | Créole Atlantique, Créole haïtien, Donnée lexicale, Culture haïtienne, Histoire d'Haïti, Langue haïtienne, Linguistique créole, Littérature haïtienne, Interviews en créole, Lecture en créole haïtien, Matériel didactique en créole haïtien.

INDEX | ENDÈKS

INTRODUCTION ENTWODIKSYON

There is no doubt that you, somehow, care about all of Haiti's problems and that you would like to do something in your power to help. Yes, you can! For many of you who did not have a chance to read the Creole newspaper *Boukan*, that touches on so many problems that the First Black Republic has been confronting since birth, I invite you to do so during your spare time. We thank and salute the tireless efforts of journalist Joël Lorquet, a great contributor of this newspaper who also contributes to the development of the Haitian language.

We take this opportunity to inform you that we are also publishing online as many materials as possible (in Creole, English and French) to help schools, students, and teachers in Haiti by making these materials available to them free of charge. We encourage you to participate also in this great collective work for the welfare and advancement of Haiti our Darling.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

Pa gen oken dout ke ou, yon fason yon lòt, sousye de tout pwoblèm Ayiti e ke ou ta renmen fè yon bagay nan kapasite ou pou ede. Wi, ou kapab! Pou anpil nan nou ki pa t gen opòtinite li jounal kreyòl *Boukan*, ki touche anpil pwoblèm Premye Repiblik Nwa a ap konfwonte depi nesans li, mwen envite w fè sa lè ou gen ti tan lib. Mwen remèsye epi salye efò enfatigab jounalis [Joël Lorquet](#), yon gran kolaboratè jounal sa a ki pote kontribisyon l tou nan devlopman lang ayisyen an.

Nou pwofite opòtinite sa a pou fè w konnen n ap pibliye sou entènèt la tou otan materyèl posib (an kreyòl, anglè, fransè) pou ede lekòl, elèv ak pwofesè lekòl Ayiti kote n ap rann materyèl sa yo disponib pou yo gratis ti cheri. Nou ankouraje ou patisipe tou nan gwo konbit sa a pou byennèt ak avansman Ayiti Cheri.

Sans aucun doute, d'une façon ou d'une autre, vous vous souciez de tous les problèmes que confronte Haïti et que vous aimeriez faire quelque chose dans votre capacité pour aider. Oui, vous pouvez! Pour beaucoup d'entre vous qui n'aviez pas eu la chance de lire le journal créole *Boukan*, qui touche beaucoup de problèmes que confronte la Première République Noire dès sa naissance, je vous invite à le faire pendant vos moments de loisir. Nous remercions et saluons les efforts de l'infatigable journaliste [Joël Lorquet](#), un grand collaborateur de ce journal qui a apporté aussi sa contribution au développement de la langue créole.

Nous saisissons l'occasion pour vous informer que nous publions en ligne autant de matériels possible (en créole, anglais et français) pour aider les écoles, les étudiants et les enseignants en Haïti en les rendant disponible. Nous vous encourageons à participer à ce grand *coumbite* ou travail collectif pour le bien-être et l'avancement de notre Chère Haïti.

Emmanuel W. Védrine

«Pawòl ale, ekriti rete»

Mizè fè bèf manje lanman (pwovèb). Mizè se yon bagay ki di. Mizè pa dous, nanpwen moun ki ta renmen soufri e menm si yon moun nan soufrans li ta toujou vle fè efò pou l wè si yon jou sa va chanje.

Men gen kèk Ayisyen depi yo fè ti klas filozofi, yo gen tan panse yo se yon afè epi tan pou yo ta pran you ti dyòb, yo pito ap kalewès. Se yo menm menm ki konn mande ou ven kòb pou achte sigarèt.

Men yo pa konnen depi «Mizè bare bourik, li kouri pase chwal». Sa vle di tan pou y ap mande pito yo ta pran yon ti dyòb, pou respè tèt yo. Menm si se pa sa yo ta vle fè, piti piti fè pil. Ou bezwen rad, soulye, ak yon pakèt lòt bagay ankò. Ou ta kenbe men ak yon ti okipasyon epi Bondye nan konpasyon l ki wè ou ap fè efò, va fè ou jwenn yon bon jan dyòb avan lontan. Paske li konnen «Mizè fè chen monte kayimit».

Gen moun ki di: se pa vre; ebyen, lè moun Nouyòk va pèdi dyòb yo, lè sa a y a peye konsekans lan. Yo va sispann viv sou kont fanmi, yo va reziyen yo chèche chemen lavi a ak pwòp men pa yo.

Wi, «Mizè fè bèf manje lanman» men si ou manje l ak kè kontan, sa p ap dire pou lontan.

J.L

Boukan, #192. novanm 1983. paj 13

NOU LA PI DI, NOU LA PI RÈD

Mezanmi, sa pa gen lontan depi m antre nan jounal la. Men kite m di ou, depi m te tou piti lè m konn al pase vakans, m te konn toujou renmen li jounal *Boukan* paske papa m te konn toujou pran abònman l. Konsa, konsa, m vin fini pa li kreyòl jouktan m ka ekri l.

Gen yon bagay ki fè m mal anpil. Se lè m ofri yon moun yon atik ki ekri an kreyòl epi pou l di m «Afè kreyòl se afè moun sòt!» oubyen «Monchè, m pa konn li kreyòl!». Ou konnen, pèp ayisyen gen gwo pwoblèm: «Nou pale kreyòl tout lajounen, nou pa konn ekri l, lekòl ban nou nòt pou n etidye an fransè e se ra pou jwenn yon moun ki konn pale l epi ki respekte règ yo...». Kidonk, tan pou moun nan ta pran abitud li kèk woman, kèk jounal nan lang kreyòl tou, li pito ap twonpe tèt li; l ap pran pòz konplekse l.

Se pa lapenn pou nou ta pale anpil, men mezanmi, m kwè tout moun k ap pran nouvel chak jou nan radyo, k ap li jounal rekonèt tout peyi tankou Kanada, Matinik elatriye... fèk kare ap fè efò pou yo jwenn kote sous mès yo soti; alòske kèk Ayisyen konn rive lòtbò, si yo

mande yo ki kote yo soti, yo reponn yo se moun peyi Brezil, yo se moun peyi Jamayik. M ta vle kwè li lè, li tan pou tout moun rekonèt vrè rasin yo.

Ebyen, jounal *Boukan* ane sa a, gen ventan. Ventan, kòm ou ka wè l, se lè yon moun jèn; li anfòm; li plen ak fòs e se nan laj sa a tou li kòmanse panse a avni l vre. Paske li wè se toutbonvre, li nan won; vle pa vle, talè konsa l ap granmoun nèt epi l pral genyen anpil responsablite sou do l. Ki vle di, ventan se pa jwèt, se pa laj pou yon moun chita ap betize. Depi jounal la te kreye, li te vle pote konesans, li te vle sèvi kòm yon konpleman edikasyon tout pèp ayisyen e se sa k fè li te toujou parèt an kreyòl pou tout moun k ap li l santi yo alèz paske kreyòl la se lang manman tout Ayisyen. Nan lang kreyòl, ou pa ka vire lang ou lanvè pou fè moun asepte san konprann... Se sa k fè jounal *Boukan*, se kòm si m ta di ou se yon jounal *Boukan* dife ki limen nan fènwa. Boukan an lè l ap klere, l ap montre nou chemen lespri, chemen konesans. Se sa k fè nou chwazi fòm deviz «Yon limyè sou wout nou». Si Labib konpare peche ak fènwa, nou gen tan wè jan fènwa pa yon bèl bagay pou nou rete ladan, e ki valè enpòtans yon limyè genyen. M p ap janm bliye istwa sa a yon granmoun, ki te rete bò lakay, t ap rakonte: «Se te yon jou aswè, granmoun nan t ale bòdmè Senmak pou l al jete yon fatra. Men, lè m di ou sa a, fènwa fè mikalaw. Granmoun nan ap mache, men pandan li pral fè yon lòt pa pou l jete fatra a, bridsoukou, gen yon zèklè ki fè yan! Yan! Èske ou konn s ak pase? Yon gwo twou vag lamè yo te fè; twou sa a te devan granmoun nan. Li te rete yon pa sèlman; si l te gen malè fè l, li t ap fè vwèl pou peyi san chapo. Vrèman, se te Bondye ki te sove l».

Nou konnen lavi pa fasil e nan peyi d Ayiti Toma, afè pa fin twò bon pou ti nèg epi ondirè pa gen anpil moun ki enterese ak bagay tankou jounal ki pou ogmante konesans yo, liv, elatriye... Men yon jounal ki vann senkant kòb, pa chè ditou. Se tout moun alawonnbadè ki pou vide sou li. *Boukan* gen ventan; se espwa, ventan pwoblèm, pwoblèm ki chak tan yo vini «Boukan dife boule yo».

Boukan gen ventan; nou la pi di; nou la pi rès. Se tankou m tandè vwa tout zanmi lektè nou yo k ap rele byen fò pou yo di nou: «Kenbe la! Pa lage!». Vrèman n ap kenbe pi di, n ap lite jouktan nou fè ideyal nou an triyonfe.

N ap fè efò kou nou konnen pou n ka toujou satisfè tout abònè nou yo. Konsa, nou konnen w ap toujou rete fidèl, w ap toujou renmen li *Boukan*; boukan dife sa a k ap klere chemen konesans ou.

J. Lorquet
Boukan, #194. janvyè 1984. 20^{èm} ane. paj 13

TOUT MOUN FÈT POU TRAVAY

«Travay», ala yon mo papa! Se tout lajounen ou tande: «Ey bòs la! Sa ou ap fè la? – M ap travay, monchè!».

Ebyen, nèg save yo fè konnen mo *travay* la vle di: «Yon lapenn, fatig ou pran pou fè yon bagay». Si nou pran kòm egzanp, egzèse yon metye: «N ap travay nan yon izin».

Tout travay se travay. Gen divès kalite travay. Tout travay pa menm paske yo tout pa peye menm jan.

N ap viv nan yon sosyete kote ki gen anpil kalite moun ki pa bezwen menm bagay. Kidonk, pou sa ka vin pi fasil, fò gen anpil manifakti, kèk atelye, faktori pou satisfè bezwen chak moun. Konsa ta vin gen travay pou tout moun. Amezi lemonn ap evolye, gen yon bann lòt aparèy y ap bezwen. Sa fè gen yon pakèt lòt fòm travay k ap parèt. Nou bezwen kola, fò gen izin ki fè kola. Nou renmen manje pen, fò gen boulanje, fò gen kèk moun ki travay pou fè biskwit foutè... Nou bezwen monte machin, fò yo vann gaz, fè anpil machin, ranje machin. Lè ou gade byen, se «youn antre nan lòt»; tout moun bezwen moun, san sa ou p ap ka viv.

TOUT TRAVAY EGAL TRAVAY

Tout moun ta dwe travay. Tout moun ta dwe aprann yon metye oubyen jwenn yon kichòy pou l fè. Se vre, pa manke travay; men, sa ou ka jwenn pi fasil yo pa peye. Si ou ta jwenn yon ti dyòb, li ta pi bon pou kenbe men ak li pase pou ta ret chita. Si ou te kapab sanble ti monnen pou aprann yon bon metye, sa ta fè ou jwenn travay pi fasil.

Tout travay rele travay. Men sa nou pa janm ka konprann, nan peyi d Ayiti, moun ki travay pi di, pi plis, se yo menm ki touche pi piti. Anpil moun ap kouri pran travay sou biwo ak kòl nan kou, men sa pa vle di se yon bagay serye y ap fè lè ti pewòl la fèt.

Si nou konsidere yon moun ki antre nan yon twou regou, l ap fouye l pou wete fatra ak labou santi ki bouche l, l ap travay di anba solèy depi maten, men kisa yo janm touche pase sa?

Yo pa entelektyèl; si yo te save; si yo te gen konesans, se pa sa yo ta fè. Podyab malere sa yo! Konnen yo pa konnen. Nan kèk lòt gran peyi, fò gen gwo rekòmandasyon lèt pou yon blan jwenn dyòb sa yo. Epi se pa pou nenpòt ti monnen. Paske yo konnen moun nan travay

di, kidonk se nòm al li touche byen. Sa fè mal lè w ap pase bò yon lari pou yon frè ou ap di: «Dirèk, ban m yon monnen la a non, m pa bon!»

Nan Nouyòk, pa gen konplèks pou tèl oubyen tèl travay. Se pa anyen sa pou ta wè yon nonm al bale lari nan maten epi pita ou wè l nan men longè oto l; aswè, menm moun sa a abiye byen fen, kòl li nan kou l, al fè kou nan inivèsite. Sa se yon bèl egzanp. Depi gen gwo lajan, pyès travay pa dezonè.

Anpil fi chita, yo p ap leve ni lou ni lejè, men gen anpil travay gason fè yo te ka fè tou. Poukisa kèk pa aprann chofè pou fè taksi, kondi kamyonèt? Poukisa yo pa fè mason, kontremèt, mekanisyen, elektrisyen, elatriye...

Nan peyi Venezyela, se gason ki kwit manje nan restoran; kidonk, menm jan gason ka fè travay fi, fi yo gen dwa fè lòt travay tou. Paske pa gen pyès lwa ki di «Dyòb sa a se pou gason, sa a se pou fanm!».

Si tout moun te konprann, peyi a ta pi lwen. Se pou chak moun konn kisa y ap defann epi sispann viv pou moun. Nou pè kritik, men moun k ap kritike nou yo pa ban nou senk kòb pou n manje.

ENPÒTANS TRAVAY LATÈ

Travay latè, se youn nan travay ki pi enpòtan, ki pi itil nan kèlkeswa peyi a. Wi, kilti latè se gwo travay. Ou ka kalkile konbe fwa ou manje nan yon jounen pou konprann valè travay. Ou konnen kijan grangou nan vant pa dous. Sa fè nou wè si se pa t nèg mòn, peyizan sa yo, anpil moun konn anvi meprize, gen anpil ki ta konnen doulè grangou nan vant. Si se pa t yo menm, kisa nou ta manje? Gen anpil moun ki pa menm konnen kòman yo manyen yon wou ak yon manchèt, alevwa konnen kijan ak kilè pou yo plante yon semans ak yon pikwa.

Natirèlman, nou ta renmen peyizan nou yo fè plis efò pou yo fè plis donn epi pou yo travay tout tè sa yo k ap gaspiye. Nou ta swete pou agonòm yo pi serye, pou yo pran plis konsyans pou fè travay yo byen, pou ede peyizan yo jwenn bon mwayen, bon manyè pou fè latè bay plis randman.

Zanmi nou yo, se vre wi, «Tout moun dwe travay, travay fè nou santi nou lib, travay fè nou santi nou granmoun».

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

Travay fè nou gen respè ... Travay fè nou pa al fè move zak... Travay fè evite move zafè.
Parese pa bay; tout moun fèt pou travay; se pou tout moun travay.

Viv travay!

Joel
Boukan, #198. me 1989. 20^{èm} ane. paj 3, 4

ENTÈVYOU : ANE SA A FÈ *BOUKAN* VEN ANE (1964-1984)

Jorèl Lòkè (Joël Lorquet) ki pi jenn kolaboratè jounal la poze Kari Polt (Carrie Paultre) ki papa jounal la kèk kesyon. Si nou egzaminen repons yo byen, n a pi konprann travay jounal la.

J.L: Mesye Polt, ane 1984 fè jounal *Boukan* ventan depi l ap simaye konesans. Èske ou ka di zanmi lektè nou yo kisa sa reprezante pou nou?

K.P: Sa pèmèt nou wè lang kreyòl la se yon gwo richès pou pèp la dèske nou kapab esplike tout bagay ak lang nan. Li kapab sèvi pou bay pèp la konesans.

J.L: Kòman *Jounal Boukan* te fè fèt?

K.P: Komite montre moun li a te derape ak yon gwo konbit alfabetizasyon, men lè sa a pa t ko gen anpil liv ki ekri an kreyòl pou moun ki fèk konn li yo te ka jwenn bagay pou li. Komite a fè parèt *Jounal Boukan*.

J.L: Sa k fè se *Boukan* nou te chwazi pou rele jounal la?

K.P: Paske «Boukan» se yon gwo dife abitan konn limen lè y ap pare tè pou tann lapli. Yo sèvi ak dife sa a pou fè twa bagay: 1) Boukan an sèvi pou boule tout vye fatra ki sou tè a. 2) Moun yo kapab boukannen ti manje yo nan chalè dife boukan an (tèlke: patat, bannann, lamveritab, krebete epi mayi). 3) Boukan an bay bèl limyè; konsa yo pa nan fènwa.

J.L: Bon, poukisa se an kreyòl jounal la ekri?

K.P: Paske kreyòl se lang tout natifnatal. Se lang sa a ki sèvi baz pou edikasyon tout timoun. Depi nou ti katkat, fèk ap parèt, se nan lang sa a manman ak papa nou ban nou

levasyon. Se kreyòl ki pou pèmèt nou vin konprann tout lòt lang (fransè, anglè, panyòl, elt.).

J.L.: Kisa jounal *Boukan* ka fè pou peyi a? Èske li gen yon ideyal?

K.P.: Jounal la (*Boukan*) ap chèche bay kreyòl la prestij pou pèsan moun pa meprize lang nan. Yon lang, se yon zouti ki la pou ede yon pèp nan devlopman l. Chak pèp sou latè gen lang pa l. Si nou gade byen, n a wè gen plis pase 1.500 lang ki pale nan lemond. Pa gen rezon pou nou wont lang pa nou an. Ideyal *Boukan*, se pou yon jou li ta wè pèp la sèvi ak lang nan pou l vin gen konesans sou tout bagay nèt: konesans sou sante, konesans sou agrikilti, elvaj, endistri, elt.

J.L.: Èske *Boukan* sipòte tèt li pou kont li osinon, èske li jwenn konkou?

K.P.: Pou di verite, pou jis kounye, jounal la pa ka responsab tèt li. Se moun ki oblije ap fè pou li. Chak nimewo jounal la koute swasann dis kòb. Men se senkant kòb nou vann li. Sa vle di, pou chak nimewo jounal, nou pèdi ven kòb. Pou nou ta ka responsab tèt nou, fò nou ta vann plis jounal. Jounal yo rele *Bon Nouvèl* la derape apre jounal *Boukan* men kounyeya, li deja depase trantmil (30.000) egzanzplè pa mwa. Nou poko prèt e pretann rive nan kantite sa a. Gen lè moun katolik yo renmen kreyòl plis pase potestan yo.

J.L.: Ki pi gwo pwoblèm jounal la?

K.P.: Jounal la gen divès kalite pwoblèm, men nan tout pwoblèm yo, gen de ladan yo ki pi gwo. Pou kòmanse, se jwenn moun ki pou ekri bon kreyòl, paske se pa paske se kreyòl, pou nou kwè «tout voun se do». Apre sa, se kesyon lajan an. Nou ta bezwen gen kèk moun ki asepte soutni finans jounal la.

J.L.: Èske ou konsidere ventan sa yo tankou yon siksès osinon tankou yon echèk?

K.P.: Lè nou vire nou gade chemen kote nou soti, move pa nou pase, se pou nou di «Ebenezè!» (jis jodiya Bondye pote nou sekou). Paske, lè jounal la te parèt nan mwa janvyè 1964, se sou yon sèl fèy li te ye. Lè sa a, nou pa t menm konnen si l ta rive wè mwa desanm 1964. Men jodiya, nou twouve se nan mwa janvyè 1984 nou ye. Si sa rive fèt, se paske jounal la gen fanatik, se paske gen moun ki renmen lang manman yo. Se paske ou menm, ou asepte li *Boukan*.

J.L.: Bon, frè Kari, kisa ou ta renmen pou jounal la?

K.P.: Sa m ta renmen? Se pou tout natifnatal nèt, zannanna kou pengwen rive konn li. Lè sa a, chak fanmi ta kapab achte yon nimewo jounal *Boukan* pou mete lakay yo. Nimewo jounal sa a ta kapab pote konesans bay timoun kou granmoun, fanm kou gason. Lè sa a

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati* ak Joël Lorquet

jounal *Boukan* ta rele «jounal pèp la». Dat pou l ta rive travèse yon lòt ventan, se sanmil (100.000) nimewo jounal *Boukan* ki ta pou parèt.

«Ban nou limyè a toujou *Boukan*, ban nou l pou toutan,
Ou konnen nou p ap janm kite ou,
Uitan, dizan, men kounyeya ou gen ventan.
Kèlkeswa kote m pase, m p ap janm bliye ou.
Ann fè anpil zanmi n yo pran abònman.
Nou renmen ou *Boukan*, n ap toujou renmen ou!

Jojo

«Kòmanse tretman pou maladi tibèkiloz san nou pa fini, se lave men siye atè. Se gaspiye kòb ak tan. Kontinye tretman jiskaske yo egzeyate nou».

«Zanmi, nou konnen ou renmen jounal *Boukan* anpil: se poutèt sa, n ap mande ou pou pa pè voye bèl ti pwezi, bèl ti atik, bèl ti jwèt, blag, ak devinèt paske jounal la se pou ou li ye. Ou konnen san ou, pa gen jounal epi *Boukan* an p ap ka kontinye limen. Nenpòt ki kote ou ye, voye yo. Ou konnen adrès nou: sa va fè nou plezi anpil.
Mèsi!

Boukan, #194. janvye 1984. 20^{èm} ane. paj 3, 4

NAN TOUT SA W AP FÈ, FÒ OU GEN VOLONTE

Volonte se yon bagay ki gen anpil enpòtans. San volonte, yon moun p ap ka rive fè anyen serye nan lavi a. Si ou di w ap fè yon bagay, si ou pa gen bon volonte depi ou kòmanse l, w ap rive nan wout, w ap bouke epi w ap kanpe.

Volonte a sanble ak anbisyon. Men, fò ou pa bliye gen move anbisyon ak bon anbisyon. Yon moun ki gen bon anbisyon fè sa ki bon, li pa fè sa ki mal.

Volonte pa m vle di yon puisans, yon fòs yon moun genyen pou l fè oubyen pa fè yon bagay. Se yon rezolisyon, yon desizyon.

San volonte, lèzòm t ap tankou yon bann prizonye san defans. Ou ka konn wè kèk moun ki gen posiblite pou fè yon bagay, men yo pa fè l paske yo pa vle. Se menm jan an tou, depi ou vle fè yon bagay ou wè ki bon, menm si sa pran tan, men ak volonte, yon jou ou va rive kanmenm.

Volonte, se yon kalite ki nan nanm nou. Se kòm yon libète e se bagay sa a ki baz lemond antye. Volonte pa anndan moun ki save sèlman. Li nan kalbas tèt tout moun ki pa konn li tou oubyen ki bouche tou. Se yon zam lòm genyen pou l atake oubyen defann li, swa pou l dakò oubyen pou l asepte yon bagay. Sa pèmèt li devlope l nan sosyete kote l ap viv la.

Si yon moun pa t gen volonte, li ta lage kò l nan briganday ak vakabonday ase. Se menm jan an tou, lè yon moun di: «M te kite fimèn sigarèt, men apre dis (10) mwa, m pa t ka kenbe ankò. M blije tounen nan fimèn ankò». Sa a se pawòl moun ki pa gen volonte. Lè ou konn yon bagay pa bon pou sante ou epi ou fè l, se esklav bagay sa a ou ye. Ou se moun ki pa fè onè tèt ou paske ou pa respekte pawòl ou, ou blofe pwòp tèt ou.

Lè yo anpeche yon moun fè sa li vle, sitou si sa l ap fè a bon, yo kraze moun sa a. Sa vle di, yo fè l santi li enferyè pa rapò ak lòt yo. Li pa menm jan ak yo. Men, se pa toutan l ap rete dou konsa, l ap revòlte yon jou kanmenm. Ki vle di, efò sa a li ka fè a ka gen anpil vyolans. Se konsa ou tande yon moun ki te dou vin debòde, li vin tounen yon move je.

Li pa bon tou pou yon mèt lekòl fè timoun nan pè l, fòse l obeye l nan tout bagay. Pito pwofesè a chèche zanmi elèv la. Paske demen, fason pwofesè a te fè avèk li va gen anpil enfluyans sou timoun nan.

Volonte pa yon bagay ou ka achte; se pa yon bagay ou ka genyen ak fòs nonplis. Men, ou fèt avèk li depi lè Bondye te mete ou sou latè; ki vle di, pa janm kite yon moun pran volonte ou: lè ou anvi fè yon bagay, mande konsèy avan, konsèy ki bon.

M p ap janm bliye sa: lè manman m te jèn ti demwazèl, li te konn degaje l nan pakoti. Men vin rive yon lè, li te anvi al nan lekòl pou l aprann koud, pou l ka vin bòs koutiryèz. Li t al mande marenn li konsèy. Marenn li dekouraje l; li di l: «Ou konn koud deja, ou pa bezwen al gaspiye lajan kay koutiryèz». Li rete konsa vre jouktan marenn li vin mouri. Li fin granmoun, li pa janm aprann anyen. Kounyeya, ala regrèt li regrèt! Marenn li nan verite, li menm li nan manti. Li te dekouraje l aprann kouti, men se pa t yon bon konsèy. Mezanmi, annou mete volonte nan tout sa n ap fè, nan tout sa n ap aprann; konsa, nou p ap janm regrèt.

J. Lorquet
Boukan, #203. novanm 1984. 20^{èm} ane. paj 3, 4

SE YON AYISYEN MOUN SENMAK KI TE FONDE VIL CHIKAGO

Nan ane 1779, yon Ayisyen ki rele «Janbatis Pwent Desab (Jean-Baptiste Pointe Dessables)» te bati yon ti kay toupre lak Michigan ak «lilinois River» kèk mwa pita, misye te fè madanm li ki yon Endyèn vini rete ak lòt manm nan tribi a. Yo bati yon kay, yon magazen, yon depo, yon ti fèm ak kèk lòt joupa.

Endyen yo rele kote sa a «Chekagou (Shekagou)», sa ki vle di «zonyon sovaj» nan lang yo paske zòn nan te gen yon pakèt zonyon sovaj ki te pouse la.

Ane yo vin pase kote yo te rele «Chekagou a» te devni yon bitasyon (zòn riral), epi yon bouk (vilaj), apre sa yon vil, jouktan li vin tounen yon kokennchenn vil yo rele «Chikago» tout moun konnen jodiya.

Janbatis Pwent Desab te fèt nan vil Senmak, bò ane 1745. Papa l te yon Fransè epi manman, yon afranchi ki te moun peyi Kongo.

Lè misye te fin etidye an Frans, yo te voye Desab nan «Lwizyàn (*Louisiane*)»; papa l te voye l al kreye lòt kontwa (ki vle di, yon lòt kote pou vann machandiz).

Desab te marye ak yon prensès endyèn, moun fanmi gran chèf Pontyak; misye te gen anpil timoun; Sizàn (Suzanne), te premye timoun ki te fèt nan vil «Chikago».

Chikago, jodiya, gen pase sèt milyon (7.000.000) abitan. Se dezyèm gwo vil peyi Etazini e se twazyèm vil kote ou ka jwenn plis Ayisyen aprè Nouyòk ak Mayami.

Se nan Chikago ou jwenn tout bilding «Sears» yo ki wo nan lemond: 442 mètr nan wotè (menm wotè ak montay nwa), 702 etaj, 6500 fenèt ak 72 asansè.

ASANSÈ: Se yon kabin ki kapab soti depi anba nan premye etaj pou rive jis anwo nan dènye etaj. Konsa depi yon moun antre anndan bwat la, li pa bezwen pase nan eskalye pou soti nan yon etaj ale nan yon lòt.

Boukan, #207. mas 1985. 21^{èm} ane. paj 3

MIZÈ JÈN MALERE

Poukisa nou tris? Poukisa nou santi nou pou kont nou? Tandiske nou genyen yon kreyatè ak yon sovè ki renmen nou. Pouki gen de lè nou vle depeyize poutèt lavi a ap malmennen nou? Poukisa anpil nan nou boulvèse? Alòs nou ta renmen gen lapè. Depi nou te ti katkat, n ap goumen ak lavi, n ap bat dlo pou n fè bè; nou gen manman, nou gen papa men podyab, nou pa t mande pou yo te fè nou men n ap peye konsekans lan.

Genyen ki ta renmen rive kichòy k ap fè ti efò malgre lavi di, men zòt yo tonbe plat atè! Paske yo pa gen yon tikras limyè. Tout pòt fèmèn, nou pa jwenn anyen pou nou manje, pou nou dòmi... se nan «tanpri souple bèl ti madanm, bèl ti mesye cheri, Bondye va remèt ou sa».

Ay! Soufrans sa yo vin plen kè nou, vin vire lòlòj nou, fè nou vin vye avan lè nou. Nou konn vin fou, tiye tèt nou tou. Mezanmi, pou jis kilè doulè mizerere sa a? Bondye bon, jou ale jou vini, toutotan gen lavi, gen espwa!

Joslin Kokiyou (Joseline Coquillon)
Boukan, #211. jiyè - out 1985. 21^{èm} ane. paj 14

YON TI FÈY MALANGA SOU LANG KREYÒL

Se pa ni de ni twa diskisyon ki fèt sou lang manman nou an, kreyòl. Nèg save yo, se toutan y ap bay lide yo sou lang kreyòl la, men youn pa janm dakò ak lòt. Jean Price Mars, youn nan pi gwo konesè peyi d Ayiti, te deklare: «Kont ak blag yo jwenn nan lang kreyòl la» ...

Si nou ta fè yon ti kout je nan fèy papye istwa, nou va jwenn kreyòl la pa t ko egziste lè zansèt afriken nou yo te fèk debake nan lil d Ayiti. Nesesite pou «kominikasyon» (ant plizyè gwoup esklav, kolon blan sou plantasyon yo) te fè lang kreyòl vin pran nesans pi devan, kote l anpil vokabilè devlope (plis) apati lang fransè a (ke kolon fransè yo te pale).

Gen peyi ki gen gwo pwoblèm kominikasyon e sa rive koze pwoblèm nan devlopman yo. Nan kontinan Afrik, pa egzanp, gen de peyi kote nou jwenn chak tribi, chak zòn pale yon lang (ki pa sanble). Nan peyi d Ayiti nou pa gen pwoblèm sa a : tout Ayisyen pale kreyòl (menm si egziste kèk varyasyon dyalektal o nivo zòn, men Ayisyen pa gen pwoblèm kominike youn ak lòt). Moun Okay, Jeremi konprann moun Okap, Pòdepè youn lòt san pwoblèm; menm bagay la pou moun ki soti zòn diferan.

Chak pwovens ka genyen kèk mo moun lòt pwovens ka pa janm tande lòt kote men yo pa gen pwoblèm kominike pou otan.

Poutan, pi gran pwoblèm nou gen nan peyi nou an se yon pwoblèm «edikasyon». Nou tout pale kreyòl men nou pa janm rive li l fen e byen paske pwofesè nou yo pa t janm aprann nou renmen li lè nou te lekòl. Men bagay ki dwòl, anpil Ayisyen konn li fransè men yo pa ka rive pale l nòmman. Se domaj, lè nou wè laplipa Ayisyen pa rive apresye bèlte, richès, kantite ladrès nou kab balanse ak plim nou nan lang kreyòl la.

Nou menm Ayisyen, kilti pa nou an se yon kokennchenn eritaj kont pou nou tire, blag ak pwovèb okenn lòt lang nan lemond pa ta ka touche nou pi byen.

Pèsòn pa ta vle demanti nou lè nou di : si pou peyi d Ayiti gen yon bon jan literati, fò se an kreyòl pou l ye. Gen mesaj sou kèk sijè espesyal ki p ap janm pase toutbonvre si yo pa sèvi ak gwo zam sa a ki rele kreyòl (lang tout Ayisyen pale).

Lè yo sèvi ak kreyòl nan lekòl, se youn nan pi gwo sèvis yo konn rann edikasyon Ayiti a ki deja an degraba. Kreyòl la se yon mwayen pou fè elèv yo konprann pi fasil sa y ap montre yo nan klas.

Kreyòl se lang pèp ayisyen. Okenn lang pa janm devlope prese, prese, ni san yo pa fè kèk chanjman ladan l. Lang fransè te pran kèk syèk avan li vin sa l ye jodiya. Nou pa ka dekouraje; nou gen tan fè anpil wout tou; jodiya se pa ni de, ni twa liv ki parèt an kreyòl!

Rete yon gran travay ki pou fèt sou tout lajè peyi a. Se pou chak Ayisyen kòmanse debarase yo de vye konplèks ki anpeche l dekouvri richès lang nou an. Se pou jounal, radyo ak televizyon pote kole pou bay kreyòl la plis plas toujou nan pwogram yo. Moun yo ta vin santi yo alèz lè sa a pou ekri ansèy yo an kreyòl nan plas fransè. Gen peyi tankou nan zile Sechèl (Seychell) oubyen Kiraso (*Curaçao*) ki touprenou; yo ban nou egzanp lan, tout bagay fèt nan lang kreyòl pa yo ki rele «papyamennto».

Ebyen, jan ou wè l la, kreyòl la dwe kontinye fè chemen paske kreyòl se youn nan pi gwo zam k ap rive fè nou soti nan tout fènwa mizè kote nou ye a.

50 ANE DEPI YO TE MASAKRE YON PAKÈT AYISYEN NAN SENDOMENG

Mezanmi o! Ou pa ta di pèp ayisyen pa gen memwa, ou pa ta di tou: ala pèp padone vit! Gen lè Ayisyen se yon pèp ki pa konn kenbe moun nan kè.

Depi de peyi sa yo egziste, Ayiti ak Dominikani, se pa ni de ni twa bagay ki pase, se pa ti kras enjistis pèp dominiken fè Ayisyen. Jis kounyeya, gen anpil bagay nou pa janm rive konnen ni esplike.

Dominiken trete Ayisyen pi mal pase esklav, sitou nan batèy yo; yo rive menm met chenn nan pye yo pou fè yo travay e si lòt moun pwomèt y ap met bouch nan koze a, polis ap pouse do yo met deyò.

Men tout sa, se poko anyen devan gwo vye zak Dominiken yo te fè nan mwa Oktòb 1937 kote prezidan Trujilio te pase lòd اساسine kare bare Ayisyen ki t ap viv an Dominikani. Trujilio sa a, yo toujou di se yon nèg ki te gen prejije, ki pa vle wè moun nwa. Se paske tou, li pa t vle ras nwa a mele ak pèp dominiken an (ki desandan Espayòl ki soti peyi Espay).

Oktòb 1937 sa a, se yon dat k ap difisil pou pèp ayisyen an bliye. Yo di tèlman gen Ayisyen ki te mouri lè sa a, se yon bagay ki enposib pou yo ta di kantite kretyen vivan ki te pèdi lavi yo nan masak sa a. Lè sa a pou yo konn si se Ayisyen yon moun ye, yo te fè l pwononse mo *pèsi* (an espayòl, «perejil») paske se yon mo ki pa pafil pou pwononse an panyòl pou moun ki pa pale l kòm lang matènèl ou depi piti. Se te yon tès pou idantifye Ayisyen.

Paske Ayisyen yo te nwè, diktatè Trujilio pa te pè koupe tèt yo. Moun ki te la rakonte: «Nan anpil vil pwovens, andeyò an Dominikani, yo te jete anpil kadav nan yon seri gwo twou kote yon dal kriminèl te kanpe. Kriminèl sa yo te byen antrene pou komèt zak sa yo. Yo te kanpe arebò twou a, yo t ap tann Ayisyen yo rive pou tiye yo tankou bèt. Se pa ti kras Ayisyen ki pèdi lavi yo konsa».

Men 50 an aprè masak sa a, èske bagay yo chanje? Èske kondisyon Ayisyen yo amelyore nan Sendomeng?

Ebyen si gras a Dye, Ayisyen pa al koupe kann «ofisyèlman» tankou lontan, yo kontinye ap pase anba fil pou al Nanpanyòl (an Dominikani). 50 ane apre masak sa a, dwa moun pa respekte nan batèy dominiken yo, yo menm kontinye ap fòse Ayisyen al koupe kann.

Pou selebre 50 ane masak Ayisyen nan Sendomeng nan, gen yon sant ki rele «Sant Bon Samariten»; se yon sant k ap fè efò pou wè si yo ka ede abitan nan batèy yo, epi ede yo rezoud pwoblèm kominote y ap konfwonte: sant sa a deside fè moun sonje dat sa a; li konte òganize konkou, konferans, afich ak yon dal lòt aktivite nan toude peyi yo.

Sant sa a ta renmen fè tout moun konnen byen istwa masak sa a; yo ta renmen eklèsi evènman sa a pèp ayisyen sanble fin bliye. Mezanmi! Laprès, legliz, tout patriyòt alawonnbadè pa dwe bliye yon krim konsa. Se tout moun ki pou montre yo kondane yon tèl zak pou sa pa janm rive frè nou yo ankò.

J. Lorquet

PREVIZYON POU ELEKSYON 1987

Mwa novanm sa a sanse chwazi pou lè «Konsèy Elektoral» la fè eleksyon nan tout peyi a (kit se eleksyon pou depite, pou majistra ak prezidan elatriye).

Eleksyon se yon bagay ki enpòtan anpil nan lavi yon peyi. Se kote yon pèp kapab chwazi lidè ki pou dirije peyi a, ki pou administre vil yo oubyen moun ki pou defann enterè li nan lachanm.

Yon bon eleksyon, san blòf, san fo mamit, san kont mal taye, se pi bon fason pou montre demokrasi egziste nan yon sosyete.

Èske peyi d Ayiti se yon peyi ki pa gen chans vre? Èske nou fèt pou n toujou rete ak moun, pou n pa janm vanse? Mezanmi, lè nou gade nan istwa peyi nou, nou wè nou pa janm vrèman gen yon prezidan ki fè yon bagay serye pou peyi a epi ki respekte dwa moun. Tout sa ki monte yo, se pouvwa yo wè pou yo pran, se plen pòch ak lajan leta pou yo rich yon sèl kou epi se kraze moun ki pa dakò ak gouvènman yo a. De ou twa ti prezidan ki te vle fè kichòy pou peyi a, yo pa janm rete.

Gen moun ki di yo pa pou eleksyon paske peyi a pa gen sekirite; moun ap mouri prèske chak semèn; vòlè ap antre kase kay moun epi menm lame a ki ta dwe mete lòd ak lapè se li menm ki pi mal; lè li debake yon kote, se abse sou klou; se tire sou moun, blese, tiye.

Gen yon lòt pòsyon ki di: fò gen eleksyon, se premye fwa nou gen yon chans konsa kote yon K.E.P (Konsèy Elektoral Pwovizwa) kapab òganize eleksyon an Ayiti. Yo fè konnen tou, nan tout peyi, peryòd eleksyon yo toujou gen twoub; kidonk, klima peyi a pa ka anpeche eleksyon. Gen lòt peyi kote sa konn pi mal.

Se pa ni de ni twa kozman ki repete sou afè eleksyon. Lè gouvènman an te fè parèt dekrè pa l la sou kozman eleksyon an, se te yon magouy pou gwo tèt yo ta voye moun pa yo monte. Moun ki kapab pwoteje yo; konsève enterè yo ak ansyen sistèm nan. Nou pa kab di se vre, ni se manti, antouka Bondye konnen! Li konn li klè epi li pa pran nan blòf!

Nou pa fèt pou n bliye: gen sektè ki pa vle eleksyon: yo pa ta renmen wè bagay yo chanje. Eleksyon 87 la kapab fèt. Men fò nou konnen K.E.P a pa ka fè l pou kont li. Lè pèp la t ap vote konstitisyon an, nou te wè jan brigad yo te veyatif, sa se yon egzanp.

Men, ann di pito: eleksyon p ap posib, ap gen magouy; si toutan n ap pwoche bò jou vòt yo, sitiyasyon an vin pi cho, klima laperèz la prezan pi rèd, bal ap tire isit lòtbò. Pèp la ap pè pran lari pou l al vote.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati* ak Joël Lorquet

Eleksyon p ap sanse pwòp, onèt, si gwoup moun ap pran kòb nan men kandida pou al lage blòk bilten je fèmèn, si fòs ki gen zam yo kreye deblozay pou gate jwèt la. Li p ap onèt si patizan ansyen rejim yo ap menase epi tiye patriyòt serye pèp la chwazi kòm manm biwo vòt yo, si swadizan otorite ap fè presyon sou moun pou vote pou kandida pa yo a, Si jounalis yo pa gen sekirite ak libète pou suiv dewoulman rezilta vòt yo. Pou fini, eleksyon yo p ap serye si gwo chabrak yo kontinye ap vyole dwa kretyen vivan.

Fò nou pa bliye tou: eleksyon pa ka chanje yon peyi, men se youn nan mwayen ki ka pèmèt yon chanjman. Yon vrè chanjman an Ayiti dwe rive fèt nan yon chanjman mantalite, konpòtman, yon volonte lakay ni pèp la ni moun k ap dirije yo.

J. Lorquet

ENPÒTANS ZYE YON MOUN

Zye, se yon bagay ki itil anpil. Se li menm ki pèmèt yon moun wè, pou l mache, pou l ekri, pou l fè tout bagay li vle.

Se poutèt sa, fò yon moun pran swen zye li pou l ka konsève yo pou pi lontan. Gen moun ki pot linèt bonè, gen lòt ki tonbe avèg bonè. Tout sa se paske yo gaspiye zye yo mal, yo pa t janm pran swen yo byen.

Men kèk ti konsèy sou sa pou nou fè si nou ta fè yon aksidan nan zye :

* Pa janm touche zye nou.

* Pa janm fwote zye nou.

* Si yon pwodui chimik ta boule nan zye nou, men sa pou nou fè prese, prese: kite zye yo ouvri anba dlo pandan 15 minit. Si se nan asid nou boule, kite yo pouvri pou 30 minit anba dlo si se nan yon lòt pwodui.

Chèche wè doktè, epi pote yon echantiyon nan pwodui ki boule ou a montre l. Depi yon moun gen pwoblèm nan zye, se pou l wè doktè.

PWOBLÈM ZYE KAY TIMOUN

Ant laj twazan rive sizan, yon timoun sou 20 ka gen youn nan pwoblèm nou pral site la yo:

* Yon zye parese

* Zye vèwon

* Oubyen yon zye ki pa wè twò byen; tout timoun ki fèk pral lekòl ta dwe al fè egzamen zye kay doktè paske si timoun nan gen yon pwoblèm nan zye avan laj sizan epi l pa fè tretman, sa kapab fè l vin avèg.

PWOBLÈM ZYE LAKAY JÈN YO

Pwoblèm jèn yo genyen pi souvan, se yon maladi yo rele **myopi** (sa vle di yo ka wè lwen). Si yon jèn pa ka wè byen sou tablo, sa kab ba l pwoblèm pou l aprann lekòl. Lè sa a, se pou l kenbe liv yo ak yon bèl distans lè l ap li. Fò l wè yon **okilis** (doktè zye).

APRE LAJ 35 AN

Aprè laj 35 an, zye yon moun toujou bese; se yon maladi yo rele **presbipi** ki fè moun oblije pot linèt. Nan laj sa a, se pou n fè yon bon tretman pou n pa gen **glokonm** (sa vle di pou presyon zye yo pa monte. Se yon maladi ki konn fè moun avèg).

Fò nou fè ou sonje ti aparèy doktè sèvi lè w al fè egzamen an pou l kab wè anndan zye ou; yo rele l «**oftalmoskopi**».

Aparèy sa a montre tout venn avèk lòt pati nan zye ou. Li pèmèt doktè dekouvri tout maladi ou ta kapab genyen.

Mezanmi, ann pran swen zye nou, ann manje anpil kawòt pou zye nou kapab toujou anfòm, ann sispann fwote zye nou pou nenpòt ti bagay.

J.L

Boukan, # 238. 24^{èm} ane. janvyè 1998. paj 5

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*
10 KÒMANDMAN POU YON POLITIK TOUNÈF

«Dis kòmandman pou yon politik tounèf nan peyi d Ayiti»

Afè «prezidan avi» a, se yon bagay ki ta dwe elimine. Men demokrasi ta dwe tabli pou chak Ayisyen ka lib toutbonvre.

Tout nouvèl fèt pou bay nan radyo, jounal ak televizyon san wete san mete, epi san kontwòl gouvènman an. Fò tout moun ka koute nenpòt ki opinyon ak ide pou peyi a ka mache lib e libè.

(1) Fò nou respekte tout byen ki pou tout moun, ki pou leta. Fò yo ka itilize resous peyi a genyen yo nan bon kondisyon pou tout moun nan peyi a ka pwofite.

(2) Fò bon jan jistis tabli pou tout moun. Lè tout Ayisyen va fè yon sèl, lè youn va rekonsilye ak lòt, nou va veve pou tout moun toujou viv tankou frè.

(3) Fò nou evite ak tout fòs nou moun k ap pran pòz sèl chèf, sèl seyè yo, pòz gran panpan, gonfle ral otorite. Fò nou sispann flate chèf. Fò nou pa janm kite pyès moun sou tèt nou, tonbe nan koripsyon, pou dirijan yo ka gouvène avèk onè.

(4) Fò nou òganize **edikasyon** ak **sante** pou tout moun. Nou va ankouraje agrikilti, endistri nasyonal ak komès si nou vle gen bon jan devlopman.

(5) Nou va montre timoun nou yo pou yo renmen peyi yo ak tout lòt sitwayen. Nou va anseye lajenès pou l respekte dwa moun; konsa, tout bon jan kalite moun genyen va toujou rete nan peyi nou.

(6) Fò nou toujou respekte toutbonvre drapo ble e wouj ki senbolize libète. Nou va toujou pare pou defann endepandans nasyon an si nou vle viv tankou bon jan patriyòt.

(7) Fò nou elimine **endisiplin** ak **ti sousou**. Doktrin Jezikri a ak renmen pwochen nou, fèt pou toujou pratike li ak tout nanm nou; konsa, nou va viv nan tèt ansanm ak tout moun.

(8) Fò nou toujou lite pou n kenbe epi reyalize deviz : **libète, egalite, fratènite**. Nou dwe gen yon lame patriyòt k ap defann pèp, k ap rann sèvis, si nou vle viv nan lapè.

Jojo

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*
YON TI KOZMAN SOU DRAPO PEYI D AYITI

Daprè istwa, pandan lagè pou endepandans, zansèt nou yo te sèvi toudabò ak drapo peyi Lafrans; sa te senbolize libète yo t ap chèche a. Men sa pa t vle di pou otan se te sèlman libète Ayisyen yo t ap chèche.

Drapo fransè a te gen 3 koulè: wouj, blan ak ble. Pandan kongrè Akayè a, Desalin te kreye drapo nou an kote l wete mòso blan an epi l kole twal ble a ak wouj la.

Nan mwa me 1805, Desalin mete koulè nwa a nan plas koulè ble a. Konsa, pandan 19 mwa drapo Ayiti a te nwa ak wouj.

Nan mwa janvyè 1807, pandan te gen gè sivil ak Kristòf, Petyon te tounen ak koulè ki te la avan yo (sa vle di koulè mwa me 1803), men li te chanje pozisyon bann yo; li mete yo nan sans kouche: ble a te vin anwo epi wouj la anba. Li te ajoute nan mitan li, yon seri ti desen yo rele «amwari». Desen nou gen alèkile yo, la depi 1953.

Konstitisyon 1964 la te vin tounen ak drapo Desalin nan, ak zam repiblik yo men san bonèt la. Yo rele li «frijyen». Jou 21 jen 1964, Franswa Divalye (*François Duvalier*) te retounen ak koulè nwa e wouj la. Sa dire 29 ane. Epi aprè dechoukaj 1986, depi lè a nou sèvi ak drapo ble e wouj la.

Devwa nou anvè drapo a.

Tout sitwayen fèt pou renmen drapo a. Li se senbòl patri a; fò nou respekte l. Nan drapo a, nou vin sonje tout gwo zansèt, tout gwo evènman ki make istwa peyi nou. Nou dwe toujou renmen li nan kè nou ak nan lespri nou. Lè n ap pote drapo, nou dwe konnen nou fè yon sèl ak li.

Lè n ap sèvi ak drapo a.

Si w ap mare drapo a nan yon ma, pi bon ne pou fè nan toulède kote yo, se yon ne chèz senp. Lè w ap monte drapo, ou fèt pou mete w dwat anfas ma a, epi w bay rès moun yo do. Si se nou de (2) k ap monte drapo a, ou fèt pou mete w anfas lòt kanmarad la, devan ma a, epi ou fè yon ti bak de fason pou rès kòd la pa touche atè. Pa janm bliye gade drapo a pandan y ap monte l.

Si w ap pote drapo peyi a epi yon lòt moun ap pote yon banyè oubyen yon lòt drapo, ou fèt pou rete sou bò dwat la.

Lè gen plizyè lòt banyè, nou fèt pou n pote drapo peyi a pou kont li, epi nan mitan. Si nou mete li nan yon mi ak yon lòt drapo, li fèt pou l plase bò kote goch ou. Si gen plizyè drapo

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

ki fòmè yon evantay, drapo Ayiti fèt pou li rete nan mitan. Lè yon moun ap fè diskou, nou fèt pou n met drapo a sou bò dwat li. Lè w ap pliye drapo a, ou dwe pliye li 2 a 3 fwa sou lajè li, pou koulè wouj la ka tonbe anndan, epi pliye nan longè pandan 2 a 3 fwa.

Fò nou salye drapo a, lè n ap monte l chak maten a uitè epi lè n ap desann li, vè lè solèy pral kouche. Men apre, fò nou pa bliye konsève drapo a nan yon ti bwat nou va sere yon bon kote.

Sitwayen ayisyen, malgre tout pwoblèm, tout traka ak desepsyon, toujou renmen peyi ou. Ann respekte drapo nou an, mezanmi!

J. Lorquet

EDIKASYON GRANMOUN AK DEVLOPMAN MACHE ANSANM

Se vre wi, pou yon pèp rive devlope toutbonvre, fò l gen edikasyon ak konesans. Lè nou di edikasyon, sa pa vle di chita ap plede pale san mete men.

Nan tan n ap viv kounyeya, pou edikasyon ak konesans fè kichòy, fò yo makònen nan lavi pèp la ap mennen chak jou a. Men pou sa rive fèt, gen twa bagay pou lidè yo rive fè:

- (1) Se pou yo bay egzanp lè yo vle yon bagay fèt. Pawòl la di: «Ti nèg mande wè».
- (2) Se pou yo pran responsablite yo an men. Sa vle di, lè w ap fè yon bagay ou fè l nèt; pa kòmanse l epi pou pa fini l.
- (3) Fò ou kapab pale ak moun yo, fè yo konprann pou ki rezon chak bagay fèt jan li fèt la.

Si pa egzanp pwofesè yon klas deside mennen elèv yo plante pyebwa nan mòn, elèv yo ap pi kontan fè travay la si yo wè pwofesè a mete men nan travay la tou. Men si pwofesè a chèche yon ti lonbray kote van ap soufle epi li chita byen alèz pou pase timoun yo lòd plante, ou mèt sèten travay la p ap fèt jan pou l te fèt la. Se pa sèlman nan lekòl, mèt la oblije mete men. Nan tout travay, se konsa pou sa te fèt. Gade yon ekip travayè k ap ranje yon wout, si chèf ekip la al chita anba lonbray, travayè yo ap sispann travay. Men si l kanpe nan solèy la ap montre moun yo jan pou yo fè, ou mèt si ekip la ap bay bon randman.

Nan Levanjil Lik, Jezi di konsa: «Si youn nan nou vle fè yon gwo batiman, premye bagay pou l fè, se pou l chita pou l kalkile konbe sa pral koute. Konsa l a wè si l gen ase kòb pou li fini travay la.

Si l pa fè sa, l ap fin poze fondasyon an, epi li p ap ka fini fè batiman an». Lè sa a, y a rele chalbari dèyè li. Sa se yon gwo verite wi. Gen anpil moun ki vle kwoke makout yo pi wo pase men yo. Nou pa wè sa k rive Dabòn, nan plèn Leyogàn. Yo bati yon izin sik ki koute karant milyon dola. Epi sa k rive? Izin chita la; li pa ka travay epi kann menm ap chèch sou pye. Pawòl granmoun yo di:

«Longè bouji w, longè priyè w». Se pou rezon sa a, nou di moun ki responsab fèt pou pran responsablite yo.

KISA NOU DWE FÈ LE GEN SIKLÒN?

Depi sezon siklòn nan kòmanse (sa vle di nan mitan avril rive septanm), sere anpil pwovizyon nou pi bezwen tankou: mayi, diri, pwa, lwil, pen, kasav, sik, lèt, dlo ak sèl.

(a). Siveye si lanp nou ak flach nou bon, epi fè achte gaz, pil, balèn, alimèt, bwa, bwapen ak chabon.

(b). Li ta bon tou si nou ta gen kèk bagay pou fè pansman tankou tankou koton, alkòl, elt.

(c). Gade byen pou wè si do kay ou a bon, si l pa gen goutyè, oubyen si pou fè rekloure tòl yo. Verifye fòs pòt ak fenèt yo tou.

(d). Li ta bon tou si ou ta gen yon mato, kèk klou ak kèk mòso bwa.

(e). Chèche sere yon galon ki vid ak kèk mamit oubyen kèk sache.

(f). Fò nou pwoteje tèt nou mezanmi, lè siklòn yo rive. Men, konsèy sa yo fèt pou obsève pandan tout sezon siklòn yo.

(g). Depi yo ta bay premye alèt la (premye avètisman an, radyo va bay la):

(h). Se pou nou fèmen byen di tout fenèt ak pòt kay nou. Men fò n ouvri yon pòt oubyen yon fenèt nan lòt sans van an ap vini an.

(i). Bloke fenèt yo ak planch.

(j). Sere tout dokiman ak papye enpòtan yo anndan yon plastik.

- (k). Retire tout anpoul ak lòt bagay ki fèt ak vit paske yon vè ki kase kapab danjre pandan yon siklòn.
- (l). Netwaye kèk veso pou nou sere dlo epi dlo n ap bwè a fèt pou l bouyi (pou pi piti yon demi galon pou chak moun chak jou).
- (m). Koupe gwo branch bwa ki twò pre kay la paske yo ka koze dega lè yo tonbe.
- (n). Si ou ta gen otomobil, plen tank lan gaz pou si w ta bezwen l.
- (o). Rete anndan kay ou si li solid epi si l pa bò rivyè oubyen kote ki danjre. Si l pa fèm, ale kay yon vwazen ki gen yon kay ki pi asire.
- (p). Pa kite zouti tankou manchèt ak wou nan lakou a; si van bwote yo, yo ka tounen danje pou lòt moun.
- (r). Toujou gen yon radyo ki sèvi ak pil bò kote w epi sere kèk pil an rezèv.
- (s). Toujou koute nouvèl y ap bay nan radyo.

Lè yon siklòn ap pase:

1. Koute radyo; pa deplase kote ou ye a.
2. Siveye si pòt, fenèt ak kwochèt yo toujou anfòm.
3. Si yon pòt oubyen yon fenèt ta kase, fè posib pou ranje l.
4. Si yon tòl ta ale, mete yon plastik sou matla a, epi pa kite lòt bagay yo mouye.
5. Pa kite lakay ou toutotan yo pa leve alèt la.
6. Siklòn yo konn kite gwo van dèyè yo pandan yon jounen.
7. Se pou nou pi veyatif si yo ta avèti n siklòn nan ap pase lanuit.
8. Pa janm kite kay ou, sof si ou gen yon gwo neseseite. Pa janm bliye, gwo van kab pran ou pou al voye w kote l vle.
9. Pa kite kay ou lè van an fè yon ti kalme pandan inès konsa, van an gen dwa fè yon ti kalme men l ap tounen pi fò.
10. Ou pa menm bezwen eseye pwoteje bèt ou yo ak lòt bagay enpòtan ou kite deyò paske ou pa konn kilè van an ap tounen.
11. Pa tiye lanp yo; ou kapab bezwen yo pandan siklòn nan.
12. Si ou ta sispèk kay ou rete a ka tonbe, foure kò ou anba yon tab oubyen rete nan mitan yon pòt.
13. Si ou gen kouran, desann swich la; sa va diminye danje dife.
14. Pa rete bò lamè. Si lamè a move, ou kapab gen anpil pwoblèm.

Kisa pou fè aprè yon siklòn fin pase?

15. Mennen blese yo lopital. Si gen moun ki disparèt, fè otorite yo konnen.
16. Anonse yo tou, si gen fil kouran ki kase, si gen fè tiyo ki pete. Pa touche fil kouran yo.
17. Retire debri yo, epi repare dega ki gen nan lakou w ak nan jaden.
18. Si yon pyebwa tonbe sou yon fil kouran, pa eseye ekate l men al rele konpayi an.
19. Pa kouri gaspiye dlo ou te sere.
20. Pa mache pye atè; mete sandal. Siveye zenglen ak mòso boutèy.

21. Pa kouri al benyen nan ma dlo.
22. Pa al nan zòn sinistre yo, sèl si ou pral pote viktim yo sekou.
23. Ede moun nan kominote yo. Pwoteje sante yo. Pa jete fatra ak bèt mouri nan lari.
24. Obsève prensip ijyèn, pou nou byen dezenfekte dlo, kijan pou n antere bèt mouri.
25. Pa kouri sot nan lari sèl si ou gen nesesite. Anpil danje ou pa konnen kapab rive menm lè yon siklòn fin pase.
26. Depi gen posiblite, ou mèt al travay. Sèvis ou kapab enpòtan. Kontinye koute radyo.

Ti konsèy sa yo se nan men responsab OPDES (Òganizasyon Avan Dezas ak Sekou) Joel Lorquet te pran yo.

Boukan, #243 jen - jiyè 1988. 24^{èm} ane. paj 10-11

FANM AK DEMOKRASI

Fanm ka bay devlopman toutbonvre!

Tout moun gen dwa pou yo viv, dwa pou yo deside kantite timoun yo vle genyen, dwa pou yo jwi byen yo genyen oubyen eritye epi dwa pou yo gen bon jan enfòmasyon sou tout bagay k ap pase nan peyi a.

Men lè nou gade sa k ap pase nan peyi d Ayiti, nou ka di tout dwa sa yo pa respekte vre. Nan peyi d Ayiti, chak ane, gen 1.000 fanm ki mouri pandan akouchman, alòs 400 ladan yo ta kapab sove si yo te konn kijan pou yo konpòte yo.

Lè nou mete Ayiti akote 100 lòt peyi ki poko devlope, nou ka di «Fanm ayisyèn yo pòv, men yo gen anpil kouraj».

Nan peyi nou, fanm ki manman an, se li menm ki responsab tout vi fanmi an, menm si gen gason nan kay la k ap bay kòb.

Sou chak 100 fanm, gen sèlman 15 ki marye; sa vin lakòz rès fanm k ap viv nan peyi a pa gen moun ki pou okipe yo; sa lakòz tout fanm yo ka tonbe ansent nenpòt kilè, menm si li

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

pa t vle. Li riske trape move maladi tankou sida, sifilis, elt. Lè yon fanm ap viv sou kont yon gason, li pa gen pyès pwoteksyon lalwa, sèl si li marye ak moun nan.

Gen anpil fanm k ap travay men yo peye yo pi piti kòb pase gason. Sa k pi rèd la, menm lè patwon yo konnen sa y ap fè a pa bon, yo pwofite pou fè sa. Vin jwenn yo konnen peyi a pa gen anpil travay. Gen lòt, malgre y ap peye fi yo tikras kòb la, yo vle pran yo pou madanm yo tou. Podyab, gen fi ki pa reflechi, yo konn tonbe ansent, epi lè sa yo tou pèdi travay la. Patwon an pa vle okipe pitit la, konsa fi sa a vin ogmante mizè li.

Nan zòn andeyò, yo konsidere fanm prèske tankou timoun, menm si se li menm ou wè nan tout travay tankou: agrikilti, elvaj, fè manje, fè komès, elt. Men, lè se gwo bèf, kay k ap vann oubyen achte, gason vle se li ki pou deside pri.

Men, pou pifò, fanm pa janm gen dwa sou tèt li (kit se lavil, kit se nan mòn).

Anpil fwa gen nan gason ki pa menm kite fanm nan gen dwa deside lè pou l ansent. An Ayiti gen yon lòt tandans; anpil moun panse afè planin famiyal se pou fanm sèlman.

Sitiyasyon afè pa bon, ki fè fanm ap viv sou kont gason, lakòz plis pase 1.000 fanm ansent pèdi lavi yo chak ane.

Se pa vyolans sèlman ki tiye moun. Gen moun ki mouri paske yo pa gen manje, pa gen travay; gen lòt ki mouri paske yo pa konn li, yo pa gen lespri epi tou yo pa ka fè anyen pou tèt pa yo.

Si tout Ayisyen te fè yon efò pou respekte dwa moun, dwa kretyen vivan, anpil vi ta sove. Demokrasi ak batay pou rann lavi tout sitwayen miyò se yon batay tou pou amelyore kondisyon fanm nan peyi d Ayiti.

Fanm se lòt mwaye ki ka bay devlopman toutbonvre.

Mezanmi, pinga nou kite lòt mòso sa a, lòt mwaye sa a mouri paske li itil peyi a anpil. Fanm bay demokrasi!

Yon tèks D^{tè} (doktè) Michelle Edouard Joël Lorquet adapte, epi tradui l pou jounal la.

Boukan, #251. 25^{em} ane. mas 1989. paj 3

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*
**KONFRÈ NOU, PORIS JANBATIS (PAURIS JN-BAPTISTE),
AP REPREZANTE JOURNALIS YO NAN K.E.P**

(Joël Lorquet)

Zanmi ki abòne ak jounal *Boukan* pa fouti pa konnen Poris.

Poris Janbatis ap ferye ak nou depi digdantan; ansyen lektè yo sonje siman bèl ti pwezi ak ti atik pike jounalis sa a te konn ekri nan jounal la, sitou pandan diktati Divalye a.

Nan finisman mwa mas la, apre yon kokennchenn Asanble Jeneral, manm «Asosyasyon Jounalis Ayisyen» yo te fè, yo vote Poris pou al reprezante yo nan Konsèy Elektoral Pwovizwa gouvènman an pwopoze a. Se Konsèy Elektoral sa a ki pral genyen pou òganize eleksyon nan tout peyi a, talè konsa. Lè vòt la, te gen plis pase 11 kandida.

Kilès Poris ye?

Jan Poris Janbatis fèt lavil Tè Nèv (Terre Neuve), nan peyi d Ayiti (16 mas 1936).
Li marye ak yon fanm swis epi yo gen 3 pitit.

* Soti nan ane 1965 pou rive 1968, Poris te etidye nan «Institut Biblique Nogent / Marne» nan peyi Lafrans.

* Soti nan ane 1968 pou rive 1970, li te etidye nan fakilte teyoloji «Vaux / Sein» (peyi Lafrans). Se konsa misye te rive fòme tankou pastè ki save nan pawòl Labib.

* Soti 1979 pou rive 1982, li t al etidye nan «Centre de Linguistique Appliquée» nan Pòtoprens. Se la misye t al etidye **lengwistik** (syans ki etidye konnesans sou tout lang moun pale sou latè beni).

* Kounyeya, pastè Poris ap travay kòm direktè Sant Pedagojik Riral Potestan an. Li se pwofesè kreyòl epi, pwofesè lang grèk ak Nouvo Testaman nan gran Seminè Teyolojik Nazareyen nan Frè (Petyonvil).

* Soti nan ane 1973 pou rive 1982, pastè Poris te youn nan moun ki t ap reyalize kokennchenn travay tradui Labib nou gen an kreyòl kounyeya. Se Sosyete Bibliik Ayisyen ki te lanse ide sa a.

* Fò nou pa bliye Poris Janbatis te ranpòte «Pri Dechan 1985» pou yon bèl roman li te ekri nan lang manman nou ki rele *Nan Lonbray Inosans*.

* Poris al nan anpil peyi tankou Laswis; Langlètè, Sentoma, Matinik, elt.

* Se Poris tou ki te prezidan «Société Biblique Haïtienne» ak komite pou montre moun li ak ekri (C.P.A.L). Men kounyeya twòp travay pou li, li oblije kite C.P.A.L

* Pou fini, fò nou di Poris ekri plis pase 13 ti liv an kreyòl, ladan yo nou jwenn:

Tonton Maten, Kout Flash sou 250 Pwovèb, Istwa yon chat baka, Lavi an miyèt, elt.

Fò nou fè ou sonje nan ane 1987 se te D^{tè} (doktè) Ernst Myrvil, yon lòt kolaboratè jounal *Boukan*, ki te reprezante jounalis yo nan premye K.E.P. Apre masak 29 novanm nan, doktè Mivil te vin malad li te oblije pati epi jouk kounyeya poutèt sekirite l, li pito ret viv lòtbò.

Nou voye yon gwo kout chapo bay Poris Janbatis, nou di li: kouraj! Kenbe pa lage! Jounal *Boukan* swete Poris va akonpli devwa sa a li gen anfas nasyon an ak menm seryozite li te toujou genyen an.

Boukan, #253. me 1989. 25^{èm} ane. paj 7

YON TI KOUT JE SOU SITIYASYON MOUN PÒV NAN PEYI D AYITI

Koze povrete nan peyi d Ayiti se yon bagay ki grav.

Twaka moun k ap viv nan peyi a, kit se lavil oubyen nan mòn, pa gen yon kondisyon lavi ki pèmèt yo viv byen ni pou manje twa fwa nan yon jounen. Se penpennen laplipa Ayisyen ap penpennen. Genyen menm se trimen y ap trimen pou chèche lavi anba yon solèy. Lavi a di, n ap bat dlo pou n fè bè, pwoblèm prèt pou fè n fou. Sa ki pi rès la, nou wè zotobre pa bò isit bouche zòrèy yo; yo rete endiferan anfas mizè, detrès ak soufrans malere. Se pakèt pwoblèm lou sa yo ki fè Ayisyen pran kanntè, al pran imilyasyon nan chan kann Sendomeng, elt.

Sitiyasyon kèk sektè nan popilasyon an.

Sitiyasyon sosyal ak ekonomik peyi d Ayiti fè anpil moun pa ka viv byen, epi gen twòp diferans nan fason moun rich ak pòv ap viv.

Gen kèk moun ki santi yo pi pòv pase lòt paske y ap viv nan yon ti kwen, yon vye katye pou kont yo epi leta pa janm fè anyen pou yo. Gen anpil peyizan konsa tou, yo rive menm dekouraje ak lavi. Sitiyasyon sa a fè anpil nan moun sa yo tou prèt pou fè nenpòt vye bagay puiske kriz lajan peyi a ap travèse a fè yo viv pi mal, pi razè.

Pami moun sa yo, gwoup moun ki pi mal yo se: ouvriye faktori ak peyizan nan mòn.

Fanm ak timoun se gwoup ki gen plis pwoblèm razè, malnitrisyon, pa gen kay, maladi, yo pa ba yo bon jan edikasyon. Si nou egzaminen kondisyon lavi moun sila yo byen, nou ka di:

* Ouvriye ak peyizan yo gen menm pwoblèm. Men sa nèg save yo di sou kalkil yo fè sou kijan moun pòv yo ye an Ayiti:

* Abitan yo genyen sèlman 240 goud rive 3.400 goud chak ane. Gen yon gwo chomaj, sa fè gen 65 rive 75 moun ki p ap travay sou chak 100 moun nan peyi a. Gen anpil moun tou ki **chomè degize**, yo toujou nan lari; genyen ki nan yon ti djòb men ti monnen yo touche a pa ka fè anyen pou yo.

* Kay yo twò piti, yo manke ijyèn. Yon sèl ti pyès kay la konn gen plis pase 4 moun k ap viv ladan li.

* Pòv yo manje mal, yo pa rive ranmase 1.700 kalori (vitamin) nan kò yo pa jou.

* Gen 30 timoun sou 100 ki mouri anba maladi tibèkiloz.

* Gen plis pase 60 moun sou chak 100 moun ki pa konn li sou tè d Ayiti. Zòn kote pòv yo rete pa gen swen sanitè.

Pa gen ase bon jan dlo pou moun bwè.

Pa gen ase kouran lavil. Pa gen sa menm andeyò epi gaz la twò chè.

* Fatra pa janm ranmase.

* Pa gen latrin. Kote ki genyen sa, yo manke netwaye yo.

SITIYASYON FANM YO

Fanm yo, bò kote pa yo, nan Pòtoprens sèlman yo reprezante 33,5% (transenk vigil senk pou san) nan popilasyon an. Sa vle di gen 187.400 fanm ki gen ant 15 rive 65 ane ak pi plis.

Anpil nan jèn demwazèl yo soti nan zòn ki pi mal yo, nan zòn andeyò. Lè tifi sa yo desann lavil, yo vin fè domestik, bòn, restavèk pafwa yo rive menm ap fè jenès. Sa ki gen bon santiman yo, konn kite move vi a pou fè ti komès nan lari osinon anba galri.

Sitiyasyon pòv.

Laplipa moun sa yo pa konn li, yo tout gen prèske menm pwoblèm ak lòt moun ki nan sitiyaasyon tankou pa yo a. Fi sa yo vin gen yon lòt pwoblèm ankò piske yo anba prejije ak esplwatasyon. Lòt pwoblèm ankò: pa gen anpil travay, sa ki fè fanm yo blije asepte nenpòt ki sitiyaasyon paske yo pè pou avni pitit yo.

N a kontinye mwa pwochen ak timoun ki pòv yo.

Joël Lorquet

Boukan, #255. jiyè – out 1989. 25èm ane. paj 8, 9

Suit ...

Mizè toupatou sou tè nou an. Ann sispann bouche je nou! Ann fè kichòy!

Timoun pòv yo.

Gen plis pase 37 timoun sou chak 100 timoun ki pòv nan popilasyon Pòtoprens la. Moun ki etidye chif yo fè konnen 200.000 timoun konsa yo gen zewo (0) rive jouk katòz (14) ane. Timoun sa yo sibi efè sitiyaasyon lavi pòv y ap mennen an. Bagay ki pwouve sitiyaasyon pòv la nan peyi a anpil, anpil:

1. Gen anpil timoun ki mouri apre yo fin fèt. Yo mouri anba dyare, enfeksyon; maladi sa yo reprezante 75 ak 45% (karanssenk pou san) sa ki lakòz tibebe mouri.
2. Gen 33 timoun sou 100 ki pòv, k ap soufri anba malnitrisyon (yo pa manje byen ditou).
3. Nan vil yo, gen 20 timoun sou 10 ki gen ant 8 al 10 ane ki gen tan oblije ap travay (kòm restavèk, chany, siye machin, fè komès, elt.) alòs nan zòn andeyò yo, gen 70 timoun sou chak 100.

4. Anpil nan timoun sa yo lage pou kont yo; se sa k fè, yo vin ogmante kantite ti vagabon, delenkan, fanm jenès, elatriye ... yo rele yo «timoun lari».

5. Yon pakèt jèn ki pa fini etid primè yo, epi k al chèche travay san yo pa gen okenn fòmasyon.

Povrete a nan tout kalite gwoup.

Moun ki plis touche nan sitiyasyon mizè sa a toujou, se granmoun, vye granmoun, ak endijan yo.

A kote pwoblèm tout moun ap kontre yo, gwoup vye ganmoun sa yo nan plis pwoblèm: yo pa gen kay, yo pa gen travay, yo pa gen moun k ap ba yo kòb, k ap prete yo, alevwa pou yo ta jwenn èd sosyal.

Mezanmi, sa mande pou nou reflechi anpil wi sou mizè ki nan peyi d Ayiti.

Afè leta a, se pa pale, kisa leta fè pou diminye mizè nan peyi d Ayiti? Kisa leta fè pou kreye plis travay pou chak moun ka degaje yo?

Kisa leta fè pou ede vye granmoun ki pa ka travay ankò, moun ki estwopye, endikape, paralize san fanmi yo?

Èske leta gen yon bon jan sèvis èd sosyal jan sa fèt nan tout peyi?

Zanmi, m kite ou ak kesyon sa yo, men pandan w ap chèche repons, panse ou menm tou kisa ou ka fè; petèt ou pa gen gwo mwayen, men kisa ou ka fè pou ede yon pòv k ap mande charite? Yon zanmi ki grangou? Yon granmoun ki san senk? Mezanmi, annou sispann konte sou leta paske gen lè sa pa egziste pa bò isit.

Boukan. #256. septanm 1989. 25^{èm} ane. paj 4

KRITIKE, MEN KRITIKE BYEN!

(Joel Lorquet)

Ann eseye reponn kesyon sa yo san bay manti; yo va ede nou konprann tèt nou epi tou viv pi byen ak lèzòt.

Èske ou konnen kijan pou fè epi pou asepte kritik? Si ou ekri «**wi**» pou youn oubyen plizyè kesyon ki ekri la yo, nou ka di se yon gwo chans ou genyen pou aprann pi plis bagay sou kijan pou ou resevwa kritik?

Lè ou ap kritike yon moun:

1. Èske ou itilize kèk mo tankou «toujou» ak «jamè»?
2. Èske ou dakò yo konprann kritik san yo pa bezwen fè pyès efò pou eklèsi?
3. Èske ou kite emosyon ou yo gouvène fason w ap fè kritik yo?
4. Avan ou fè yon kritik, èske ou reflechi pou konnen si «**wi**» oubyen «**non**» se bon moman pou fè sa?
5. Èske ou neglije pou bay sijesyon oubyen kèk konsèy ki kapab amelyore lespri moun ou kritike a?

Lè yon moun kritike ou

6. Èske ou rekonèt byen vit erè ou fè a?
7. Èske ou responsab pou sa yo blame ou a?
8. Èske ou prefere pa bay mesaj la enpòtans epi ou bliye li tankou yon bagay ou jete atè pou toutan?
9. Èske ou tou pare pou reponn ak pawòl tankou «wi, men ...»?
10. Èske tandans natirèl ou se pou ou dakò oubyen evite moun ki kritike ou la?
11. Èske ou rive dekouvri pou kont ou moun ki pale avèk ou a gen rezon, men ou refize chanje konpòtman ou te gen avan an?

Pa gen moun ki san defo:

Si sa se premye prensip ki pa janm anpeche kritik nan wotè konprann chak moun, men ou menm, fè li posib pou ou pou bay epi resevwa kritik ak yon lespri pozitif ki va pote yon pakèt rezilta pozitif.

EKONOMI PEYI D AYITI MENASE

(Joel Lorquet)

Anmwe sekou! «**wouy**» atake kafe nou yo.

Depi plis pase de ane konsa, gen yon maladi ki rele *wouy* k ap ravaje kafe nan peyi a. *Wouy* se yon maladi ki atake kafe a tankou yon djondjon. Gen yon pakèt chan kafe nan nò kote maladi a ap fè ravaj. Maladi sa a deja koze yon pakèt dega nan Plezans, Pilat, Dondon, Mamlad. Ti kafe ki rete yo pa anpil ditou nan zòn sa yo.

Wouy pase nan lòt peyi tankou nan peyi Brezil (1970), nan Paragwe (1971), Nikaragwa (1976) kote li fè plantè yo fè gwo pèd; epi tou lòtjou la a, nan peyi Jamayik. Alèkile, menm maladi sa a ou jwenn li nan peyi Ekwatè, Ondiras, Salvadò, Gwatemala, Meksik, Pewou ak Bolivi. Yo te resi vin dekouvri maladi *wouy* la nan peyi d Ayiti nan mwa mas 1988. Aprè sa kèk agonòm te deklare maladi sa a se pi gwo espès ki ka atake kafe ak yon seri lòt plant.

Ministè Agrikilti bò kote pa l te fèmen bouch li lè maladi a te fèk parèt. Petèt yo pa t vle fè kè plantè yo kase.

Yo te pè pou plantè yo pa t kontinye plante kafe, vin jwenn pri a bese kounyeya; sa te gen dwa fè kèk abitan ranplase kilti kafe a pa yon lòt bagay; sa t a pral yon katastwòf pou ekonomi peyi a.

Te gen yon premye pwojè pou kraze maladi *wouy* kafe a yo te prezante bay zotobre yo: yon pwojè pou dezenfekte vye bèt ki sou plant kafe yo. Zotobre yo te refize pwojè a malgre kèk te kòmanse dakò ak li.

Daprè sa nèg save yo fè konnen, lè yo voye pwodui chimik sou plant kafe yo, sa gen danje ladan, sitou pou sante moun k ap itilize l yo tankou peyizan. Li p ap gen anpil efè sou ti chan kafe tou piti yo kote yo pa aplike okenn teknik. Depi lè sa a, gouvènman an pa janm di anyen sou ki mezi pou yo ta pran pou eradike maladi sa a.

Agonòm yo fè konnen nan de (2) ane konsa, si yo pa prese fè kichòy, n ap pèdi tout kafe Ayiti genyen yo epi nou pral oblije achte kafe nan peyi lòtbò dlo. Se va yon veritab ravaj, dezaz.

Pandan tan sa a, mal la toujou la epi li kontinye ap fè dega tou dousman nan peyi a. Pi gwo jèm mikwòb yo rele «**Hemeleia Vstatrix**» la yo te toujou konnen li kòm yon espès ki fè

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

dega prese prese. Mikwòb sa a, ki tankou yon djondjon, simaye epidemi maladi a nan van k ap soufle. Yo wè maladi sa a nan lòt kote nan peyi a tankou Batis (nan Plato Santral), menm nan Bomon (nan Grandans lan), youn nan pi gwo pwodiktè kafe an Ayiti.

Kisa yo ka fè pou evite dezas la? Gen kèk peyi ki rive viv trè byen ak pwoblèm sa a men yo amelyore pwodiksyon kafe pa yo a epi yo kontwole kilè pou yo plante, tou depan de sezon lapli yo. Lakay nou, pwodiksyon kafe a fèb anpil anpil epi plantè yo pè pou maladi *wouy* sa a pa vin tiye kilti sa a nèt ale. Gen moun ki tèlman pè, yo rive depanse plizyè milyon dola nan fè pwojè pou kafe pa mouri.

Gen moun k ap poze tèt yo kesyon pou konnen si wi ou non gouvènman an pral kontinye itilize menm metòd digdantan yo, ki pa janm reyisi, oubyen si yo pral kòmanse lanse pito kèk bon jan pwogram serye menm jan yo fè nan tout lòt kote.

Nan peyi Jamayik yo gen tan pran anpil mezi pou anpeche mal la gaye. Nan peyi Ladominikani yo kòmanse yon kokenn pwogram dezenfekte sou tout longè fontyè a pou yo ka rive kontwole vye pwoblèm sa a. Men puiske nan Sendomeng yo itilize anpil teknik nan plante kafe, yo sèvi ak dezenfektan alèkile a (pestisid ki pou tiye mikwòb yo).

Gen anpil lòt òganis ki anvi ede peyi a batay ak pwoblèm *wouy* sa a men jis kounyeya gouvènman an poko montre ki plan li genyen pou rezoud pwoblèm nan. Yon pwoblèm ki pa piti paske li prèt pou tiye ekonomi peyi a puiske kafe reprezante plis pase 30% nan ti sa peyi d Ayiti voye vann lotbò dlo chak ane.

Pa rete anpil tan. Si yo pa prese fè kichòy, se kafe a n ap pèdi; se peyi a k ap pèdi.

(Se Joel Lorquet ki chèche ti enfòmasyon sa yo pou nou.)
Boukan, #256. septanm 1989. 25^{èm} ane. paj 14

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*
POU JWENN SOLISYON AK PWOBLÈM ENSEKIRITE

Depi ou vle, ou kapab.

Egzanp lavil Tigwav, ak lòt peyi òganize.

Kèk jou avan yo te fete fèt Tigwav la, zotobre militè ki nan vil la te sèman pou fè tout sa yo kapab pou lite kont ensekirite k ap fè tout moun pè a nan tout rakwen peyi a. Se konsa yo te pran kèk bon jan mezi pou evite briganday.

Daprè sa korespondan Radyo Limyè a, ki nan zòn lan te fè konnen, nan nuit 8 pou rive 9 out ki sot pase a, militè ki t ap fè patwouy nan vil la t al tonbe sou twa (3) enkon ki te nan yon machin vè dezè a.m (dimaten) konsa. Chofè a, ki pa t gen lisans, yo te arete l ak de (2) lòt kamarad. Chèf yo te fouye machin nan epi yo te jwenn lajan ladan l. Kisa yo t ap fè lè sa a nan vil la? Antouka, pwovèb la di: «Evite miyò pase mande padon».

Pwoblèm vyolans k ap parèt epi reparèt lè li vle a, kote y ap kraze brize, vòlè, tiye moun, elatriye... yo kab jwenn yon solisyon ak li.

Menm jan ak lòt peyi tankou Lafrans, pa egzanp, lapolis te gen dwa fouye pakanpak, tout machin yo sispèk nan lari Pòtoprens, ak katye ozalantou l yo, soti inè (1 è) rive katrè (4 è) edmi dimaten.

Natirèlman, sa t ap mande fò polis yo ta gen bon jan zouti (aparèy radyo kouwè «wòkitòki» pou kominike, machin ki p ap pran pàn, ak bon jan jilè parabal (ki p ap pran bal), elt. Fò telefòn polis yo tou, ki rezève pou ka ijans e ki ta dwe fè sèvis leta, ta lib epi fò yo pa ta sèvi ak yo pou regle afè pèsonèl yo.

Nan peyi Lafrans (Pari) polis k ap fè patwouy nan nuit yo te rive fè diminye anpil anpil zak malonèt ak krim k ap komèt.

Si yo sispèk yon moun pa respekte kout siflèt polis bay pou l rete, yo kapab sèvi ak zam yo kont moun sa a. Gen yon bagay konsa ki te fèt nan mwa jiyè 1986 la nan mitan vil Pari. Nan yon ri ki rele Ri Mogadò kote lapolis te tiye yon jèn gason sou motosiklèt. Sa te pase nan nuit apre lapolis ki t ap fè fouy nan katye a te sifle misye, epi li te pito kouri.

Pou yo ta lite kont ensekirite «òganize» sa a, fò lajistis ta ranpli wòl li vrèman.

Se pou moun ki nan prizon poutèt yon bagay mal yo fè, pran pinisyon yo. Se pou chèf sispann lage moun sa yo pou kòb.

Dayè, pi bon solisyon pou rete vag ensekirite sa a, se ta va fèmen tout gwo kriminèl sa yo nan prizon pou toutan.

Fò nou pa bliye nan kèk eta nan peyi Etazini, yo kontinye sèvi ak kondanasyon a mò pou kriminèl yo.

Pòtoprens pa pi gwo vil nan lemond, ni nan Karayib la; ebyen kòman fè militè ak lapolis pa ka mete yon fren nan pwoblèm sa a?

«Depi ou vle ou kapab». Responsab k ap dirije peyi yo fèt pou konnen se bon volonte sèlman pou yo genyen si yo vle rezoud pwoblèm ensekirite sa a.

J. Lorquet.
Boukan, #257. oktòb 1989. paj 3

ETAZINI GEN PWOBLEM TOU

Pwoblèm grangou ak kantite moun ki pa gen kay ap vin pi grav nan peyi Etazini.

Pwoblèm moun ki grangou ak moun ki pa gen kay pou rete ap vin pi grav chak jou nan gwo vil peyi Etazini ane sa a. Li frape sitou fanmi yo ak tout timoun. Se sa tout majistra yo te deklare lè yo te reyini lòtjou.

Majistra vil Boston, Mesye Raymond L. Flynn, ki te prezidan gwoup ki t ap travay sou kesyon an, te fè konnen «de jou an jou, gen plis timoun ki grangou nan peyi Etazini».

Daprè yon ankèt yo te fè pou tout majistra Etazini yo, sèvis ki pou ede moun ki nan nesite yo (k ap fonksyone nan lameri yo) pa kapab satisfè kantite moun k ap mande manje ak kay ankò.

Te gen 25% ak 19% moun an plis k ap mande kay ak manje nan ane 1989 la. Sou chak 4 moun ki pa gen kay pou rete, gen yon timoun tou.

Rapò ankèt la fè konnen tou, twaka moun k ap mande èd yo se timoun piti oubyen paran timoun.

Yo te mennen ankèt sa a nan 27 gwo vil nan Etazini, pa egzanp nan *Nouyòk, Los Angeles* rive jis nan yon vil ki rele *Chalston* (nan eta *South Carolina*) ki gen 81.000 kretyen vivan.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati* ak Joël Lorquet

Daprè rapò a toujou nan ane 1989, te gen 36 ou 100 moun ki te bezwen kay pou rete. Te gen 34% nan ane 1988, epi 27 sou 100 moun nan ane 1985. Sepandan, gen pi piti gason ki pa marye ki bezwen kay alèkile: te gen 60% nan ane 1985, ane sa a, genyen 46%.

Politisyen yo nan pati demokrat la fè konnen, rezilta ankèt sa a demontre kijan gouvènman *Reagan* nan te neglijan pase tout gouvènman *Bush* la, sou zafè moun pòv nan peyi ameriken.

Mesye *Tony P. Hall* (demokrat *Ohio*) ki se prezidan komisyon chanm reprezantan yo sou pwoblèm grangou, te deklare rapò sa a mete deyò a klè, kokennchenn tèt chaje ki genyen nan dènyè ane sa yo, e reprezante yon move eritaj pou prezidan *Georges Bush*.

Bò kote pa li, majistra Boston an, Msye *Ray Flynn*, deklare se pa sèlman administrasyon *Reagan* nan ki responsab sitiasyon an, ni prezidan *Bush*, men se fòt kongrè a tou, paske daprè li, Kongrè a pa kapab kontinye ap fèmen je sou pwoblèm moun pòv ankò.

Joël Lorquet
Boukan, fevriye 1990. paj 14

KI ESPWA POU AYITI?

Dis ane avan lan 2000, kisa Ayiti ap pote? Kisa ki pral chanje pa bò isit? Dis ane avan lan 2000, kisa ane 1990 sa a, ki se premye ane nan deseni a pral pote?

San reflechi, nou konstate yon gwo mouvman chanjman ki deklannche nan prèske tout kwen nan lemond; kote tout peyi, menm sa ki te kominis yo, vle demokrasi, lapè, lajistis ak linite. Alèkile, se moun sivilize ak laviktwa respè dwa moun ki ta dwe genyen?

Kisa ane sa a pral ouvri pou Ayiti? Èske li pral pote yon chanjman toutbonvre malgre li gen tan mal kòmanse ak tout baboukèt, egzil, kout baton, prizon li gen tan pote depi mwa janvyè a? Èske nou ka espere ane sa a pral mete yon pwen final ak peryòd tranzisyon politik sa a k ap vin pi long chak jou epi k ap plonje peyi a chak jou pi plis nan divizyon epi k ap mete nou an reta. Ayiti twò an reta pou monte wout libète, lajistis ak demokrasi.

Alòske kalite lavi a ap vin pi mal chak jou pi plis, peyi a kontinye ap pran pakalaw, ap bwete ap triminen. Si tout moun vle epi ap chèche chanjman an, linite a poko janm fèt toutbonvre; pa gen okenn efò ki fèt pou ini pèp ayisyen an vre. Inite a sanble pa menm posib puisque ansyen moun, moun ansyen sistèm yo, se pa yo tout ki vle chanjman pèp la

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

ap mande a. Se sa k fè chak fwa menm ekip ansyen moun yo ap dirije peyi a, se toujou menm metòd la: egzil, prizon, baboukèt, tiye moun, peye moun pou rele viv pou yo oubyen pou ekri grafiti sou mi, elatriye... Ayiti gen lè bezwen yon ekip moun tounèf ki pou netwaye l? Ki pou pèmèt pèp la tabli bon fondasyon solid pou rekonstwi peyi a, vre?

Anpil bagay ki pou ta fèt.

Mezanmi, gen anpil bagay ki pou ta fèt wi pandan 10 ane sa yo k ap vini la a:

Fò pèp ayisyen ta rebati peyi a: fò tout enstitisyon k ap mache bwete yo ta refòme; fò yo ta chwazi bon gouvènman ki nan enterè pèp la; fò yo ta respekte dwa moun ak demokrasi, elt.

Tout bèl anbisyon sa yo mande pou pèp la ta pran yon bèl elan epi fè efò nan tèt kole pou reyalize yo.

Èske avan 10 lòt ane toutnèf sa yo fini pèp ayisyen ap gen tan wè kokennchenn efò sa a, pou chanje vye sitiwayon ekonomik ak move kondisyon lavi?

Nou bouke asiste vye souvni, vye evènman ki te pote lanmò ak dèy, dekourajman, ki te bay gòj ak kè sere. Anpil lòt evènman te pote espwa epi te pèmèt nou tire anpil leson.

Se twòp lide kontrè, twòp diferans ki genyen ki fè pèp ayisyen pa ka antann yo.

Mezanmi li lè, li tan pou tout moun panse peyi, panse patri. Se pa chita ap gaspiye lajan pasi pala, achte kay nan peyi lòtbò dlo, men li lè pou nou fè yon bon jan reflechi, kèlkeswa tandans nou, ideyoloji nou; li lè pou tout moun rekonèt peyi a an degraba, men se nou menm pitit tè a ki pou remete l debou.

Nou ta swete deseni sa pote yon chanjman, yon lavi miyò pou pèp ayisyen. Yon lavi miyò pou tout moun ki bouke soufri.

1990 dwe ouvri yon deseni espwa pou peyi d Ayiti.

Joel Lorquet
Boukan, #261. mas 1990. 26^{èm} ane. paj 9,10,11,12

POUKISA GEN TOUT AKSIDAN SA YO SOU WOUT PWOVENS NOU YO?

Kisa ki lakòz lavi moun pa an sekirite sou wout yo?

Nan peyi d Ayiti, pa gen yon bon jan polis pou wout; se sa k fè chak chofè kondui jan yo vle nan lari. Pou ane ki sot pase a, pa egzanp, gen anpil aksidan ki te fèt sitou sou 2 wout nasyonal yo. Sa te fè anpil pale epi anpil dlo te koule tou. Gen anpil oto ekòl pou aprann moun kondui, se vre, men sa pa rive chanje bagay yo paske wout nou yo pa byen trase; lari yo pa gen pano ki pou di chofè a sa pou l fè lè l rive nan yon kafou. Menm de, twa pano estòp nou te konn wè nan lari, yo fin disparèt. Konsènan «twou yo» menm, sa grav nèt; kote ou vire se twou; tèlman gen twou, mwen konn yon fi ki te ansent, chòk machin fè san an (*fœtus*) tonbe kite matris li.

Zafè chaje machin depase wotè l, se yon lòt pwoblèm. Anpil fwa polis sikilasyon pa fè anyen kont sa. Gen moun ki konn sezi wè zo machin ap kouri sou moun, machin san limyè, san pòt, elt.

Gen moun ki konn ap mande tèt yo kòman machin an dezòd konsa fè rive al nan enspeksyon san pwoblèm? Gen taksi ki konn pote moun menm sou kapo motè, sou tèt machin nan oubyen sou pòtchay la.

Yon lòt pwoblèm ki jennen sikilasyon an, se machann pèpè yo ak machann manje oubyen kenkay, ki anpeche machin sikile litlit, sou wout nasyonal nou yo, mache Kabarè, Monwi, ak Lestè, se gwo egzanp sa yo, yo rele «ensekirite sou wout». Nan Pòtoprens menm, afè Boulva Lasalin nan, se yon wont. Ou a di pa gen zotobre, otorite nan peyi a, pèsòn pa pran pyès desizyon. W ap poze tèt ou kesyon sou ki wòl majistra yo genyen nan sa? Tout moun konnen wòl lakomin se travay tèt kole ak Sèvis Sikilasyon pou fè travay lari yo byen epi ak disiplin.

Lari Pòtoprens pa bèl ditou ditou. Lari peyi d Ayiti yo pa bèl menm, ni pou gade ni pou mache, ni pou pwonmennen.

Nan peyi d Ayiti, chofè ki enpridan lakòz anpil moun mouri. Anpil chofè aji pou kont kò yo; laplipa ladan yo pa konn ni li ni ekri yo pa konprann kisa yon pano siyalizasyon bò wout vle di. Pou yo, depi yo ka deplase yon machin, yo gen tan gwo chofè, alòske yo pa menm yon bon tèt mato. Nèg sa yo tèlman pa fò, yo lakòz anpil aksidan chak jou sou wout yo pi plis, aksidan moun ta kapab evite.

Chofè ki endisipline yo, yon lòt kote, fè sitiyasyon an vin pi grav. Lè ou tande yo, lè ou wè yo ap kouri ak tout boulin ou ta di wout nasyonal nou yo tounen wout pou machin fè kous, kote afè vitès pa konte. Se sa k fè, pou yon sèl ane ou gen dwa konte plis pase 200 moun

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

mouri epi plizyè santèn lòt blese sou wout yo. Kantite moun ki mouri nan aksidan menm valè ak moun epidemi konn tiye ak tout kalite maladi, maladi yo te dechouke nan tout sosyete kote yo konsidere lavi moun.

Fò tout moun rekonèt nesosite pou zotobre, responsab yo, mete sou pye yon bon jan sèvis polis pou wout ki kapab fè chofè respekte lwa sikilasyon yo.

Men kèk konsèy pou lè n ap vwayaje an pwovens:

1. Siveye kote n ap monte machin nan, pa monte li nan kafou oubyen nan koub.
2. Pinga monte yon machin ki mal estasyone, oubyen ki kanpe nan mitan lari a,
3. Pa chita anndan machin ki gen twòp moun nan ban an jouktan pou kwense.
4. Pinga monte sou tèt machin si pa gen plas anndan an, menm si ou prese.
5. Pinga monte sou echèl ki dèyè machin, pou ou pandye, echèl la gen dwa kase avèk ou.
6. Eseye otan ou kapab pou pa chita devan bò kot chofè, ni nan plas dèyè nèt, se yo ki pi kraze lè gen aksidan. Chwazi plas nan mitan.
7. Eseye pa monte machin ou pa fin abitye ak chofè a, si ou abite nan yon pwovens.
8. Evite monte ti kamyonèt. Chwazi bis pito; yo toujou pi solid; yo fèt an fè alòske kamyonèt yo fèt ak bwa epi tòn.
9. Si ou ta monte yon machin, ou ta wè chofè ap fè vitès ak enpridans, se pou pale avèk li pou li ralanti; si li pa vle koute ou, se pou desann machin nan; vi ou pi enpòtan pase tout lòt bagay.
10. Si machin nan ta fè yon aksidan pandan w ap vwayaje, pinga ou janm prese vole nan fenèt. Pafwa moun ki rete yo pa gen anyen, epi sa ki vole a konn tou mouri.

Pou fini, li ta toujou bon pou yon moun gen kèk ide sou sa yo rele «**sekouris**», sa vle di aprann kijan pou sove moun ki an danje, moun ki blese nan aksidan, ki pran pwazon, elt.

Pandan otorite yo poko deside yo pou rezoud pwoblèm aksidan ak move chofè, pou yo fòme «**polis wout**» la, pèp la espere chofè yo ki fin li ti atik sa a, va deside yo pou yo konpòte yo pi byen sou volan an, pou kapab diminye kantite moun k ap mouri chak semèn nan aksidan sou wout yo.

Joel Lorquet
Boukan, #263. avril-me 1990. 26^{èm} ane. paj 10-11

SA NOU DWE KONNEN (1)

1. Premye powèm ki te ekri nan lang kreyòl, «Lizèt kite Laplenn», se *Duvivier de la Marotière* ki te ekri l (nan ane 1750).
2. Se de (2) achitèk anglè yo te rele: Anri Bèks (*Henry Becks*) ak Anri Beri (*Henry Barrey*) ki te konstwi Sitadèl Laferyè.
3. Prezidan Georges (Herbert Walker) Bush, prezidan peyi Etazini fèt nan ane 1924 nan vil Milton (eta *Massachusetts*).
4. Si yon timoun fèt avan maryaj, li pa rekonèt nan maryaj la; men papa l te rekonèt li nan batistè li, èske sa kont pou fè l eritye papa l?

Repons:

Menm si timoun sa a fèt avan maryaj, li se yon pitit natirèl ki rekonèt piske papa l te fè sa. Yo ka admèt rekonesans sa a nan de (2) fason:

- a. Nan batistè timoun nan.
- b. Nan ak maryaj papa a ak madanm li, menm si fi sa a pa manman timoun nan vre, nan ka sa a papa timoun nan fin rekonèt li nan batistè li; sa kont pou fè l eritye papa l.
- c. Peyi d Ayiti ka fè pwodiksyon sèl nan tout sezon nan ane a. Daprè sa yon ekspè Òganizasyon Nasyonziini fè konnen kondisyon jan van ap soufle ak jan solèy la ye nan peyi a ka pèmèt abitan fè sèl diran tout mwa nan ane a; sa ki pa menm jan ak nan lòt peyi kote yo fè sèl.

Toujou daprè ekspè a, avèk yon tikras lajan, yo kapab fè kalite sèl la vin miyò.

Gouvènman avan yo te konn sa, men yo pa t janm okipe yo de bagay konsa. Ayiti gen dwa vin tounen yon gran espòtatè sèl (sa vle di peyi a gen dwa voye anpil sèl vann nan peyi etranje). Sa nou pa ka konprann sèke Ayiti konn achte sèl lòtbò dlo. Sa pa gen twò lontan, Ayisyen te gen pwoblèm pou jwenn sèl.

J. Lorquet
Boukan, jiyè – out 1990. 26^{èm} ane. paj 6

«Savwaviv se yon bagay tout moun k ap viv nan yon sosyete ta dwe respekte pou yo ka toujou konsidere l kòm yon moun byennelve, moun ki gen bon jan edikasyon.

De moun gen dwa fè menm klas men yo pa gen menm edikasyon; konsa, youn gen dwa reyisi epi lòt la echwe. Kisa ki ka lakòz sa? Chans oubyen malchans? Èske se okazyon yo, yo rate? Orijin kote ou soti, kote ou fèt, edikasyon ou ak gwo relasyon moun ou konnen, pa vle di tout bagay.

Nou ta ka divize lèzòm nan kategori sa yo: moun k ap pran desizyon yo, moun k ap pran gwo desizyon yo ak lòt moun k ap reve. Lè yon moun renmen patisipe nan yon bagay, se eleman ki enpòtan pou gen siksè. Gen moun, toutan ki rete fèmèn sou yo, ki pa pale ak pèsòn, se paske yo pè chanje tanperaman.

Edikasyon jwe yon gwo wòl nan egzistans yon moun. Timoun ki te konn abitye ak pwoblèm, difikilte ak sa ki te konn jwe foutbòl nan ekip, yo gen plis rezistans pase sa yo ki te konn toujou ap pwoteje.

Yon moun gen dwa regrèt sa men, menm si yo toujou di «Aparans twonpe moun», ebyen rad yon moun ap mete sou li, fason li penyen, soulye l ap mete... tout sa temwaye kisa moun nan genyen anndan li.

Yon moun ki soufri ak maladi feblès pa kab mache vit, kouri, elt. Yon moun ki malad pa ka jwe boul nan ekip. Si lè nou al yon kote yo gade nou soti nan tèt rive jouk nan pye, li pi bon pou nou pran swen kò nou, si nou vle briye. Se pa yon kalite ki fasil pou fè moun chame moun; li pa toujou fasil pou fè moun renmen nou. Se nan ka sa a «savwaviv» la, ki se imaj pèsonalite a, montre kijan li itil.

Konn fè ak konn viv; ou pa ka fè youn san lòt men fò ou konn viv pou konn fè. Se vre wi, paske moun ki konn boule ak moun; ki konn kolabore; ki konn antann yo, yo pa janm pèdi.

Kisa «savwaviv» la ye? Li pi plis pase konn resevwa ak konn pale; li pi plis pase politès; li se yon don ou genyen pou kapab adapte ou ak nenpòt moun nan nenpòt kote epi nan nenpòt sikonstans. Yon moun ta dwe kapab adapte li ak yon lòt, lè li konn respekte opinyon ak lide lòt moun; lè li senp nan rapò li ak lòt moun yo.

Si ou vle viv byen ak moun ki bò kote ou, evite pou pa montre ou twò di si ou nan plas direktè oubyen chèf, ni pou ou pa favorize fanmi ou si ou nan plas pi ba.

Kijan ou ka manifeste «savwaviv» sa a? Ou pa bezwen yon pakèt bagay pou montre sa, se ti bagay ki pi piti yo ki bon: di moun bèl ti mo, fè ti konpliman sensè nan nenpòt

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati* ak Joël Lorquet

sikonstans. Se konsa ameriken yo viv, se sa k fè nan kote y ap travay, se pa fasil pou wè moun gen pwoblèm ak lòt moun.

Nan nenpòt sikonstans, sou volan machin, apye, nan mache, nan travay, nan faktori, elt. konn fè se trè byen men, konn viv pi bon toujou. Depi ou janti ak lespri, ou fè egzistans lavi vin pi bèl.

Joel Lorquet

Boukan, #266. septanm – oktòb 1990. 26^{èm} ane. paj 14

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*
REPÒTAJ YON KONFERANS SOU MOUCHE DEFAS

Se te samdi 7 janvyè 84, apre Msye Lyonèl Demarat (Lionel Desmarattes) te fin fè «vant siyati» liv li a, vè 7 è edmi diswa, Msye Bryant C. Freeman, yon Ameriken ki renmen lang kreyòl anpil, te bay yon konferans ki te mete fasanfas «Tartuffe» Molyè (Molière) te ekri avèk «Mouche Defas» Demarat ekri, tradui e adapte an kreyòl ayisyen.

Apre dirèk nou, Msye Kari Polt (Carrie Paultre) te fin fè yon bèl rale mennen kase sou lavi Msye Freeman, pou l te ka entwodwi l, konferansye a te pran mikwo l pou l te pale sou karyè otè liv la. Fò m di ou avan yo te enprime liv sa a, yo te gen tan jwe yon bann pyès teyat avè l.

Devan yon santèn moun konsa, Msye Freeman te kòmanse pale sou pyès Molyè a; yo te pase nan pòtvwa a yon pwezi an kreyòl Demarat te ekri.

Msye Freeman di: «Pale fransè pa di lespri».

«Pale fransè pa fè m pè». Li montre jan kreyòl se yon lang toutbonvre, menm si li kole toupre ak fransè epi li montre kòman yon moun santi li alèz toutbonvre paske li konprann byen lè y ap di l yon bagay nan lang manman l. Se sa k fè yo te fè anrejistremant yon pati nan «Tartuffe» Molyè a an fransè pou konpare l ak tradiksyon an kreyòl. M ta renmen ou wè jan sa te bèl!

Konferansye a di: «Si yon pèp vle respekte tèt li, se pou l respekte lang li!... Yon pèp, se yon lang; yon lang, se yon pèp».

Yo fè wè se sèl «Enstiti Fransè d Ayiti (*Institut Français d'Haïti*)» ki vrèman bay atis yo posibilite pou evolye, pou pran elan ak fasilite yo pou tout konferans, tout koudyay sou lang kreyòl fèt san pwoblèm, san konplèks. Se poutèt sa, Lyonèl Demarat te rann yon omaj bay «Enstiti» a nan yon bèl kout chapo plen ak yon pwezi li rele «Omaj a Enstiti Fransè». Msye B. Freeman te reprann lapawòl pou l te di : «Si yon etranje vle konprann peyi a, fò li aprann lang pèp la». Se sa k fè li pa t pran tan pou l te fè sa; kreyòl pale, kreyòl konprann!

Kidonk, «Mouche Defas», se yon pyès ki fèt daprè lide «Tartuffe» Molyè a men ki adapte nan yon lòt milye avèk anbyans peyi d Ayiti Toma. Se kòm si m ta di Demarat pran pyès Molyè a, li vire l, li tounen l epi li fè l dewoule nan peyi a menm; menm jan anpil lòt peyi tankou Yougoslavi, Japon te gen tan fè sa.

Nan moman pou poze epi reponn kesyon, Freeman te pwopoze pou yo te rele kreyòl la «ayisyen» pito. Tan pou yo ta di m konn pale kreyòl, pito yo ta di m m pale ayisyen. Paske gen anpil bagay ki pou fè nou diferansye kreyòl ak kreyòl.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

«Kreyòl», vle di yon pakèt bagay. Li vle di «Moun ki fèt sou tè isit menm». Li vle di, «Yon jan yo pale, yon lang oubyen yon patwa».

Se pa sèlman isit an Ayiti, yo pale kreyòl, gen Matinik, Lagwadeloup e menm nan zile Sechèl yo. Sa k pi rès Jamayik gen kreyòl pa l tou, men sa k fè diferans lan, se paske pa yo a soti nan lang anglè; kidonk, gen plizyè tip kreyòl.

Piblik la te montre li te enterese anpil nan deba a; ondirè yo pa t menm anvi al lakay yo. Lè moun yo te pale sou kesyon plizyè manyè yo pale kreyòl la isit an Ayiti selon zòn nan, Demarat te reponn yo «sa egziste nan kèlkeswa peyi a».

Menm Lafrans k ap travay pou senplifye lang fransè a toujou gen kote yo woule «R» yo, gen lòt tankou «Toulouse», yo pale prèske tankou panyòl. Moun yo te souleve kesyon «mantalite» ki yon gwo pwoblèm lakay pèp ayisyen. Gen yon jèn gason ki te di sa kòm li te pran yon souflèt paske pandan li t ap diskite ak yon nèg, li te di l «li sòt», men si l te di l sa nan lang fransè li pa t ap fè pyès reyaksyon.

Ebyen, se konsa bèl ti lodyans sa a te resi fini vè 9 è nan Enstiti Fransè. Nou espere va gen ti kalite bagay sa yo pi souvan pou ede sanba ayisyen yo fè pwogrè.

Boukan, #195. fevriye 1984. 20^{èm} ane. paj 9

KOUT JE SOU PEYI VENEZYELA

Peyi Venezyela nan pwent nò peyi Amerikdisid yo, bò kote lamè Zantiy yo. Li tann kò l sou yon distans ki mezire nèfsandouzmilsekant (912 050) kilomèt kare. Kapital peyi sa a rele Karakas. Twa pi gwo vil yo rele Marakayibo, Bakisimeta ak Valensya. Peyi sa a gen trèzmildesandizuit (13.218) moun k ap viv ladan.

Jewografi

Si nou ta pakouri jewografi peyi sa a, n ap jwenn li gen anpil mòn. Mòn ki pi wo yo ka mezire senkmilde (5.002) mè (nan wotè). Li gen anpil plèn yo rele «ILanos» ak plato tou, anpil rivyè, sitou nan kote yo rele «Lèzand».

Peyi a gen diferan klima men yo chanje selon wotè zòn nan. Soti depi bò lamè ki fè cho, pran kèk mòn ki fè fre rive jis nan mòn ki lwen vil yo kote ki toujou gen nèj. Nan Venezyela, yo fè plizyè kalite kilti: yo plante viv yo nan mòn, men se komès mayi, diri, manyòk, abriko ak bannann moun yo fè pi plis. Yo konn boule pay sou tè yo pou angrè. Sa

te konsa depi sou tan Payòl yo te okipe peyi a. Yo fèk kare plante kakawo ak kafe paske digo ak kann pa prèske enterese yo ankò.

Chak jou y ap fè plis efò pou fè sereyal yo donnen nan savann ak nan vye mòn pou manje pa janm manke pou popilasyon an k ap plede grandi. Ou jwenn kèk moun, depi lontan, ki fè elvaj zannimo tou.

Avan yo te dekouvri peyi a, se te tribi «Arawak» ki te abite la. Panyòl yo ki te vin chèche lò, te fin pran peyi a. Lagè, maladi ak esklavaj te fin tiye Endyen yo. Jodiya, nou ka jwenn kèk grenn nan kèk ti kote bò fwontyè Venezyela ak bò peyi Brezil. Pita, yo te fòse esklav nwa ki sot an Afrik vin travay pou yo. Kounyeya gen anpil moun lòt peyi ki vin viv nan payi sa a; pa egzanp, n ap jwenn moun ki sot Ayiti tou, men yo pa la twò lontan. Se nan ane 1975, yo te kòmanse vini. Gen anpil kote nan peyi a ki pa gen moun k ap viv la.

Istwa peyi a di nou se Kristòf Kolon ki te dekouvri peyi a pandan twazyèm vwayaj li nan ane 1498. Mojeda, youn nan konkistadò ki te akonpaye Kolon, lè li wè plaj bò lamè yo sanble ak yon «Ti Veniz», li tou rele peyi a «Venezyela». Anpil moun ki vin vizite Venezyela pou fè anpil etid sou li te tou abite la. Rezon an se paske yo te jwenn anpil bagay ki koute chè tankou pèl ak lò. Anpil moun peyi Lafrans, Anglètè ak peyi Neyèlandè te vin atake peyi a. Panyòl yo te deja fin tabli yo nèt jis lè Miranda te kite kontinan Ewòp epi l te retounen nan peyi a. Se li ki te leve premye batay la an 1806.

Aprè sa, pèp la te rive jete jeneral Enparan ki t ap gouvènen peyi a nan moman sa a (jou 19 avril 1810). Kèk ane pita, «Kreyòl» yo te pwoklame endepandans (jou 5 jiyè 1817).

Kèk natifnatal ki t ap viv nan mòn yo (sa ki te ede Miranda genyen batay la) ak Panyòl yo te jwenn kèk pwoblèm : anpil lòt vil t ap fè jalouzi paske se kapital la ki te pi bèl. Pita, kèk moun peyi Anglètè, Nouvèl Zeland ak kèk lòt nèg mawon Payèz (se yon moun peyi Venezyela) te kondi te pèmèt yo genyen laviktwa Simon Boliva te vle a (aprè anpil difikilte, nan vil Karabobo, jou 24 jiyè 1821).

Istwa

Istwa peyi a gen anpil gwo evènman, gè sivil, elt. Te gen anpil gwo prezidan tou. Jodiya, se Msye Jaime Lusinchi ki sou pouvwa a.

Peyi Venezyela fè pati gwoup peyi “Cantadora” (sa vle di kèk peyi nan Amerikdisid la ki siyen kontra pou travay pou lapè). Se yon peyi ki fè anpil pwogrè nan afè komès, kilti, elt. Men sa pa anpeche yo gen pwoblèm lajan. Pafwa fò ou gen trèz Boliva (lajan peyi Venezyela) pou ka gen yon (1) dola ameriken. Lè konsa, bagay la pa fin kòdyòm. Se poutèt sa yo vle plede pou lajan an ka desann.

Daprè konstitisyon peyi a, yon prezidan fèt pou chanje chak senkan e li ka jwenn 2 manda sèlman (donk si l ale nan eleksyon apre premye manda a epi l pase, li ka pedale pou yon lòt senkan an). Gen depite, minis ak senatè tou.

Endistri

Endistri gen yon pakèt enpòtans nan peyi sa a. Se konsa peyi Venezyela okipe twazyèm plas nan peyi k ap bay petwòl (gaz), k ap voye petwòl vann nan lemond antye. Se nan vil Marakayibo ak Matiren ki gen plis izin petwòl.

Yo jwenn yon mineral nan peyi sa a tou «manganèz». Gen izin k ap fè siman, twal, savon kawotchou, elt. Gouvènman an pa vle yo achte machin nan men lòt peyi. Se poutèt sa yo monte tout mak machin yo nan peyi a menm. Konsa moun peyi a, ak mekanisyen kapab patisipe nan travay la pou fè ti lajan tou.

Pou soti yon kote ale nan yon lòt kote, ou kapab pran swa otobis, avyon, tren, bato ak «metwo» (yon kalite tren) ki kouri anba tè, sou ray, epi l mache ak kouran. Pifò moun renmen al achte nan yon zile ki rele *Margarita* kote bagay k ap sot lòtbò dlo (aletranje) yo vann pi bon mache.

Boukan, #197. avril 1984. 20^{èm} ane. paj 5,6,7

Kòman frè Ayisyen nou yo ye laba a?

Si ou ta fè yon ti ladesant kay Ayisyen k ap viv nan vil Karakas, ebyen w a wè y ap mennen prèske menm vi. Kay yo gen ti konfò modèn ak twalèt, watè ijyenik epi kuizin. Depi pwent pye ou pile kay yo, ou gen tan wè yon aparèy estereyo, televizyon (ki kapab an koulè), yon frijidè, yon pòtre Jezikri plake nan mi an oubyen kèk tablo ki soti Ayiti. Genyen k ap viv nan de, twa oubyen kat pyès kay. Se chak mwa yo peye lwaye. Byen souvan, mi kay yo pa pentire; yo kole yon bèl papye espesyal sou yo. Kòb yo peye kay la, yo kapab fè l nan yon semèn si yo mete ansanm pou lwe l.

Si fanm yo pa ret fè manje lakay la, yo ka al travay. Genyen ladan yo ki kapab al travay nan «quinta» (lakay madanm). Gason yo menm, si se pa nan yon izin oubyen nan yon faktori y ap travay, yo ka nan chomaj, yo ka fè chofè bis. Yo fè manje nan restoran tou, genyen ki bòs mason. Men gen anpil ki tayè. Yo konn al pran djòb nan fabrik (izin) pou yo mete yo ansanm, pou vin koud yo lakay. Li toujou pi bon pou yon moun aprann yon metye nan peyi a depi li ta kapab.

Lè ou mande yon Ayisyen èske li pa ta renmen tounen viv nan Ayiti, li di ou : «A, monchè, anpil tan! Ou nan yon peyi kote ou di sa ou vle, fè sa ou vle, mezanmi. Yon sèl bagay ki yon ti jan fè ou pè se «vòlè». Se vre, wi, sa se tankou Nouyòk; tout lajounen pòt kay oblije rete fèmen. Lè ou frape, yo gade ou nan yon ti twou, avan yo ouvri.

Ayisyen konn manje bon ti manje; gen lòt kote se chak mwa desanm ak premye janvyè yo manje bon ti manje konsa.

Manje pa vann chè lòtbò a, men kanta pou bèl rad ki pandye devan magazen, sa se afè grannèg.

Anpil Ayisyen, lè yo fin gen «*transeunte*» (residans), yo voye chèche madanm ak pitit yo.

Pèsòn moun pa ta janm imajine kòman Ayisyen lòtbò a gen solidarite, moun k ap viv nan katye «La Vega» yo, pa egzanzp, viv prèske tankou frè epi yo renmen akeyi moun. Depi ou fèk rive, fò yo mande ou: «Kòman ou kite Ayiti dèyè a? Kòman ou wè Ayiti? Sa fè yo sezi lè ou ta di yo ou pa vin pou rete.

Se tout Ayisyen ou kontre ki ta anvè mennen ou kay lòt Ayisyen nan zòn lan oubyen pou mennen ou al wè kèk bèl mèvèy. Men, menm si ou tandè peyi a gen gwo bilding, gwo wout youn sou lòt, menm si gen bèl plas piblik (tankou plas Aleksann Petyon), gwo tinèl (chemen anba tè), fò ou pa bliye gen kay malere tou. Kay sa yo fèt ak brik tè ajil. Men,

menm si yo nan tè mòn, yo gen kouran lajounen kou lannuit, konfò (bèl mèb) yo ak wout kote motosiklèt kapab pase.

Si yon moun pa abitye, li pa pran chans mache paske tout kay prèske sanble, ni lari yo tou epi chak avni mennen ou nan yon lòt katye. Se sa k fè fò ou konnen ki bis pou pran pou ou pa pèdi.

Peyi Venezyela ap fè tranntwa fwa lajè peyi d Ayiti. Anpil vil pwovens pi gwo pase Pòtoprens epi genyen menm ki gen izin kote yo fè montaj otomobil. Ak dis goud gaz, yon chofè kapab fowl tank li men konsa tou, machin vann chè. Chak machin gen yon jou nan semèn nan pou l pa sikile. Se pou yo ka evite blokis. Pa egzanp plak ki gen tèminal 1 ak 8 pa soti jou lendi; sa ki fini ak 2 pa soti jou madi, elt.

Pifò Ayisyen ki pa t twò byen isit ap viv yon kote yo rele «Antimano» Yo konpare la ak «Bouklin» (Etazini).

Lari a pa prèske gen pousyè. Men sa yo fè pou rezoud afè fatra, sèvis ki responsab afè pwòpte lari mache bay kèk gwo sache plastik nan chak kay epi leswa moun yo mare yo, depoze yo bò lari a. Machin fatra a pase ranmase yo nan demen maten. Yo fè sa paske moun nan bilding yo pa gen lakou pou boule fatra. Èske se pa yon bèl solisyon pou yo ta aplike Ayiti tou?

Kretyen lòtbò yo fè sèvis an kreyòl epi gen lòt ki al legliz kote yo pale panyòl tou. Men toutan lapolis ap fè patwouj pou mande moun «sedulas» (papye). Yon Ayisyen oubyen yon Venezyelyen ki ta bliye kat li, dwe ale nan prizon pou twa jou. Li gen dwa rele yon zanmi nan telefòn, pou pote pyès li pou li. Mwen te gen chans wè, nan yon kamyonèt, lapolis te rete yon sitwayen sou motosiklèt pou idantifye l.

Sitwayen yo respekte lwa peyi a anpil; yon polis sikilasyon pa gen dwa arete yon moun; si yon vagabon batay avè l, se pou l rele yon jandam. Se menm jan an tou yon chofè pa gen dwa kraze yon pyeton; li ka pran gwo prizon e yo ka sezi lisans li. Se sa k fè depi ou ap travèse lari, yo frennen pou ba ou pase.

Tout tè se pou leta. Malere yo prefere al bati yon ti kay nan mòn tan pou yo lwe yon apatman nan bilding. Bilding yo, se nèg ki gen anpil lajan tankou biznismann lòt peyi ki vin bati yo.

Nou ta swete yon jou n a gen kèk bilding vennsenk, trant etaj tou. Tout tè k ap gaspiye sou wout ki al Senmak la kote yo jete fatra, yo ta ka fè yon kokennchenn vil. Se kote konsa yo bati pi gwo bilding yo nan peyi Venezyela.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

Menm si yo gen ti kras san Panyòl nan venn yo, yo konsidere tèt yo tankou “nèg”. Men, pa janm pran chans rele yo “endyen” paske yo pa sovaj ankò. Pa gen anpil Ayisyen ki marye ak moun peyi Venezyela. Ayisyen pito Ayisyen parèy yo. Moun peyi Kolonbi, Trinidad, Dominikani, yo tout marye ak moun peyi yo.

Pou fini, nou ta renmen di: si tout Ayisyen k ap viv lòtbò dlo te reve tounen vin viv nan peyi kote yo te fèt la (yon jou apre yo fin fè anpil lajan) peyi d Ayiti Toma ta fè twa pa annavan. Yo t ap vin kreye kèk gwo izin ak aktivite ki ta ka diminye chomaj epi chanje figi peyi a anpil.

Anverite, pèp peyi Venezyela montre nan fason yo viv yo gen anpil konpreyansyon ak edikasyon. M te tèlman sezi, m te oblije mande si te yon antèman lè m te wè yon pakèt moun, youn dèyè lòt sou twotwa (bò lari a) ap monte otobis. Pa t menm oblije gen lapolis ak baton paske pa gen batay. Ebyen nan peyi a, yo di pasajè yo ap fè “collar”, sa vle di, tout moun byen disipline an liy. Nan tout biwo ou pase, pa gen kesyon ou rive an dènye pou vle pase devan lòt moun paske ou prese. Se yon kesyon enstriksyon ak edikasyon ki pale pou pèp la.

Venezyela, se yon peyi ki nan wout pou l devlope, yon peyi ki pa lwen devlopman ditou si tout moun nan peyi a pran lavi a oserye epi yo ta pi enterese travay, fè plis efò nan tout domèn yo.

Joël Lorquet
Boukan, #198. me 1984. 20^{èm} ane. paj 13, 14, 15

SIMON BOLIVA : LIBERATÈ SIS PEYI AMERIKDISID

Nan kèlkeswa peyi nan lemonn, depi yo pale de Simon Boliva, sa fè ou sonje yon nèg ki gen glwa akòz libète.

Simon Boliva te fèt Karakas, kapital peyi Venezyela an 1783. Misye te mouri yon kote ki rele *Santa Marta* nan peyi Kolonbi an 1830; li te gen karantsetan. Li te konsakre lavi l pou l te ka bay peyi Amerik Latin yo endepandans. Lè li te gen venndezan, pandan li te a Wòm (Itali), li t ap pale sou libète, endepandans peyi l ak jistis sosyal, Li te fè sèman devan ansyen mèt li yo; li te di yo li p ap janm bay ponyèt li ni nanm li okenn repo jouktan l rive kraze chenn ki te kenbe peyi l anba men vye kolon blan yo. «Boliva pa t wè sèlman pwòp peyi pa l men li t ap plenn pou tout lòt peyi nan Amerikdisid yo. Se paske l te kenbe pwomès li ki fè l te reyalize sa l te konn di yo. Kit se sitwayen ki nan peyi Venezyela, kit sa ki te konn batay avè l, tout te ba l tit «liberatè». Li te pote non sa a avèk kè poze epi ògèy jouktan l mouri.

Yo rele l «liberatè» paske l te vle fè kit se peyi a kit se lespri pèp la devlope; non sèlman ak epe, men tou avèk lapawòl e egzanp. Li pote flanbo libète, demokrasi, endepandans ak dwa moun byen wo. Li pote limyè nan yon pakèt gwo kote nan peyi Amerikdisid yo, konsa li te rive chase fènwa kote vye moun ansyen rejim yo te rete.

Tout lòt pèp nan peyi Amerikdisid yo mete yo ansanm ak pèp peyi Venezyela pou yo bat bravo pou Boliva kòm «liberatè». Pita, gwo zak devouman l yo ak orijinalitepanse l te fè lemonn antye rekonèt gwo tit sa a...

Lè ou di Simon Boliva se *liberatè*, ou montre valè libète ki rete nan kè chak moun e ki montre tout lòt pèp chemen yo dwe pase pou ka gen karaktè ki pou pèmèt yo fè anpil pwogrè. Boliva se yon nonm peyi Venezyela toutbonvre, yon fran Latino-ameriken. Se yon nonm ki te wè lwen, ki te mete an aksyon tout sa l te genyen pou l te ka simen antant nan mitan pèp yo nan kèk reyinyon entènasyonal pou l te ka rive jwenn sa l te rele «ekilib lemonn antye». Kongrè peyi Panama, Boliva te konvoke nan ane 1824 (menm lè ak batay *Ayakucho*), te mete fen nan lagè epi te parèt kòm premye pou yon gwoupman kèk jèn nasyon nan peyi Ameriklatin yo. Depi yo te fin jwenn bon mwayen antant sa a, yo chèche kopere ak lòt gwo rejyon sou latè. Tout lide sa yo gen anpil valè jodiya epi l ap toujou nesès; se poutèt sa mesaj Boliva toujou rete an aplikasyon e l merite pou yo suiv li.

Tankou tout grannèg k ap fè politik, nou wè nan Boliva ni nan espikasyon ni nan aplikasyon yo, toude fè yon sèl.

Li pa fasil pou nou di sou tanperaman misye, ki bò chèf militè a fini, ki kotepanse a kòmpanse, ki kote yo ta ka konsidere l tankou yon refòmasyon sosyal e kilè li va manifeste l kòm yon nèg ki gen yon vizyon sou sa ki gen pou vini. Okazyon yo te toujou favorize youn oubyen lòt sou fòm sa yo, men tout te toujou la nan lide misye.

Istwa fè nou wè zèv li yo te anpil. Li te vle jwenn yon dènye mwayen pou bay peyi Amerikdisid yo endepandans, fè sis nasyon gen libète, fè yo tounen repiblik. Li te vle fè yon gwoupman epi kòmpanse nèt ak yon transfòmasyon nan sosyete a ki te sispann byen vit. Daprè sa li te fè, Simon Boliva toujou rete yon pèsonaj istorik pou tout moun ta konnen, moun ki vle konprann wòl peyi Ameriklatin yo nan lemonn. Men zèv li akpanse l parèt nan mitan tout sa li te ekri, depase lòt gwo evènman yo pou l plase l nan mitan pi gwo zak devouman lòm pa janm rive reyalize nan istwa. Li se youn ki tepanse pou lemonn antye, lide l yo bay kle pou twoke kòn ak gwo pwoblèm lèzòm. Lè misye te jwenn yon lòt opinyon politik, ekonomik, sosyal ak anpil konesans pou Lamerik nan epòk pa l la, li t ap travay tou pou tan k ap vini yo. Lè nou pran tout bagay sa yo, nou ka di peyi Venezyela vle parèt tankou si l vle prezante lemonn yon moun ki te konsakre lavi l pou libète ak jistis nan sosyete a. Zèv li yo poko fini. Sa ki gen pou vini yo va eritye misye toujou, paske chak jenerasyon jwenn reziltapanse l yo. Ane sa a fè desanzenan depi l te fèt,

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

lide l yo ap kontinye fè chemen yo. Se sa k fè prezidan ki nan peyi Venezyela kounyeya, Msye Lwis Herrera Campins te fè yon pwogram pou fete kokennchenn bisantnè sa a, 24 jiyè ki sot pase la a. Te gen jwèt olenpik nan Karakas men fèt la te kòmanse nan kapital peyi d Ayiti avèk rasanbleman yon bann bato peyi Ameriklatin yo. Te gen parad, yo te fè yon manifestasyon souvni yo nan vil Okay ak nan vil Jakmèl. Yo te poze pyè pou konstwi yon kay zèv sosyal. Yo te fè sa a paske prezidan Petyon, nan ane 1815 ak 1816, te bay Simon Boliva anpil konkou nan zam pou l te ka al batay pou endepandans peyi l. Lè Boliva te mande Petyon kisa li ta renmen kòm rekonpans, Petyon te reponn li: «pwomèt li l ap bay esklav yo libète». Anbasad Venezyela nan peyi d Ayiti te òganize yon kokenn espozisyon pòtre Boliva ki pale sou lavi misye. Yo te fasilite kèk jounalis jwenn viza pou al vizite peyi Venezyela.

Ebyen, jodiya, non Simon Boliva fè eko nan lemonn antye pou sa li te fè jan l te sakrifye lavi l pou libète. Se yon bèl egzanp, mesaj li yo bèl anpil. Se yon nonm tout moun ta dwe suiv.

Joël Lorquet
Boukan, #192. novanm 1989. paj 9 et 10

SANSOUSI, SITADÈL AK RAMYE YON PAK NASYONAL ISTORIK POU NOU DEKOUVRI

Sa pa gen lontan, nou te gen chans al Okap. Nou te vizite bagay ki gen anpil enpòtans nan istwa peyi nou. Nou ta renmen tout zanmi nou yo li paj sa a avèk anpil enterè.

Ou pa bezwen janbe mil pas dlo pou rive Milo epi vizite rin (ti mòso) Palè Sansousi ak Chapèl Imakile a (ki te bati an 1807); se la yo te konn fè lamès pou gwo dwayen yo. Se chapèl sa a ki gen tèt won an, oubyen ou ta wè ansyen legliz kote malere yo te konn ale. Men jodiya, misyonè kanadyen fè l tounen yon lopital.

Palè Sansousi te bati tankou yon gwo pyès kay ki sanble ak yon moniman. Se la wa a te rete. Se la tou li te tabli gouvènman l nèt.

Kokennchenn zèv sa a montre kòman achitèk sa a te wè lwen. Domèn (kay ak tout jaden yo) mezire uit ekta. Fòm tè a konplike anpil; kay la antoure li tankou yon estad (kote yo jwe, pratike espò tankou foutbòl) ki nan yon pant ki plen ak mòn.

Men sa nou jwenn nan kokennchenn moniman sa yo:

1. Kote wa Kristòf ak fanmi li te rete : se palè a menm, kote ki gen kay prensipal la. Se yon rektang ki mezire senkanteyen mètr nan longè sou vennsenk mètr nan lajè. Li gen vennsenk mètr nan wotè tou. Palè sa a te gen gwo salon kote yo te konn fè resepsyon, kabinè pèsònèl, chanm fanmi an ak lòt sèvis yo.

* Lòt kote yo genyen :

2. Kuizin yo, depo ak kay lòt moun k ap sèvi yo. Kay kote administratè yo ye (Konsèy leta, biwo minis yo, pwotokòl yo, elt.

3. Kote prens ki te eritye a rete.

4. Kazèn, kote yo mete cheval yo, lasnal la, kote yo met depo poud yo, prizon ak pakèt atelye tankou: fondri, chapant, elatriye.

5. Otèl monnen an.

6. Bibliyotèk wa a

7. Epi lopital la.

Tout kay ak tout tè yo bare ak gwo miray ki gen gri ak fè fòje sou tèt yo.

Antre prensipal la se yon gwo pòt tou won ki la toujou.

Se sou deyò ou jwenn chapèl kote wa a konn al legliz. Li fèt tou won epi li kouvri ak adwaz. Gen kèk tiyo ki te konn sèvi tout zòn nan, swa pou moun yo sèvi, swa pou lòt sèvis tankou simante fontèn, wouze jaden palè a te genyen.

Palè a te bati an 1811 sou yon etandi dizuit kawo tè. Men yon tranblemanntè te kraze l an ane 1842. Jodiya, rès palè a rann temwayay pou gwo zèv sa a.

Madanm wa Kristòf te rete la avè l tou. Men nou pa janm konnen nasyonalite li (si se Ayisyen li te ye osinon si se yon etranje li te ye). Gen moun ki di, madam li, rèn Marie Louise Coidavid, te moun peyi Itali; lòt pretann li te yon Ayisyèn. Yon sèl bagay ki sèten, se yon milatrès li te ye.

Gen anpil bri k kouri ki di te gen yon tinèl (yon wout souteren ou anba tè) ki soti Sansousi al jis nan Sitadèl la. Men se pa tout gid ki di se verite.

Nou panse se pa yon bèl jès lè anpil Ayisyen pati pou vizite lòt peyi san yo pa janm panse vizite bèl bagay sa yo nou gen Ayiti tou.

Kisa pak la ye?

Travay «Pak Nasyonal Istorik» la te kòmanse depi nan dat 8 oktòb 1977. Menm si anpil touris pa twò enterese ale nan «Ramiers» yo konte l nan pak la tou. «Pak Nasyonal Istorik» la ap travay pou sove epi repare moniman sa yo jouk rive ane 1985. Li vle prezève mòn yo, pyebwa yo ak tout bèl bagay ki nan tè zòn moniman yo daprè sa yon enjenyè pwojè a te reponn nou.

Boukan, #201. septanm 1984. 20^{èm} ane. paj 3, 4

SANSOUSI, SITADÈL AK RAMYE, YON PAK NASYONAL ISTORIK POU NOU DEKOUVRI

Se nan *Boukan* mwa pase a nou te kòmanse ak atik sa a. Mwa sa a, n ap wè si n a fini ak li.

Sitadèl laferyè

Aprè ou fin mache pandan dezèdtan, ou pèdi pasyans, ou swe tèlman mòn nan di pou monte, ou ka sezi wè bèl mèyèy sa a. Sitadèl la chita sou tèt mòn Laferyè sou yon wotè ki mezire nèfsanswasanndis mèt. Soti lavil Okap pou rive la, ou fè ventuit kilomèt. Lè ou fèk wè l lòtbò, ou ta vle kwè ou pa lwen rive. Men, se atò ou gen pou mache. Ou gen pou monte mòn plis pase demi èd tan ankò pou rive nan pye Sitadèl la. Se sou yon gwo blòk wòch li bati. Mi yo mezire de (2) a twa (3) mèt lajè depi anba rive anwo. Mi ki pi wo a rive jouk nan vennsèt mèt nan zepon l.

Zam menm ki te gen nan Sitadèl la, se pa pale. Te gen desan pyès kanno. Yo di te gen venmil bòs mason ki te travay lè fò a t ap bati. Fò sa a, wa a te bati l kòm dènye kote yo te ka vin kache si yon lòt peyi ta vin anvayi Ayiti.

Enjenyè ki te trase plan fò sa a te rele Anri Bare (*Henry Bare*). Fason batisman an ak jan yo fè bèbèl ladan l, sa mezire dimil mèt kare epi li gen sèt batri pou zam.

Ki moun Kristòf te ye?

Anri Kristòf te fèt nan Zile Grenad an 1767. Li te rive Sendomeng an 1775. Papa l te remèt li bay kaptenn bato tèlman li te brigan. Lè li te gen onzan, li te patisipe nan batay *Savannah* (Etazini) nan ran Jeneral Washington pandan lagè endepandans peyi Etazini. Nan ane 1793, Kristòf te tounen nan lame kolonyal fransè a epi yo te nonmen l Brigadye

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

Jeneral. Pita, apre endepandans, Dessalin vin nonmen l Jeneral. Lè sa a, Kristòf bay lòd pou bati yon pakèt gwo fò pou pwoteje libète nou te fèk genyen an. Nan ane 1811, Kristòf deklare tèt li wa pati nò peyi a. Li te rele la *Wayòm d Ayiti*. Pou fini, jou 8 oktòb 1820, Kristòf prèske paralize nèt epi li gade l wè li dwe fè fòs ak yon revòl kont pouvwa a; li tou tiye tèt li nan palè Sansousi ak yon bal an ajan. Madanm li antere l nan Sitadèl la. Aprè sa, Sitadèl la vin abandone epi yo piye palè a.

Nou kwè li ta bon pou ale kote sa a tou. Se yon pwomnad ki va enterese ou anpil. Gen dlo fre, gen timoun k ap jwe banbou, gen anpil lòt ti distraksyon.

Si ou ta ale, ou pa bezwen pè poze kesyon. Sa va yon okazyon pou anrichi konesans ou. Si ou pa t janm gen tan ale, fè yon efò ane sa a pou vizite kote sa yo ki fè anpil touris kontan vin nan peyi d Ayiti epi ki fè li pi bèl toujou.

Joël Lorquet
Boukan, #202. oktòb 1984. 20^{èm} ane, paj 3, 4

VIL OKAP, YÈ AK JODIYA

Kristòf Kolon vini pou premye fwa nan peyi d Ayiti nan mwa desanm 1492. Li te rele plasman lavil Okap la «Kap Sen» oubyen «Pwent Sent».

Lè 12 lòt premye Fransè kite zile Latòti nan ane 1670 ak chèf yo Pyè Lelon, yo te rantre Okap. Men olye pou yo ta tabli kay yo sou plaj la, yo te remonte rivyè a epi yo tabli yo bò anbouchi ki rele jodiya *Haut du Cap*. Kidonk *Haut du Cap* se te premye vil la. Kote vil la ye kounyeya te sou kont *Haut du Cap* epi lè kèk pechè vin tabli yo, yo rele lòt zòn nan *Bas du Cap* oubyen *Basse Terre* (Bastè). Premye moun ki te vin rete nan zòn lan te rele Gobin.

Nan ane 1691, Panyòl yo te boule lòt bouk ki nan *Haut du Cap* ak nan *Bas du Cap* nèt. Lè sa a, nan ane 1695, yo te oblije kite premye lokalite a epi yo t al fonde yon lòt vilaj ki te byen fèt epi ki vin lavil Okap kounyeya. Men bon jan fondasyon vil la te fèt nan ane 1711; se nan epòk sa a, yo te rekonèt li pa yon dekrè wa a te fè sòti.

Ansyen vil Okap la chita sou 200 kawo tè, sòti nan *Baryè Boutèy* (ki nan sid lavil la), *Montay ban di Nò*, lamè a ki pwolonje ak anbouchi rivyè a ki nan direksyon solèy leve. Nan direksyon nò ak nan lwès, ou pa ka wè twò byen paske tèt mòn *Ban di Nò* a se premye seksyon kominal vil Okap. Nan zòn sid ou kapab gade byen lwen vil la rive jis zòn dezyèm seksyon kominal, *Haut du Cap*, jis nan mòn Sen Rafayèl kote ou ka wè Sitadèl Laferyè. Sitadèl sa a, se wa Anri Kristòf ki te fè bati l. Se pi gwo moniman touris renmen wè lè yo vin pa bò isit.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati* ak Joël Lorquet

Twazyèm seksyon kominal Okap rele «Titans»; li chita anwo vil la (bò kote solèy leve) sou lamè a. Jodiya, se nan zòn *Haut du Cap* ak Titans, vil la kontinye ap devlope.

Gen 15 zòn moun pòv, zòn bidonvil ozalantou vil Okap. Zòn sa yo, ni leta ni sèvis piblik pa dispoze bay okenn enfòmasyon sou yo.

Men lis zòn bidonvil nan lakou Okap: Chanpen, Baryè Boutèy, Labori, Lafosèt, Lavyolèt, Pon Nèf, Nan Zanmann, Laptitans, Lorye, Gran Jaden, Kalvè, Sent Terèz, Nan 90, Fò Mayi Bayi ak Anba Ravin.

Fò nou fè ou sonje gen 120.000 (sanvenmil) moun k ap viv nan Okap ak lòt Seksyon yo. 75.000 (swasannkenmil) ladan yo ap viv nan vil la.

N ap tou pwofite lanse yon envitasyon bay moun ki poko konn Okap pou yo al dekouvri bèl ti zòn sa a. Youn nan zòn ki konsève pyebwa toujou. Youn nan zòn kote ou ka santi prezans kilti peyi d Ayiti.

Chapo ba moun nan nò! Kenbe pa lage!

J. Lorquet
Boukan, #259.desanm 1989, 25^{èm} ane. paj 12

HAVA TE ÒGANIZE YON SEMINÈ SOU PATISIPASYON JÈN YO NAN AKTIVITE DEVLOPMAN

Nan mwa fevriye ki sot pase a HAVA (Asosyasyon Ayisyen ki reyini tout mouvman Volontè yo) te òganize yon seminè nan okazyon «Ane Entènasyonal Lajenès» sou tèm «Kòman jèn nou yo kab antre epi patisipe nan aktivite devlopman peyi nou an». Se te nan otèl Kastèl Ayiti tout bèl kalite koze sa yo t al pale nan dat 21 ak 22 fevriye.

Tou dabò, se Minis Jenès ak Espò a ki te vi ouvri seminè sa a. Lè l ap fini diskou l, li te di l swete jèn yo va gen kolaborasyon antre yo. Apre, moun k ap patisipe yo te fin fè konesans, Msye Cleska te fè yon bèl rale sou «sitiyasyon jèn yo an Ayiti». Misye te fè wè lè yon moun ap pale de «jenès», fò l pa sèlman konsidere laj men fò li pa inyore kote moun nan ap viv edikasyon li ak travay moun nan. Devlopman an pa vle di gwo bilding sèlman, men nan yon sans, se yon byennèt, yon chanjman, yon alemye ki ta dwe genyen lakay chak moun. Misye te montre tou posibilite jèn ayisyen yo genyen pou yo ta patisipe nan koze devlopman an. Jèn yo ta dwe fòme pou yo ka ede kominote yo avanse. Pa ta dwe gen yon ravin ant lekòl ak izin; sa vle di lè yon moun fin aprann yon metye, li ta dwe santi li alèz lè

I ap travay yon kote. Pa jèn yo, si se pa sa, I ap tonbe. Gen anpil mouvman pou jèn nan peyi a. Gen Kiwo, Eskout, Gid, Brigad pou gason, Brigad pou fi, Gwoup 4c, elt. Lidè chak gwoup sa yo te tou pwofite fè yon ti pale sou kisa mouvman yo ye.

Nan apremidi, te gen yon etranje volontè Nasyonzini ki te pale sou «pwojè atizana» nan Okay, Kanperen. Anpil bèl koze te pale, misye te fè wè: chak ane n ap pèdi swasantmil (60.000) ekta tè; peyi nou an pa vrèman yon peyi agrikòl, twòp mòn, bagay yo pa ka vann; gen twòp moun ki p ap fè anyen, alòske nou ta dwe genyen 40% moun k ap travay latè. Moun ki gen magazen, yo vann zouti pou agrikilti yo twò chè; se pa pou fè agrikilti a fè pwogrè men se tèt pa yo yo wè; yo bezwen vin pi rich. Kidonk, nou ta dwe fabrike wou, pikwa, mato ak tout lòt zouti yo isit nan peyi a menm, si nou ta vle devlope toutbonvre.

Lè «Volontè kò lapè» (*Peace Corps*) yo te pran lapawòl, yo te fè wè bi yo se pou yo travay pandan dezan ak yon Ayisyen epi pou y ale. Ayisyen sa a va an mezi pou ranplase yo. Se yon ansyen prezidan Ameriken *John F. Kennedy* ki te kreye l paske li te wè «toutan moun ap mouri grangou, p ap janm ka gen lapè nan yon peyi».

Lè nou te tounen demen maten, te gen moun k ap travay sou edikasyon ki te pran lapawòl; yo fè wè «Se ak jèn pou yo travay paske se yo ki gen espwa, yon ideyal; se yo k ap reve, espere epi kwè. Yon jèn pa gen anpil sousi tankou granmoun, kidonk yo pi dispoze fè efò». Nou wè tou kòman edikasyon nesèsè; se sa k fè li ta bon pou mete l lakay timoun yo depi yo tou piti.

Direktè *ONAAK* la te vin pran mikwo a pou eksplike sa ki fè nou soudevlope, epi pwoblèm moun k ap ogmante de jou an jou ak latè ki rete menm gwosè e ki prale ap ale nan lamè. Se bagay sa yo tou ki fè vin gen vagabon ak fi lafrechè nan kapital la ak yon pakèt lòt pwoblèm ankò. Sante se yon bagay tout moun k ap aprann li, ta dwe konnen enpòtans li. Misye fè wè gen yon nouvo metòd *ONAAK*, yo va gen pou yo mete sou pye nan ane 1986 pou aprann moun li (nou te swete fwa sa a, tout peyi a va benefisyen pwogram sa a).

Yon sèl òganis pa ka rive montre tout moun li pou kont kò l, fò tout sitwayen yo ta fè efò pa yo tou. Ak alfabetizasyon, nou kab konbat anpil pwoblèm tankou: ewozyon, maladi elatriye. «Pa gen devlopman san alfabetizasyon». Kidonk, se tout jèn alawonnbadè ki dwe mete men nan pat la.

Kèk doktè te pale sou sante kominotè e eksplike kijan yo fè lite kont **dyare, kwatyòkò, malarya ak tibèkiloz**. Reprezantan *UNICEF* la bò kote pa l, te di: «Yo pa gen pwogram an Ayiti men yo oblije aplike pwogram gouvènman an». Lè nou gade, nou wè richès nou gen nan peyi a mal devlope; se yon pwoblèm *edikasyon* puiske peyizan nou yo pa konn enpòtans menm latrin. Tout moun ta dwe:

- a. Reflechi anpil sou pwoblèm peyi a; enfòmè sou sitiyasyon an.
- b. Bay bon egzanp; devlope bon abitud, bon mwayèn, chèche lòt solisyon.
- c. Patisipe, òganize avèk komite a.

Gen yon agonòm ki t ap pale, li te di nou pa gen agrikiltè toutbonvre nan mòn nou yo; gen twa faktè ki enpòtan pou travay latè ka byen mache, se : 1) **Dlo** 2) **Lajan** ak 3) **Teren**. «Ayisyen pa kwè pwoblèm peyi a se pa l»; se kòm si m ta di ou li gen yon pye pa bò isit epi lòt la yon kote pèsòn pa konnen. Fò afè «chèche vin kondui makanda» a ta sispann tou.

Pou fini, yo te pale sou «**atizana**», tout moun dwe rekonèt : «Ayiti ap lib toutbonvre, lè li va rive pwodui sou tè isit menm, anpil lòt bagay y ap achte lòtbò dlo».

Seminè a te fini vè 5 èdmi konsa nan apremidi. Mesye Remon Etyèn (Raymond Etienne) ki responsab *HAVA* te ba nou enpresyon li. Li di konsa : «Fò jèn yo kontinye kolabore. Li enpòtan pou n konnen kèlkeswa relijyon yo, fò yo gen yon pwèn komen sou devlopman an ki pou mennen tout travay n ap fè ansanm. Fò nou sèvi pwochen nou paske tout sa n ap fè konnen epi nou genyen, gen valè lè nou pataje l ak lòt peyi ki pataje ak lòt yo toujou devlope, e sa ki rete pou kont kò yo toujou an reta.

Fò nou gen konfyans nan tèt nou, nan lòt yo epi nan milye n ap viv la. Bò kote pa nou, nou ta swete *HAVA* (Asosyasyon Ayisyen ki reyini tout mouvman volontè yo) va kreye yon federasyon pou devlopman avèk diferan gwoupman volontè sa yo.

J.L

Boukan, #208. avril 1985. 21^{èm} ane, paj 4, 5, 6

PESTÈL, YON VILAJ YO BLIYE!

Nan mwa mas ki sot pase a, yon gwoup moun Pestèl ak kèk komèsan gwo chabrak Pòtoprens te òganize nan okazyon fèt Patwonal Pestèl, 3 gwo jou banbòch yo te rele «Fèt Lamè». Moun te soti toupatou, menm nan peyi etranje pou vin patisipe nan fèt sa a.

Bi fèt sa a, se te pou atire atansyon tout pèp la sou «Pestèl» pou yo ka pran konsyans pou wè kòman yo ka ede l devlope.

Ki kote Pestèl ye?

Pestèl se yon vilaj ki lokalize bò lamè nan depatman Grandans; li sitiye anndan bè Kayimit, nan mitan vil Jeremi ak Miragwàn.

Pestèl pa yon gwo kote; li gen yon sèl ri prensipal ki simante men kanta pou bèl, Pestèl bèl. Li pa sanble ak okenn lòt kote. Pò Pestèl la tankou yon wonn kote lamè a foure kò l, tout nan kot la gen plizyè ti kay ak kannòt. Tout ozalantou vilaj la se bèl mòn byen vèt, epi

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati* ak Joël Lorquet

anfas li gen plizyè zile ki abitab tou. Sou tèt vilaj la, gen yon do mòn byen wo; si ou ta monte al vizite, ou va jwenn yon fò yo rele «**Fò Reflechi**». Nan Pestèl, gen yon otèl, yon restoran; gen legliz, kazèn, tribinal, lekòl, dispansè. Men pwoblèm dlo pou moun bwè poko rezoud epi nou ka di vilaj la kòmanse twò piti paske manke kote pou moun yo bati kay.

Distraksyon moun yo nan zòn lan lè samdi ak dimanch, se *bal* ak *gagè*. Moun ka al Pestèl swa nan bato ou nan machin. Nan machin, ou pase pa Okay, Kanperen epi Kafou Zaboka; sa fè antou 292 kilomèt.

Sa fèy papye istwa di?

Nan Pestèl, se te yon kolon fransè ki te rele Franswa Pestèl (*François Pestèl*); misye te moun yon kote yo rele *Granville* nan peyi «Lanòmandi». Li te vin rete Jeremi nan ane 1750; li te konn fè komès anpil. Se konsa li te vin rich jouktan li achte anpil tè nan zòn lan. Li te vin kòmandan Milis katye Kayimit yo. Madanm misye te rele Jilyèn Àn Morèl (*Julienne Anne Morel*). Pestèl te mouri a 52 ane (nan dat 11 desanm 1778). Se konsa neve li, Nikola, te fè bouk la pote non «Pestèl».

Aprè endepandans (nan ane 1804), Pestèl te gen tan yon vilaj enpòtan jouktan chèf yo te gen tan bati yon fò sou tèt vilaj sa a; yo rele l *Fò Reflechi* paske kote li plase a, avan pou ènmi ta rive la, fò li ta reflechi anpil.

Fò nou di ou tou se nan Pestèl, ansyen prezidan Danyèl Fiyole (Daniel Fignole) te fèt nan ane 1913.

Kisa yo kiltive?

Prensipal rekòt yo fè se kafe. Ou ka jwenn tou : mayi manyòk, yanm, patat, pwa ak bannann. Men se lapèch gason yo fè pi plis. Puiske pechè yo pa gen ase zouti ak frijidè, yo blije pa ka fè anpil benefis. Se konsa tou, gen moun ki tonbe ap koupe bwa nan mòn yo pou fè chabon. Mezanmi! Pestèl se yon komin ki sou kont «**Koray**». Li gen 5 seksyon riral. Gen anviwon 35.000 moun k ap viv nan zòn lan. Gen 1.500 moun ase nan vilaj la menm epi gen 500 timoun ki lekòl.

Fèt Lamè sa a, yo te òganize l nan mitan mwa mas pou montre kijan lè gen volonte yo kab fè kichòy pou kèlkeswa kote a, menm kote ki pi lwen an, kote yo fin bliye a.

Nou ta swete lòt bouk nan peyi a pran lide pou òganize bèl aktivite sa yo pou kapab fè sonje yo tou epi pati toutbonvre pou bon jan devlopman.

Joël Lorquet
Boukan, #231. 23^{èm} ane. me 1987. paj 3, 4

YON TI KOUT JE SOU KANPEREN

Politik alèkile a sipoze fèt nan yon fason pou se pa Pòtoprens ki se sèl kòk chante. Nan konbit devlopman an, chak pwovens ta dwe gen lapawòl, lavwa ochapit tou.

Nan mache chèche, nou te rive fè yon ti kout pye nan *Kanperen*. Si ou ta rive vil Okay, nan kafou 4 Chemen ou pran wout ki monte sou lamèn dwat la, se li menm ki mennen dirèk dirèk nan vil Kanperen.

Gen yon distans 23 kilomèt konsa ki separe Kanperen ak vil Okay. Zòn anba Kanperen an bati nan yon plèn touprè ak rivyè; gen bèl mòn pa dèyè ak anpil pyebwa touprè kay yo. Se la plas piblik la ye.

Sou zòn anwo a menm, se la ou jwenn lekòl frè yo, legliz katolik la, teren foutbòl la ak rès lòt kay ki nan ti vil la.

Lè ou Kanperen, ou kapab wè *Pik Makaya*, youn nan tèt mòn ki pi wo nan peyi d Ayiti. Tèt mòn sa a prèske toujou gen bwouya; se sa k fè Kanperen gen yon klima ki fè fre epi tanzantan, solèy la gen dwa kache dèyè nyaj ki nan zòn lan.

Sa nou jwenn nan zòn lan :

Sou youn nan mòn ki pa dèyè lavil la, ou jwenn rès yon vye fò, anba anpil rajè, moun yo fè konnen se la yo te fè yon kan pandan lagè nan tan lontan.

De pi gwo lekòl nan vil la se lekòl Misyon Legliz Batis Sid d Ayiti a ak lekòl kay frè yo. Gen yon lopital; gen yon bèl kanal ki gen bèl dlo fre, byen pwòp ki pase sou tèt vil la nan mòn lan. Kanal sa a, yo kapte l depi yon kote ki rele *Lapriz*; yo mennen l desann pou distribye l nan plizyè tè pou wouze pakèt jaden ki nan zòn lan. Lapriz se yon kokennchenn baraj yo te fè nan rivyè a depi nan tan lakoloni (nan ane 1759) epi yo te vin refè li an 1945. Lè ou kite Kanperen dèyè, w al yon kote ki rele *Maselin*; ou desann, w ap wè yon bèl dlo k ap grengole tonbe anba soti sou yon mòn tankou yon kaskad. Li rele *So Matiren*. Atòkile, puiske zòn lan pa t gen kouran elektrik, yo konstwi yon santral epi yo sèvi ak fòs dlo a pou fè tibin yo vire; konsa moun yo tou gen elektrisite jis vil Okay.

Gen yon bagay ki gen yon pakèt enpòtans men, anpil moun Kanperen ak moun lòt kote pa konnen: se **Gwòt Kounoubwa**. Ebyen, gwòt sa a ou tandè a, se sou yon mòn li ye; se yon bagay moun leve jwenn nan zòn lan. Se yon mèvèy! Se yon twou; lè ou antre anndan l, se tankou yon kay ki gen plizyè chanm; ou wè dlo k ap koule desann, ou wè wòch ki gen fòm chèz, tab, elt.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

Gwòt sa a sot depi Kanperen rive jis vil Okay. Pou antre ladan, fò ou gen flach oubyen bwapen ak kòlmann pou klere; ou pa dwe rantre ladan l pou kont ou si ou pa konnen li paske li gen plizyè wout; ou ka pèdi; se yon gid ki abitye ki pou mennen ou. Daprè sa moun Kanperen di, se la Endyen yo epi pita Panyòl te konn kache.

Sa ki merite pou ta fèt.

Men, Kanperen pa sèlman gen bèl bagay sa yo; moun yo gen pwoblèm pa yo tou (pa egzanp: poukisa yo pa peye yon moun pou pran swen plas piblik la, plante bèl flè, wouze yo? Poukisa yo pa mete kèk ban pou moun chita? Poukisa tou leswa li fè nwa? Yo ta dwe mete kèk bèl limyè pou klere plas sa a.

Ala kontan moun Kanperen ta kontan si yo ta resi met telefòn nan vil la pou yo. Gen lòt kote ki pa twò lwen vil Okay menm jan avè l; yo gen tan gen telefòn deja. Nan tan kounyeya, y ap pale de devlopman, pèsòn moun pa inyore enpòtans telefòn nan yon zòn piske wout Kanperen an rive jis Jeremi.

Kounyeya, li ta dwe asfalte menm jan ak tout lòt wout nasyonal yo. Chak tan yon machin pase, se mouri moun ap mouri anba pousyè. Kanal ki soti depi Lapriz la ta bezwen repare paske si yo pa fè sa, l ap fin pa kraze nèt epi yo va depanse plis kòb pou refè l. Gen yon lòt bagay ki fè nou remake prèske pa gen pyebwa ankò; nou dakò yo di peyizan pa koupe pyebwa pou fè chabon men fò yo ba yo **konbistib** (recho ki mache ak solèy), pou yo ta anpeche debwazman vrèman vre; si se pa sa, y ap toujou kontinye koupe pyebwa e sa k pral rive rivyè yo pral manke dlo jis yo ka menm seche.

Tout Ayisyen dwe konnen peyi a pou yo kab pi konprann sosyete n ap viv la. Nou envite tout zanmi lektè nou yo pou yo enterese konnen zòn sa a ki trè enteresan epi nou ta swete moun Kanperen ouvri yon otèl pou pèmèt moun k ap vin vizite zòn nan ki pa konn pèsòn kapab jwenn yon kote pou fè ladesant.

J. Lorquet

Boukan, #220. me 1986. 22^{èm} ane. paj 5, 6, 7

ENTÈVYOU : GERARD DUPERVIL

Zanmi, lektè jounal *Boukan*, se avèk yon kokennchenn plezi m jwenn gwo okazyon sa a pou m te kontre ak yon moun tout Ayisyen tandè pale de li. Gen anpil ki konnen l tou. Moun sa a fè karyè l nan afè mizik ak chante. M pa konnen anpil bagay sou li; se sa k fè m te rankontre ak li jodiya pou m poze l kèk kesyon sou sa l fè.

Ann fè konesans avè l!

J.L: Jera Dipèvil, Bonswa!

J.D: Bonswa! Avan menm mwen reponn ou, fò mwen swete tout lektè jounal *Boukan* yo anpil siksè pou ane 1984 ki fèk kòmanse. Epi tou mwen ta vle fè yon ti konesans ak nou tou. Mwen se moun vil Miragwàn. Se nan pati sid peyi a li ye. E se la mwen te fèt an 1934.

Mwen kòmanse jwe mizik lè m te gen douz, trèz ane konsa. M te gen tan konn jwe twonpèt. Mwen te aprann nòt mizik yo nan liv Klod Oje. Apre sa, m ale sou bagèt Ogisten Brino nan Mizik Santral. M fè kèk tan la, epi mwen aprann jwe amonyòm. Apre sa, m vin fè premye bal mwen nan laj trèz, katòzan pandan vakans. Tout moun te sezi wè yon timoun konsa ap jwe piston. Apre sa, m aprann jwe gita tou. Lè m te gen kenz, sèz, disetan, m te tankou yon twoubadou (m te konn ap mache chante).

Leswa, m te konn chante, fè triyo pou fi. Apre sa, m vin al Okay nan yon ti òkès yo te ban m dirije. Yon swa, m eseye chante devan òkès la, tout moun te kontan; yo di m kontinye. E se konsa, jouktan yon jou m vin antre nan «**Jazz des Jeunes**». Sa pèmèt mwen fè anpil zanmi, anpil moun rekonèt mwen. M konpoze anpil mizik; se te nan ane 1958, premye ane m nan *Jazz des Jeunes*. M ka di se la m kòmanse yon karyè nan mizik toutbon. M fè dizan avèk yo epi apre sa, m vin kite. M al Nouyòk ; m fè yon lòt tan la. M rete pandan kenzan. Apre sa, m retounen isit nan mwa desanm ki sot pase a.

Jezi ap rele ou menm tou!

J.L: Ou te kòmanse jwe nan Jazz epi bridsoukou, ou vin konvèti. Kilè sa te fèt e poukisa ou te pran desizyon sa a?

J.D: Pou konvèsyon mwen, se yon bagay ki fasil pou esplike ou. Lè ou tande Levanjil, ou vin konprann sa li di a: «Si ou vin jwenn mwen, m ap ba ou konsolasyon». E se vre! Si ou tande l, ou vini, ou jwenn konsolasyon vre. Lè ou gen Jezikri nan lavi ou, ou viv ak yon lòt esperyans. Ou pa tankou tout moun; w ap viv, w ap tann yon bagay. Se sa k fè m chanje. Kòm mwen di ou, se desepsyon lavi ki fè m chanje wout. Sa fè lontan, m ap fè mizik; m jwenn anpil moun apresye m, se vre men sou kote moral pafwa ou ka regrèt anpil lè ou tande jan yon moun reflechi, jan yo pale sou ou. Ou vin wè se tan w ap pèdi. Kounyeya, m pran yon lòt desizyon: m chanje.

J. L: Sa te fèt nan ki ane?

J.D : Se te nan ane 1977, mwa mas.

J.L: Kijan fanmi ou te resevwa nouvèl sa? Tout konesans ou yo? Zanmi ou yo?

J.D: Ebyen, pou fanmi m, yo toujou dakò. Depi yo wè se yon bon chemen ou fè. Men gen defwa tou, gen moun ki toujou konprann ou pèdi tèt ou, ou dwòl lè ou chanje relijyon. Okontrè, lè ou pran gwo desizyon sa a, se lè sa a ou fè yon bon bagay. Si tout fanm k ap viv te kapab gen yon mari ki konvèti, ou pa menm jan ankò. Gen yon pakèt bagay ou te konn fè ou pa fè yo ankò. Ou vin yon nonm dwat, ou vin gen verite, ou vin pi pwòp. Men gen moun ki tèlman derespektan, gen fanmi ki tèlman dwòl, lè yo wè mari yo nan chanje relijyon, li pa nan banbòch, li pa nan anyen ki vanite ni ki pa gen pyès valè, yo griyen dan sou moun nan. Se tankou sa ou fè a se yon bagay ki pa gen sans pou yo. Se kote yo ye a, se sa y ap fè a, sa yo te toujou ap fè a, sa y ap kontinye fè a, se li ki bon. Sa fè yo pase ou nan rizib, yo pase ou nan betiz.

J.L: Kijan ou santi ou kounyeya? Èske ou toujou avèg?

J.D: Pou di verite, mwen pa avèg nèt. Mwen ka di m pa wè byen. Pou byen di ou, m pa ka fin wè figi yon moun byen. Se sa k fè m p ap pran chans mache yon kote m pa tèlman konnen byen, men mwen wè. Gen kèk ti bagay m ka li. Si koulè yo pa menm, mwen wè yo byen; si yo sanble, mwen pa ka distenge yo byen, mwen konfonn yo. N a kontinye mwa pwochen.

J. Lorquet
Boukan, #196. mas 1984. 20^{èm} ane. paj 5, 6

JERA DIPÈVIL (Gérard Dupervil)

Depi mwa pase, nou te kòmans ak entèvyou sa a, mwa sa n ap kontinye ak li toujou.

Mizisyen jodi ak mizisyen tan lontan.

JL: Poukisa lè w ap chante ou chwazi yon jan «**slow**» (dousman).

J.D: Pou di verite, m pa chante nan jan *dousman* sèlman. Fò m di ou, se fason sa a mwen pi renmen. Men pou fè piblik la plezi, ou pa ka chante yon sèl jan. Paske gen moun ki renmen lè chante a dousman, gen moun ki renmen lè l ale vit, gen lòt ki renmen mizik cho, gen lòt se frèt yo renmen. Men jan mwen chante a, se yon bagay ki natirèl lakay mwen. Mwen se yon nèg ki santimantal anpil, ki gen atachman ki fò lakay mwen. Se sa k fè mwen chante kèk chante sou lanmou. Pafwa yo konn tris, yo kapab touche yon moun. M di ou sa ak tout senserite, feblès pa m se te konpoze chante sa yo pou fè fi plezi. Men kounyeya, m pa chante nan menm ide sa a ankò. Mwen ekri, mwen chante sou pwoblèm lemond ap travèse. Pou di vre, jis kounyeya, m poko jwenn mwayen pou di santiman m

vre isit. Mwen plis ekri sou bagay m wè k ap pase. Si nou gade byen. Gen anpil pou di sou sa k ap pase. Se sou bagay sa yo mwen plis apiye m. M pale sou yo, men m chante bagay ki vivan. M p ap chante sa ki pa gen sans. Si nou remake byen, kounyeya, òkès yo fè mizik ki cho, ki enteresan, ki gen amoni, men sa yo chante a pa gen fon. Y ap di betiz, y ap di tenten, yo pa di anyen ki ale ak mizik la. Se pa toutan yo fè sa, men anpil fwa sa rive. Yo soti nan lide prensipal la; yo di sa ki pa sa, ki pa ni fòklò, ni etranje. Ou pa konn kisa y ap di, men yo di bagay ki pa gen sans. Gen yon gwo diferans nan mitan mizisyen jodi ak mizisyen tan lontan, pou mizisyen, nèg k ap jwe enstriman nan tan lontan. Pou mizisyen, nèg k ap jwe enstriman nan tan kounyeya, mizik la pi delika, li pi fon Fò li konnen l pi byen. Tan kounyeya pa tan lontan.

Lontan nèg te fè mizik prèske san lekòl. Kounyeya, nou gen anpil mizisyen ak jèn ki fè lekòl, ki al lekòl. Sa fè avèk aparèy modèn ak anpil bèl aranjman modèn ki vin genyen; yo depase mizik tan lontan nou yo. Men mizik ansyen yo toujou rete bèl sou kesyon melodi, sou kesyon pawòl; yo toujou gen plis fon, gen plis moral. Yo plis vle di yon bagay, swa kopye, swa envante kèk bon bagay sou lavi, sa k ap pase kote n ap viv la. Men kounyeya, m santi mizisyen an tèlman lib, sa fè pafwa sèvo l konn soti sou li. Sa fè li san panse, li pa kapab jwenn yon bon bagay pou l di, li ekri tenten, li di nenpòt bagay.

J.L: Poukisa jouk kounyeya ou kontinye ap chante nan nayklèb?

J.D: M oblije chante la; se yon sikonstans paske m pa t vin isit pou sa. M trouve m nan peyi d Ayiti pou fè kèk konsè, chante nan legliz, nan teyat epi chante pou pòv kote yo rete tankou Siyo, Bedè, Lopital Jeneral, Chansrèl, nan ti lekòl, nan legliz ki pòv. Se te sa m te vin fè. Men malerezman, moun ki t ap planifye pou mwen yo pa t fè pyès bon preparasyon. Yo te plis vini pou fè biznis epi nan fè biznis, yo foute m nan yon bann bagay. Gen kontra ou pran ou oblije ekzekite l, e gen papye ki siyen, gen pawòl ki pale e m te oblije kontinye.

Pou kounyeya menm, se pi rèd; m oblije pral dèyè fè yon ti kòb menm pou m manje. Si se pa sa m fè, m pa kwè se nan pèp kretyen an m pral fè l. Moun sa yo te deja wè yon move kòmansman pou mwen. M gen pou m pati nan mwa mas la; m ap retounen nan mwa me oubyen jen. M espere lè m retounen, m va vini sou lòt fòm. M va vin chante jan m te vle a, sou banyè legliz pou m evanjelize. M ka toujou chante lòt kote, men sa a m pwomèt li yo pa gen dwa janm wè figi m nan nayklèb.

Ann aprann ankouraje!

J.L: Kijan ou wè pèp ayisyen panse sou pwoblèm atis yo ak sou jan yo resevwa yo?

J.D: Si se pou resevwa, yo byen resevwa m; nanpwen kote m pase yo pa pran ka m. Men panse pèp ayisyen pa ale lwen; yo fèmen jouk kounyeya. Lespri yo toujou rete soudevlope.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

Yo pa fè gwo pwogrè nan lide yo. Sa anpeche yo konprann toutbonvre bagay ki byen fasil pou konprann. Nou ka di, jouk kounyeya ti lespri pèp d Ayiti anpeche yo konprann sa yo rele yon atis. M kwè Peyi d Ayiti pa janm ankouraje atis yo. Yo pa ankouraje moun ki ap fè espò. Si w ap jwe oubyen chante sou sèn, si ou dèyè yon pòtvwa oubyen sou yon teren foutbòl, oubyen ak penso ou nan men ou, se lè sa yo wè ou. Men depi ou pa ka fè bagay sa yo, yo bliye ou. Yo fini avè ou, yo pa gen pyès konsiderasyon pou ou. Yo tiye ou avan menm ou mouri oubyen yo mouri avan menm yo tiye ou. Yo konn di yo fini avè ou avan menm ou mouri.

N a kontinye mwa pwochen.

Boukan, #197. avril 1984. 20^{em} ane. paj 8, 9

Entèvyou: Jera Dipevil (Gérard Dupervil)

Ann aprann sipòte youn lòt.

J.L: M sonje nan yon konsè ou te bay nan Legliz Nazareyen nou ta ka fè anpil bèl bagay pou itil tout moun tankou: bati lopital, lekòl, elt. Nou ta renmen ou di nou plis sou sa.

J.D: Sa a se yon bagay nou repwoche tout kretyen. Yo ta ka fè anpil si yo te mete ansanm. Mwen pa vle di yo pa konn antann yo, menm m ta di yo ka òganize yo pou reyalize bon lide yo gen pou ede. Men m ka di se nan Ayisyen sèlman ou jwenn sa. Lòt pèp nan lòt peyi toujou konn òganize yo. Men kretyen ayisyen (kit se isit, kit se lòtbò) pa fasil mete tèt ansanm.

Yo ka di, se petèt lòt pastè yo. Men pou di verite, m pa ka di sa pou pastè isit paske genyen ki antann yo. Men sa m remake, nan peyi Etazini, pa gen twa pastè ki antann yo. Yo pa ini yo. Pa gen antant. Pafwa lè youn di lòt bonjou, se avèk tout ipokrizi nan kè l. Sa fè pa gen fòs, pa gen mwayen pou reyalize anyen. Lè yon legliz ap fè yon gwo eskonbrit tankou dedikas konsa, tout lòt legliz yo te dwe al pote konkou ba li. Men sa pa fèt konsa. Sanble Bondye y ap sèvi a pa menm.

M konn tande pastè di fidèl pa mache nan lòt legliz. Sa rele pwostitasyon espiyèl. Sa pa dwe fèt konsa. Nan pa antann sa a, sa fè yo soufri anpil sou bò materyèl. Men si yo te kole tèt ansanm, yo ta fè anpil bagay ki ta ka ede sa yo ki nan neseseite.

Gen anpil Ayisyen ki antre Nouyòk; yo pa gen kote pou yo desann; yo pa nan travay; yo pa gen kote pou yo rete. Poukisa kretyen ki la yo pa òganize yo yon jan pou ba yo konkou? Yo ta ka bati site pa yo, gen makèt pa yo, bilding pa yo ak tèt ansanm. Yo ta ka fè anpil bagay ki gen valè.

Lè yo voye yon moun Signo, si l malad anpil, li gen katrevendizuit pousan (98%) chans pou l mouri paske l pa jwenn swen ki kòrèk. Kondisyon l ap viv ka fè l dekouraje. Nou menm kretyen, se responsablite nou. Nou ta ka fè anpil bagay pou fè sa vin fasil pou yo si nou te vle, si nou mete tèt ansanm.

N ap tann tout bagay sa yo san pran souf.

J.L: Pouki ou pa mete bèl konpozisyon ou fèk fè yo sou plak?

J.D: Mwen gen yon plak ki poko parèt. Men li deja enregistre. Sa ki mete li an reta, se pwoblèm lajan. Li te gen pou parèt depi mwa desanm 1982. Sa vle di se pa fasil pou reyalize yon bagay konsa. Manke ankourajman, manke konpreyansyon, manke tèt ansanm lakay kretyen yo. Yo bezwen chanje lide sa a. Yo dwe mete tèt ansanm pou ede lòt ki nan bezwen.

J.L: Ki lòt pwojè ou genyen?

J.D: Pwojè mwen, se ale nan peyi Etazini, fè yon vayeveyen pou wè si m te ka jwenn yon fason pou m ranmase lajan pou vin ede moun ki san sekou. Mwen te vle bati yon kote pou resevwa pòv. Mwen ta renmen bati l nan zòn andeyò lwen lavil. Mwen vle abite isit nèt. Mwen te vin pou m wè si m te ka rete viv isit; mwen wè gen posiblite pou m rete epi regle sa m vle a.

J.D: «Lagè avèti, pa tiye kokobe».

J.L: Kisa ou ta renmen di pou nou fèmen koze a?

J.D: Daprè sa k ap pase nan lemonn, nou wè nou nan kòmansman gran tribilasyon. Yon moun ki refize tande Levanjil dwe kòmanse ranje kò l. Li pa dwe kontinye ap fè tèt di. Ou pa bezwen viv nan manti. Si ou genyen ou genyen, si ou pa genyen se pou asepte sa tou. Nou konnen pi gwo pwoblèm lemonn jodiya se esperyans konesans gran puisans tankou peyi Etazini, ... Tout se kraponnay. Se manti sa yo ki toujou vle fè ou konprann se nan men yo lemonn ye. Yo gen puisans, yo k ap nwi, yo k ap fè tout moun pè. Yo fè anpil lòt peyi ap viv nan tray, lagè adwat lagè agoch. Yon gran peyi tankou Etazini mete lagè pase lagè. Li voye zam bay lòt ti peyi pou goumen. Youn se tiye lòt san gade dèyè. Youn di mwen gwo nèg, lòt la di mwen gwo nèg pase ou. Lontan, yo konn di gen lagè natirèl paske se konesans ou ki te pale. Kounyeya se gwo zam yo envante ki fèt avèk gwo pwodui chimik. Si zam sa yo ta rive eklate, ta gen anpil bagay nan lemonn.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

Lèzòm nan tan kounyeya ap chèche glwa; yo fou; yo vin pi mechan. Sa te deja anonse nan Labib: «Nan dènye tan yo, lèzòm va vin pi mechan». Tout bagay vin difisil (manje chè, tout bagay monte bwa). Tout bagay depase limit e sa ap vin pi rèd chak jou. Ou pa konnen yon jou si se pa senkant (50) dola ou ka achte yon plat manje, demil (2.000) dola pou plen tank machin ou sa prale konsa; tout moun ap sere lajan kòm si yo pè wè sa k ap rive demen. Se maladi, mizè, grangou k ap ravaje lemonn.

Levanjil ap preche nan radyo tout lajounen. Ou menm ki pa vle koute pawòl sa yo, eseye pran yon desizyon avan li twò ta. Si ou kòmanse pase yon minit ap tandè, w a pase yon demi èd tan tou. Konsa w a vin konprann sa Levanjil la ye. Konnen jan ou ye, ou pa kòrèk. E jan lavi a ap mache a, sa p ap rete konsa. Yon jou Bondye gen pou l di: «Ago». Pa twompe ou, chèche mete ou an fòm, chèche mete ou nan liy Bondye trase a.

J.L: Jera Dipèvil, nou di ou mèsè anpil pou moman sa a nou pase ansanm. Nou swete rankontre yon lòt fwa ankò.

Boukan, #198. me 1988. 20^{èm} ane. paj 10, 11

JENÈS 1985!

ENTÈVYOU : TOUSSAINT DESROSIERS

J.L: Bon, jodiya nou gen chans rankontre ak mesye Tousen Dewozye (Toussaint Desrosiers); se yon pwofesè misye ye; se li menm ki te òganize yon semèn sou Antènò Fimen (*Antenor Firmin*). N ap pwofite poze l kèk kesyon:

Mesye Dewozye, èske ou ka di nou ki moun Antènò Fimen te ye?

T.D: Mèsè monchè Lòkè (Lorquet) pou kesyon an, epi mèsè jounal *Boukan* pou enterè li bay youn nan pi gran Ayisyen ki te pase nan peyi isit (ant 1850 e 1911). M vle di ou Antènò Firmin. Li fèt Okap nan zòn «Lafosèt» nan ri 4 (18 Oktòb 1850). Misye mouri an 1911 an egzil nan Sen Toma. Eben, depi misye fèt, li te gen anbisyon; li fèt etid li rapid rapid, epi gen anpil bagay lòt timoun blije etidye epi misye li menm, fè l pou kont li. Pa ekzanp li te renmen li anpil epi li te toujou konprann sa l te li yo. Se konsa li sot nan lekòl primè, li monte nan segondè kote li te kontre ak yon pwofesè fransè ki rele Jil Nèf (*Jules Neuf*) epi ki ede misye anpil nan klas retorik ak filozofi pou l kapab tradui tèks otè klasik (laten ak grèk) epi sitou ki ba l okazyon pou l vin gen plis konesans nan sa li te gen deja.

Lè l fin fè etid sa yo, misye kòmanse al etidye dwa pou kont li alèkile, apre sa l ale nan egzamen. Gen anpil moun ki di misye te suiv lekòl jis li rive nan klas retorik. Se konsa yo

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

te konn fè nan epòk pa misye a, epi nou jwenn misye nan laj 17 an li te jwenn ak yon ti gwoup nèg Okap ki t ap pwoteste kont yon desizyon Tonton Nò (Jeneral Nord Alexis) te pran. Lè sa a, li te kòmandan sou Salnav epi bridsoukou, misye vire do bay Salnav; li pase nan yon lòt kan. Li te vle pran vil Okap kòm kòmandan awondisman pou kont li. Moun Okap te fache paske yo pa t dakò ak sa.

Salnav te popilè anpil epi Demesva Delòm (Demesvar Deslormes) te fè yon pakèt diskou konsa. Firmen, nan yon gwoup jèn gason, te deside pou anpeche Tonton Nò pran vil Okap jan l te vle a. Epi se misye ki tabli plan batay la; yo tèlman reyisi byen, ti gwoup la aprè sa mete misye sou yon kanno ki te sèvi pou batay la epi yo pwonmennen ak misye nan tout vil Okap. Depi lè sa a misye se yon nèg yo te remake anpil. Apre sa, misye fè jounal; li ekri tout bagay ki dapre li kapab fè pèp la suiv tout prensip ki ta dwe fè Ayiti mache. Donk m panse sa bay deja yon ide de ki nèg ki bò laj 30 an pral ekri youn nan pi gwo liv ki titre *De l'Égalité des Races Humaines* ki vle di: tout ras sou latè beni egal.

Nan ane 1930 yo, te gen yon ti granmoun Senmak ki te rele Leksandren (Lexandrin) ki te toujou ap chante ti chante sa a sou Firmin.

«*Kilik rele monchè ami Fimen.
Ame ou kouraj n ap antre Gonayiv
Aleksi Nò (Alexis Nord) ki te tante lanmò
Ay! ki mizè sila a?
Ay ki doulè sila a?
Lè n a mouri sa va fini
Basen Wodo!
Basen Wodo va fini.
Tenten sila!
Tenten sila va kaba*».

Boukan, #213. oktòb 1985. 21^{èm} ane. paj 4, 7

Entèvyou

J.L: Poukisa ane sa a n ap selebre Antenò Fimen?

T.D: Nou selebre Fimen ane sa a pou anpil rezon: premye rezon an: sa fè 100 ane depi Fimen ekri yon liv pou di tout ras gen menm valè, tout ras egalego. Nou panse liv sa a se yon liv ki ta kab ekri an 1985 epi ki ta genyen menm valè a. Poukisa? Se paske tout ide yo se ide lasyans; pa gen manti nan afè lasyans. Nou wè tou sa l te reyalize, tou sa l te di sou pwoblèm *ras* ap kontinye reyalize toujou: an Frans, Almay, Afrikdisid y ap tiye poutèt ras. Si ou Afriken, Aljeryen, Arab, yo te prèt pou koupe tèt ou, pou pèsèkite ou, oubyen yo di

ou retounen lakay ou. Lè yo te bezwen moun sa yo, se voye yo te voye chèche yo. Pi plis ankò, nou ka gen egzanp kote m ka mansyone *Joaquín Balaguer* ki te fè pati ekip diktatè Twourilyo (Trujillo) ki te asasine plis pase 50.000 Ayisyen an 1937. Balagèl te chèf yon pati; misye rekòmanse menm kanpay rasis kont Ayiti. Nou wè nan liv nou li nan epòk sa a se konsa lè yo t ap asasine Ayisyen yo te kòmanse. Kounyeya ankò, nou sot tande nan Radyo Solèy moun ki retounen yo, ap rakonte mizè yo pase nan Repiblik Dominikèn. Gen nan yo ki mouri. Moun ki t ap rakonte sa a di gen 28 Ayisyen yo tiye epi yo fè antere yo nan Repiblik Dominikèn menm. Se poutèt kesyon ras paske moun sa yo se Afriken. Yo fè pati ras nwa yo pa vle wè, donk se prensipal rezon ki fè nou te selebre 100 ane depi liv sa a parèt. Men gen lòt rezon ankò, pa egzanp ane sa a se «Ane Entènasyonal pou Lajenès»; Fimin se te yon nèg ki te aklame pa lajenès nan epòk li t ap viv la. Poukisa? Se akòz tout ide, tout prensip ak tout aksyon li te deja angaje pou nou te wè si Ayiti ta ka fè yon pwogrè plis pase sa li te fè nan epòk li a. Donk, nou panse gen yon bann mesaj ki nan liv sa a lajenès kapab resevwa byen. Se pou tout rezon sa yo nou te atire atansyon jenès la ak piblik ayisyen an sou valè richès liv Fimen ekri a.

J.L: Poukisa Fimen te ekri liv sa a?

T.D: Fimen te ekri liv sa a se pou l te denonse atitid prejije ki te genyen dabò nan peyi d Ayiti epi apre sa, nan lòt peyi blan tankou Lafrans, Almay, Anglètè, tout kote ki te gen blan ki t ap di nwa enferyè.

Fimen rive an Frans, li te jwenn yon sèten Gobino (*Gobineau*) ki t ap di kòm moun ki etidye lasyans, ras yo pa egal. Fimen fè rechèch; li montre pa gen okenn ras ki enferyè; gen ras ki gen difikilte pandan yon sèten moman paske kote l ap viv la gen pwoblèm. Jodiya, pa egzanp nou gen ka Etyopi, pa gen lapli, moun y ap mouri. Misye di se pa enferyè yon ras enferyè si li pa fè menm pwogrè ak yon lòt ras. Se sèlman kondisyon l ap viv la ki fè l pa kapab evolye. Alò, si nou chanje kondisyon sa yo n ap wè moun sa yo, nan jan yo pale, nan jan yo aji, y ap evolye, menm jan ak nenpòt ki pèp ki fè menm pwogrè ak yo. Se vre lè Fimen t ap pale konsa, pèp blan yo te gen tan fè anpil pwogrè, men misye ekri liv la pou montre te gen yon lòt pèp nwa t ap fè anpil pwogrè nan peyi Ejip. Ebyen sitiyasyon pèp blan yo te pi ba pase sitiyasyon pèp nwa t ap konfwonte nan lemond. Men lè sa a, te gen pèp jòn tou (tankou Japonè, Chinwa). Misye di: «Si kondisyon tout pèp koulè yo k ap sibi prejije nan lè sa a, si kondisyon Ayiti k ap sibi prejije tou lakay pwòp pitit li ansanm ak nan peyi etranje, si kondisyon yo chanje, n ap wè peyi sa yo chanje». Misye te di kontrèman a sa moun ki kwè ras yo pa egal, se pèp blan ki va kontinye evolye epi pèp nwa va kontinye bese. Misye di okontrè li kwè demen, tout pèp sa yo tèt bese kounyeya akòz kondisyon ki pa bon. Ebyen tèt yo va leve si sèlman pèp ki pi evolye yo bay lòt ki mwen evolye yo lanmen. Misye te di se yon lwa ki nan lanati. Yon moun ki fin pran elan dwe ede yon lòt ki pi ba pase l. Alò li te di se sa ki pa egziste nan lemond ki fè yon bann pèp nan eta yo ye a. Alò tout sa fè nou konprann poukisa jodiya kote ki gen koperasyon, gen anpil

pèp ki evolye. Men si te gen plis men nan lamèn toujou, si te gen plis èd, ta gen plis peyi ki evolye pase nan sityasyon nou ye a.

Ki peyi kounyeya k ap fè pale de yo? Se tout pèp sa yo ki te tankou Arab, Etyopyen, Jwif, tout pèp yo t ap pèsekite, epi tou Ayisyen ki te fè pwogrè nan kèk domèn, oubyen nwa ameriken ki avèk Jesi Jaksonn (Jessy Jackson) rive trè patisipe nan eleksyon prezidansyèl Etazini. Tout sa fè nou wè Fimen te gen rezon epi Afrikdisid gen anpil batay; moun k ap goumen pou wè si y a chanje kondisyon lavi yo pou lite kont prejije ras.

Boukan, #214. novanm 1985. 21^{èm} ane. paj 9, 10, 11

Entèvyou (Tousen Dewozye | Toussaint Desrosiers)

Mwa pase a nou te bay dezyèm entèvyou sou Antènò Fimen. Se pwofesè Tousen Dewozye ki te fè rankont sa a ak Jorèl Lòkè. Jodiya, n ap bay rèss koze a.

J.L: Ki konsèy ou ta renmen bay jenès ayisyen an?

G.D: Ebyen, m kwè meyè konsèy m ta bay jenès ayisyen an, se pou yo chèche konnen sa anpil moun kite nan kilti peyi a. An Ayiti nou wè anpil moun jete kilti peyi a; sa se yon bagay ki pa bon pou pwogrè nan peyi isit. Si jenès la rete soude ak moun ki te pèmèt li rive kote l ye a, sa vle di moun ki peye lekòl pou l kapab etidye. Moun sa yo ap tann ide ki pou ede yo evolye. Si sa fèt, m kwè va gen yon lòt Ayiti. Sa m konseye jenès la se pa koute moun k ap mete yo nan yon sivilizasyon materyèl sèlman. Sa vle di pa kwè se lajan sèlman, bèl vwati, bèl rad, bèl kay ki konte. Fò ou travay. Si tout moun ap souffri nan peyi a jodiya se paske grannèg yo pa vle ede moun k ap souffri yo. Nan yon peyi konsa, kote se sèl mas k ap travay pou leta jwenn taks pou fè bidjè, pou peye tout sa k ap fèt, ebyen jenès la ta dwe gen yon lòt konpòtman. Kenbe kilti a pi fò, eseye konprann li, eseye ede l evolye, eseye li tout liv ki bon. Se pa sèlman fè komès, men se fè bagay ki kapab anrichi lespri nou epi bay lespri nou okazyon pou l reflechi sou solisyon pou n pote a pwoblèm peyi a. Nou regrèt gen anpil jèn ki pa t la, se vre; nou pa t ap tann fò. Yo di se 15 moun sèlman ki te fè legliz vin devlope, men nou ta panse gen anpil jèn ki enterese nan afè kilti. Yo ta dwe la nan semèn Fimen an pou yo tande pi byen mesaj chak moun. Si chak moun k ap viv nan peyi d Ayiti, pa jalou dwa pa yo ak pa lòt yo, li kwè pwogrè a ap difisil. Jodiya ankò, se menm mesaj sa a ki ta dwe pase. Fimen te di fò tout moun gen libète pou eksprime bezwen yo; sa ta pèmèt tout pèp la gen yon soulajman nan doulè paske lè sa a moun ki anvè wè bagay chanje ta chèche yon solisyon pou pwoblèm nan. Ebyen nou kwè si dwa tout moun vin yon bagay reyèl nan peyi a, si yo respekte chak moun k ap viv nan peyi a, chak Ayisyen youn respekte lòt, youn renmen lòt, m kwè peyi a va chanje vrèman.

J.L: Ki espwa ak ki pwojè ou genyen?

T.D: M pa gen anpil espwa pou jenerasyon pa m nan paske m panse pwoblèm yo twòp; m panse jenès la pa montre ase enterè pou peyi a. Men m kwè si nou poze pwoblèm yo kounyeya, jenerasyon k ap suiv nou an va jwenn yon lòt peyi epi peyi sa a va pèmèt gen plis devlopman. Lè mwen di m pa gen espwa, sa pa vle di m kwè bagay yo mal nèt. Petèt espwa a se mwen ki pa wè l men si m ap gade konpòtman moun yo, si m ap gade fason yo reflechi, si m ap gade fason yo aji, m pa kwè m ta kapab di espwa sa m ap chèche a li la kounyeya. Petèt l ap vini men m poko wè l.

Mwen menm, m kwè si tout moun mete men nan pat la, nou va rive bay pwoblèm ki nan peyi d Ayiti yo yon kalòt. Men nou poko kapab di n ap rezoud yo paske lan 2000 se nan 15 an. Si n ap gade pa egzanp kòman Dominiken fè pwogrè, pou nou ta rive jwenn yo sèlman, se ta dwe lide nou pou nou ta rive tankou yo, pou nou depase yo paske se yon peyi nou te deja okipe, nou te ede. Fò nou ta leve pye nou byen wo. Alòs m mande tout moun pou yo reflechi sou kesyon an, si yo menm yo wè gen plis espwa pase mwen se pou yo di l. Men mwen menm, m pa gen anpil espwa; sa m panse sèke tout moun dwe fè efò, plis efò yo kapab fè pou peyi a ka jwenn yon solisyon nan pwoblèm li yo.

J.L: Mesye Toussaint Desrosiers, jounal *Boukan* remèsye ou anpil.

Joel Lorquet
Boukan, #215. desanm 1985. 21^{èm} ane. paj 9, 10

TIMOUN YO : ANMWE SEKOU POU TIMOUN NAN LARI!

Pwoblèm timoun san fanmi, ti delenkan, ti sanzave ki lage nan lari depi lontan, sanble kounyeya responsab ki pi enterese avèk pwoblèm sa a about.

Nan tout gwo vil peyi a, sitou vil kote bato touris abitye antre, nou kontre ak ti mandyan sa yo ki konn pye atè, yon ti bout kanson sou yo, y ap mande kòb. Nan Pòtoprens menm se pa pale, si ou fè yon ti kout pye sou kote yo rele «Granri» a, fò ou kontre kanmenm ak de twa ti jenòm k ap siye vit machin, pandye dèyè kamyonèt tout lajounen. Yo di lavi timoun sa yo pa vo anyen? Yo dòmi kote yo jwenn; yo toujou gen yon rad sire sou yo. Yo konn menm arete yo, di se yo k ap vòlè nan nuit; y al bat yo nan prizon.

Lè ou pale ak timoun k ap viv nan lari, yo fè ou konnen manman yo mouri; yo kite andeyò, yo vin dèyè lavi miyò nan Pòtoprens menm si yo pa gen pèsòn kòm fanmi. Pafwa tou, papa timoun sa yo konn ap viv, men se yon moun ki pa enganm; ki vle di, se timoun sa yo ki konn ap pote kichòy ba yo.

Mizè konn fè tifi san kay sa yo al lage kò yo nan fè jenès pou senk kòb; ti gason yo menm konn rive al vann kò yo ak move kalite touris.

Men tout pwoblèm sa yo montre nou enpòtans fanmi; kote ki gen fanmi, timoun yo jwenn bon jan edikasyon, kidonk yo gen plis chans byen soti. Fò nou di tou, gen de, twa kote ki ranmase timoun sa yo mete lekòl, ba yo manje, ba yo dòmi, men timoun sa yo tèlman responsab ak gwo lavi libète sa a, yo konn pito sove. Epi se konsa responsab biwo ki okipe pwoblèm timoun san fanmi sa yo te fin pa wè se pa bon solisyon an sa. Yo panse alèkile bati yon seri estasyon kote moun ki gen vwati va mennen machin yo lave, epi lè sa a ti delenkan sa yo pa al bezwen siye vit machin moun nan lari ankò. An menm tan tou, y ap kontinye fè sa yo konn abitye fè yo; y ap tou pwofite fè yo pran yon lòt edikasyon, tikras pa tikras.

Gen anpil anpil lòt bèl pwojè, men fò nou di peyi d Ayiti gen twòp pwojè; li manke reyalizasyon. Se aksyon nou bezwen nan peyi a. Tankou Asosyasyon elèv klas filo te fè a, yo fè yon maraton; kidonk, yo pase nan aksyon.

Mezanmi, se yon wont pou n wè valè kòb peyi a genyen, epi pou gen tout pòv sa yo k ap mande charite, ki pa gen yon kote pou rete.

Mezanmi, li lè, li tan pou otorite nan peyi a poze vrè aksyon pou soulaje sitiyaasyon timoun san fanmi sa yo. Nou pa dwe janm bliye, avni peyi a sou kont jèn jodi yo epi tou lè yo mal grandi, nou deja konnen se move zèb, vòlè, asasen k ap tann demen.

Mezanmi pitye! Anmwe sekou pou timoun san fanmi yo!

Joël Lorquet

**KÈK BON KONSÈY POU NOU KA BYEN EDIKE TIMOUN NOU YO.
ANN APRANN ENSTWI EPI KORIJÈ TIMOUN NOU YO BYEN!**

Pou yon paran byen edike pitit li, fò li ba yo bon konsèy epi pa pè korije yo. Pwovèb la di: «Bay yon timoun prensip li dwe suiv jouk li mouri; li p ap janm bliye l». Yon edikasyon dire pou tout lavi, kidonk yon bon edikasyon pote fri jouk nan laj baton vyeyès.

Nou dwe bay timoun nou yo ansèyman k ap pèmèt yo gen anpil konesans, bon jijman, devouman, renmen travay, ki pa pè moun, ki fè l renmen rann sèvis epi respekte lalwa ak moral. Gen nesosite pou nou gide timoun nou yo, korije defo yo, men fò nou dispoze aji tankou bon paran pou nou fè sa byen.

Genyen papa ak manman ki lach; genyen ki sevè; genyen ki frèt frèt epi genyen ki cho, prese. Selon jan paran yo konpòte yo, yo kapab bay kòm rezilta: timoun ki kwè nan tèt yo, ki renmen lasosyete, men ki pa renmen suiv règ yo. Gen timoun ki renmen obeyi men ki toujou enkyete, epi yo pa twò renmen tèt yo. Gen lòt paran ki pa ni cho ni fret, pitit yo konn pa renmen lòt moun epi lè yo kòmanse grandi yo konn tounen vagabon.

Men fò nou remake: timoun ki pi byen edike yo, se pitit paran ki senpatik, ki gen bon karaktè epi ki respekte règ lavi a.

Paran sa yo konn limit yo epi yo gen bon konpòtman.

Fò paran yo byen foute nan sèvel pitit yo bon jan konsèy pou yo suiv. Fò yo byen korije timoun yo tou, lè sa nesèsè.

Paran yo, nou bezwen bay timoun yo anpil disiplin. Nan lang laten, mo «discipulus» la vle di *elèv*, kidonk nou fèt pou aprann timoun nou yo anpil bagay.

Anpil paran manke pran wòl yo alèkile paske yon papa ki renmen pitit li dwe korije l tou. Bay timoun disiplin pa vle di rayi l ni maltrete l, men se yon prèv pou montre nou renmen timoun nan. Si nou pa korije timoun yo kounyeya, nou va regrèt sa demen paske li p ap bon ni pou nou ni pou yo. Menm timoun sa yo kapab vin asasen, vòlè, vagabon, elt. Men lè n ap korije timoun nou yo, fò nou fè sa ak tèt poze, san nou pa fè kòlè. Pa janm bliye enpòtans pawòl Bondye nan edikasyon yon timoun. Pa gen edikasyon san disiplin ak afeksyon. Ti delenkan toujou soti nan fanmi kote paran yo toujou nan kont olye pou ta gen amoni, inyon ak konpreyansyon.

Prepare yon timoun pou l vin granmoun, se pa sèlman siveye kò l epi anrichi lespri li, men se pou nou gide l tou sou kote esprityèl la ak moral toutan, e nan tout sa n ap fè. Se pou n

pale ak timoun yo tou detanzantan. Fò nou fè pitit nou konprann sa ki byen epi di yo sa ki mal.

Dis kòmandman Bondye yo reprezante potomitan sivilizasyon kounyeya. Se paske lèzòm pa respekte yo ki fè sosyete a gen tout pwoblèm sa yo; se sa k fè anpil fanmi kraze tou. Mezanmi, ann leve timoun nou yo byen pou nou pa regrèt nan baton vyeyès nou.

J. Lorquet

TIMOUN ZÒT BLIYE

Se vre yo okipe timoun lakay nou, men anpil fwa yo bliye yo tou...

Sosyete a pa ba yo sa yo merite, sa yo ta dwe ba yo...A wi! N ap pale la a de timoun ki gen chans gen paran ki kapab pran swen yo. Yo ba yo manje; yo jwenn rad; yo voye yo lekòl... Men yo pa pè kite yo wè vye pòtre moun k ap fè vyolans nan televizyon; yo gade tout vye bagay ki pa fè onè sosyete a. «Timoun yo la, y ap koute, y ap gade». Peyi kote yo grandi a bliye yo... Sa ki pòv, menm se pi rèd... Ayiti se youn nan peyi sou latè kote ou pa ka jwenn yon bon jan pak piblik pou timoun. Lè yon paran ap chèche yon kote pou mennen pitit li al amize, li pa ka jwenn. Pitit grannèg yo pa gen twòp pwoblèm paske yo gen jwèt videyo, y ap gade pòtrè moun lòtbò dlo. Men malerezman, timoun sa yo ap tounen demen ti sitwayen ki p ap renmen pale ak moun paske yo twò abitye fèmen nan chanm kay yo. Apre sa tou, y ap devni ti sitwayen peyi etranje san yo pa konnen, tèlman yo wè fim ak pwogram lòtbò. Depi kounyeya, nou kòmanse wè sa; jwèt lontan yo ap disparèt. Jwèt tankou ligo, ligo delivrans, kachkach liben; tire kont; fè wonn, jwe marèl jwe woslè, ralba, elatriye... an menm tan tou, anviwonman peyi a an degraba.

Anpil fwa, nou konn tande y ap di: «timoun se bagay sakre» men poutan nan peyi pa nou, anyen pa fèt pou ta amelyore kondisyon timoun; timoun yo pa gen yon bèl vi toutbonvre. Tout bagay sa yo fè nou gen plis enkyetid pou avni peyi sa a.

«Tray ak pwoblèm jèn ti delenkan an Ayiti»

Ti delenkan sa yo papa! Sa se mo nou konn tande ki sot nan bouch moun ki chita nan bèl machin yo, lè ou tande timoun lari yo vin mande yo senk kòb nan lari Pòtoprens, sitou kote machin konn kanpe pou tann limyè wouj.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati* ak Joël Lorquet

Anpil moun rele ti gason ak ti fi lari yo ti delenkan paske yo pa gen kay pou rete; se nan tout lari y ap plede mache, epi paske timoun sa yo ap chèche lavi nan mande oubyen nan pase twal sou vit machin pou kòb penich.

Fò nou di, li pa fin twò bon lè yo pran abitud rele timoun lari yo ti delenkan, paske delenkans lan vle di yon moun ki pa respekte lalwa ni lajistis.

Fò nou di tou timoun lari sa yo pa dwe pase tankou delenkan, yo pa timoun ki gen vye maladi nonplis. Yo konn sal, men yo tout se timoun tankou tout timoun.

Se vre, si yon moun bezwen byen edike yon timoun, m pa kwè se nan lari a li pral elve l menm si li ta rete nan kay ki arebò twotwa.

Se nan lari ou jwenn tout kalite bagay, sitou nan nuit: ou jwenn vye vis tankou gason ak gason, fanm ki kanpe anba poto limyè, vòlè, moun ki nan dwòg, elatriye...

Se pwoblèm lajan ki lakòz pwoblèm delenkans lajènès Ayiti. Anpil jèn timoun lage kò yo nan vòlè, vi gason ak gason, pwostistasyon ak vòlè pou yo ka satisfè bezwen yo tankou **touni** ak **grangou**. Se paske pa gen yon bon leta nan peyi a ki fè tout pwoblèm sa yo ap gwosi. Te dwe gen bon jan sèvis pou okipe timoun sa yo jan sa ta dwe fèt.

Se bagay ki tris lè ou wè yon timoun trèzan lage kò li nan imoralite pou li pote ti kòb lakay li. Sa ki pi rèd la, se moun ki gen anpil kòb yo k ap pouri timoun sa yo. Yo ofri yo lajan pou detounen yo. Nou pa kab di se sèl pwoblèm kòb ki bay pwoblèm delenkans lan paske gen timoun ki konn byen alèz lakay yo ki konn vire do sove kite kay la pou al fè vagabonday nan lari. Kidonk, gen timoun ki san sal tou.

Aprè pwoblèm **vyòl** la ki pa tèlman fèt souvan, pi gwo tèt chaje a alèkile se pwoblèm **dwòg** la. Depi ane katreven yo, dwòg la ap monte tankou flèch. Se tout kouch sosyal yo ki touche ak dwòg la (kit pitit grannèg, kit pitit malere). Dwòg la vin grav paske li kreye lòt pwoblèm fasilman (pa egzanp: vòlè, asasen, atoufè ak ensekirite) puiske depi ou pran dwòg, ou vin adikte (ou pa mande kite). Pwoblèm bezwen lajan fè yo al fè nenpòt tenten pou achte lòt dwòg.

Kidonk, pwoblèm «delenkans» lan se yon gwo tèt chaje; malerezman tout òganis k ap travay sou sitiyasyon timoun lari yo pa kole tèt pou jwenn yon bon grenn solisyon pou pwoblèm nan. Moun pa bezwen sezi lè yo wè delenkans lan ap vin pi grav chak jou. Menm si pwoblèm sa a se yon gwo danje pou sosyete a, antouka n ap poze tèt nou kesyon: kisa ti vagabon jodi yo pral vini demen? Zanmi, nou kite ou ak kesyon sa a.

J. Lorquet

Boukan #264. 26^{èm} ane. jen 1990. paj 5

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*
TIMOUN KI POU KONT YO ANNDAN KAY

Pwovèb la di: «Timoun se tibèt». Mwen pa janm dakò ak mòd pawòl sa a. M ta di pito «Ti bèt pa timoun». Pwoblèm ki poze, anpil fwa, paran yo pa pran ka timoun yo ase; yo neglije yo; yo pa siveye yo ase; yo pa chwazi lòt zanmi pou jwe ak yo. Pi gwo defo paran yo konn genyen, sèke yo renmen soti kite timoun pou kont yo nan kay (sitou lè yo pa gen vwazinay pre oubyen lè yo pa gen lòt moun nan kay la). Sa gen gwo danje ladan wi!

Neglijans lage timoun pou kont yo nan kay konn bay gwo tèt chaje. Nan peyi etranje, se chak jou timoun ki pou kont yo ap met dife nan kay; pafwa yo konn boule; vòlè konn antre fè move zak sou yo; yo konn endispoze, elt. M konn yon istwa ki te rive yon moun m konnen. Li t ap viv Nouyòk epi li pati al travay, men kay la te gen yon plòg kouran ki te dekalè yo pa t wè. Pandan l pa la, tibebe a al manyen kouran; li tou mouri. Ayisyen sa a te fè mèt kay la pwochè; li te genyen anpil lajan se vre, men li pèdi ti pitit li a nèt. Tout sa se neglijan. Sa pa gen lontan, an Ayiti nan yon bidonvil kole ak Pòtoprens, yon manman soti kite de timoun anndan kay; malchans pou yo, dife pran; yo pa gen tan soti; yo tout peri.

Men pa gen sèlman dife, konn gen vòlè ak asasen tou.

Kisa pou yon timoun ta dwe fè si li fèmen pou kont li anndan kay epi yon moun li pa konnen ap frape nan pòt la?

Pa janm di moun nan se ou sèl nan kay la.

Di moun k ap frape a: «Manman m oubyen papa m pa kab vin ouvri pòt la kounyeya; èske ou vle kite mesaj pou li?».

Si moun nan gen yon komisyon oubyen yon pake nan men li, di l kite l deyò a oubyen sa ki pi bon, kite li nan men yon moun nan vwazinay la.

Si yon etranje ap frape nan pòt ou epi l ap mande ou pou kite li antre pou li fè yon kout fil nan telefòn ou, voye li lakay yon vwazen menm si li di li gen ijans.

Pou fini, se pou paran yo sèten; yo pa kite pyès jwèt nan lakou kay la, sa va evite timoun yo soti deyò lè pa gen moun nan kay la. Orevwa timoun yo!

J.L
Boukan, #1. desanm 1990. paj 11

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*
JENÈS : SE NAN MEN JENÈS LA AVNI PEYI A YE (1)

Pran plezi ou, men...

Peyi d Ayiti Toma nou an, se yon peyi ki plen ak fèt. Lèt jou, se te Nwèl; yon kadè poko pase ou gen tan tonbe nan janvyè. Ou poko menm bat je ou, kanaval gen tan tanmen sou ou. Talè konsa, se va fèt Pak epi gran vakans kache kò l pou wè si l ka rive.

Ebyen, se konsa lavi a ye vre; tout se vanite. «Nou ka di lavi nou pa anyen sou tè sa a, si ou pa mache prese ou p ap menm gen tan fè sa ou dwe fè». Kidonk, n ap tou pwofite pou di ou, lè ou gen yon pwojè, pa janm pèdi tan pou kòmanse l paske «pi bonè se granmaten», epi «tan ou pèdi, ou p ap janm kapab jwenn li» menm si ou ta vle kouri dèyè l.

Chak fwa yon fèt pral rive, tout moun toujou kòmanse prepare yo pou wè kòman yo pral fete. Pou moman sa a, nou pa bezwen di ou ki wòl radyo jwe nan bagay sa a, kalite mizik l ap bay tout lajounen. Sitou kounyeya, aparèy radyo nan tout mòn, nan tout rakwen. Se pa fasil ou tande yon moun di ou li pa ka achte yon radyo.

Avan fèt madigra rive, ou tande nan radyo tout chan bann kanaval yo. Tèlman mereng djaz yo chofe, gen moun ki konn ouvri radyo sou tout volim pou yo danse.

Depi mwa janvyè parèt, se chak dimanch nou wè bann madigra nan tout lari lavil yo. Andeyò menm, sa k ap pase nan rara, se pa pale. Men n ap mande, kisa moun yo jwenn lè y ap ponpe konsa a? Paske nou pa wè anyen serye, sèlman yon pakèt bout fè y ap frape. Si nou koute, nou tande yon pakèt bri moun ak mizik ap fè anba yon solèy byen cho kou dife sou tèt yo. Bri bann madigra sa yo konn tèlman fò, lè youn ap pase bò yon legliz k ap fè sèvis, fidèl yo konn oblije chante pou yo pa twouble. Se pou ede jèn yo bay lemonn do ki fè legliz yo toujou òganize kan nan epòk madigra nan kèk kote andeyò.

Si nou ta mande yon fanatik madigra kisa li jwenn ki fè li renmen danse nan bann konsa, l ap reponn: «Se yon plezi; se yon fason ki fè li detann nan danse a; li defoule l e sa fè li bliye pwoblèm li yo».

Men ann poze tèt nou yon kesyon: men lè pita bann madigra a rantre, kisa moun sa a pral fè ak pwoblèm li yo? Y ap toujou nan kò l, y ap toujou wonje l kat fwa pi rès? Sa mande pou yon moun reflechi.

Kanaval se yon fèt yo selebre nan anpil peyi. Men tout peyi pa fete l menm lè. Se yon fason pou touris kapab al gade plizyè kote si yo vle.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati* ak Joël Lorquet

Moun ki etidye fòklò (moun ki fè gwo etid sou pèp, lang ak ras) di kanaval se yon tradisyon, se yon kilti e se rejwisans pèp.

Se vre, kanaval se yon fèt ki fè ti nèg kapab fwote kò l ak grannèg menm si l swe kou pitit bouki. Se fèt «gete» ak «inyon» kòm yo di. Men, èske inyon sa fèt toutbonvre? Lè n ap gade kantite pwoblèm ki konn genyen nan madigra: deblozay, kout jilèt, tire, moun mouri... vòlè k ap siveye pou pran afè moun, mechan ki vin vanje ak moun li te gen kont...

Se moman anpil jèn tifi ansent tou. Tout bagay sa yo ap pase nan figi lèzòt ki vin pou pran ti plezi yo. Sa mande pou nou reflechi. Yo di lontan te konn gen plis dezòd; yo ta renmen gen mwens batay ak mwens briganday... Men se poko janm sa.

Jounal *Boukan* la pou li mete limyè sou wout ou. Nou pa kwè se yon bagay ki mal si nou ta ba ou kèk konsèy.

Li toujou bon pou yon moun mouri pou l li, met kò l sou kote epi evite tout bagay ki gen danje, evite ale tout kote yon malè ta ka rive li.

Tan an pase vit vre epi se yon bagay ki enpòtan. Li ta toujou pi bon pou yon moun «pa gaspiye tan l nan vye plezi...» kote li ka pran yon bòt. Men gen lòt plezi, lòt bon ti plezi ki ka fè kè li kontan; plezi sa a se nan Bondye li ye.

Ala yon bèl bagay lè ou nan mitan yon gwoup jèn tankou w, w ap jwe, w ap chante, w ap priye, benyen nan lamè osinon nan rivyè ansanm... Pandan lòtbò lavil, anpil moun ap yaya kò yo nan banbòch pa yo.

«Jenòm, pran plezi ou, men konnen pou tout bagay sa yo, yon jou Bondye gen pou rele ou pou l jije ou». Se Eklezyas ki pale konsa. Mezanmi, fè atansyon!
Pran plezi ou, men ... !

JoJo
Boukan, #196. mas 1984. 20^{èm}. paj 3, 4

JENÈS 1985 : SE NAN MEN JENÈS LA AVNI PEYI A YE (2)

Depi yon moun fèk kòmanse ak yon bagay, li toujou ta renmen konprann li byen vit. Men pou sa ta fèt vre, fò moun nan fè anpil tan avan li rive wè klè toutbon. Kidonk se lè n a va fin li tout atik sa yo ki va ekri sou lajenès, n a va konprann sa nou vle di.

Depi kèk tan, yo chwazi yon tèm pou ane yo. Se konsa te gen kèk tan O.N.U. (Òganizasyon Nasyonzi) nan yon asanble jeneral te chwazi «Ane Entènasyonal pou Timoun». Kèk ane apre, pou «moun kokobe», pou «fanm», pou «lafanmi» epi ane sa a, 1985, se «Ane Entènasyonal pou Lajenès». Lè n ap gade enpòtans lajenès nan yon peyi. Nou ta di gen lè se ane sa a ki gen plis valè.

Se verite, lè nou fè yon koudèy bò kote nou, nou wè pa gen yon sèl moun ki pa t pase timoun. Konsa, èske nou pa ta kapab di se yon moman ki vrèman enpòtan? Menm moun k ap etidye sa yo rele sikoloji (syans ki etidye sa k ap pase nan tèt yon moun; ki analize santiman ak konsyans lòt moun) di se nan timoun yo jwenn pi bon metòd pou enstwi moun e pou ba yo edikasyon tou.

Se lè yon moun santi li kapab vre pou l ta fè yon timoun. Lè l santi l kapab okipe l byen san pwoblèm. Timoun nan ta dwe gen bon sante, byen manje, gen anpil fòs paske paran li gen posibilite pou okipe l. Si se pa sa, l ap mèt; l ap sanble li malad, l ap kou yon timoun ki nan soufrans. Gen anpil moun ki pran abitud fè pitit nenpòt kijan, kote yo pase. Moun sa yo pa janm aprann kontwole tèt yo paske se plezi yo wè. Peyi a te mèt gen plis moun. Ki mele l, depi li gen anpil pitit, se byen! Li pa menm ka okipe yo tèlman li fè yo toupatou.

Se paran yo menm ki responsab levasyon timoun yo. Èske li pa ta bon pou paran pran chay yo oserye paske timoun fèt pou gen bon levasyon. Lè timoun piti fèt, li pa gen konprann. Sa konn fè li anvi depase moun ki pi wo pase l. Si sa ki nan tèt li a pa reyalize, l ap eseye chèche genyen kèk kalite, kèk bon manyè moun ki konn ap imiliye l yo pa genyen.

Se depi li piti, li gen yon wòl nan sosyete a. Lè li jèn, se menn bagay; li ka eseye gen zanmi moun debyen. Men, si li deja yon vagabon sansal, yon sanzave, ki moun ki gen tò a?

Bèt aji sou ensten (yo pa gen lespri), men lòm li menm Bondye ba li yon konsyans. Li kapab aprann, etidye; donk timoun nan bezwen enstriksyon tou.

Nan syèk n ap viv la, gen anpil pwogrè. Sa montre enpòtans enstriksyon an genyen nan mitan nou. Menm jan ak paran yo, mèt lekòl yo pou bay enstriksyon dwe gen yon plas ki enpòtan nan edikasyon timoun yo. Edikasyon an, se pa sèlman lakay li fèt, li fèt nan lari, nan legliz epi tout kote. Li ta toujou bon pou tout moun konn li, al lekòl kèlkeswa laj li genyen. Li ta ka rive nan yon bon klas e sa va bon e pou moun nan e pou peyi a tou.

Pou di verite, se tout edikatè nèt ki pou montre timoun nan enpòtans enstriksyon; sinon li va peye sa byen chè e li va regrèt sa pita.

Se chak jou nou konstate anpil moun regrèt dèske yo pa t kontinye aprann lekòl. Paran dwe aprann timoun yo renmen lekòl paske, se vre; se depi yon moun piti tankou bwa vèt l ap prepare avni l.

Boukan, #205. janvyè. 21^{èm} ane. paj 6, 7

JENÈS 1985 : SE NAN MEN JENÈS LA AVNI PEYI A YE (3)

Se pa tout timoun ki gen chans ale lekòl.

Gen kèk paran ki fè gwo sakrifis pou voye pitit yo lekòl e kèk fwa timoun nan malonèt; li prefere al fè woul epi pandan tan sa a gen lòt ki ta byen renmen ale men yo pa gen posiblite paske paran yo pa gen lajan. Bò lakay pa m pa egzant, m konn abitye wè kèk timoun ki tout lajounen se fè dezòd, anmède tafyatè; gen lè paran yo pa janm voye je sou yo. Pafwa tou, paran yo te konn ap peye lekòl pou yo men, lè yo wè se pou granmesi, yo sispann. Gen kèk tou, si yo gen de ou twa pitit, yo voye sa k pi gran an lekòl paske yo kwè se li menm k ap fè yo manje pi bonè. Men, ou pa panse lè timoun sa a ki te sèl espwa fanmi an pa fè yon klas avanse, bagay la vin pi rès? Alòske se malere sa yo ki ta dwe pi enterese gen enstriksyon; si se pa sa, y ap ogmante mizè yo ak tout pitit yo!

Gen anpil òganis k ap eseye lite pou fè tout moun konn li ak ekri menm nan rakwen andeyò, alòske nan gwo kapital la gen anpil moun ki pa konn jebede.

Podyab, kòm pwovèb la di, «Sa ki gen dan pa gen pen; sa ki gen pen pa gen dan». Gen kèk timoun tou, pitit grannèg, paran yo tèlman gen lajan, yo tèlman alèz, yo konn pa wè enpòtans lekòl la pou yo... alòske nou wè andeyò, anpil ti peyizan pa konn konte de 1 (en) a 10 (dis); se nan jaden, nan mache, oubyen lapèch yo konn ale. Kidonk, li pa janm ta bon pou nou imite sa grannèg ap fè pou nou di ann fè l tou.

Se paran yo ki dwe montre timoun yo sa ki va sèvi yo nan lavi a paske nou konnen paran limyè pou timoun yo. Se domaj gen paran ki pa pran edikasyon pitit yo oserye.

Men kèk kesyon nou ta ka poze paran yo:

1. Èske ou janm pale pitit ou sou enpòtans «sèks» (gason, fi). Èske ou janm montre li ti pati l, epi di l poukisa Bondye ba li l? Èske lakay ou gen disiplin?
2. Èske ou konn etidye Labib ak yo?
3. Èske ou panse timoun ou yo kòmanse konprann toutbonvre pawòl Bondye?
4. Èske ou konn fimen? bwè tafya nan kay la?

5. Èske pitit ou yo respekte ou, oubyen èske yo pa kwè nan ou, yo pa fè ou konfyans?
6. E ou menm, èske ou konnen timoun ou yo vre?

Paske se ou menm ki egzant pou timoun ou yo. Kidonk toutan ou fè sa ki byen devan yo, se toutan tou ou va gen timoun ki obeyisan, byennelve. Men si se move bagay w ap fè tou, kòman ou vle pou pitit ou yo soti byen demen?

Ou gen dwa voye timoun yo nan «Eskout» oubyen nan nenpòt gwoup kote ki gen moun debyen pou ede yo anpil. Pa fè timoun nan pè nou; se pou l yon zanmi pou nou, konsa tout pwoblèm li va genyen, li p ap pè vin mande nou konsèy.

Achte bon ti bagay pou li ki va fè l plezi. Se pou mennen l legliz, konsa li va wè Jezikri nesèsè pou li kapab gen yon lespri ki solid vre.

Sosyete a fòme ak plizyè moun, men nou chak nou gen yon wòl pou jwe demen ki va sèvi peyi a.

Gen anpil jèn ki ta fè efò men peyi a tèlman dekourajan, yo pa fè anyen ditou. Lèse m di ou: tout bagay mande pèsèverans ak volonte; si ou vle rive, fò ou pa janm dekouraje!

Toutan ou kòmanse fè yon bagay pi bonè, se toutan ou va gen plis eksperyans tou!

Boukan, #206. fevriye 1985. 21^{èm} ane. paj 9, 10

JENÈS 1985 : SE NAN MEN JENÈS LA AVNI PEYI A YE (4)

Fò yon moun pa janm dekouraje yon timoun k ap fè efò. Menm si li piti, li poko gen matirite pou l fè sa l ap fè a byen men li bon pou li paske lè li va pi gran, l ap gen plis eksperyans. Men, gen moun metye yo se dekouraje moun sèlman.

Nan tan lontan, nou wè ti David te vin wa a douzan. Timoun alèkile, ou pa ta di yo fèt tou granmoun. Nan jenerasyon ki gen pou vini yo, nou va jwenn timoun ki va envante kokennchenn aparèy, ki va fè moun sezi tèlman yo va entelijan.

Chak timoun gen tanperaman pa yo, gen konpòtman pa yo. Konpòtman yon timoun depann de edikasyon li te resevwa kote l t ap viv la. Se pa laj ni aparans ki montre vre kòman yon moun ye. Ou ka jwenn kèk jènjan ki tèlman serye ou ta menm pran l pou granmoun; se menm jan tou gen granmoun rèk ki gen lè panse yo toujou gen dizan.

Se yon bèl bagay lè paran yon timoun malere, epi pou yo konstate l ap fè gwo efò pou l wè si demen sa va chanje.

Si se nan men jenès la avni peyi a ye, se depi kounyeya yo bezwen reflechi, panse seryezman sou sa yo va fè pou sosyete a, pou itil tèt yo dabò epi pou itil kominote kote y ap viv la. Kidonk pou ede peyi a soti nan pwoblèm soudevelopman.

Lè ou gade yon timoun ou wè li kirye anpil, kidonk se nou menm ki pou ba l limyè sou tout sa li ta bezwen konnen pou satisfè kiryozi l.

Lè yon timoun ap grandi, li gen pou l chanje. Pa egzanp jwèt ti machin, ti poupe pa enterese l ankò, tout foli l, se pou li ta tankou yon granmoun. Men pou yon timoun piti piti, jwèt yo gen enpòtans yo wi paske an menm tan timoun nan ap distrè li, l ap devlope entelijans li tou.

Yo di lontan te gen jwèt nan Bisantnè Pòtoprens, te gen tout kalite bèt nan kaj, kote moun te gen dwa al pwomennen, vizite. Se domaj sa yo pa la ankò. Kòm tou, jèn alèkile yo prefere lòt plezi tankou bal, kanaval, elatriye.

*«Chak moun gen yon kantite konesans
Men sa ki fè yon direrans
Se jan ou travay lespri ou
Pou montre sa ou ka fè tou.»*

Gen anpil moun ki toujou ap eseye imilye timoun. Se kòm si m ta di ou y ap pwofite fè timoun yo peye tout tray yo te konn fè yo pase. Lè yo wè yon timoun fè yon erè, tan pou yo ta ba l yon konsèy, se yon zoklo yo ba l pito. Alòs konsèy yo ta ka ede timoun lan nan lavi a, tankou yon balèn klere nan fènwa.

Timoun ki domaje gen menm dwa ak lòt yo. Se nòmval, li gen yon non; se pou paran li renmen l se pou yo ba l manje twa fwa pa jou si posib; se pou doktè pran swen l si l ta malad. Menm si l pa tankou lòt yo, yo pa dwe gen prejije kont li. Yo fèt pou mete l lekòl tou; yo pa dwe maltrete l paske li fèt pou viv tankou tout lòt moun.

Gen anpil fanmi isit an Ayiti k ap travèse anpil pwoblèm; lavi a di pou yo. Kit se nan Pòtoprens, kit se andeyò, pa gen anpil moun ki kapab viv jan yo ta dwe viv la ak pitit yo. Menm kay kote yo rete a pa gen tout sa yo bezwen pou viv.

Pwoblèm «**delenkans**», ki touche yon pati nan jenès nou an, kapab antrave avni peyi a.

Se chak jou n ap rankontre timoun paran mete yo deyò epi y al foure tèt yo pami lòt ti vagabon, ti delenkan k ap dòmi anba galri magazen; genyen tou ki sot andeyò, yo desann

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

laval; yo pa menm gen yon fanmi isit, alevwa pou yo ta gen kay. Se yo menm sa; yo manje sa yo jwenn; yo mande moun k ap pase charite; lè yo kontre ak yon touris menm, se pa pale. Jèn sa yo pa vòlè gwo bagay; sa fè nou wè se grangou yo bezwen soulaje; se pa tankou peyi etranje kote jèn yo ap vòlè machin, lage bonm pou ka fè pale de yo nan journal ak nan televizyon.

Kidonk pwoblèm jèn nou yo grav; gen lè se Bondye ki pou ta di yon mo pou yo!

Boukan, #207. 21^{èm} ane, mas 1985. paj 7, 8

JENÈS 1985 : SE NAN MEN JENÈS LA AVNI PEYI A YE (5)

Pwoblèm jenès peyi d Ayiti anpil; kèlkeswa wotè sosyete jèn nan ap viv la, natirèlman li gen pwòp pwoblèm pa l.

Si yon lè nan aswè ou ta fè yon ti vizit nan anba laval Pòtoprens, nan katye Kwabosal, nan ri Kouba elatriye... Ou ta remake yon pakèt jèn gason, pòv ki gen pwoblèm. Y ap dòmi; èske se sa yo ta renmen? Bagay sa a gen yon pakèt koz. Pa egzanp, se yon jèn ki te soti andeyò; li di l ap vin chèche travay laval. Lè li rive, li pa konn pèsòn; li pa gen fanmi, bon, kisa ou vle pou l fè?

Kidonk, nou wè li nesèsè anpil pou yo ta voye yon kout je pou ede pòv sa yo. Si yo ede yo jodiya, demen, nou kwè yo va ede lòt ti malere ki nan pwoblèm tou. Tankou yon moun te di li:

«Si yon jèn viv nan mitan kritik, l ap aprann kondane.

Si yon jèn viv nan mitan ènmi, l ap aprann batay.

Si yon jèn viv nan mitan moun k ap pase l nan betiz l ap aprann vin timid.

Si yon jèn viv nan mitan lawont, l ap aprann santi li koupab.

Si yon jèn viv nan mitan ankourajman, l ap aprann gen konfyans.

Si yon jèn viv nan mitan lwanj, l ap aprann lajistis

Si yon jèn viv nan mitan yon kote yo konsidere li, l ap aprann renmen tèt li.

Epi si yon jèn viv nan mitan kote yo pran ka li, yo konsidere li, yo zanmi li, l ap aprann renmen pwochen li».

Kèlkeswa sa yo rele evolasyon oubyen pwogrè, se pa janm yon bagay ki fèt bridsoukou, men piti piti, ti kras pa ti kras e se konsa nou menm lèzòm nou ye, nou te fèt, nou vin timoun, nou grandi, nou vin jèn. Nou va genyen pou nou granmoun, gen pitit, epi mouri yon lè.

Tout moun k ap viv toutbonvre, toujou ap panse sou lavni yo. Li pran sa oserye, li bal anpil enpòtans jouktan li gen lakrent. «Nou toujou konnen jodiya men nou pa janm konnen demen». Se poutèt sa ki fè nou dwe toujou ranje nou pou demen kapab pi bon pase jodi.

Lòm bati pwojè dapre yon ide ki sot nan sèvo li. Zannimo yo gen zye; se sa k fè yo kapab wè pou yo mache. Se zèl ki pèmèt zwazo yo vole. Nou pa menm bezwen reflechi pou nou di: tout fòs demen depann de lajenès kounyeya!

Timoun ak jèn jodi yo, se yo ki va sèvi peyi a. Sa ta dwe yon fyète pou tout moun dèske yo fèt nan peyi d Ayiti:

«Premye peyi kote nèg te lib e pran endepandans yo sou latè».

Pou peyi a ka fè pwogrè vrèman vre, Fò li gen jèn ki pran konsyans e ki vle travay pou ede li paske: «Depi gen konsyans gen disiplin; depi gen disiplin ap gen reyalizasyon e depi gen reyalizasyon, n ap kapab pale de pwogrè».

Se yon rezon ankò pou m di nou lè ou wè yon jèn ap fè sa ki mal, pa ezite pou drese li, pou mete l nan vrè chemen paske sa ou ye jodiya, se pa li w ap ye demen. Ou pa konnen sa jèn nan kapab vini: yon doktè, yon pwofesè, yon pastè petèt? Men sa ki pi enpòtan, se pou aprann yon bagay ki va an menm tan pou ou men ki va itil fanmi ou ak tout kominote w ap viv la.

Jèn yo, se pou nou eseye panse plis a avni nou; se pou nou konnen se nou ki va ranplase granmoun jodi yo; sa se angajman nou pou sosyete a.

Nou bezwen panse a lavi k ap vin pi di de jou an jou, sou manje k ap monte, sou pri machin k ap monte, sou tè yo ki prale nan lamè, elatriye. Kidonk, si nou pa prepare pou nou fè fas ak pwoblèm sa yo, ak difikilte sa yo, ebyen ka nou ap vin pi grav.

Si jodiya gen egoyis, gen move tèt nan peyi a, se paske lè yo te jèn yo pa t panse ak lòt moun; se tèt yo yo te toujou wè. Se paske yo pa t janm wè yo te gen travay pou yo fè pou lòt frè yo k ap soufri. Jenès, se nou menm ki pou fè yon revolisyon, yon revolisyon kont soudevlopman, paske tout revolisyon mennen yon evolisyon e ak menm evolisyon an, yo kab di gen pwogrè!

Kisa m ta ajoute? M ta swete paran yo pran chay responsablite yo pi oserye nan sosyete a.

Timoun jodi, granmoun demen
Jèn jodi, sitwayen demen

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati* ak Joël Lorquet

Se pou tout jèn nan peyi d Ayiti bay lòt lanmen pou ale nan kafou devlopman; se pou yo gen lanmou nan mitan yo pou yo ka viv ere pou lavni.

Joël Lorquet
Boukan, #208. avril 1985. 21^{èm} ane. paj 8, 9

KISA ESKOUT LA YE TOUTBONVRE?

Nou konn abitye wè nan lari, yon seri ti mesye ki abitye lè samdi aprèmidi epi ki met yon foula nan kou yo; nou konnen se «**Eskout**» yo ye, men anpil nan nou pa janm konnen vrèman kisa mouvman an ye.

Jodiya, ann aprann kisa *Eskout* la ye toutbonvre. Kòman eskout la te fonde? Tou dabò, se yon Anglè ki rele *Lord Baden Powell* ki te gen lide fonde mouvman Eskout la.

Misye fèt yon 22 Fevrye 1857. Se yon ansyen militè ki te gen anpil kouraj. Apre li te fin soti nan yon lagè kont «Boers» yo, li te wè kijan jèn gason yo ta kapab itil si yo te ba yo kèk responsablite. B.P. te enterese ak zèv. Misye *William Smith* ki te gen tan fonde mouvman «Boy's Brigades» (ki vle di gwoup pou ti gason) se konsa misye fin ekri yon liv sou tout ide li genyen pou l al kreye mouvman an. Li t al fè yon kan kòm eksperyans nan il «Brownsea» 22 Fevrye 1907 avèk ven gason. Misye te satisfè anpil ak rezilta li te jwenn yo. E kòm li te vle ofri jèn yo yon ideyal ki wo anpil. Li te bay demisyon li nan lame a pou l al fonde mouvman Eskout la.

Kisa ki gen nan mouvman an?

Gen anpil moun ki pa enfòm sou mouvman *Eskout* la; yo di sa yo vle; yo di se chèf ki gen dwa arete moun. Gen lòt ki di se yon gwoup jèn gason ki pa gen anyen pou yo fè, yo al dòmi nan raje; yo gen sekre; dyab pa ka manje yo... Tout bagay sa yo, se pa vre.

B.P. Te di «Si pa gen amizman, pa gen Eskout...». Kidonk «Eskout» la se yon repons pou satisfè dezi jèn yo. Pandan ti mesye yo ap jwe, fè reyinyon, y ap fòm yo an menm tan. Lè tout disiplin yo byen òganize, yo vin tounen poto mitan solid pou avni jèn nan. Y ap fè pwòp edikasyon yo paske y ap viv ak lòt gwoup, lòt ekip k ap fè menm aktivite ak yo.

Eskout la se yon bagay ki byen òganize; gen yon «Biwo Mondyal» ki la pou sipèvize tout peyi kote ki gen Eskout. Chak gwoup ki nan yon peyi gen yon prezidan, sekretè ak lòt manb... ki fòm «Biwo Nasyonal» la. Kounyeya, chak vil gen komisè pa l ki la pou sipèvize sou diferan gwoup Eskout ki nan lokalite li a. Chak gwoup Eskout gen yon chèf yon sekretè, yon trezorye elt. Yon gwoup kapab genyen kat pati ladan l:

1. «Meute» ki pran timoun piti. Yo rele «louveteau»; deviz yo se pou yo bay sa yo gen ki pi bon nan yo menm (8-11 an).
2. «Troupe» ki pran jèn timoun ki gen non «Eskout»; deviz yo se pou yo toujou prè (12-16 an).
3. Gen «Klan» ki pran moun ki pi gran, yo rele «Routier», deviz yo se «Sèvi» (17-23 an).

Chak pati sa yo adapte daprè laj gwoup moun yo genyen. Pran pa Louvto yo pa egzant, se jwe yo jwe plis paske se ak yon bann timoun piti yo annafè.

Mouvman Eskout la se pa yon bagay konsa, konsa non. Gen «lwa» ki konseye Eskout sa pou yo fè; lwa yo mande pa egzant: pou yo pa bay manti, pou yo aprann obeyi, pou yo sove pwochen yo, pou yo pa detwi pyebwa, pou yo pa bay bèt kou, pou yo pa lach ouswa kapon, pou yo fè ekonomi, epi pou yo pa di betiz, ni panse pou yo fè sa ki mal.

Nan Eskout la, yo lapriyè, yo chante, yo jwe, yo konseye ou pou fè sa ki byen. Pou renmen Bondye, peyi ou, pou fè devwa ou. Gen senk bi ki mande pou nou fòme karaktè nou, pou nou chèche gen sante, pou nou aprann debouye nou, elatriye. Chak jou, Eskout la fèt pou l fè yon bon aksyon.

Si chak jen te nan eskout...

Nou wè tout kalite bon jan bagay ki gen nan Eskout la; gen yon pakèt bon bagay yo t ap aprann epi sa ta va sèvi yo pou tout rès lavi yo. Mwen menm k ap ekri la a, m pa ka di nou konbyen bagay Eskout la fè pou mwen. Sèl sa m ka di nou, yon jèn ki te nan Eskout, li pa menm jan ak lòt yo; li aprann reflechi; li aprann gen disiplin; li aprann renmen frè li yo. Li pa fèt pou l wè pwòp tèt pa l sèlman. Se posib ou kapab wè kèk moun ki te nan Eskout, epi jodiya, yo pi mal pase lòt yo. Men, nou konnen toujou gen sa. Paske, si gen yon panye zoranj dous, fò ou jwenn kanmenm de, twa grenn ki pouri.

Kounyeya, yo pran fi nan Eskout tou. Epi gen «gid» tou ki pran fi sèlman. Pou fini, fò nou di: *Baden-Powell* te vin mouri jou 8 Janvyè 1941. Li te kontan, li te plen onè. Zèv Eskout li a fèt pou kontinye simen bon jan zanmitay nan mitan jèn ki nan lemond. Kounyeya, gen plis pase 16 milyon Eskout nan lemond, nan 119 Asosyasyon Nasyonal, e nan plis pase 150 peyi.

Si ta gen yon metòd ki ta kapab ede paran yo korije timoun, nou kwè se «Eskout», ki se youn nan pi bon mouvman ki genyen isit nan peyi d Ayiti Toma pou jèn yo. «Yon Eskout ta dwe yon jèn, ou kapab toujou konte sou li!».

J. Lorquet
Boukan, #210. jen 1985, 21^{èm} ane. paj 8, 9, 10

LÈ YON MOUN JÈN

Jenès la se pa yon peryòd nan lavi a,

Se yon eta nan lespri ou, se rezilta volonte ou,
Yon kalite imajinasyon ou, yon kokennchenn emosyon,
Yon laviktwa kouraj ou genyen sou timidite,
Lè ou pito pran gwo risk tan pou ou achte bagay ki vann chè.
Ou pa vini vye paske ou viv yon pakèt ane.
Ou vini vye paske ou reyalize yon ideyal.
Ane yo plise po ou men lè ou kite yon ideyal, ou chifonnen nanm ou. Bagay ki dominan lespri ou se: dout, krent ak dezespwa ou. Se ènmi ki, tikras pa tikras, fè nou panche sou tè a pou nou vin pousyè avan nou mouri.

Jèn se moun ki konprann, ki admire.

«L ap mande l tankou yon timoun ki pa janm fin satisfè. Sa k gen apre?
Li pa pè evènman yo, epi li jwenn lajwa nan jwèt lavi a.
Ou jèn menm jan ak lafwa ou. Ou vye menm jan ak dout ou.
Ou jèn menm jan ak konfyans ou gen nan ou menm.
Ou jèn menm jan ak espwa ou. Ou vyeyi menm jan ak dekourajman ou yo.
W ap rete jèn toutan, w ap toujou renmen resevwa. Resevwa sa k bèl, ki bon, ki gran.
Resevwa mesaj lanati a, mesaj lòm ak sa ki p ap janm fini...

Si yon jou, yon bagay ki fè ou panse ak sa ki mal ta mòde kè ou, epi si l fè ou komèt move zak, se pou Bondye ta gen pitye pou nanm ou ki tankou nanm yon vye granmoun.

Jeneral Mac Arthur (1945)

Tradiksyon J. Lorquet.
Boukan, #209. me 1985. 21^{èm} ane. paj 4

KI DWA JÈN AYISYEN YO GENYEN?

Nan mache chèche, nou pa t dòmi san soupe paske nou te tonbe sou yon mòso papyè fèy malanga ki gen yon lis dwa jèn tout peyi alawonnbadè ta dwe genyen kèlkeswa rakwen kote l ap viv la ou pito kote l ap triminen pou l wè si la viv...

a. Tout jèn gen dwa pou yo koute yo.

Gen anpil jèn ki pa gen lapawòl; se swa yo mare; yo anvi pale; yo pa kapab oubyen yo ta pale e menm si yo pale yo p ap koute yo; yo fè kòm si sa yo di yo pa gen enpòtans, kòm kwadire jèn yo pa ka gen anyen serye pou yo di. Poutan, jèn yo ta dwe kapab eksprime yo (di sa yo gen pou yo di a, san kè sote depi sa p ap nwi pèsòn). Yo gen dwa menm monte sou radyo yo, pran plim yo voye mesaj monte pou ede lòt yo ki bezwen limyè.

b. Tout jèn gen dwa patisipe.

Gen moun lè y ap fè afè yo, yo pa janm foure jèn ladan. Kit se ta yon bagay y ap fè pou moun aprann, menm metye, jèn diplome yo pa janm fè yo konfyans alòske anpil fwa nou konn jwenn nan jèn yo ki gen konesans menm jan ak sa ki te ka la depi digdantan.

Yo ta dwe fè jèn yo konfyans epi ede yo tou, fè yo patisipe nan tout bagay; konsa yo va pi byen prepare pou lavni.

c. Tout jèn ta dwe gen menm chans.

Se yon pwèn ki trè enpòtan tou. Nan sosyete kote n ap viv la, ann mande nou èske tout jèn gen menm chans? Ann mande nou tou, èske gen anpil chans ki sou men jèn yo?

Poutan, tout jèn ta dwe kapab gen menm posiblite. Ti nèg nwè tèt grenn ta dwe gen menm chans ak sa ki wouj, cheve siwo a, kit se nan yon egzamen, kit se pou anplwaye nan yon djòb; se sa ki gen plis konesans nan bagay la ki ta dwe jwenn li san yo pa bezwen konnen ran sosyal ou ni gwo parenn ki pou pale anba pou ou.

Tout jèn ta dwe gen menm chans; sa vle di tou, lè gen yon pwoblèm oubyen yon jijman ant de moun, se pa sa ki gen pi gwo vant la ki ta dwe gen rezon; lajistis pa dwe vann nan fo mamit. Se pou moun ki gen rezon an jwenn jistis li san ti kòb anba epi se pou sa ki gen tò a peye konsekans mal li te fè a jan lalwa mande l.

Tout jèn gen dwa chwazi wout yo vle nan batay espiyèl yo. Solèy la klere pou tout moun, se menm jan an tou, Bondye se Bondye tout moun ki respekte li, ki kwè nan li epi k ap chèche fè volonte l. Tout jèn ta dwe gen dwa chwazi relijyon yo vle; pèsòn moun pa ta dwe fòse yo antre oubyen fòse yo soti nan relijyon.

Gen paran ki konn met pitit yo deyò nan kay la oubyen ki konn fè yo pase tray paske timoun nan antre nan potestan. Li pa bon lè paran yo fè sa; se dwa jèn nan yo pran, yo pase anba pye lè konsa. Ou kapab bay moun yon konsèy men ou pa dwe fòse yon moun fè yon bagay ni chèche pinisyon pou wè si w a fè l fè sa ou ta renmen l fè.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

Gen lekòl tou, paske timoun nan yon lòt relijyon, yo konn pa konsidere li menm jan ak lòt yo. Li pa ka poze kesyon; yo konn menm anvi mete li deyò. Nou bezwen respekte fwa ak konviksyon tout moun paske chak gen dwa chwazi wout li vle nan bagay esprityèl yo.

d. Tout jèn gen dwa pou yo enfòmè.

Enfòmasyon se yon bagay ki itil anpil. Li fè ou pa izole ak lòt peyi. Epi se yon bon mwayen pou yon moun gen plis konesans san enfòmasyon, ou p ap ka konnen pwoblèm ak pwogrè peyi ou. Men atansyon, se bon jan enfòmasyon wi! Se pa koze teledyòl non! Se poutèt sa kounyeya nou vin jwenn yon lòt bagay ki trè enpòtan pou tout jèn ka jwenn bon jan enfòmasyon: se libète laprès. Tout jèn ta dwe gen dwa di sa li gen pou di san kè sote; li ta dwe gen dwa bay opinyon l, di sa l panse selon jan li wè bagay yo nan jan pa l.

Lè yon jèn enfòmè, se ranseye l ap ranseye l; se enstwi, l ap enstwi l. Kidonk lè yon jèn gen bon enfòmasyon ki pa nan blòf, l ap konn pwoblèm yo pi byen pou l kapab pote konkou pa l demen.

e. Tout jèn gen dwa montre solidarite yo.

Nou tout nou se frè; nou se fèy yon menm pyebwa; se sa k fè nou ta dwe gen yon espri pou youn ede lòt. Pa ta dwe gen kè sote, ni pwoblèm si jèn yo ta tonbe nan yon sitiyasyon ki ta oblije yo pote lòt konkou. Tout jèn gen dwa pote kole pou reklame dwa yo oubyen si yo ta fè yo yon enjistis.

Nou tout se jèn. Li toujou bon pou nou ini nou pou n fè sa ki byen. Rete pou n di: nou swete tout dwa sa yo. Se pa pawòl anpil, men yo se yon reyalyte.

J.L

Boukan, #214. novanm 1985. 21^{èm} ane. paj 3,4,5

PATISIPASYON – DEVLOPMAN – LAPÈ

Depi anpil tan avan ane 1985 te pimpe, manb asanble jeneral l'O.N.U (Oganizasyon Nasyonzini) yo te gen tan chwazi twa kokennchenn tèm pou tout jèn yo k ap viv nan nenpòt peyi sou latè.

Nou wè toutbonvre 3 tèm sa yo rezime tout pwoblèm jèn genyen ak sa pou yo ta fè pou eseye rezoud yo.

Lè nou pran pa ekzanp «patisipasyon», nou wè si ta gen kèk pwojè tankou alfabetizasyon pou montre moun li ak ekri, tankou rebwazman (plante pyebwa), elatriye... Si jèn yo pa ta bay kout men pa yo, ebyen se anba anpil efò pou yo ta rive reyalize yo vre, jenès la se nanm peyi a menm.

Kounyeya se tout ti peyi k ap pale sou «devlopman», kòm si m ta di yo mare, yo vlope, yo anvi soti yon kote, nan yon eta pou yo ale nan yon lòt, pou yo chanje figi. Tout moun ta dwe rekonèt alawonnbadè pa gen devlopman ki kab fèt san lajenès yon peyi epi se pou yo bay jenès la posiblite l bezwen, mwayen l bezwen, zouti ak bon jan avantaj. Si sa ta fèt, li t ap rive byen lwen epi ta gen yon devlopman toutbonvre.

«Lapè» se yon bagay ki enpòtan anpil. Menm kote nou rete, si gen bri, si gen eskandal ak lòbèy nou wè nou pa ka viv nan estera sa a.

Alewè pou yon peyi, yon pèp, nou pa bezwen di kòman lapè se yon bagay ki chè. Se menm yon chans lè nou viv nan yon ti bout peyi kote ki pa gen lagè tout lajounen, kote moun pa viv ak kè sote (menm si yo gen lòt pwoblèm).

Jenès la ta dwe fè kou l konnen pou konsève lapè sa a epi pou prepare demen pou lòt jenerasyon k ap vini yo ka toujou gen benefis lapè sa a. Se pa sèlman pwoblèm politik ki ka fè yon sosyete pèdi lapè li; gen rezon tankou pwoblèm manje, agrikilti ak edikasyon; kidonk jenès nou an bezwen prepare li pou l itil peyi a. Pa ekzanp si nan jèn nou yo ta gen kèk bon agonòm ki gen konsyans, ki pa ret kwaze bra epi touche gwo lajan men jèn ki touse janm kanson yo pou ede peyizans fè plis danre, se t ap deja yon fason pou konsève lapè. Paske tout moun pa ka di yo pa konnen; «grangou nan vant pa dous», konsa ou evite moun pran lari.

Edikasyon ak anpil lòt bagay ankò kapab konsève lapè nan yon peyi. Yon jèn ki gen bon jan edikasyon, kote li pase se lapè li pote; ou p ap janm wè l al anmède pwochen l ni anpeche frè l viv. Edikasyon pa montre moun bay manti ni fè sa k pa sa, komèt move zak. Edikasyon pa montre moun fè vye biznis, pran lajan ki pou ta sèvi lòt yo pou regle afè pa ou. Yon jèn ki edike, p ap gen kouraj fè sa ki mal.

Nou gen tan wè valè 3 tèm sa yo «l'O.N.U» chwazi yo. Nou kapab di sèlman si sosyete n ap viv la te ka suiv bon egzans sa yo.

Joël Lorquet.
Boukan, #215. desanm 1985. 21^{èm} ane. paj 3, 4

ENTÈVYOU : DANIEL CHARLES

J.L.: Jodiya nou gen chans kontre ak Mesye Danyèl Chal (*Daniel Charles*) k ap travay nan C.E.E.H (Konsil Legliz Evanjelik Ayisyen). N ap pase l mikwo a pou kapab idantifye l.

D.C.: Bon, nan C.E.E.H, mwen travay kòm direktè enfòmasyon ak estatistik, epi nou responsab afè kiltirèl òganizasyon sa a tou ki vle di òdinèman nou bay konferans pou lajenès e nou prepare lajenès evanjelik. Se nan sans sa a nou gen yon komite ak nou. Nou responsab pou planifye pou lajenès an Ayiti nan okazyon «Ane Entènasyonal pou Lajenès» yon seri aktivite ki kouvri dis semèn nan tout aktivite pou lajenès evanjelik an Ayiti.

J.L.: Èske ou ka di nou ki bagay nou gen tan reyalize?

D.C.: Nan bagay nou deja reyalize, depi dis fevriye te gen yon reyinyon ki te fèt avèk pastè atis ak lidè ki nan Levanjil yo pou jenès evanjelik nan biwo Konsil Legliz Evanjelik Ayisyen. Nan moman sa a, nou te pran kèk desizyon epi komite responsab ki te fòme a deja planifye dis semèn aktivite. Nou gen tan pwograme pou tout peyi a, e gen tan gen plizyè kote ki deja gen konferans yo. Nou te fè yon seremoni pou ouvri yo nan Jimnazyòm

J.C. Divalye nan Pòtoprens; apre sa nou te nan lavil Okap, Okay, Fòlibète, ak anpil lòt vil ankò. Se chak samdi n ale yon kote pou bay konferans nan okazyon Ane Entènasyonal Jèn yo pou jèn kretyen k ap viv nan peyi d Ayiti.

J.L.: Èske ou ka di nou ki bagay nou gen tan reyalize?

D.C.: Ebyen, se yon fason pou nou fè jèn kretyen santi patisipasyon yo tou, puisque tout lòt sektè òganize patisipasyon yo nan fason pa yo: gen moun se vodou yo wè yo ka bay; gen moun se kèms yo ka bay. Donk fò jenès evanjelik la, ti jèn tou, gen yon fason pou l bay patisipasyon pa yo epi jwenn yon fason pou kapab patisipe tou.

J.L.: Èske konferans sa yo pale sèlman sou afè Labib?

D.C.: Yo gen karaktè bibliik, e yo pale sou koze kiltirèl tou.

J. L.: Kisa nou genyen kòm pwojè pou selebre rès ane jèn sa yo?

D.C.: Bon, kòm pwojè, n ap gen yon Joune Nasyonal Lajenès k ap fèt 29 jen kote nou gen yon defile atis ki va montre talan yo, kisa yo kapab fè kòm atis kretyen. Ap gen gwoup evanjelik k ap chante, resite powèm... epi ap gen yon bèl manifestasyon nan jimnazyòm lan, 29 jen si Bondye vle.

J.L.: Apre sa, ane a fini oubyen èske nou gen lòt pwojè pou rès ane a?

D.C: Kòm se C.E.E.H ki ouvri li, wòl nou sèke nou te gen yon pwogram pou nou boukle. Kounyeya, se C.E.E.H ki pou panse ak lòt dirijan yo pou konnen si nou kab gen lòt pwogram apre; men, pou kounyeya, nou gen yon pwogram nou dwe kouvri (soti depi fevriye rive nan mwa jen) nan kad seri aktivite sa yo nou responsab la.

J.L: Se sou ki tèm tout pwogram sa yo ap dewoule?

D.C: Kòm ou konnen l'O.N.U (Òganizasyon Nasyonzini) te gen tan bay tèm pa li: Patisipasyon – Devlopman – Lapè, nou te sou menm tèm nan, men kòm lidè evanjelik nou panse sou «pwoblèm sosyete a», «kilti» ak «relijyò», jenès la genyen anfas jèn yo epi «responsablite jèn yo anfas avni yo».

J.L: Èske nenpòt ki jèn an Ayiti gen dwa patisipe nan aktivite sa yo?

D.C: Nenpòt jèn gen dwa; men sèlman aktè yo fè pati lajenès evanjelik la paske yo menm, yo pa nan kanaval, yo pa nan anyen. Donk fò nou gen reyinyon pa nou nan legliz nou oubyen kote nou jwenn mwayen pou nou fè la.

J.L: Pou fini, se kisa ou ta genyen pou avni; se pou apati ane sa a ki dedye pou lajenès, pou jèn yo kab vrèman ankadre, pou yo santi gen yon fason pou yo jwenn sa yo bezwen.

J. L: Danyèl Chal, nou remèsye ou anpil.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*
PWOBLÈM ANVIWONNMAN AN AP KONFWONTE

a. Abitan fèk kare pran kanntè si tè yo kontinye pral jete nan lamè

Chak jou k ap pase, pèp kòmanse wè pi plis enpòtans pyebwa e yo vin pi pè konsekans bagay yo rele «debwazman» an (lè y ap plede koupe pyebwa). Men gen moun ki kontinye ap fè tèt di, y ap koupe bwa lage atè san gade dèyè. Kounyeya pifò bon tè nou yo fin al nan lamè; se zo dan wòch yo k ap fè nou grimas lè n ap pase. Men sa pa t konsa. Annou fè yon ti kout je nan tan lontan.

b. Kòman tè nou yo te ye nan epòk kolonyal?

Lè kolon blan yo te rive nan Amerik, Ayiti te kouvri ak yon pakèt pyebwa tout kalite. Gen kote menm ki te genyen gwo forè bwapen sou yon pakèt distans tankou: nan nòdès peyi a, nan yon kote yo rele Valyè, nan Bwadlorens epi nan Sèkalasous. Nan sidès la: nan Mòn Wouj, Mòn Lasèl ak Mòn Komisè. Nan pati sid la, nan wotè Lawot ak Makaya. Se pa tikras pyebwa ki te gen nan zòn sila yo. Menm nan rejyon Moustik, Mirabo, Kòdefè, Lagonav ak Latòti.

c. Kòman debwazman an te kòmanse?

Premye kolon ki te pile tè peyi d Ayiti yo te eksplwate, masakre, boulvèse bil tè nou yo nan chèche lò ak lòt resous. Yo te rantre nan forè yo, yo te kòmanse koupe pyebwa pou yo te itilize nan izin kote yo fè sik ak kleren; sa te fè peyi Sendomeng vin trè rich. Bwa sa yo te sèvi anpil nan konstriksyon e yo te konn voye anpil tankou kanpèch, kajou ak tavènon, elatriye... nan peyi lòtbò dlo.

Kidonk nan tan lakoloni, tè nou yo te konn bay anpil manje epi mòn yo pa t ka kenbe pyebwa ankò.

d. Si yo byen sèvi ak tè a, yo kab jwenn pi bon rezilta.

Se lòm menm ki ta dwe donte lanati. Bondye voye lapli, men pou atire lapli tonbe pi plis, fò gen plis pyebwa. Tout plant kapab donner men pou gen plis rekòt, fò peyizan yo pa plante vaykevay. Si nou vle, pou lòt ane k ap vini yo pou nou pa gen pwoblèm lafen, fò tout moun dakò epi kole tèt yo ansanm pou rezoud pwoblèm yo. Pa gen tè ki pa bon, men sèlman, gen move fason yo itilize tè yo.

Nou boule 82% valè bwa pou nou fè manje, pase rad, fè chabon, elatriye... Lè tè a soti nan mòn lan, li gen dwa al sal rezèwa yo e konsa li rive diminye menm pwodiksyon kouran. Lè tè a al fè wout li, ewozyon rete!

Lè pa egzanp yon kominote deside fè travay konsèvasyon tè yo ak rebwazman, gen plis travay, gen plis djòb pou abitan zòn nan; lè sa a tou, yo kapab itilize tè a pi byen paske li ka bay plis randman epi basen ki anba tè yo ki bay sous yo; dlo yo toujou gen rezèv.

e. Koz ak konsekans ewozyon.

«Lè tè yon peyi ap fè wout pou l al tonbe nan lamè, li nòminal tou pou wè abitan yo pran kanntè! «Sa se verite; mezanmi, èske nou reflechi toutbonvre sou ti koze sa a? Lè malere yo chita ap plede koupe pyebwa pou fè chabon se pwoblèm yo genyen vre puiske anpil fè konnen tout se yon mal y ap fè tèt yo epi peyi a tou. (Kounyeya, vin gen yon lòt pwoblèm; fò responsab yo pa chita sèlman di peyizan pa koupe pyebwa! Men fò yo ba yo lòt resous pou yo kapab viv jan yo dwe viv pou yo pa al menm bezwen sakrifye bèl pyebwa yo...).

Lè yon abitan chita ap plede koupe pyebwa, lè yon plantè ap plede boule tè yo oubyen ap sèvi ak vye teknik, vye mwayèn ak tè yo, sa k vin rive, ebyen, nenpòt ti lapli ki tonbe, tè a vin glise epi puiske pa gen pyebwa, rasin yo pa ka kenbe dlo a ki pou ta al sere nan rezèvwawa sous yo; alòs bon tè a al tonbe nan rivyè pou l al jete nan lamè. Se sa k fè nenpòt ti farinay lapli ki genyen, ou wè rivyè yo gen tan wouj nan yon ti moman.

Jodiya an, 1985, gen 800.000 ekta tè ki pòv, ki pa ka fè anyen menm. Gen 1.100.000 ekta tè ki ka fè kilti men ki pa wouze. Gen sèlman 200.000 ekta kòm forè.

Lè yo chita ap plede sèvi ak tèt mòn yo san yo pa fè anyen pou konsève yo. Se bloke, se kontrarye yo kontrarye devlopman ekonomi ak sosyete a. Gen plis pase 40 milyon tòn kantite tè ki deplase chak ane, k al tonbe nan lamè epi ki al sal rezèvwawa sous yo.

Kidonk, fò yo pa tann anpil tan ankò pou mete sou pye yon veritab pwogram sou tout lajè peyi a pou evite nou pa tounen demen yon dezè tankou peyi Etyopi.

f. Kisa pou nou ta fè?

Se pou yo fè kilti an teras ak mi sèk pou anpeche dlo yo pèdi al nan lamè. Se pou moun k ap travay nan mòn yo fè sa e se pou yo plante plis fri ak legim. Se pou yo sèvi ak tè ki pa twò anpant yo pou yo plante pyebwa ki pa pran anpil tan pou donner ...

Se pou chak Ayisyen ta pran konsyans pou fè kòm si li responsab tou nan pwoblèm ewozyon an, jouktan li ta panse: chak grenn mango li manje, li ta dwe plante l. Nan lakou kay li rete a menm si se nan vil; depi gen tè, li ta dwe fè l tounen yon ti jaden.

Mezanmi, debwazman an konsène tout moun. Li responsab anpil pwoblèm; se li menm ki responsab pwoblèm pa gen dlo nan tiyo, pwoblèm pa gen kouran (lè rivyè kote ki gen santral yo, gen ase dlo pou fè motè yo mache). Se li menm ki responsab pwoblèm pa gen

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

ase dlo pou fè motè yo mache; se li menm ki responsab pwoblèm regou bouche ak gravye, bay travo piblik traka; se li menm ki fè nenpòt ti lapli, lakou Pòtoprens gen tan tounen yon lavalas. Se li menm tou ki lakòz kèk maladi tankou malarya lè kanal yo bouche dlo a gen tan kale ti marengwen ki anpeche ou viv. Kidonk, nou wè pwoblèm ewozyon an konsène tout moun!

Sa mande reflechi wi: «Abitan fèk kare pran kanntè si tè yo kontinye pral jete nan lamè!»

Boukan, #212. septanm 1985. 21^{èm} ane. paj 3,4,5

ANN SISPANN GASPIYE KOKOYE!

Mezanmi tout moun konn bwè dlo kokoye. Men èske nou konnen kantite bagay yo fè ak kokoye? Se pa manje yo manje nannan kokoye sèlman; yo boule po a pou fè manje; yo fè kremas ak li, medikaman, ak kiyè pou moun manje. Yo konn dekore ak kokoye epi yo bati kay ak li tou. Gen moun ki di: se pi gran kado Bondye mete nan lanati. Ebyen, fò nou di: soti depi nan rasin nan rive jouk nan fèy yo, tout itil.

Malerezman, nou menm Ayisyen nou pa sèvi ak yon ti kras pati nan pyebwa a. Se sa k fè nou ka di nou gaspiye yon kokenn kichòy ki te ka rann nou anpil sèvis. Se poutèt sa, nou ta dwe evite gaspiye kokoye. Nou ta dwe okontrè plante plis pye kokoye; sa ka mennen yo kreye anpil pwodwi epi tou anpil travay. Sa t ap fè gen plis moun ki t ap vin wè enpòtans li.

Se kolon fransè yo ki te kòmanse plante kokoye pa bò isit pou yo te ka fè lwil. Jouk jodiya se ak kokoye yo fè pifò lwil nou fè manje yo.

Jodiya, lèzòm tèlman fè pwogrè, nou menm nou pa t dwe kontinye ap sèvi ak kokoye sèlman pou n fè manje.

Men kèk egzanp bagay yo kapab fè ak pye kokoye :

- a. Yo kab manje chou ki nan mitan tout fèy kokoye a; yo kab fè paswa avè l tou.
- b. Pati yo rele sèv la, yo kab fè sik ak diven avè l.
- c. Yo kab fè bèl biblo pou dekore ak kokoye a.
- d. Yo kapab fè chapeau ak fèy yo; yo kapab kouvri do kay avè yo; yo kab fè panye ak filè pou peche pwason.
- e. Si nou pran boul kokoye nou manje a menm, li kapab sèvi pou fè angrè, fisèl, kòd, bwòs, kouvè ak panye.
- f. Kòk la ka sèvi pou chabon pou fè bèl ti tas ak bagay pou dekore.

Nwa kokoye a li menm ka sèvi pou fè lwil, bè, savon ak farin. Si nou pran poto kokoye a menm nou wè yo kapab pran l pou bati, pou bare lakou ak jaden; yo ka fè mèb avè l tou menm jan ak alkòl tou.

Pou fini, fò nou di ou, menm rasin kokoye a itil tou. Gen moun ki rive fè kafe avè l, medikaman, yo konn pran yo tou pou met nan dlo pou lave bouch.

Kijan pou nou plante kokoye?

Ou fouye yon twou, ou foure plant nan ladan l ak tout prekosyon poutèt kokoye a rive menm wotè ak tè a, men fò li pa parèt pou dlo pa fè l pouri.

Kokoye pa difisil pou plante, men pi bon lè pou nou ta plante li soti nan mwa me pou rive jis desanm.

Boukan, #237. desanm 1987. 23^{èm} ane. paj 11

ZANMANN SE YON FRI KI RICH ANPIL

Ala yon bèl pyebwa se zanmann! Gen anpil moun ki renmen plante yon pye zanmann nan lakou yo pou ka jwenn bon frechè ak bon lonbray epi tou pou bon odè ak bon gou nannan zanmann genyen.

Zanmann fè pati fanmi pyebwa yo rele **rozase**; sa vle di, li se sè lòt pyebwa ki bay fri ki gen nannan. Pami pyebwa ki bay fri ki gen nannan, nou jwenn: pèch, abriko, prin elatriye... Fò nou di tou gen anpil fri ki gen nannan, men se pa tout nannan yo kapab manje.

Daprè sa fèy papyè istwa di, yo te konn sèvi ak zanmann depi nan tan lontan nan peyi Azi yo ak Mediterane. Epi menm avan Jezikri te vin sou latè, moun peyi Palestin te konn manje zanmann chak jou.

Zanmann se yon bon manje epi tou se yon bon bagay pou sante. Zanmann gen anpil vitamin ak sèl mineral ki bon pou zo kò kretyen vivan. Se poutèt sa yo plante anpil zanmann nan peyi Mwayen Oryan yo. Te gen anpil pye zanmann nan peyi Espay epi se kolon blan yo ki te pote pyebwa sa a nan peyi d Ayiti ak lòt peyi ki nan Karayib la. Jodiya, apre 200 ane, zanmann se bagay yo pi rekòlte nan vil Kalifòni (Etazini).

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati* ak Joël Lorquet

Nan peyi sa a gen gwo jaden ki plen ak zanmann epi lè y ap keyi yo men pa ak gòl ni grennen pyebwa yo tou. Yo sèvi ak machin pou sekwe pyebwa yo, rasanble grenn zanmann yo epi triye yo. Apre sa se toujou ak machin yo kontinye prepare yo, kase yo, netwaye yo, epi verifye yo. Yo rive menm pafime yo pou ba yo gou yo vle. Zanmann yo konn vin sale oubyen griye, oswa tounen pat. Yo fè bonbon, gato ak zanmann; yo menm rive mete l nan krèm glase.

Se pa sèlman nannan an ki itil; fò nou fè sonje enpòtans fèy zanmann tou. Yo konn bouyi fèy sa a pou fè te pou fè moun dòmi. Men atansyon piga ou bwè l twòp paske li ka fè ou vin an fèb.

J. Lorquet.

Boukan, #242. me 1988. 24^{èm} ane. paj 13

VETIVÈ SE ZÈB KI KA EDE NAN BATAY KONT DEBWAZMAN

Gen moun ki panse li ta bon pou ankouraje abitan plante vetivè nan tout peyi ki anvi devlope.

Sa gen plis pase 3 ane depi Bank Mondyal (yon gwo òganis k ap okipe l de zafè lajan nan tout peyi) te lanse yon pwojè pou l te ka fè eksperyans sou ki fason yo ka lite kont ewozyon ki t ap ravaje Plato Dekan yo nan sid peyi End. Rezilta yo te jwenn nan, te pote anpil espwa pou peyi pòv yo. Ebyen, yo te plante yon pakèt pye vetivè sou menm liy sou pant mòn yo, epi yo te remake sa te anpeche lapli bwote tè yo ale. Sa k te rive zèb yo anpeche dlo yo koule ak tout tè yo ak sèl minewo yo lè gwo lapli ap tonbe.

Anplis, sa pèmèt yo amelyore randman manje tè a bay.

Konsa nèg save yo panse dekouvèt sa a pral chanje agrikilti nan peyi pòv yo ak tout dividal grenn ki kapab bay anpil manje.

Se pa premye fwa nèg save yo dekouvri yon plant ki bon pou ewozyon ak debwazman. Pwoblèm nan sèke plant sa yo te konn fè menm kantite dega ak sa y ap rezoud la. Nan peyi Afrik yo kote solèy kouche a pa egzant, pyebwa yo rele *Imperata cylindrica* a te dwe sèvi pou konbat ewozyon men agrikiltè yo pa t pèdi tan pou wè rasin li yo twò long; yo anvayi tè a prese prese jouk yo vin tounen yon pès pou peyizan yo. Menm plant yo rele *ekaliptus* la yo konn plante pou rebwaze lòt peyi, yo rive pa kritike l tou. Nèg save yo fè konnen li pa sispann ewozyon men pyebwa a ranmase imidite nan tè a; sa lakòz plant ozalantou l yo mouri.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

Men poutan, yo pi konnen vetivè pou bon odè li abitye bay tankou pafen. Gras a rasin byen long li genyen (3 mètr nan longè) zèb yo rete kole nan pant mòn. Kòm rezilta, chak ranje plant yo vin fòme yon pakèt lòt ti baryè; sa pèmèt dlo pa pote tè a ale; konsa anba tè a pwoteje.

Vetivè pa menm jan ak zèb ginen. Li grandi pi fasil, pi rapid epi pafen li anpeche ti bèt vin ladan pou tiye l. Alèkile nèg save yo kwè lè yo sèvi ak bon jan teknik agrikilti, sa pi bon paske chak goud ki depanse ap pèmèt peyizan rantre 5 goud.

Boukan, #259. desanm 1989. 25^{èm} ane. paj 10

AYITI, SAVANN PRAL TOUNEN DEZÈ

Jounal Boukan, pa janm sispann depi lontan atire atansyon zanmi lektè l yo ak zotobre nan peyi a sou pwoblèm koupe pyebwa (debwazman).

Sa pa gen lontan depi radyo yo te li yon deklarasyon mesye ki t ap soti nan lespas yo. Astwonòt yo te fè deklarasyon sa a lè yo te pran pòtre planèt la pa satelit kote yo te konstate avèk anpil sezisman peyi d Ayiti ak forè Lamazoni (Brezil) te sanble ak yon dezè; tout do mòn yo fin dekalè.

Se vre gen anpil òganizasyon k ap eseye rebwaze peyi a ak anpil zòn andeyò men toutotan y ap plante gen lòt abitan ki kontinye ap koupe pyebwa pi vit pase tan lòt moun yo pran pou yo plante.

Èske nou konnen gen 62.000 kawo tè laplenn ak nan mòn ki fin depatcha, raze nè, chak ane?

62.000 kawo sa yo reprezante yon sipèfisi ki gen menm valè ak plèn Latibonit ak plèn di nò ki reyini ansanm.

Ayiti sanble li pa rete anpil tan pou l vin yon dezè toutbonvre.

Nan 20 ane sèlman, Ayiti ap tounen yon savann tout bon si nou pa reyaji jodiya kont afè koupe pyebwa a. Deja, prèske mwatye tè nan peyi d Ayiti pa gen pyebwa plante sou yo.

Gen 50 milyon pyebwa ki koupe chak ane pou fè chabon, bwa pou boulanjri ak drayklining, bwa pou bati kay elt. Gen 2 milyon 500 mil (2.500.000) gwo sak chabon bwa ki itilize chak ane.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati* ak Joël Lorquet

Kidonk gen 2 milyon edmi lòt sak ki vin mele, san konte ak lòt ti sak chabon. Alèkile Ayiti rive voye vann chabon nan peyi etranje! Lè pa ret pyebwa nan peyi a, kisa komèsan sa yo pral fè?

Sa yo pa janm konnen sèke si pa ret pyebwa, p ap gen lavi (ki vle di, yo menm tou y ap mouri paske si pa gen pyebwa, pa gen lapli; si pa gen lapli, p ap gen manje epi si pa gen manje ... a a! pa gen lavi).

Mezanmi, fò nou reflechi sou pwoblèm debwazman sa a. Fò zotobre k ap dirije peyi a pini moun k ap fè komès chabon epi ankouraje peyizan plante pyebwa.

Tout moun dwe panse : kisa y ap kite pou pitit yo demen? Yon paradi pyebwa, oubyen yon tèt gridap do dekalè? Zanmi, gade, fè yon ti reflechi!

Joël Lorquet
Boukan #264. jen 1990. 26^{èm} ane. paj 12

YON RÈL ANMWE! PRESE PRESE AVAN L TWÒ TA!

Ekip astwonòt ki te nan navèt espasyal ameriken yo rele "Columbia" te voye yon mesaj enpòtan anpil pou Ayiti, bay biwo yo te gen kontak ak yo sou latè.

E pandan astwonòt yo te anlè a, yo fè viwonn planèt latè plizyè fwa; lè yo fin gade byen, yo fè konnen tèritwa peyi d Ayiti a prèske pa gen pyebwa ditou ditou. Astwonòt yo deklare sa yo wè an Ayiti a, se yon veritab «dezas ekolojik». Yo te siyale ravaj yo wè tou nan forè Amazoni nan peyi Brezil.

Mesaj, rèl anmwe sa a, astwonòt ameriken yo bay la vin bay lòt espesyalis yo pi plis rezon.

Anpil agonòm Damyen ak lòtbò dlo, kòmandan Jak Kousto (Jacques Cousteau) (peyi Lafrans), te toujou konn ap pale sou pwoblèm pyebwa k ap disparèt yo. Sa a, se yon reyalite nou pa rete endiferan devan li; nou dwe fè kichòy avan li twò ta.

Fò moun k ap dirije peyi a deside fè kichòy, tankou pa egzanp, dekrete yon «eta ijans» (sa vle di pou tout moun, tout militè kou tout sivil mete men nan plante pyebwa epi pwoteje anvivonnman an) pou moun pa gen dwa koupe pyebwa ankò e nenpòt kijan.

Fò tout moun k ap viv nan peyi a kòmanse pran konsyans de gwosè malè sa a ki pandye sou tèt peyi a, sou tèt tout Ayisyen k ap viv ladan li.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

Zo tèt mòn nou yo pi chèch pase do bourik; moun fèk kare kontinye koupe pyebwa pou fè chabon. Se vre zotobre yo pa fè anyen pou fasilite lavi peyizan nou yo men an menm tan, gen grannèg ki kite fou a gaz yo fèmen lakay yo pou sèvi ak chabon pito. Sa grav! Vin jwenn pri gaz la pa janm bese.

Nou voye kanmenm yon kout chapo bay tout òganizasyon k ap defann lanati, men sa pa sifi; fò tout Ayisyen alawonnbadè ta mete men sere sere.

Antouka, sak chabon bwa kontinye ap vann 50 goud. Annou angaje nou pou n poze bon zak pou Ayiti pa tounen yon dezè, pou Ayiti pa peri.

Si tout Ayisyen met men toutbonvre nan konbit plante pyebwa a, nan dizan, kenzan, lè astwonèt yo va monte pou gade peyi a, y a va wè yon zile tou vèt. Sa va bay espwa. «Espwa fè viv».

Boukan, #264. jen 1990. 26^{èm}. paj 9

ANN REFLECHI SOU PWOBLEM EWOZYON AN

Fò tout moun ta met tèt ansanm pou anpeche sa pa vin pi mal.

Koze **ewozyon** an se yon gwo pwoblèm alèkile. Pwoblèm sa a pa sèlman nan peyi d Ayiti men nan laplipa peyi pòv yo. Nou kab konprann sa puiske peyizan peyi pòv yo, anpil fwa, oblije koupe pyebwa pou yo pa mouri grangou nan mizè.

Anpil moun pwopoze plizyè solisyon men pwoblèm nan vin pi grav chak jou sitou nan peyi d Ayiti. Wi li vin pi grav paske pa gen yon bon jan politik sou pwoblèm anviwonman an ki ta pran an konsiderasyon gwo tèt chaje peyizan yo. Peyizan yo oblije ap detwi pwòp anviwonman yo akòz mizè k ap toupizi yo.

Kisa «ekoloji» vle di?

Yo toujou di *ekoloji* se syans ki etidye anviwonman (sa vle di lanati ak tout sa ki ozalantou l, tout sa ki anglobe ou enkli ladan). Men, mo ekoloji a vle di plis bagay toujou: ekoloji a touche tout bagay, tout aktivite lèzòm ap mennen; kidonk ekoloji a nan lòm menm. Anplis ekoloji entere sou kote lòm rete ak konsekans chanjman moun sibi, ak efè sa ka pwodwi sou li, elt.

Ekoloji vle di tou: etid plant ak zannimo nan milye natirèl yo ak relasyon ki gen nan mitan moun k ap viv menm kote.

Anviwonman pa nou, yè ak kounyeya.

Nan epòk Endyen yo e menm jouk lè Kristòf Kolon, te gen anpil pyebwa tout kalite ak bèl plant tout koulè sou zile a. Endyen ki t ap viv lè sa a te tankou moun nan paradi: yo te jwenn tout sa yo te bezwen pou manje san pwoblèm, san konte bon jan frechè ak bèl kalite zwazo ki te genyen epò la.

Forè nou yo te kòmanse ratibwaze lè kolon fransè, espayòl ak anglè te debake. Blan sa yo pa t pè koupe pi bèl pyebwa ki te genyen pou yo te ka bati kay epi fè mèb. Se konsa nou pa bezwen sezi si nou ta wè pi bèl chato ki genyen nan peyi Lafrans yo te bati ak bwa ki soti Ayiti.

Malè sa a poko sispann. Jodiya, mòn nou yo ak tè nou yo fèk kòmanse degrade, e sa pral pi vit chak jou k ap pase paske peyizan nou yo pa sispann koupe pyebwa pou fè chabon.

Depi peyizan te wè nesosite pou l tire avantaj nan lanati kote l ap viv la, pou l satisfè pakèt pwoblèm li genyen yo, dega yo te gen tan kòmanse pou rive bay sa n ap gade jodiya ak anpil sezisman: yon peyi ki prèske tounen yon dezè! (Yon dezè se yon zòn ki te konn bay manje nan tan lontan epi ki vin toutouni, tou sèch jodiya, tankou *Savann Dezole* pa egzanp).

Kisa ki lakòz?

Daprè chif nou rive jwenn, gen 85 moun sou 100 (85%) nan popilasyon an k ap travay latè. Sa se vre! Men, revè a te gen dwa vre tou si yo te di, pa egzanp : 85 sou 100 tè nan peyi d Ayiti pa ka fè manje ankò. (Rete pou nou verifye sa). Sa pa vle di tè nou yo pa vo anyen ditou, ditou; yo oblije pa vo anyen paske zotobre yo pa itilize kèk bon jan teknik modèn yo pratike an Izrayèl, pa egzanp.

Pami kèk bagay ki kontribye anpil nan gate tè nou yo, nou ka site: move pratik nan agrikilti, move fason nan mete twòp bèt yon sèl kote pou elvaj. Tè sa yo ki fin dekape paske yo pa pwoteje, lè dlo vini. Lè yo chita ap plede koupe pyebwa; sa agrave ewozyon an. Alèkile, pa gen moun ki ta kapab fè lwanj pou di li pa janm wè do mòn yo kale, san pyebwa, chak kote li vire l gade.

Tout pyebwa ak tout plant yo ap kontinye disparèt pi vit si ti peyizan nou yo ta kontinye fè move kilti nan sans pant mòn desann; si yo kontinye ap plede boule tè yo san kontwole ak tout move zèb, si yo kontinye tou ap limen gwo flanm dife sou tè a.

Joel Lorquet
Boukan, jiyè - out 1990. 26^{èm} ane. paj 13-14

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*
KOUT JE SOU PWOBLÈM EWOZYON AN

Ki konsekans sa ka genyen lè y ap tiye tout pyebwa ak plant ki gen nan anvivonnman an?

Dezas koupe pyebwa ak detwi lanati a nan peyi d Ayiti gen rapò ak ni zannimo ni plant ak rivyè. Lè tout krèm tè a fin ale, tè a vin frajil epi nenpòt ti lapli ak tanpèt kapab fini ak li. Lè pa rete krèm tè ankò, sa anpeche pyebwa ak lòt ti plant grandi. Pyebwa mache men nan men ak zannimo. Lè pa gen pyès plant ankò, se nòm al tou pou bèt bezwen lonbray, frechè ak manje.

Si pa gen bon jan plant nan yon zòn, w ap wè lapli pa tonbe souvan paske pa gen evaporasyon ki fèt. Sa vle di lapli ki pa tonbe a fè sous yo pa gen rezèv dlo. Si pa chans yon gwo lapli ta rive tonbe sou yon pant mòn ki pa gen pyebwa, se tèt chaje paske non sèlman dlo a kontinye ap pote tè a nan lamè men tout sa ka lakòz gwo dega fèt tou tankou: inondasyon (lavalas dlo), kraze kay, wout, elatriye... Anpil moun gen dwa mouri tou.

Konbyen gwo ensidan sa yo ki rive? Sa rive nan Pòtoprens, kapital la, kit sou Boutilye, Kafou Fèy, Dèlma, elatriye... Sa rive nan pwovens tou. Tout malè sa yo se akòz moun pa respekte okenn prensip ak lwa lanati mete; yo pito ap koupe pyebwa, detwi lanati.

«Depi yon moun deranje sa yo rele *byosenoz* la (ki vle di: tout kantite moun, bèt ak ensèk k ap viv sou yon kantite zòn), li gen dwa deranje tout sistèm nan jouk tan tout fin disparèt».

Kisa nou ta kapab swete?

Nou pa menm bezwen di sa: si yo pa fè anyen pou ranje vye sitiyasyon sa a, peyi d Ayiti nou renmen anpil la pral tounen yon dezè; yon dezè toutbon, yon dezè kote nou pral oblije achte (lòtbò dlo) tout sa nou bezwen pou n viv. Tout bagay ap soti lòtbò dlo: rad, manje; bon, menm dlo pou n bwè! Dezè sa a nou va genyen an, nou p ap rete pèsòn pou viv ladan.

Kidonk, nou pa menm bezwen di kijan li enpòtan pou tout moun mete men nan brase pat la pou pwoteje, repare, anbeli lanati ki viwonnen nou paske sa se yon pwoblèm ki konsène tout moun.

Li nesèsè tou pou tout pitit yo bay lanmen youn ak lòt pou evite dezas sa a; pwoblèm ki lakòz dezas sa a pa gen sèlman kòz politik!

J.L
Boukan, #266. sept. – okt. 1990. 26^{èm} ane., paj 7

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*
MANGO AYISYEN AP VANN NAN PEYI AMERIKEN

Pèp ameriken kòmanse dekouvri mango peyi d Ayiti yo pami pi bon mango ki gen nan lemonn.

Ebyen, dapre sa save nan zafè mango yo di, se nan peyi End yo kiltive pi bon mango yo; gen mango «Ducheri» nan nò peyi End epi gen «Alphonso» nan sid. Endyen yo rekonèt mango Ayiti yo, mango yo rele mango (madan) Fransik la; yo pa ka konpare l ak mango *Ducheri* Endyen yo, tèlman li bon.

Fò nou fè remake koze ekspòte mango fre nan peyi Etazini gen plis pase 200.000 (desanmil) peyizan ki ka viv ladan. Nan ane 1988, Ayiti te ekspedye 1.6 milyon (yon milyon 600 mil) kès mango epi ane sa a, yo espere touche zòn 2.5 milyon (2 milyon 500 mil).

Fò nou siyale, sa k fè blan ap mande mango Ayiti yo anpil, se paske yo pa mete pwodwi chimik sou yo; se ak dlo cho yo elimine mikwòb, ti bèt parazit sou mango yo. Yo pa sèvi ak pestisid.

J.L

SANTE : MEN KÈK KONSÈY POU KENBE KÒ NOU TOUJOU PWÒP

Depi yon moun pa kenbe kò l pwòp, moun sa a an danje. Se sa k fè, li bezwen obsève anpil bagay pou l kenbe li pwòp.

Si nou gade kò nou byen, n ap wè gen yon bagay ki kouvri l nèt. Bagay sa a sèvi l kouvèti. Nou ka di kouvèti sa a, se **po** nou. An fransè, yo rele l: «epidèm».

Po nou pa sèlman pwoteje kò nou. Li jwe anpil lòt wòl tou.

(a) Li defann mikwòb ki danjre antre nan kò nou;

(b) Li regle tanperati kò nou. Lè nou cho anpil, nou swe. Sa pèmèt nou met deyò yon bann bagay ki pa bon.

Swè a, kisa li ye?

Ebyen, se yon ti dlo ki soti nan yon bann ti glann ki anba po a. Ti glann sa yo rele: «glann sidoripa». Sa vle di: **glann ki bay swè**. Lè ou swe, po ou yon ti jan mouye. Tout ti kras ki kole sou po a mele ak swè a epi yo bouche tout ti twou anba po a. Ti twou sa yo rele «pò». Se ladan yo swè a soti.

Si nou vle kò nou pa ban nou pwoblèm, fò nou kapab kenbe po nou pwòp toutan. Nan kote n ap viv, lè a pa pwòp; gen anpil pousyè, sa fè kò nou pa janm pwòp. Si ou ta vle fè yon eksperyans, ou ta gade nan yon ti aparèy yo rele mikwoskòp (yon ti aparèy yo sèvi pou wè menm mikwòb ki pi piti a), ou ta wè ki valè mikwòb ki genyen nan lè n ap respire a. Nou ka di: lè sa a n ap respire chak jou a gen yon dal mikwòb ladan ki kapab bay anpil maladi grav si yo antre nan kò nou.

Gen yon kote nan kò nou ki renmen kenbe anpil kras, se anba **zong** nou. Ou konnen men manyen tout bagay; sa fè l pa janm pwòp; toutan l ap sal; se sa k fè zong toujou renmen sal.

Pou evite po ou pran kèk maladi grav ki kapab deranje sante ou, men kèk konsèy ou kapab suiv:

1. Se pou lave figi ou, sitou men ou pi souvan (depi ou wè l dwe fèt). Pa janm manke lave men ou si ou ta manyen tè (tankou lè ou sot nan jaden) oubyen si ou ta manyen yon bagay ki sal. Lave men ou tou avan ou manje.

2. Se pou zong ou toujou kout (sa fè yo pa kenbe kras). Pou netwaye yo, lave yo byen lave ak savon, gade tout ti kote pou kras pa rete. Si ou ta vle ou ka bwose yo ak bwòs ki byen di.

3. Benyen chak de jou (pou piti). Ou ka benyen lematen, lè ou leve, oubyen aswè lè ou pral dòmi. Lave kò oubyen lave ak savon. Sa pèmèt pò yo debouche.

4. Lave pye ou chak swa avan ou dòmi. Si ou mete sapat oubyen si ou al travay nan jaden, yo kouvri ak pousyè. Ou bezwen kenbe yo pwòp. Ou konnen pye se yon bagay ki delika, menm si ou mete chosèt ak soulye, yo sal fasil.

5. Penyen cheve ou chak jou. Si ou gen bwòs ou ka bwose yo tou. Lave tèt ou chak kenz jou (pou pi piti) pou retire kap ak pousyè ladan.

Konsa, si nou pran tout prekosyon sa yo, kò nou va rete toujou pwòp; po nou ap toujou sen; n ap gen yon bon sante.

J.L

Boukan, out – sept. 1983. 20^{em} ane 190. paj 16

KÈK TI KONSÈY POU NOU KA TOUJOU VIV AN SANTE

Nanpwen yon moun ki ka di gerizon pa koute lajan. Nenpòt moun ki te pase kèk jou kouche nan lopital kapab di ou sa. M pa menm bezwen di kòman bagay la di pou fanmi jan lè malad la oblije fè yon pakèt tan entènè, si li pa gen tan mouri.

Kidonk, pi bon mwayèn pou nou pa gaspiye lajan kay doktè se pou nou pa ta tonbe malad. Pwovèb la di : «Sante miyò pase remèd».

Men uit (8) ti konsèy ki trè bon, ki ka ede nou toujou rete anfòm anfòm pou nou pa bezwen gaspiye twòp lajan nan pakèt medikaman:

(1) Bon jan lè pou nou respire.

Kò nou ap bay enèji paske nou manje. Se sa k fè kò nou bezwen jwenn lè ki fre, ki gen anpil oksijèn. Se pa lè plen pousyè lari ak sant gazolin machin non. Moun nan mòn yo gen chans jwenn lè sa a toutan.

Poutèt sa, nou ta dwe eseye ale kèk fwa nan kèk ti zòn kote nou ka jwenn bon jan lè sa a pou respire plizyè fwa, pou l antre nan tout anndan poumon nou. Li ta bon pou nou ta

respire konsa pandan tout jounen an si nou ta ka rete kote sa a. Sa ta va fè lespri nou vin klè e kò nou t ap gen plis fòs.

Se pou nou kite lè a antre san pwoblèm nan kay nou pou nou ka jwenn frechè. Ou va santi ou pi alèz lè ou nan chanm ou.

(2) Anpil dlo pou nou bwè.

Èske ou konnen pi gran pati kò nou gen dlo? Ebyen se sa k fè ou bezwen bwè sis (6) a uit (8) vè dlo pa jou. Malerezman, pa gen anpil moun ki rive bwè dlo konsa, tèlman yo pito bwè plis kafe ak ji. Nou bezwen bwè dlo pou ede anndan kò nou byen mache, pou nou ede ren nou ak glann k ap elimine vye matyè yo. Fò nou lave kò nou ak bon dlo pwòp pou ti twou yo rele **pò** yo ka toujou ouvri. Si ou ta vle byen dòmi aswè, ebyen pran yon ti beny ak dlo tyèd. Lè ou pran yon bon jan douch ak dlo frèt lematen, sa fè ou anfòm pou jounen an.

(3) Fò nou fè egzèsis ak kò nou.

Si nou pa fè egzèsis, mis nou ap vin fèb; yo p ap ka travay ankò. Ou kapab wè sa nan yon moun ki te kase janm li epi yo te mete l nan aparèy. Lè yo wete aparèy la, li gen yon pye ki pi kout pase lòt. Kidonk, egzèsis fè mis yo anfòm epi yo fè san sikile byen paske yo fòse nou respire pi byen, pi fon; avèk sa maladi pa rantre sou ou fasil.

(4) Limyè solèy gen anpil enpòtans.

Limyè solèy tèlman bon, yo di li menm ka ede ou soutni moral ou. Li ede kò nou pwodwi sa yo rele *vitamin*. Lè nou ouvri tout fenèt yo pou pèmèt reyon solèy byen antre nan kay la, nou tiye anpil mikwòb san nou pa konnen, mikwòb ki ta ka menm pote maladi.

(5) Fò nou manyè repoze nou.

Yon machin ki pase anpil tan ap kouri ap fin pa tonbe an pàn. Gen yon bagay konsa tou nan kò moun. Rechèch gwo nèg lasyans yo te fè, montre moun ki dòmi 7 a 8 è chak nuit viv pi lontan. Lè nou pase yon jou pou n repoze nou nan yon semèn, sa trè bon pou lespri nou, kò nou ak nanm nou.

(6) Pran prekosyon nou nan manje.

Anpil moun chita, y ap fouye twou pou yo antere yo ak dan nan bouch yo! Fri yo, sereyal yo (ble, mayi elatriye...) plant ki bay lwil yo, ak legim yo - se pi bon bagay pou nou ta manje.

Pinga nou chita ap pran pwoteyin sèlman, se pou nou ta manje: pwa, fèy, pistach, abriko elatriye...) ak ble, diri, pitimi, avwàn elatriye... Si ou ta pran yo detanzantan, ou t ap gen pwoteyin ou bezwen an. Vyann tèlman chè alèkile, ti sekre sa a ka pèmèt nou gen sante ki pa koute anpil kòb.

(7) Se pa tout «tyasi» pou nou renmen pran.

Kafe, te, ak lòt bagay fò kapab nwi sante nou menm si yo gen bon gou, menm si yo pa gen bon gou. Men kanta pou tabak (sigarèt, pip, kachimbo) ak lòt bagay ki sanble, yo se gwo pwazon. Non sèlman yo se danje pou sante nou, men pou lavi nou tou.

(8) Nou dwe aprann fè Bondye konfyans.

Yo di twaka tout maladi yo, soti depi nan fason moun nan ap panse. Yo rele sa «Psychosomatique». Moun nan konn rete kareman li kwè li malad. Vye panse yo konn mennen maladi; maladi mennen vye panse. Anpil moun konn fè doktè yo sezi lè yo pa janm dekouraje; yo toujou met nan lespri yo y ap geri. Yon moun ki met lafwa nan jan Bondye bon, ap toujou ka ret an sante. Si ou poko konnen Bondye ase pou met tout konfyans ou nan li, chèche yon kretyen epi mande l pou l enstwi ou. Li trè itil tou pou ta li kèk liv ak kèk jounal ki ka ankouraje ou nan lavi espiyèl ou.

Ebyen, se te 8 sekre sa yo pou ka toujou viv an sante nou sot ba ou la a. Mete yo an pratik, jan nou di w la epi w a wè, w a peye mwens kòb kay doktè. Sa k pi bèl la, w a jwi lavi a pi plis.

Boukan, #228. fevriye 1987. 2èm ane. paj 11, 12

DOSYE SIDA

Kisa SIDA a ye?

Ann aprann konnen SIDA, pou nou ka pwoteje tèt nou.
Mo SIDA a, se yon gwoup lèt ki vle di :

S: Sendwòm (ki vle di kantite siy ki fè wè yon moun malad).

I: Imino-

D: Defisyans (ki vle di lè kò yon moun pa ka reziste fas a yon mikwòb).

A: Akiz (ki vle di maladi yon moun ka trape oubyen ki kab devlope apre enfeksyon). An de mo, nou ka di SIDA se yon maladi ki kraze defans kò moun kont mikwòb ak kansè.

Kisa ki kapab bay SIDA?

Se yon mikwòb yo rele **HIV** ki mete nan san moun yon lòt kò ki rele **ANTI-HIV** ki bay SIDA.

Kòman mikwòb SIDA a mache?

Men kijan yon moun ka trape mikròb SIDA :

- (1). Lè li rantre nan relasyon seksyèl (san oken pwoteksyon) ak moun ki deja enfekte ak SIDA.
- (2). Lè yon moun pran **san** lòt moun ki enfekte ak SIDA oubyen sèvi ak piki (sereng) ki enfekte ak jèm maladi a.
- (3). Lè yon fanm ansent gen maladi SIDA, gen posiblite pou tibebe l pote a enfekte ak maladi a tou.
- (4). Si yon moun ap pran dwòg epi l pataje zegwi (sereng) ak lòt moun k ap pran dwòg tou, li ka trape SIDA (atravè yon moun ki enfekte).

Yon moun ki enfekte kapab remake sentòm sa yo:

- a. Li toujou santi l fatige menm lè li p ap travay.
- b. Tanzantan li gen fyèv ak dyare, epi kò li plen bouton.
- c. Bouch li gen yon pakèt plak koulè blanch ki anpeche l vale.
- d. Li pèdi anpil pwa (tankou si li pèdi 40 liv nan 3 mwa).
- e. Cheve l kòmanse vin swa, epi anpil pati nan kò l konn vin anfle.
- f. Pati li, bò dèyè l kòmanse ap fè maleng.

Si yon moun wè li gen kèk nan sentòm sa yo, se pou l wè doktè.

Moun ki kapab pran SIDA pi vit se:

- (5). Moun ki gen madanm oubyen mari epi ki nan kontak ak plizyè lòt moun (kote gen ladan yo ki enfekte ak maladi a).
- (6). Lè lòt patnè yo gen jèm SIDA a.

Men ou pa ka pran SIDA nan bay lanmen menm si lòt moun nan enfekte ak maladi a.

- * Postiyon ak krache moun ki gen SIDA pa ka fè ou anyen.
- * Ou pa bezwen pè chita sou chèz moun ki gen SIDA.
- * Si moustik (tankou mouch, marengwen, elt.) mòde w, sa pa ka ba ou SIDA.
- * Menm si ou al nan menm watè (latrin, watè klozèt) ak yon lòt moun ki gen SIDA konn abitye sèvi, se pa yon pwoblèm paske sa pa ka ba ou SIDA.
- * Ou gen dwa rete bò yon moun ki gen SIDA; ou p ap pran maladi a.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati* ak Joël Lorquet

- * Ou mèt sèvi nan dlo rivyè ak sous avèk yon moun ki gen SIDA.
- * Ou pa bezwen pè pran swen yon moun ki gen maladi SIDA.

Yon moun pa ka annik gade yon lòt epi pou l di moun sa a gen SIDA paske yon moun gen dwa gen maladi a epi l gen bèl aparans. Men sa pa anpeche yo bay lòt moun SIDA a tou.

Nou kapab pwoteje tèt nou kont SIDA:

- * Lè nou rete ak yon sèl patnè (ki pa gen maladi a).
- * Lè nou pa gen kontak seksyèl ak moun ki sispèk ni moun ki nan vi lib.
- * Lè nou sèvi ak yon kapòt diferan chak tan nou pral nan kontak seksyèl (ak moun nou pa konnen).
- * Lè n ap sèvi ak sereng, se pou nou byen dezenfekte l epi sèvi avè l yon sèl fwa.
- * Lè nou pa pran san (san rezon valab). Pou nou fini, fò nou di ou:

Yon malad ki gen SIDA bezwen anpil afeksyon. Pinga nou meprize l. Nou gen dwa touche l. Li gen dwa patisipe nan tout sa n ap fè. Okontrè, sa va ede l sipòte maladi a.

Sida pa gen gerizon. Poko gen remèd pou trete l. Pa janm bliye sa.

J. Lorquet
Boukan, #241. 24^{èm} ane. avril 1988. paj 3 et 4

DWÒG : SA NOU DWE KONNEN

Tout sa pou nou konnen sou kokayin --

a. Kisa «kokayin» nan ye?

Tout moun konnen kijan *kokayin* fè ravaj epi kijan li vin popilè alèkile. Gen anpil jèn ki tonbe nan koze dwòg sa a; gen anpil ki fou tou. Epoutan kèk moun kontinye konsidere kokayin tankou yon dwòg ki pa gen danje. Fò nou di, anpil moun te sezi wè kijan dwòg sa a gen gwo danje.

Sou fòm jan li prezante a, kokayin se yon poud blanch yo pran nan yon fèy yo rele **koka**. Plant sa a, ou jwenn li anpil nan Amerikdisid. Dwòg y ap vann nan lari a, se yon melanj pwodwi sa a (kokayin ak lòt bagay yo ajoute pou ogmante benefis moun k ap vann dwòg la).

b. Kijan yo konn sèvi ak kokayin?

Pifò moun k ap pran dwòg, yo rale poud la nan nen yo; sepandan, dwòg la parèt sou yon lòt fòm yo rele «Kрак».

Yo fè *krak* la ak kokayin; yo vann nan lari a; yo transfòme l pou moun ka fimen l.

Kijan kokayin ka vin trè danjre?

Gen gwo danje nan pran kokayin, nenpòt jan yo pran l. Menm jan ak tout lòt dwòg, risk yo chanje, tou depan kantite a, konbyen fwa ak sansiblite moun k ap pran l lan.

Lè yon moun ap plede fimen kokayin – *krak*, gwo dòz ap rantre nan sèvo l. Nan kèk segonn tèt li gen dwa vire.

Moun ki chita ap dwoge tèt yo ak piki, y ap anpwazonnen tèt yo; yo gen dwa menm trape maladi sida (nan itilizasyon sereng ki kontamine).

Nan pran dwòg nan twou nen toutan, sa gen dwa bay pwoblèm maladi kè, pwoblèm respirasyon epi menm lanmò.

c. Èske yon dwoge pa ka viv san kokayin?

San dout, gwo moun save ki ap fè rechèch yo, dekouvri: yon moun ki fin pran anpil kokayin, pito pran dwòg tan pou li manje, menm si l grangou. Lè yon moun fin abitye pran dwòg, li vin gen enpresyon li nòmal nèt, tankou tout moun.

Men se pa vre paske yon moun ki abitye pran dwòg pa ka separe li ak sa. Moun ki fin tonbe nan pyèj sa a, pa t janm te kwè sa te ka fèt konsa.

d. Èfè kokayin fè prese prese sou yon moun.

Yon moun ki fin pran kokayin ap santi efè yo tousuit epi y ap monte nan mitan 15 pou rive 20 minit epi pou disparèt aprè inèd tan. Èfè sila yo fè zye moun nan pichpich, zye li vin dwòl, tansyon l monte, kè l bat pi fò, li respire mal epi kò l vin pi cho.

e. Èske kokayin kapab solisyone pwoblèm?

Depi yon moun fin pran dwòg la epi premye efè yo pase, dwoge a, ki chaje ak pwoblèm, santi li pifò pase avan li te pran dwòg la. Men toutotan moun nan te gen plis sansasyon, se toutotan tou moun nan ap gen plis pwoblèm lè efè yo fin pase. Pwoblèm yo pral retounen pi rès. Gen dwoge ki konn menm oblije al dèyè lòt kalite dwòg ki pi fò pou ede yo.

f. Èske kokayin ka fè moun vin pi anfòm epi pa pèdi memwa?

Gen moun ki di *kokayin* fè yo reflechi pi byen, yo gen memwa. Anpil mizisyen konn di tou dwòg ede yo konpoze pi byen; men, aksyon dwòg la pa dire anpil epi aprè inèd tan, dwoge a santi l fatigue, li enkyete, dekouraje pi mal pase avan.

g. Èske kokayin ka pèmèt moun fè lanmou pi byen?

Lè yon moun fèk kòmanse pran dwòg, li gen enpresyon sa pèmèt li dire pi lontan nan relasyon seksyèl. Se petèt aksyon dwòg pandan l ap pase nan sèvo li. Men, si yon moun kontinye ap pran dwòg chak jou, sa ka fè l gen anpil pwoblèm lè l ap fè lanmou.

h. Ki efè kokayin ka genyen sou moun?

Si yon moun pase plizyè semèn ou mwa ap plede pran dwòg san rete, pwoblèm yo ap vin pi grav pou moun ki dwoge a. Moun nan gen dwa gen kriz, foli, fè vye vizyon, toutan ap reve gwo jounen. Moun nan ap toujou move, eksite. Li p ap kapab sonje anyen li etidye; li gen dwa rete konsa epi laperèz pran l, li panike; pafwa menm sa gen dwa lakòz lanmò l.

i. Èske gen danje nan pran kokayin melanje ak lòt dwòg?

Wi, gen anpil danje. Alkòl ak marigwana se yo menm moun pi sèvi pou fè melanj ak kokayin. Kokayin, se yon dwòg pou kont pa l, donk li pa bon pou melanje l ak lòt ki menm jan ak li.

j. Kisa ki ka rive si dwoge a eseye sispann pran dwòg?

Lè yon moun kite, li p ap gen menm pwoblèm li te genyen lè li t ap pran dwòg la, men pwoblèm yo la kanmenm. Li gen dwa rete li wè li fatigue anpil, anpil; tout kò l kraze; li pa ka dòmi. Sa k pi rèd la, li pral panse se rebran pou li ta rekòmanse rebran kokayin sèlman pou l ta rive geri.

E lè yon ansyen dwoge rekòmanse pran dwòg, li p ap janm geri.

Nan ka sa a, li ta pi bon si yon moun pa janm pran sant kokayin ak kèlkeswa kalite dwòg la.

J.L

YON TI KOZE SOU MALADI WONFLE

Yon bon wonflè se yon nèg ki gen gwo vant, ki manje anpil, ki renmen bwè tafya sitou lè li fin manje. Se yon nèg tou ki renmen pran bagay ki pou fè l dòmi pi byen. Sou 10 gason ki wonfle lè y ap dòmi, ou ka jwenn yon fanm paske pifò fanm yo pa manje anpil tankou mesye yo.

Men move abitud moun gen nan manje pa eksplike pwoblèm nan nèt: ou jwenn anpil wonflè nan moun ki mèt yo tou, moun ki pa manje anpil.

Jodiya, yo konnen sa ki fè moun wonfle: se yon bagay ki chita nan gozye dèyè gòj moun nan *pharyns*, ki lakòz sa. Dèyè bouch moun nan gen yon seri pati ki mou ki anvi fèmen pandan moun nan ap respire.

Gen yon vwal ki nan palè moun nan (sa vle di pati sipeyè ki nan bouch la, kote ou kapab pran gou sa w ap manje). Vwal sa a ak anba lang lan bese sou efè fòs kouraj moun nan lè li kouche. Lè sa a, gozye moun nan vin pi piti epi lè a mal pase; moun nan pa ka respire byen. Rezilta: vwal ki nan bouch la tanmen sekwe, tranble tankou yon flit oubyen yon twonpèt.

Lè yon moun ap wonfle, sa deranje moun k ap viv ozalantou yo. Men, sa kapab gen konsekans grav pou wonflè a; sa kapab mete lavi l an danje. Gen madanm ki rive menm kite mari yo paske yo wonfle twòp.

Si ou ta pran tan pou gade yon wonflè, ou va wè respirasyon l pa fèt nòmal epi sitou l ap rete detanzantan. Se sa yo rele *apnée*. Pou doktè yo ka byen eksplike maladi a, yo siveye plis moun ki konn rete plis pase 10 segond san yo pa respire. Lè sa rive plis pase 5 fwa nan inèd tan, pandan moun nan ap dòmi, yo konsidere sa tankou yon bagay ki mande pou lasyans ta etidye pi plis.

Malad wonflè ki grav yo prèske respire mwaye lè pou yo ta respire a; moun sa yo konn pa respire byen pandan 50 fwa ak pi plis nan inèd tan sèlman. Men tout sa ou tande a, sa pa rive fasil pou maladi sa a tiye moun. Lè moun nan bezwen oksijèn, sa konn fòse li reveye pou yon ti moman epi li tou pwofite respire.

Maladi **pa respire nòmal** la pa janm rive lè je moun nan klè, men se pandan l ap dòmi toutbon oubyen lè l ap kabicha ou kapab plis remake l.

Lè yon moun dòmi mal, sa ka gen move konsekans. Gen malad ki fatigue ki konn dòmi kanpe. Yo konn tonbe pandan y ap pale, pandan y ap li yon jounal oubyen pandan yo ak madanm yo, pandan y ap kondui vwati yo, elatriye ...

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati* ak Joël Lorquet

Maladi mal respire a trè nuizib paske moun nan pa jwenn tout oksijèn li bezwen. Sa kab lakòz moun nan pèdi memwa; lè y ap pale ak li, li lwen; sa ka fè tansyon san l monte. Lè yon moun respire mal, kè l fonksyone mal tou.

Mezanmi, ann fè efò pou n respire byen, fè espò si se nesèsè; sa va evite maladi tansyon, evite grès pou vant nou pa gwo, konsa nou p ap gen maladi pa ka respire byen.

KISA MALADI DYABÈT LA YE?

Sa pou nou konnen sou maladi sik la.

Pa gen anpil moun ki byen ranseye sou maladi yo rele **dyabèt** la. Pifò moun bal ti non **sik** oubyen **dyabèt sikre**. Moun yo pa konnen kisa ki lakòz maladi a, ni kòman yo kapab trete li oswa kontwole dyabèt la.

Jounal *Boukan* ki renmen enfòmè zanmi lektè l yo, gen kè kontan toutbon pou l pibliye kèk bon jan ransèyman sou maladi dyabèt la.

(1) Pou kòmanse, kisa dyabèt la ye?

Dyabèt sikre a, se pa sèlman an Ayiti ou jwenn li, men nan anpil lòt peyi tou. Lè maladi sa a fèk kòmanse, li gen dwa bay anpil siy tankou (ou swaf toutan, ou megri, ou pipi souvan, elt.). P afwa maladi a pa prezante pyès siy, men li montre tèt li deyò trè ta epi li konn vin trè konplike.

Gen anpil fason byen senp ou dekouvri dyabèt la. Se poutèt sa, li enpòtan pou moun ki malad yo al kay doktè souvan.

Lè yon moun malad, li al kay doktè byen bonè, sa pèmèt li evite fè maladi a vin pi grav.

Yon moun ki fè sik kapab viv nòmalmen tankou nenpòt lòt moun. Li kab fè espò, nenpòt lòt travay, epi li kab fè pitit san gwo pwoblèm. Se sa k fè, fò nou konnen kisa *dyabèt sikre* a ye epi suiv konsèy doktè.

(2) Kisa ki lakòz maladi dyabèt la?

Dyabèt se yon ènmi sante, kidonk fò oubyen konnen li pou ka domine li.

(3) Ereditè

Dyabèt se yon maladi ki ka konsidere «ereditè» (ki ka pran nan fanmi). Si yon papa oubyen manman fè dyabèt, yon timoun sou senk kapab fè maladi sa a. Men, si papa ak manman an oubyen tou granpè ak granmè a fè maladi a, vin gen plis chans pou timoun yo trape maladi dyabèt la nan san yo tou.

(4) Gwo vant oubyen obèz

Lè yon moun obèz, li plis chans fè maladi sik. Pifò moun ki fè dyabèt, se moun ki te gwo oubyen ki gwo; se sa k fè, lè yo megri, yo pèdi tout vye grès la; yo gen dwa vin nòmal paske kantite grès san an bezwen an pa depase. Kidonk, yon moun ki vle an sante, pa gen enterè pou l gen gwo vant. Lòt bagay ki ta kapab fè dyabèt la parèt pi vit, se lè moun fè operasyon; lè yo gen gwo enfeksyon; fè gwo emosyon; kèk medikaman; gwosès ak lè règ fanm nan rete.

(5) Kisa dyabèt la ye?

Dyabèt la se yon maladi ki mande pou moun nan byen chwazi sa l ap manje, espesyalman bagay sikre yo, akòz li manke yon òmon yo rele ensilin. Yon moun ki nòmal kapab manje tout kalite bagay menm sa ki gen grès; yo fè bon dijasyon nan lestomak yo epi yo pase nan entesten. Apre sa manje yo al nan fwa moun nan, kote yon pati vin chanje sou fòm **glikoz** ki antre nan san moun nan epi ki fòse **pankreyà** a pwodui sa yo rele *ensilin* nan; se li menm ki pèmèt *glikòz* la antre nan tout kote enpòtan nan kò moun nan epi bay chalè ak enèji.

Lè yon moun ki fè *dyabèt sikre* ap manje, li fè dijasyon nan lestomak epi entesten an pran manje a. Lè manje a rive nan fwa moun nan, gen yon pati ki rete ladan l, lòt pati a ale nan san moun nan menm puiske pankreyà a pa pwodwi ni kenbe *glikoz* nan san li. Sa ki twòp yo, yo elimine nan pipi moun; yo rele sa **glikozri**. Lè manke *glikoz* anndan selil yo, kò a itilize grès ak pwoteyin pou pwodwi chalè ak enèji. Nan ka sa a, gen kèk pwazon ki ka parèt nan san an ak pipi yo. Yo rele **Setoniri** lè **setòn** yo fonn nan pipi yo. Konsa, malad ki fè sik la santi li pa byen, l ap pèdi pwa, li manje anpil (**poli taji**), li bwè anpil dlo (**poli dipsi**), li pipi anpil (**poli iri**). Si sa kontinye, malad la ka al nan koma (gwo endispozisyon san komesans kote l ka pa janm revni).

(6) Kijan yo ka trete maladi a?

Pankreyà, yon ògàn nan kò moun, fèt pou pwodwi yon òmòn ki rele **ensilin**. Ensilin pèmèt kò a byen sèvi ak *glikoz*. Si kantite *glikoz* la nòmal nan san an (70-110mg / dl), li pa ret chita nan san an epi l pa pase nan pipi a. Pankreyà a pwodwi pi piti ensilin lakay yon dyabetik pase lakay yon moun ki nòmal.

Gen malad, **glisemi** a byen kontwole lakay yo si yo manje byen (sa vle di: si yo suiv yon bon rejim). Gen lòt ki oblije pran **ipogliseman** yo nan bouch; sa pèmèt yo evite **lperglisemi** (ogmantasyon sik nan san an). Gen lòt ki bezwen piki ensilin, malgre yon rejim ki byen balanse, pou pèmèt yo jenere kantite glikòz yo bezwen an nan nòminal. Doktè se sèl moun ki kapab chwazi pi bon tretman an.

(7) Èske yo ka kontwole dyabèt la?

Pou yo kab kontwole dyabèt la pi byen, li nesesè pou malad la suiv kèk prensip tou senp :

(a). Kenbe epi rete nan gwosè oubyen pwa ideyal la (toudepan de wotè ak gwosè moun nan).

(b). Al kay doktè ou tanzantan epi suiv sa li di ou pou fè pou kab kenbe *glisemi* an nan limit nòminal li, epi pou pa gen ni doulè ni lòt konplikasyon tèt chaje. Fò malad la kenbe yon ekilib nan mitan 3 bagay sa yo: 1) **rejim** 2) **egzèsis** (espò) 3) **pran remèd yo** (*ensilin* oubyen *ipoglisemi* an nan bouch).

(8) Kijan malad la kapab kontwole dyabèt?

Lè malad la konnen valè glisemi li, sa pèmèt li adapte tretman l pandan l ap suiv enstriksyon doktè l.

J. Lorquet
Boukan, jiyè - out 1990. 26^{èm} ane. paj 10-11

KÈK BON JAN KONSÈY POU EDE MOUN KI GEN MALADI DYABÈT

a. Egzèsis

Li trè enpòtan pou moun ki gen maladi dyabèt fè kèk bon jan egzèsis (espò) selon kò li, sèks li, ak jan de travay l ap antreprann. Fò egzèsis sa yo fèt chak jou, men san twòp eksès.

b. Swen pou pye:

Lave pye nou chak jou avèk dlo tyèd epi savon; seche yo ak anpil prekosyon, espesyalman nan mitan zòtèy yo. Fò malad la koupe epi pwòpte zong yo tanzantan ; fò li pa koupe yo twòp tou. Nan aswè, li ta bon pou fè yon masaj ak yon pomad ki gen **lanolin** ak krèm. Sèvi

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati* ak Joël Lorquet

ak bon jan soulye. Si malad la remake pye l ap chanje koulè oubyen si li blese, se pou l al wè doktè l menm lè a.

c. Sa pou l pa janm fè:

Evite mete soulye ki twò piti oubyen twò gwo; pa mache pye atè; pa koupe kò nan zòtèy yo; evite sèvi ak dlo cho (pito ou wè doktè).

d. Ijyèn zòrèy yo:

Netwaye sèlman deyò zòrèy la ak arebò twou zòrèy la; sèvi ak yon koton (yo rele sa **aplikatè**) men pinga nou janm sèvi ak yon zepeng oubyen yon bagay ki pwenti.

Moun gwo vant ak ijyèn:

Moun ki gen maladi dyabèt dwe suiv doktè regilyèman. Se meyè fason pou anpeche tèt chaje pou manman ak pitit la tou. Fanm ansent lan dwe pratike bon jan ijyèn pou evite enfeksyon ak lòt pwoblèm.

e. Kijan ou kab kontakte yon doktè ki konn dyabèt?

Jounal *Boukan* envite tout moun ki gen maladi sik pou y al fè konsiltasyon gratis nan:

«Association Haïtienne de Diabète»

Boukan, #206. septanm - oktòb 1990. 26^{èm} ane. paj 5

**SISPANN BWÈ TAFYA! SISPANN PRAN DWÒG!
YON GWROUP ZANMI VLE EDE OU**

Nou pa kapab konte kantite moun ki lage kò yo nan bwè tafya ak fimen dwòg. Se chak jou kantite a ap ogmante. Pwoblèm sa a vin tèlman grav, se chak moun ki gen bon lizaj ki ta dwe met men, bay konkou pa l pou jwenn yon solisyon.

APAAC

Yon gwoup natifnatal ki pran konsyans sou kokennchenn pwoblèm sa a te deside fonde nan dat 3 novanm ane 1986 yon asosyasyon ki rele *APAAC* (Asosyasyon k ap batay pou dekouraje moun bwè tafya ak fimen dwòg). Asosyasyon sa a pa fè anyen pou kòb. Tout moun ki dirije l yo, se moun ki gen anpil eksperyans nan kozman sa a.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati* ak Joël Lorquet

APAAC te ouvri sant pou moun pran enfòmasyon an nan dat 15 novanm 1986. Gen plis pase 7 manm volontè k ap bay kout men nan tout aktivite sant lan ap fè.

Pi gwo objektif sant lan se pran devan pou dekouraje epi anpeche moun bwè ni tafya ni fimèn marigwana ak lòt dwòg. Sant lan vle ofri tou kèk bon jan solisyon bay tout moun k ap souffri ak maladi sa a.

Si ou ta konn yon moun bò lakay ou ki swa ap plede bwè tafya, oswa k ap pran dwòg, mennen li nan biwo APAAC la.

Toujou gen yon moun ki gen esperyans ki prèt pou bay konsèy a tout moun k ap chèche yon èd epi ki vle jwenn bon jan enfòmasyon sou sijè sa a.

APAAC gen tan pase nan anpil lekòl pou fè edikasyon elèv yo sou pwoblèm tafya ak dwòg la. Li prèt tou pou li reponn nenpòt moun oubyen gwoup moun ak asosyasyon ki envite l vin pale sou sijè a.

Asosyasyon an gen pwojè pou l pouse pou pi lwen, pou al tabli l nan pwovens yo tou. Nan kèk ane, li va menm bati yon sòt klinik kote moun ki gen pwoblèm tafya ak dwòg va kapab al suiv tretman.

Fò nou di abitud pran pwodwi chimik sa yo se yon maladi ki vin ti kras pa ti kras epi ki pa kapab geri nèt men yo ka anpeche li devlope nan moun nan. Bwè tafya ak pran dwòg se yon maladi konplike: efè li fè sou kò moun, sou panse, sou lespri ak emosyon moun. Trè souvan yon sitiyasyon konsa konn fè malad la pèdi espwa. Li konn menm santi l pa vo anyen; genyen ki konn menm rive tiye tèt yo.

Se pa reklam jounal *Boukan* vle fè men nou vle ede nan fason pa nou, tout moun ki gen pwoblèm sa yo.

Pou tout moun ki ta va enterese, pase nan kay APAAC ki nan nimewo 7 nan Premye Avni Travay nan Pòtoprens. Sant lan ouvri pòt li soti lendi pou rive vandredi uitè edmi (8:30) jis senkè nan aprèmidi (5:00). Gen bibliyotèk ak bon jan dokiman pou tout moun ki enterese.

Pou fini, fò nou fè ou sonje APAAC pa travay pou lajan. Se moun ki gen bon volonte bò isit, moun k ap viv lòtbò dlo ki voye kòb ba li. Se poutèt sa li toujou prè pou l bay yon bann Ayisyen sèvis chak jou.

J. Lorquet
Boukan, #248. desanm 1988. 24^{èm} ane. paj 3

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

PAWÒL LA PALE : NOUVÈL ZEN

Pòtoprens - USIS -

Batiman gadkòt ameriken yo rele *Hamilton* nan te mennen tounen Pòtoprens, jou madi 3 janvye ki sot pase a, trannde moun ki t ap pati anbachal pou al lòtbò dlo. Li te mennen tounen tou ven moun ki t ap travay abò batiman ayisyen ki rele «Sen Michèl ak Dyesifè». De batiman sa yo te kite Pòdepè, vandredi ki te 30 desanm. Yo te rete yon kote ki rele «Gran Inag». Yo pase bò Naso, nan direksyon Miyami; men lè solèy t ap kouche, gadkòt te arete yo.

Moun sa yo te peye twasan, sisan dola. Yo di yo t ap chèche yon travay byen peye lè yo rive lòtbò.

Batiman sa a ki rele *Hamilton* nan te mennen tounen ankò, jou ki te 24 janvye, vennsenk pasaje san papyè ki ta prale Etazini. Ven ladan yo te sou yon bato a motè, senk lòt yo te sou yon bato trafik. Moun sa yo se moun Gonayiv ak Vale Latibonit. Yo te derape Pòdepè epi lè yo te rive nan Zile Bahamas; yo achte ti bato a motè a pou demil (2.000) dola.

Lapolis te arete mèt kontrebann nan ak senk moun ki t ap travay sou bato ki rele «M/V City Clean».

143 moun ki soti Pòtoprens, Leyogàn ak Tigwav ki kite peyi d Ayiti jou 30 desanm sou yon bato avwal, ak twa fanm ansent avèk plizyè timoun. Se mirak yo pa ale kraze sou yon resif bò Florida. Lè gadkòt ameriken te sove yo, yo te twaka mouri swaf dlo dous paske dlo lamè a sale. Yo te mennen yo retounen jou 5 fevriye.

Yon lòt ti vwalye ki te gen 57 (senkansèt) moun ki te chita youn sou lòt te kite Lagonav jou 6 fevriye. Gadkòt ameriken mennen yo tounen jou 7 fevriye abò yon bato patwouj ameriken ki rele *Alert*; li te remèt yo bay Lakwawouj. Gadkòt ameriken ap veye tout lajounen tout lannuit anlè tout zòn ki andeyò Peyi Ayiti.

Washington – USIA

Libète laprès se yon bagay enpòtan pou devlopman. Nan yon entèvyou, mesye Leyona R Sismann (Leonard R. Sussman), espesyalis nan kominikasyon te bay, li di: «Bay enfòmasyon ak libète, se yon bagay trè enpòtan pou yon peyi fè pwogrè, fè devlopman».

Mesye Sismann, se direktè ekzekitif *Freedom House* nan Nouyòk. Se yon òganizasyon ki la pou «bati yon platfòm pou moun di sa yo vle kote ki pa gen libète laprès».

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

Daprè espesyalis sa a, avantay laprès lib ak di sa moun vle ka pèmèt tout moun ki gen kèk opinyon pou l bay, bay li yon fason... Epi bagay sa a, se yon avantay... Lè moun gen dwa chwazi, gen dwa koute plizyè ide sou yon menm sijè, sa se yon lòt avantay.

Misye voye konpliman bay tout jounalis k ap travay pou libète malgre sa y ap fè pou anpeche yo men yo fè sa yo kapab. Li di li panse yo ta merite fè jounalis reprezante espwa pou sa ki gen pou vini nan anpil peyi nan tyèmonn lan (peyi ki an reta nan devlope).

Li di tout sa l di yo se verite e fò sa chanje kanmenm. Men si yo panse, bese oubyen kontwole enfòmasyon an, ebyen! Sa se vrè repons la sa.

Boukan, #196. mas 1984. 20^{èm} ane. paj 13, 14

RONALD REAGAN MONTE YON DEZYÈM FWA SOU CHÈZ MEZON BLANCH

Jou madi 6 novanm ki sot pase la a, nan eleksyon pou prezidan peyi Etazini, Ronald Reagan ki te deja pase katran sou chèz Mezon Blanch te pote laviktwa sou Waltè Mondal (Walter Mondale) ki te reprezante pati demokrat la. Sa fè lontan depi se pati repibliken an k ap ranpòte laviktwa nan eleksyon peyi Etazini. Lè prezidan Reagan te aprann li te prezidan yon dezyèm fwa, li te di patizan l yo ki te reyini nan *Los Angeles*: «Bagay la sot regle; travay nou pa fini. Rete anpil bagay pou nou fè ankò».

Reagan prezidan yon dezyèm fwa; sa te fè anpil bri nan lemond. Pèp sovyetik la di konsa, se akòz «Enkyetid pakèt milyon Ameriken genyen lè yo wè sanble gen yon lagè nikleyè (lagè gwo zam tankou bonm atomik) ki menase yo»; se sa k fè yo chwazi Reagan ankò. Premye Minis peyi Izrayèl la, Peres, bò kote pa l swete re-eleksyon sa a pral «ranfòse kòz libète a tout kote nan lemond». Jounal *Washington Post* analize sitiyasyon an, epi l di: «Defèt Mondal la montre kondisyon pati demokrat la, Mondal pèdi kampay la ak onè e li toujou gen yon bon repitasyon.

Nou swete pandan katran Reagan pral pase la a, li va lite pi plis toujou pou wè si lapè ka tabli toutbonvre nan lemond.

Boukan, #203. novanm 1984. 20^{èm} ane. paj 13

PAWÒL LA PALE (2)

Daprè yon korespondan, te gen yon akwochay ant yon Ameriken ak yon milisyen lòt jou nan Leyogàn.

Ameriken an ta pral wè yon zanmi li Dabòn epi milisyen an rele misye. Youn pa konprann lòt paske Ameriken an pa t konprann kreyòl e lòt la pa t konn pale anglè; alò bagay la mangonmen. Milisyen an kase tèt Ameriken an ak yon wòch. Ameriken an t al panse nan lopital Sentkwa epi milisyen an te konsiyen. Sanble Ameriken an te sou.

Kominike sou zafè fo viza ameriken yo Pòtoprens – USIS

Anbasad Ameriken vle fè tout moun konnen jan tèt li chaje avèk kèk moun nan Pòtoprens k ap fè tèt yo pase pou reprezantan konsa a osinon pou moun k ap travay men nan men ak konsil la. Moun sa yo pretann di yo ka sèvi ak kontak yo gen nan konsil la pou jwenn viza touris pou zanmi yo, depi yo ba yo demil (2.000) dola konsa. Anbasad Ameriken ta renmen fè tout moun sonje sitwayen ayisyen pa gen senk kòb pou yo peye pou yo resevwa viza pou al vizite peyi Etazini...

Moun ki viktim mèt dam sa yo, se lè yo rive Ayewopò Entènasyonal Miyami yo konnen viza yo pa bon. Lè sa a, li twò ta pou yo: yo gen tan arete yo. Poutèt fo viza ki nan paspò yo a, leta ameriken gen dwa rele yo nan tribinal pou jije yo tankou kriminel, fè yo pran prizon, lèfini depòte yo (voje yo tounen Ayiti). Anbasad Ameriken pa ta vle pou inosan peye pou koupab. Se poutèt sa, li mande tout moun ki poko janm vwayaje al nan peyi Etazini pou yo veye zo yo ak moun ki pretann yo ka fè yo jwenn viza san yo pa bezwen prezante nan konsila a pou yo al fè oken koze ak youn nan konsil yo.

Yon lòt bagay ankò, anbasad la ta vle fè nou sonje: Depi konsil la dakò pou bay viza a, l ap remèt moun nan yon ti kat. Se kat sa a pou li prezante nan konsila a pou yo ka remèt li paspò li ak tout viza a. Pou nou ka sèten ti kat la pa fo epi tou viza ki nan paspò a se konsil la ki bay li, nou mande pou se mèt paspò a menm ki pou vin pèsònèlman nan konsila a chèche viza. Si yon moun sispèk viza touris li gen nan paspò l ta ka pa bon, li mèt rele nan telefòn osinon pase nan konsila a pou yo verifye sa pou li. Li mèt fè sa san kè sote, yo p ap pini l pou sa, ni yo p ap make li pou sa. Konsila a pa soti pou mete apse sou klou yon moun ki deja viktim mèt dam sa yo. Sèl sa ki enterese l se anpeche mèt dam sa yo bay fo viza ameriken...

GADKÒT AMERIKEN SOVE SWASANNDOUZ AYISYEN PÒTOPRENS – USIS

Patrouyè Gadkot ameriken yo rele «Shoalwater», nan yon operasyon sovtaaj difisil, retire nan dlo lamè bò zòn nò (yon ti zile ki rele *Andros*), 72 Ayisyen. Ti vwalye moun sa yo t al frape sou yon resif. Yon avyon «Jet Falcon» gadkot ameriken ki t ap veye zòn Karayib la te wè 62 gason ak 10 fanm a 7è30 nan aswè, jou lendi 29 janvyè. Pilòt avyon an te wè ti vwalye a ki te koule paske pasaje yo te mete dife nan vwalye a ak espwa flanm dife a t ap kondui moun pou sove yo si Dye vle. Yo te konprann nan ki danje yo te mete tèt yo. De bato patrouyè gadkòt te kouri vini kote nofraj la te rive, e nan dezè de tan tout pasaje yo te sennesòf abò patrouyè «Shoalwater».

Daprè ofisyèl gadkòt yo, operasyon sovtaaj sa a te yon pakèt afè, paske pa t gen blese grav e pa t gen moun mouri. Anpil Ayisyen ki te sou vwalye a, t ap lite kont gwo vag nan lamè a; yo t ap kenbe debri vwalye a, jiskaske gadkòt yo vin pote yo sekou. Moun ki pase mèt nan jan operasyon sovtaaj sa yo di konsa se chans pa genyen timoun pa t gen granmoun paske yo pa ta kapab sipòte vag nan lamè a.

Doktè gadkòt yo ak enfimyè egzamine moun ki te sou vwalye a e yo di konsa tout moun sa yo ase byen. Yo fè Ayisyen yo monte sou patrouyè «Dilijans» e yo gen pou yo tounen Pòtoprens jou vandredi, premye fevriye pou yo sa rantre lakay yo nan fanmi yo.

Si nou gade sou foto sa a, nou wè yon vwalye ayisyen «Anse Rouge». Gen 74 moun la a pou pi piti, ou wè fanm ak timoun youn sou lòt nan ti bato a; gen lòt nou pa ka wè. Yon Chajman konsa fè ti bato bwa sa yo pa ka chita byen sou lamè a, e li fasil pou l chavire paske li pote twòp moun pase sa li ka pran. Gadkòt ameriken yo panse gen plizyè ti batiman konsa ki pèdi nan lamè lè vwal yo dechire, motè yo tonbe an pàn oubyen lè yo vin manke gazolin, ou ankò lè move Nòde fè bato a koule.

Gade! Zanmi ede nou fè tout Ayisyen alawonnbadè rive li jounal *Boukan*.

Foto sa a w ap gade a, yo te pran l an oktòb 1981; li montre yon vwalye ki mezire 35 pye konsa; gen 56 frè nou, Ayisyen parèy nou, gen fanm ak pitit yo ki tou piti. Yo te soti Leyogàn pou ale peyi Etazini. Gadkòt ameriken te mennen batiman an sou rivaj epi yo te fè moun yo tounen nan Pòtoprens. Gadkòt yo fè konnen se yon sèn ki di anpil lè ou wè ti batiman sa yo ap eseye navige vè Etazini. Youn nan blan sa yo abitye pote sekou pou sove lavi plizyè Ayisyen ki pran kanntè; yo te bay misye yon rekonpans pou kouraj li (se li menm ki nan mitan lòt yo). Gen 63 Ayisyen tou ki te sove nan nofwaj 1984 la; gen 6 ki mouri pou pipiti.

PAWÒL LA PALE (3)

Sida -- Yo wete Ayisyen nan lis gwoup moun yo te konsidere kòm kwadire ki kapab bay maladi SIDA a.

Sant Ameriken ki kontwole Maladi (CDC (*Center for Disease Control*)) te wete Ayisyen nan rapò ki parèt chak semèn sou gwoup moun yo konsidere ki kapab bay lòt moun maladi SIDA a; yo pi konnen l pa bò isit sou non «maladi 4 H».

Rapò a di sou 8.840 ka SIDA yo te genyen, yo jwenn 74 sou chak 100 moun; se moun ki nan move vi ak gason parèy yo. Moun k ap pran dwòg nan venn yo (ak sereng), se 17 pou 10. Anpil Òganizasyon Ayisyen te toujou ap di lè blan yo te chwazi Ayisyen pou di se yo menm k ap kontamine lòt moun ak SIDA, se te diskriminasyon ak prejije, epi sa te fè touris yo pa t vle rantre an Ayiti.

Boukan, #209. me 1989. 21^{èm} ane. paj 9

JAN JAK ODIBON (JEAN-JACQUES AUDUBON)

«200 ane depi Jan Jak Odibon te fèt nan peyi d Ayiti», Ameriken sa a lemonn antye ap pale sou li jodiya; li te fèt yon 26 Avril 1785 toupres Okay; manman li te yon kreyòl ki rele Mari Woben (Marie Robin); papa l se te yon kaptenn batiman ki rele Jan Odibon (Jean Audibon).

Manman l te mouri Okay, 5 mwa apre li te fin akouche. Fanmi Foujè (Fougère), ki nan Jeremi, te elve ti Jan Jak. Men apèn li te gen senkan, papa l te vin chèche l pou mennen l Nantès (*Nantes*) akòz revolisyon ki te gen nan Sendomeng. Kidonk se nan peyi Lafrans Jan Jak Odibon te pase tout jenès li.

Gras a doktè fanmi l, li te aprann renmen etidye zwazo, flè ak plant; li te kòmanse sere yo, klase yo. Li te suiv kèk kou desen ak penti avèk yon gran pent ki te rele Lwi David (Louis David).

Lè misye te gen 18 ane, papa l te voye l nan peyi Etazini paske li pa t vle Bonapat foure l pami lòt jèn gason ki ta pral fòme lame Jeneral Leklè t ap kòmande a pou al atake Touden Louvèti nan Sendomeng (nan ane 1803).

Se nan Pennsilvani misye t al enstale l, toupres Vale Fòj; se la papa l te gen yon bitasyon. Men misye pa t twò renmen dirije; li te renmen lanati; li te pito al lachas, al lapèch. Depi l te fèk rive Etazini, li kòmanse etidye epi fè pòtre zwazo sovaj yo.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

Se nan ane 1837 li vin gen fòtin epi tout moun te vin konnen l. Tout Amerik, tout Anglètè t ap bat bravo pou bèl tablo li yo. Liv «Zwazo Amerik yo» misye te pibliye a, yo te rele sa evènman syèk la...

Lè misye te mouri nan laj 65 ane nan ane 1851, li te kite anpil bèl bagay pou peyi Etazini. Men tout limanite te rekonèt li kòm yon nèg ki pa renmen detwi lanati men ki ta renmen tout kalite zwazo kontinye viv.

Jounal *Boukan* swete mesaj sa a Odibon te bay la fè tout Ayisyen pran konsyans toutbonvre pou n gen tan sove lanati pa nou an, pou n sispann ravaje ti forè nou yo.

J.L

PAWÒL LA PALE (4)

Kounyeya, nou pa konprann anyen; nou wè se mizisyen yo k ap plede mouri pa bò isit, pa bò lòtbò. Se pa lanmò moun sa yo ki fè nou sezi men se sitou paske anpil ladan yo mouri san yo pa ranje koze yo ak Bondye. Pwovèb la di «malè pa gen klaksòn». Ebyen, se pou sa tout lòt moun ta dwe toujou pran yon ti tan pou reflechi sou lavi yo.

Konsèy konsiltatif pastè yo

Nan jedi 13 Jen ki sot pase a, Minis Jean Robert Estime ki responsab afè legliz yo nan peyi a nonmen yon «Conseil Consultatif des Pasteurs» ki vle di yon konsèy ki la pou reprezante legliz te fòme yo vizavi gouvènman an. Men moun ki fè pati konsèy la.

1. Pastè Brezil Saint Germain, prézidan «Mission Evangélique Baptiste du Sud d'Haïti» (M.E.B.S.H.).
2. Monseyè Luc Garnier, Evèk Legliz Episkopal.
3. Pastè Abdonel Abel, Prezidan «Union des Adventistes du 7^{ème} jour».
4. Pastè André J. Louis «Alliance Chrétienne Indépendante».
5. Pastè Fritz Fontus «Première Église Baptiste d'Haïti (C.B.H.)
6. Pastè Edouard Domond «Église Méthodiste d'Haïti».
7. Pastè Claude Noël «Concil des Églises Évangéliques d'Haïti» (C.E.E.H)

Konsèy sa a la pou ede gouvènman! Mete you ti lòd nan dezòd k ap pase nan divès Legliz Potestan yo. Epi tou, se pou ede Legliz sa yo mete pwogram edikasyon baz granmoun nan kominote evanjelik yo.

Gouvènman an fè akò ak legliz potestan yo.

Minis Jan Wobè Estime (Jean Robert Estimé) ki reprezante gouvènman an fas legliz yo, ansanm ak Minis Jera Dòseli (Gérard Dorcély) ki responsab edikasyon nan peyi a, te siyen

yon akò ak «Comité Protestant d'Alphabétisation et de Littérature» (C.P.A.L). Men nan moun yo ki te reprezante komite montre moun li a: pastè Poris Jan Batis Prezidan, pastè Sem Masèy (*Sem Marseil*) Vis-Prezidan epi Agonòm Karye Pol (*Carrié Paultre*) Sekretè Ekzekitif.

Youn nan divès rezon ki fè gouvènman an fè akò sa a ak legliz yo, li di konsa se paske depi komite a te fonde nan ane 1959, li te toujou ap bat kò l pou l te ka ede pèp la jwenn yon edikasyon de baz pou pèmèt li devlope.

Jounal *Boukan* kontan anpil pou li wè jan koze kreyòl kanpe nan mitan pèp la.

Pòtoprens – USIS

Konsila ameriken ap rete ouvri menm jan tankou toutan.

Anbasad Ameriken vle asire tout piblik la konsa a ap toujou rete ouvri toutan. Li di se manti tout bri k ap kouri kòmkwadire konsila a ta vle fèmen.

Bri sa yo te fè anpil anpil moun anvayi pou mande viza. Yon zotobre konsa a di: «Nou pa konnen ki kote istwa sa yo soti, men se pa vre; seksyon konsila a pa gen okenn entansyon fèmen ni an jen ni nan oken lòt moman. Kidonk sèl lè konsila a fèmen se lè vakans responsab ameriken ak ayisyen yo epi dènye madi nan mwa a.

Men kèk konsèy pou moun k ap mande viza touris :

- (1). Fò yo pote tout papyè yo, lèt ak tout dokiman nesèsè pou yo kab montre prèv yo genyen bagay ki mare pye yo nan peyi a.
- (2). Tout moun k ap mande viza ta dwe ranpli fèy demann lan epi tache foto yo sou li.
- (3). Fèy sa yo genyen yo nan konsila a ak nan ajans vwayaj tou.
- (4). Se sèl moun k ap mande viza yo kite antre nan konsa a. Men timoun, moun malad ak vye granmoun gen dwa fè akonpaye yo.
- (5). Moun ki gen 60 ane yo oubyen ki vye, yo mèt vin lè jedi. Jou sa a yo pèmèt yo pran plas nan tèt liy la jouk 9: 00 am (nan maten)... Se apre sa, lòt moun ki pi jenn yo gen dwa pase.
- (6). Moun ki gen viza miltip deja pa bezwen tann nan liy la ditou. Yo annik remèt paspò yo ak fèy demann viza a nan men gad ki devan baryè a. Yo gen dwa tounen pran paspò yo avan midi oubyen nan demen maten si se yon jou travay nòmal apre 4: 00.
- (7). Mwa ete yo, yo chaje anpil; kidonk, moun k ap mande viza yo epi ki pa gen lide pati avan septanm, se pou yo ta tann mwa septanm, avan yo vin prezante demann viza yo.

Boukan, #211. jiyè - out 1985. 21yèm ane, paj 10

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

NOUVÈL : LABADI (*Labady*)

(Joël Lorquet)

Plis pase kat (4) jèn mouri nan “Labadi” 2èm Seksyon Kominal “Ti Rivyè Latibonit” jou 16 out la.

Yon gwoup militè ak sivil ki te gen zam ak mas nan figi yo te ouvri zam sou yon reyinyon refleksyon Asosyasyon Mouvman Jèn Labadi t ap fè.

Ebyen, te gen plis pase 350 moun ki te rasanble pou fete 2^{èm} anivèsè asosyasyon an. Se konsa gwoup mesye ki gen zam yo te fè dapiyanp epi tire sou moun ki t ap asiste reyinyon an.

Daprè kèk temwen, prefè lokalite a te akonpaye kòmandò a.

Zak malonèt sa a te lakòz plis pase kat moun pèdi lavi yo. Lè gwoup malfektè yo te parèt, yo te kòmanse tire anlè pou fè moun yo gen kè sote pou yo te ka kouri. Se apre sa yo te kòmanse tire dirèk dirèk sou foul la. Anpil zannimo te blese epi mouri tou.

Moun k ap dirije «Mouvman Jèn Labadi» yo lanse yon gwo rèl bay tout òganis peyi lòtbò dlo k ap defann dwa moun pou yo vini fè bon jan ankèt sou move sitiyasyon sa a ki tanmen nan zòn lan.

Lòtbò dlo

Yon blan ki pa renmen moun nwa rekonèt devan lajistis li te vle asasine Jesse Jakson.

Yon patizan ki kwè nan ide blan siperyè pase moun nwa te plede koupab dèske li te vle tiye *Jesse Jakson*. *Jakson* se yon pastè nwa ki te kandida demokrat pou fotèy prezidansyèl la nan peyi Etazini.

Blan sa a rele Londèl Wilyams (Londell Williams). Li gen 30 rekòt kafe; yo te arete l apre l te fin pale ak yon detektif ameriken.

Yo te rive dekouvri yon fizi otomatik ilegal misye te gen lakay li.

Blan sa a te vle monte yon mouvman yo rele «aksyon blan»; li te deklare: «Jaksonn pote tèt li kòm kandida alaprezidans, se yon fason pou l te ka pase nwa yo nan betiz». Daprè lalwa peyi Etazini, blan sa a riske pase 13 ane nan prizon.

Li pa janm twò ta pou yon moun aprann.

Aprann se yon bagay ki pa toujou fasil, kit se yon leson, yon chante, yon metye ou menm yon lòt lang tankou anglè, espayòl, elatriye...

Yon lang yo pale lòtbò dlo pa egzannp se yon gwo defi li ye, si ou vle konn pale li.

Men gen kèk save nan peyi Almay ki pa dakò ak moun ki panse toutan yon moun pi granmoun memwa li bese, li pa kab aprann.

Gen yon pwofesè yo rele *Wolfgang Klein* ki deklare: «Pa gen pyès prèv, lasyans k ap bay pou montre granmoun kontre ak plis difikilte pase timoun pou aprann yon lòt lang. Granmoun yo kapab pa rive pwononse menm jan ak moun lòt peyi yo pale lang nan, men yo aprann vokabilè yo san pwoblèm, menm jan ak timoun».

Gen yon lòt save k ap fè rechèch sou edikasyon, misye deklare: «Gen anpil granmoun ki gen anpil memwa; yo ta kapab sèvi ak memwa yo pou etidye epi reflechi».

Moun ki soufri ak maladi pèdi memwa, se moun ki pa byen òganize vi yo. Anpil fwa yo pa sèvi ak sèvo yo jan yo ta dwe.

Pa mare kravats ou twò sere.

Daprè yon etid yon pakèt chèchè reyalize sou 94 moun k ap travay, gen twaka ladan yo ki sere kravats yo twòp. Save yo dekouvri lè kòl yon moun twò sere, sa fè zye l pa ka adapte ak chanjman limyè. Sa vle di moun sa a pa wè twò byen lè li sot nan fènwa pou l al nan solèy oubyen pou l antre nan yon chanm ki pa twò sere, sa fè san moun nan pa ka sikile byen nan tèt li. Sa ka menm lakòz kèk pwoblèm nan sa moun nan vle santi, sa l ap wè, sa l ap goute epi sa lakòz entelijans moun nan bese tou.

Boukan, #247. novanm 1988. 24^{em} ane. paj 7

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*
ZEN AK LÒT KOZE KI BON POU KONNEN

- * Èske nou konnen aspirin, remèd ki bon pou maltèt, se *Charles Gerhardt* ki te dekouvri l nan ane 1851? Kounyeya nan peyi Etazini, se li yo pi itilize.
- * Nanpwen yon moun ki pa gen yon radyo lakay li alèkile. Yo te envante radyo nan dat 18 novanm 1920. Yo fete 50^{em} anivèsè radyo nan dat 18 novanm 1978.
- * Nan ane 1887, yo bati nan mitan vil Pari (an Frans) yon kokennchenn moniman ki rele *Tour Eiffel*. Tou Efèl sa a sanble ak yon «A» majiskil ki gen yon pwent byen long. Li peze 7.175 tòn fè. Wotè li monte jouk 320 mètr konsa. Moniman sa a pote non mètr li, *Gustav Eiffel*, yon nèg ki fè sa li vle ak bout fè, yo rele misye yon majisyen paske se li ki te kòmanse ap fè rechèch sou fason pou fè avyon vole.
- * Pi gwo rivyè ki genyen nan lemond rele *Amazòn*. Se nan peyi Brezil li chita kò l nan Amerikdisid. Li debouche (l al tonbe) nan Oseyan Atlantik. Longè Amazòn se 7.025 kilomèt (plis pase 10 fwa Ayiti anviwon).
- * Peyi Etazini, ak kantite endistri l genyen, se premye peyi ki pwodwi plis asid silfirik, kuiv, zenk, plon, plastik ak lòt bagay tankou twal atifisyèl.
- * Sou chak 3 sigarèt y ap fimen nan lemond, gen youn ki fabrike nan peyi Etazini. Nou konprann alèkile poukisa se nan peyi sa a nikotin fè plis dega.

Joël Lorquet
Boukan, # 251. mas 1989. 25^{em} ane. paj 4

MOUN KI RENMEN BWÈ KAFE EPI PWOBLEM LANMOU

Daprè kèk rechèch save ameriken fè, yo dekouvri moun ki marye ki granmoun anpil epi k ap bwè kafe, yo pi renmen fè lanmou pase moun ki pa bwè ditou. Menm si kafe pa fin twò bon pou kè moun. Se sa yon etid jounal ki rele «Archives of Internal Medicine» te montre.

Etid sa a se yon ankèt yo te fè sou yon gwoup moun ki gen 60 rekòt kafe sou tèt yo oubyen plis.

Tout fanm ki bwè kafe yo, anfòm sou kesyon yo epi bò kote gason yo moun ki bwè kafe yo konn gen menm pwoblèm ak moun ki pa bwè ditou.

Sou 1.744 abitan vil Michigan, yo te poze kesyon, yo pa t bay detay sou kilè yo bwè kafe, ni ki kantite yo bwè si yo te pito bwè kafe ki fò.

Kozman kafe sa a tèlman enterese save yo; sa fè 500 etid ki deja reyalize sou efè kafe genyen sou moun nan peyi Etazini depi ane 1983.

Nèg ki pi wo nan lemond lan mouri.

Nonm ki pi wo nan lemond nan, se yon Mozanbiken, yo rele Babriyèl Etavawo Mondlàn (Babriel Etavao Mondane). Li mezire 2,65 mè. Misye sot mouri apre li fin tonbe nan jaden li.

Misye Mondlàn gen 45 ane. Liv «Guinness des Records» te klase misye kòm moun ki pi wo sou latè. Yo te bay misye ti non jwèt, «Jeyan Mandlakazi a» paske li te fèt nan yon pwovens ki bò lamè ki rele Gaza.

Lwa vodou mete dife sou yon moun nan Senmak.

Yon jèn ti nègès ki gen 18 ane manke mouri lòt jou nan Senmak. Li te konn sèvi lwa. Yon lè, li rete konsa li wè dife ap pran sou li.

Daprè sa paran yo fè konnen sou manmzèl, se lwa li t ap sèvi yo ki reklame pou l restavèk yo.

Chans pou li, li pa t gen tan mouri. Yo te kouri ak li nan lopital kote doktè te ba l laswenyay. Li te boule anpil nan vant ak nan kwis li.

Yon fanm ki fè 20 pitit.

Yon manman nan peyi Lekòs sot akouche 20^{èm} pitit li nan yon lopital ki nan vil Invènès (*Inverness*). Si madanm sa a fè 2 pitit ankò, li va menm jan ak yon lòt abitan vil *Warwickshir* ki gen 22 pitit. Se li menm ki gen plis nan lemond.

Madanm sa a gen 44 ane; li gen 12 gason ak 8 fi. Mari li se yon pastè legliz presbiteryèn nan Ekòs. Ventyèm pitit li a se yon ti gason ki an bòn sante; li peze 4, 5 kilogram.

J.L te ramase ti panye zen sa yo pou nou.
Boukan, #261. mas 1990. 26^{èm} ane, paj 12

ZEN: YON GRIP KI TIYE MOUN

Maladi grip la lakòz anpil moun mouri nan dènye mwa fredy sa yo nan lemond. Òganizasyon ki okipe afè sante nan lemond (OMS, *Organisation Mondiale de la Santé*) fè konnen, yo te gen dwa evite tout lanmò sa yo si moun yo te konn pran vaksen.

Òganizasyon an rekòmande moun al pran vaksen. Moun ki plis ka gen pwoblèm sa yo se moun ki depase laj 65 rekòt kafe yo, moun ki soufri ak maladi kè toutan, ak maladi pwatrin, moun ki soufri ak dyabèt ak moun k ap travay kote ki gen anpil moun epi ki pa gen ijyèn.

Lè sezon grip la te kòmanse nan mwa novanm, epidemi yo te fè anpil ravaj nan peyi Bèljik, Lafrans, Grannbretay ak Linyon Sovyetik. Nan peyi Grannbretay, te gen plis pase 6.000 a 7.000 moun kite trape epidemi lagrip sa a.

Vaksen konn tiye moun.

Depi dikdantan, Levanjil ap preche, men malgre tout bèl mesaj sa yo gen moun ki kontinye ap sèvi dyab la. Men yon istwa toutbonvre ki te rive yon gwoup moun ki te renmen lwa vodou yo anpil.

Plizyè moun, fanatik vodou ki t al pran yon vaksen pou malè pa rive yo, mouri. Sa te pase jou 31 desanm nan yon zòn yo rele «Gwayavye» ki pa twò lwen vil Sodo. Jou 31 desanm 1989 la moun sila yo t ap patisipe nan yon seremoni vodou anba tonèl. Lè ougan Tibèt te soti nan ounfò l ak yon sereng epi yon dlo li konpoze epi l enjekte l anndan moun yo, yo te kwè yo t ap resevwa yon doz ki te ka pwoteje yo kont puisans malefik.

Lè moun kòmanse ap mouri epi anpil lòt kòmanse malad, ougan Tibèt ak madanm li kouri sove san yo pa konnen kote yo fè.

Yon fanm pike mennaj li; yo kondane l pou 10 mwa.

Sa te pase nan vil *Houston* (eta *Texas*, peyi Etazini). Yon fanm ki gen 37 ane te kondane pou 10 mwa prizon paske l te blese fyansè l nan kou ak yon fouchèt. Fyansè a te vin mande l si l mèt chanje chèn televizyon an pou gade yon match foutbòl ameriken.

Manmzèl Vyola Delorès Douglas (Viola Delorès Douglas), ki t ap gade yon fim komik jou dimanch sa a nan televizyon an, te kòmanse atake dabò fyansè a ki rele Edi Aris (Eddie Harris), ak yon kouto, men misye te gen tan dezame l.

Kèk ti tan apre, fi a te retounen nan chanm kote televizyon an ye a. Lè li wè fyansè a te fèmen televizyon an, kidonk li te fè manmzèl rate fim pa l la pou grannmèsi.

Vyola te move kon kong; li rale yon fouchèt epi l pike mari a nan kou. Fi sa a te gen plis raj paske li pa t ap travay.

Kapòt ki plen dwòg anndan vant...

Yon ti nèg ki te blese nan yon aksidan avyon (peyi Kolonbi) ki te kraze nan *Long Island* touprè vil Nouyòk. Te gen kèk valiz ki te depase pwa nòmal la san pèsòn pa t ka wè sa. Pandan nèg sa a te sou tab operasyon doktè yo te dekouvri anndan vant li, 4 kapòt ki te plen ak yon poud blanch. Se nan entesten l misye te foure bagay sa yo.

Malgre poud la poko analize, doktè yo ki nan lopital la, panse se kokayin li ye. Yon dwòg ki vann pou anpil lajan.

Joël Lorquet te ranmase nouvèl sa yo pou nou.
Boukan, #263. avril – me 1990. 26^{èm} ane. paj 12

ZEN : PSST!

Yo arete de jènjan pou yon fo alèt sou bonb nan avyon peyi Laswis.

De jèn gason peyi Filipin ki t ap viv nan peyi Laswis ki pa t vle rate yon vòl ki t ap soti nan vil Jenèv pou Lond. Yo te imajine yon fent pou fè avyon an pran reta. Yo te decide telefone ayewopò a pou di yo te mete yon bonm abò avyon an. Men lè yo te rive nan ayewopò, lapolis ki te sispèk sa tou poze lapat sou yo.

Vòl la, nimewo 723, avyon «British Airways» te dwe vole a 8 è 55; te rive vole ak 2 èdtan reta men san ti vagabon yo pa t ladan. Lapolis te rive arete yo paske yo t ap obsève moun ki te nan ayewopò a.

Yo akize de mesye sa yo, dèske yo t ap annuiye epi menase popilasyon an. Bagay sa a pral fè yo pase prèske 3 ane nan prizon.

De lyon manje yon moun nan peyi Lachin.

De lyon ki te grangou te rive tiye yon jèn anplwaye nan yon jaden zowolojik (kote yo fè elvaj zannimo sovaj pou bay cho pou kòb). Sa te pase nan jaden zowolojik «Suzhow» nan sidès peyi Lachin daprè sa jounal vil Hongkong fè konnen.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

Misye te rele Wang Wu; li te bliye fèmèn pòt ki nan kaj kote yo te sere bèt sovaj yo pandan yo t ap fè netwayaj. Se lè sa a bèt yo vole sou misye epi podyab, yo devore l. Yon senp ti neglijan koute lavi l.

Giyotin, Giyotinen ...

M pa konnen si nou konn tande pale de D^{tè} (doktè) *Joseph Ignace Guillotin* ki fèt nan ane 1738 epi ki mouri nan kabann li nan ane 1814.

Misye te bay lide pou konstwi machin an bwa yo rele **giyotin** nan, ki gen yon gwo kouto pou tiye moun ki te nan politik ak vòlè, asasen, nan epòk revolisyon fransèz la (avan 1789). Chans pou li, lè li t ap mouri li pa t antre anndan machin nan pou verifye si machin nan te konn fè kondane yo soufri mwens.

Misye Giyotin te pwofesè anatomi nan kolèj Lafrans. Se pa li menm non ki te envante kouto yo rele Giyotin nan. Se nan ane 1791, Asanble Nasyonal la mande yon doktè yo rele *Antoine Louis* pou l fè plan machin nan. Yo te kòmanse eseye machin nan sou bèt tankou mouton epi sou kadav, men se te 25 avril 1792 yo te sèvi ak giyotin pou tiye yon gwo vòlè ki te rele *Nicolas Pelletier*.

Nèj tonbe nan gwo dezè Sahara!

Depi anpil ane, se premye fwa nèj tonbe anpil sou tèt mòn Mont Antar nan nò vil Becha nan sidwès Sahara.

Sa k te fè mirak sa a rive se akòz tan an k ap plede boulvèse, chanje nan zòn yo rele Becha a. Sa te fè gen anpil gwo lapli tou ak anpil gwo fredri yo pa t konn abitye santi.

Lotrejou, nan zòn sidès peyi Aljeri, gwo lapli ak gwo van ki t ap soufle te lakòz 2 moun mouri ak 7 lòt blese. Plis pase 100 kay te kraze tou.

Pa t gen anpil tranblemanntè an 1989.

Nan ane 1989 ki sot pase a, te gen sèlman 55 tranblemanntè ki te gen valè nan lemonn; yo te lakòz 526 lanmò; kidonk te gen timoun mouri pase lòt ane ki pase yo.

Odinèman, yo konn anrejistre 60 tranbleman ki konn koze 10.000 lanmò. Nan ane 1988 pa egzansp, te gen 61 sekous enpòtan ki te lakòz 28.000 lanmò sitou nan peyi Lameni.

Tranblemanntè ki te fè plis dega a, nan ane 1989, te tiye 274 moun nan vil «Tradjikintan» nan peyi Linyon Sovyetik.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

Nan peyi ameriken a kote gwo tranblemanntè ki te pase nan *San Francisco* ki te lakòz 62 moun mouri ak 3.500 lòt blese; nan dat 17 oktòb la, te gen 6 lòt sekous nan Kalifòni, Awayi, ak Alaska.

Joël Lorquet
Boukan, # 266. septanm - oktòb 1990. 26^{èm} ane. paj 9

CHÈCHE KONNEN (ti enfòmasyon)

- * Anpil moun te kwè sa, men se pa vre, pa gen bèt yo rele tig la an Afrik.
- * Pwason (kit nan dlo, kit nan lamè) kontinye grandi jouktan yo mouri.
- * Pi gwo epidemi ki te gen sou latè te rele «pès nwa». Maladi sa a te tiye plis pase 48 milyon moun nan katòzyèm syèk.
- * Se nan jwèt olenpik peyi Kolonbi, Silvyo Katò (Sylvio Cator) te gen meday lò a. Silvyo Katò te yon gran kourè ayisyen ki te konn chanpyon nan anpil kous. Se sa k fè yo bay estad Pòtoprens lan pote non l.
- * Chapo yo rele **Panama** a pa fèt vre nan peyi Panama. Se an Ekwatè yo fè l.
- * Premye konkou bèl moun (konkou bote) yo te òganize te fèt nan peyi Bèljik nan ane 1888 ak 21 kandida. Pi bèl fi ki te genyen pri a se te yon kreyòl peyi Lagwadeloup ki te rele Bèta Soukarèt (Bertha Soucarèt).
- * Èske ou konnen ou sèvi ak 72 misk nan machwè ou lè ou ouvri bouch ou pou di yon grenn pawòl?
- * Nan «Mezon Blanch» (*Washington*, peyi Etazini) gen plis pase 650 anplwaye k ap sèvi prezidan an chak jou.
- * Premye fanm ki te nonmen pwofesè nan Sòbòn se te yon fizisyen ki rele Mari Kiri (Marie Curie). Fizisyen se yon moun ki etidye **fizik** anpil epi ki konn fè eksperyans nan laboratwa. Sòbòn se yon inivèsite nan peyi Lafrans kote anpil moun save rasanble pou fòme lòt jèn ki bezwen konesans. Se pi gwo inivèsite ki genyen nan peyi Lafrans.
- * Premye fanm ki te antre nan Lapolis nan peyi Etazini te rele Alis Estebin Wèls (Alice Stebbins Wells). Sa te pase nan ane 1910 nan vil *Los Angeles*.

J. Lorquet
Boukan, # 267. novanm – desanm 1990. 26^{èm} ane. paj 11

PITO KOULÈV PASE CHAT

Abitan kèk zòn mòn zile «Krèt» renmen viv ak koulèv nan kay yo. Poukisa? Pou menm rezon ki fè lòt moun genyen chat; sa vle di pou chase sourit. Laplipa koulèv sa yo rann anpil sèvis lakay moun k ap viv nan mòn nan vil sa a ki rele *Athènes*. Koulèv sa yo pwoteje rekòt yo kont bèt wonjè; yo manje zannimo nuizib epi yo detwi ensèk.

Atansyon moun k ap bay san.

Yon gwoup doktè ameriken konseye moun pou yo pa al bay san yo twò souvan. Doktè yo fè remak sa a, se pou moun ka gen mwens chans pran sida nan transfizyon san. Doktè yo fè konnen san yo konn gen mikwòb ki bay anpil pwoblèm. Sa pa vle di pou moun pa bay san yo ditou paske risk yo gen limit yo.

Popilasyon peyi End ap ogmante.

Jodiya peyi End gen pase 800 milyon moun k ap viv ladan (pa bliye Ayiti gen sèlman 6 milyon moun k ap viv epi li gen tout pwoblèm sa yo...). Zotobre peyi End di yo gen anpil enkyetid paske yo pa ka fè pèp la fè mwens pitit. Tout sa yo eseye fè, kantite moun yo fèk kare ap ogmante; nan pi piti tan pase 8 ane, 120 milyon moun vin ajoute sou popilasyon peyi a. Jan sa prale la a, End san lè depase peyi Lachin nan afè peple pitit. Pa bliye peyi Lachin se la w ap jwenn plis moun sou latè. Peyi Lachin gen 1 milya abitan ladan. Sitiyasyon sa a fè zotobre End yo dekouraje nan eseye fè moun fè mwens pitit; sa lakòz tou, yo pa ka amelyore kondisyon lavi chè a ni disparèt koze moun pòv la. Minis Sante peyi End fè konnen: «Si sa kontinye konsa, End pral tonbe nan yon sitiyasyon kote p ap gen kay pou moun rete ni dlo pou bwè, ni lekòl ak bon jan lopital pou tout kantite moun sa yo.

Sa pa gen twò lontan, 5 pechè peyi Kostarika te pase plis pase 5 mwa pèdi nan lamè apre yon nofwaj nan Oseyan Pasifik. Yo te kite bòdmè Kostarika pou al fè lapèch pou 8 jou, men yo te kontre ak yon tanpèt ki te dire 2 semèn. Radyo yo te genyen pou ale sou bato a te kraze; bato yo a ki te mezire 9 mètr nan longè te bwote al kraze sou resif. Pechè yo te pran pàn gaz. Sa te fòse yo rete sou yon zile dezè; pou yo te ka viv. Yo te blije bwè dlo lapli epi manje pwason ak tòti pandan 5 mwa!

Yon bon jou pa chans, yon bato japonè te sove yo. Yo te gen tan lwen lakay yo nan yon distans pase 1.100 kilomèt nan sidès *Honolulu*; sa vle di tanpèt la te pote yo al echwe nan yon distans 5.800 kilomèt de kote yo te anbake a! Se sèl bato yo wè sou tout wout vwayaj yo. Yo te sove yo. Yo te jwenn yo anfòm; sèlman yo te remake kèk kout solèy sou figi yo ak kèk manb nan kò yo ki te anfle.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*
DEZYÈM GÈ MONDYAL LA FÈ YON LÒT VIKTIM

Sa pral gen 48 ane depi Dezyèm Gè Mondyal la te fèt men li kontinye ap tiye moun. Se konsa yon grenad te eksploze; li te lakòz yon moun mouri epi 2 lòt blese. Sa te pase nan Matrouh, yon vil ki sitiye a 500 kilomèt nan nòdwès vil *Caire* (peyi Ejip). Gen plizyè milye grenad konsa ki antere nan zòn dezè nan wès Ejip kote sòlda alye yo ak fòs yo te rele *Forces de l'Axe* te konn batay nan ane 1942 a 1943.

Ti koze sou zafè medikaman.

Pèp ameriken yo panse pou chak ka maladi gen yon grenn ki koresponn avè l ki kapab trete l; se sa yon pwofesè nan fakilte medsin Inivèsite *Cornell* (eta Nouyòk) te deklare. Apati 725 prensip yo rekonèt nan lasyans, famasyen ak chimis yo envante 300.000 medikaman ak vitamin yo vann (si moun nan gen papye preskripsyon doktè).

Akòz piblisite ki fèt, ak anvi pou gen sante miyò, Ameriken yo antre 12 milya dola medikaman nan ane 1987; sa ki vle di yo achte 43 % pi plis pase 1982.

Men bagay sa a pa san risk, sa pa pou granmèsi. «Pa gen pyès medikaman yo konnen ki inosan nèt ale, epi pwofàn la pa gen ase konesans pou l konprann sa. «Se sa yon doktè ki rele *James Todd* te deklare; misye se manm Asosyasyon Doktè Ameriken. Kidonk fò nou pridan, sitou lè n ap pran plizyè medikaman; melanj yo gen dwa danjre. Fò nou pa janm bliye li etikèt yo ak anpil swen; si nou doute, nou fèt pou n al mande doktè oubyen moun k ap vann nan famasi pou ban nou bon jan esplikasyon.

Boukan, #267. novanm – desanm. 26^{èm} ane. 1990. paj 9

PWEZI

Premye tèks Joël Lorquet te pibliye nan jounal *Boukan*

AYITI MWEN RENMEN OU

Ayiti, m renmen ou
M oblije renmen ou
Paske se nan ou mwen sòti
M gen so ou sou mwen depi m tou piti.

Se Ayisyen m ye
Se sa m ap toujou rete
Nenpòt ki kote
Mwen va pase

Malgre tout sa lòt peyi
Ap di sou ou Ayiti
Yo denigre ou
Sa pa ka anpeche nou
Renmen ou pifò

Boukan, out – septanm. 20^{èm} ane. paj 12, 13

Y a di ou pa *Perle des Antille* ankò
Ou se «Krizokal nan Lamerik la»
Yo di : «Mizè fè nou pran kanntè kou bourik»
Yo meprize nou kou cheni
Alòske gen yon bann lòt peyi
K ap fè vwèl pou vin lakay yo tou...
Etranje pa vin travay tè lakay nou
Epi chak ane, Ayisyen ap pati al
Al koupe kann Sendomeng
Panyòl, tou pwofite pran pye sou nou menm.

Maladi madichon fèk vini
Yo pa menm konn sa ki bay li
O, o! Yo gen tan foure lèt «4»
Pou Ayisyen; sa se kach!
Yo rele l «4H»

Manman pa ka rayi pitit; li gen santiman,
Men gen pitit ki rayi manman.
Wi gen move sitwayen,
Se yo ki wont di yo se Ayisyen
Lè yo rive sou tè lòtbò dlo, lòtbò kannal
Se yo tou k ap pale pwòp peyi yo mal.

Mezanmi, gen lè se jouk tan Jezi va retounen
Y a sispann sipoze, imilye, di tenten
Sou pèp Ayisyen
Gen lè nou pa ti kretyen vivan tou, hen!

A! Yon pèp ki gen yon si bèl istwa!
Si Desalin, Tousen, Kristòf te la
Yo ta kriye, yo ta fè move san
Yo ta tonbe, epi yo ta mouri toufe...
Yon ti moman!

Ayiti, pran kouraj, reziyen ou
... pitit ou pwomèt ou
Pou l fè sa l kapab tanzantan
Pou l travay tou pou pouse ou pi devan
Pou yon jou yo respekte ou vre!
Wi, Ayiti, m renmen ou! M renmen ou!
Se serye!

Joël Lorquet

SOUVNI VAKANS SENMAK

Mwen sonje lè nou te piti, nou te konn
al pase vakans Senmak.
Grann nou te konn vwayaje nan tren
Avèk anpil ti zanmi nou te byen
Nou te konn pote panye, valiz ak ti sak.
Lè tren an ap kouri, nou kontan, nou ri.
Nou wè tout pyebwa, kay, lamè,
moun ak bèt ap pase
Nou kontan pou n achte bannann ak
Pwason Akayè;
Manje griyo, bisuit epi wè

Rivyè ak izin pit Monri.
Lè tren an rive nan ga Senmak
Pou tout moun al lakay yo,
Nou wè yon bann moun: sa k vin
Chèche paran yo, zanmi osinon flannen,
N ap priye pou n wè demen maten
Pou n al grennen,
Nou prese vit pou n al pran
yon bon repo.
Kou li jou, n al wè tout paran pwòch
Flannen nan mache, manje dyanni
Vizite simityè, manje kann Lasiri
Benyen nan Kaskad ak nan
Lamè Gros Wòch.
N al benyen rivyè Fresino;
Nou manje tout kalite mango,
Nou di tout granmoun bonjou ak respè.
Lè lalin klè, n al sou waf pou
nou wè pwason k ap naje nan lamè
Byen klere ak fosfò sou kò yo,
Lè dimanch maten, n al legliz pou n
adore Bondye nou;
Si antèman ap pase nou gade,
Nou kalkile sou sò pa nou,
Konsa, nou pran plezi nou
San konsyans pèsòn pa gwo
N al flannen «Lalwè» ak «Lagarenn»
Lè vakans fini pou n tounen Pòtoprens
Chagren peze kè nou tankou yon pens
Fò kanmenm nou tounen
Malgre tout lapenn.

Marc-André Lorquet,
Boukan, # 191. oktòb 1983, paj 11 et 12

FÒK OU PANSE SA:

Mo ki pi gran an, se Bondye
Mo ki pi fon an, se nanm
Mo ki pi long lan, se letènite
Mo ki pi pre a, se kounyeya
Mo ki pi nwè a, se peche
Mo ki pi repousan an, se ipokrit
Mo ki pi laj la, se verite
Mo ki pi fò a, se limye
Mo ki pi tand lan, se lanmou
Mo ki pi chè a, se san
Mo ki pi dous la, se syèl

Boukan, #199. jen 1984. 20^{èm} ane. paj 13

POUKISA TOUT BAGAY SA YO?

Nou tout fèt avèk tè,
Nou tout sot nan Bondye;
Nou mèt fè sa nou vle,
N ap tounen nan vant tè.
Nou vini san anyen;
N vle pote tout ale;
Kisa n ka pot ale?
Se pou latè tout byen ye.
Pi gwo vle vin pi gwo,
Sa k rich vle vin pi rich,
Sa fè yo tout di, chich,
Yo pa panse ak sò lòt yo.
Si ou pa gen bèl koulè,
Si ou pa gen gwo lespri,
Ou toujou jwenn mepri
Yo pa ba ou valè.
Si ou pa genyen bèl kay,
Tè avèk anpil byen,
Se tankou ou pa t anyen
Ou sanble yon vye pay.
Nou bezwen reflechi,
Wi, sou anpil pasaj

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

Pou nou ka vini saj,
Konsa n a vin piti.
Se bagay difisil,
Sa prèske enposib,
Men pou moun ki pezib
Li kapab vin fasil.
Nou bezwen tèt ansanm
Pou n mache men nan men,
Nou va fè menm chemen
Si n met kè nou ansanm.
Epi Bondye va kontan
Lè nou tout fè yon sèl
Se konsa l te wè l
Depi nan kòmansman.

(Marc André Lorquet)
Manm konsèy kominotè (Lanzak)
Boukan, #207. mas 1985. 21^{èm} ane. paj 14

MWEN PA WÈ PYÈS ESPWA LAPÈ...

Mwen pa wè pyès espwa lapè pou monn sa a
Si li pa chèche chanje fason l ap viv la.
Sivilizasyon sa a kondane
Akoz li pa vle kwè pawòl Bondye.
Pakèt pwoblèm ki genyen jodiya,
Yo depase limanite an antye.

Refren

Nou vini jwenn konsolasyon sa a,
Nan pawòl la li te ban nou an;
«Se sou wòch sa a m bati Legliz mwen an,
E pòt yo pa gen dwa janm fèmen».
Nou pa wè jan monn sa a ajite?
Moun ki san Bondye pa gen espwa
Dyab ki nan lanfè yo gen tan lage;
Istwa sa a seryezman angaje.
N ap travèse yon enpas ki kritik
Do kay la tou prèt pou l tonbe.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

Nou sanble ak yon pèp ki kondane,
Lanmò l ap tann li, pa gen espwa pou li;
Lèzòm gen tan pran nan yon angrenay,
Gen yon evènman ki gen pou pase;
Men nou pa kapab evite l
Paske Labib te gen tan predi sa.

...

Nan monn sa a nou gen pou n jwenn sèlman;
Youn rayi lòt, vòlè, krim ak manti.
Sa nou remake jodiya, se tout kote ou pase
Ki gen prejije
De jou an jou lèzòm vin pi ipokrit,

Sèl ak Kris n a pot laviktwa.
Se tout moun nèt ki ta dwe genyen Jezikri.
Legliz ta reveye l nan dòmi
Pou l anonse toupatou Bon Nouvèl la
Jezikri te ban nou lòd pou n preche a.
Ka se yon viktwa pou moun ki kretyen yo.
Talè konsa nou va gen yon repons.

(Se Pastè Masèl Jelin ki ekri tèks sa a. J. Lorquet ki tradui l.
(ref. Liv: *Réveillons nous* ; *Boukan*, #208. avril 1985. 21^{em} ane. paj 14)

SE WONN JENÈS LA

Se wonn jenès la
Pou pitit Leseyè yo;
Li si bèl
Men wonn nan pa gen lagete
Pou jèn ki san Jezi yo,
Ka lajwa ak bonè yo pa dire lontan
Se wonn jenès
E pitit Leseyè yo
Ap lapriyè
Yo te chèche wayòm nan
Ak lajistis Bondye;
Yo pa pè avni yo ankò
Se wonn jenès la
Nou menm pitit Leseyè yo
Annou bay lajwa

Lwen lemonn ak peche;
Ann toujou mache ak li
Nan lafwa, lapè, lanmou ki ini nou
Se wonn jenès la
Jenès ou pou sovè ou
Se deviz la
paske ou va chèche l pou granmèsi
E ou p ap janm jwenn li
Bonè sa a ki va kouri pou ou, tout lavi ou
Se wonn jenès la
E pitit Lesechè yo
Ap fete
Alò, vin jwenn nou
Pou n al chante tout kote
Lavi ak Jezi pi bèl anpil.

(Se chan tèm pwogram espesyal jenès evanjelik Ayiti yo ak CEEH te chante jou 29 jen nan Pòtoprens; se nou ki tradui l an kreyòl).

J.L

Boukan, #213. oktòb 1985. 21^{èm} ane. paj 12

PRENTAN!!

Se sezon nan ane a kote grenn lapli cho ap tonbe
Kote solèy ap briye chak jou
Kote zwazo ak plimay dore ap vole
Youn dèyè lòt nan tout raje
Kote kònèy ap kriye, rele,
Ap vòltije sou pye palmis, ap poze sou bèl flè!

PRENTAN!

Se lè tout pyebwa kanpe, ou ta di yo anvi pike
Nan bèl syèl digo a...
Fèy yo vin pi bèl, pi fre...
Paske solèy la briye pi byen,
Epi tank l ap briye, se kòm si m ta di ou
Reyon l yo vin tounen grenn dyaman...
Fò ou ta wè.

PRENTAN!

Sezon pou t ap tann nan

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

Sezon tout zannimo, tout jaden t ap chèche a...

PRENTAN!

Yon non lòt peryòd nan ane a pa ka tandè ou;

Prentan! Fò se ou ki pou ta prentan vre!

Mèsi prentan! mèsi.

(J. Lorquet)

Boukan, #23. avril 1987. 23^{èm} ane. paj 10

ANNOU BAY LANMEN

Jezi, voye yon ti kout je sou Ayiti;

Peyi a nan pwoblèm, pa kite nou peri

Jezi, gen anpil moun ki nan grangou

Yo pa ka manje, yo pa ka abiye.

Fò nou bay lanmen, fò nou bay lanmen

Pou nou pwogrese

Fò nou bay lanmen,

Pou peyi a ka delivre

Jezi gen yon pòsyon moun ki tèlman rich,

Y ap gaspiye lajan, sere l aletranje.

Jezi pale nan kè yo tanpri souple,

Pou yo genyen lanmou,

Pou ede lòt frè yo.

Jezi, di yon mo pou nou souple

Paske lavi a vin twò di, nou pa ka sipòte

Jezi, fè nou tout kapab bay lanmen,

paske si pa gen inite, nou p ap janm avanse!

Annou bay lanmen!

Annou bay lanmen pou nou pwogrese!

Annou bay lanmen!

Pou peyi a ka avanse!

(Joel Lorquet)

Boukan #261, 26^{èm} ane. mas 1990, paj 11

AYITI MALAD GRAV, PÈSÒN PA KA OPERE L

Mezanmi, se tout moun, tout vwazinay yo
Ki enkyete lè yo wè pwoblèm ak tray Ayiti ap pase
Peyi d Ayiti toumante
Sistèm politik sistèm lajan an ap toufe l
Se tout sosyete a k ap toufe.

Mezanmi Ayiti malad!
Rete! Gade jan peyi nou an malad!
Ayiti kouche sou tab operasyon,
Gen yon pakèt doktè bò kote l,
Malerezman, youn nan dòktè yo pa rive antann yo.

Gen lòt dòktè menm ki panse yo ka
Geri Ayiti byen fasil.
Yo di se trè senp,
Se pou yo annik kalme doulè a,
Bese lafyèv la,
Yo pa bezwen chèche konnen kòz yo.

Pandan tout an sa a k ap gaspiye a,
Ayiti ki malad la toujou kouche sou tab la,
L ap souffri,
Men doktè yo kontinye ap pale anpil,
Y ap fè bèl diskou,
Y ap fè wè yo se konesè.

Anpil doktè pase sou malad la,
Anpil konsiltasyon fèt,
Anpil remèd preskri.

Espesyalis ki soti lòtbò dlo yo,
Vin egzaminen ka Ayiti a.
Yo wè l nan fason pa yo,
Yo fè preskripsyon san yo pa konsidere
Vrè bezwen malad la.

Pandan tout tan sa a k ap pase a,
Malad la ap trennen,
L ap jemi,
L ap souffri.

Yo chanje doktè sou doktè.
Malad la bouke,
Li fatigue,
Li prèske fin rann tout gout san li.
Ayiti gen tan sou katriyèm doktè
ki dèyè trete li.

Mezanni o!
Li lè wi!
Li lè, li tan pou malad la sispann soufri
Pou li sòti nan kriz sa a,
Nan boulvèsman sa a,
Nan vye enpas sa a ki anpeche l mache

Li lè, li tan,
Lè a dwe sonnen pou Ayiti geri,
Pou Ayiti chanje wout,
Mezanmi li lè pou doktè yo
Pran konsyans,
Pou kè yo fè yo mal pou soufrans malad la,
Si se pa sa Ayiti
Ap tou mouri
Sou tab operasyon an!
Li lè!

(Joël Lorquet)
Boukan, #258. novanm 1989. 25^{em} ane. paj 12

NWÈL KANMENM

Mezanmi, sou tout latè,
Y ap selebre fèt Nwèl;
Men nou menm nan peyi d Ayiti,
Nou santi kè n sere.
Pwoblèm yo ap ogmante;
Chomaj la vini pi plis;
Ensekirite nan tout kwen,
Poutan men Nwèl rive.
Amèn !...

Ouvriye sibi nan faktori,
Patwon revoke yo mal;
Zotobre pa janm di anyen;
Piti toujou anba.
Ewozyon fini ak mòn yo
Peyizan pa ka manje;
Men malgre tèt chaje sa yo
N ap fete Nwèl kanmenm

Jezi se sèl mesi a
Ki konnen tout pwoblèm nou yo,
Avan lontan sa pral chanje,
Nou va fete san rete.
O! O! Alelouya!...

Jezi te fèt nan mizè
Nan yon pak pou zannimo
Se yon fason pou l te ka montre nou
Pou nou gen lasajès.
Pèp ayisyen, fò nou kanpe
Pou nou kraze chenn fènwa;
Nwèl se senbòl liberasyon
Annou fete nwèl la!

(Joël Lorquet)
Boukan, #259. desanm 1989. 25^{èm} ane. paj 5

JEZIKRI

Jezikri,
Se ou menm ki bay lavi,
Se ou menm ki kreye tè ak syèl la,
Se ou sèl ki wa.

Jezikri,
Ou konn padone peche,
Ou konn geri kè ki malad,
Ou konn fè mirak.

Menm si peche nou te nwè

Pase chabon
Menm si nanm nou te sal
Pase labou Kwabosal,
Ou kab netwaye l,
Fè l vin blan
Pase koton
Se Jezikri, wi,
Wi.

Jezikri,
Tanpri vini nan kè nou
Nou bezwen lavi nou
Transfòme,
Pou Sentespri ou
Ka viv nan nou...

Se ou k chanje lavi,
Ou konn pirifye kè
Ou konnen sangtifye,
Ou konn padone,
Ou konn padone.

PLANTE! PLANTE! PLANTE!

Ayiti s on w savann,
Lè m leve zye m m gade mòn yo
S on tristès k anvayi kè m,
Yo fin debwaze l.
Si nou pa prese
Pou nou rebwaze peyi nou,
Ayiti ap yon dezè,
Se nou tout k ap regrèt

Sove savann sa a,
Sove dezè sa a;
Men, fò se nou tout ki pou met men
Pou n fè yon konbit rebwazman.
Nou bezwen vèdi;
Nou bezwen oksijèn;
Fò nou pwoteje anviwonman,

Pwoteje lanati.
Ayiti peyi n,
Yon jou fò li resisite.
Annou lite kont polisyon;
Annou tout plante.
Lapli va tonbe,
E bèl ti pyebwa va leve,
Menm ti zwazo va chante,
Se nou tout k ap kontan.
Plante, plante, plante,
N a sove peyi nou.

Plante, plante, plante,
N a sove planèt la
Plante, plante, plante,
N a va gen oksijèn;
Plante, plante, plante,
N a va byen respire.

(Joël Lorquet)

Nan okazyon «jounen latè a» ki sot pase nan mwa Avril la.
Boukan, #264. jen 1990. 26^{èm} ane, paj 9

MESI SEYÈ

Mèsi Seyè,
Pou pwoblèm mwen jwenn sou wout mwen,
Sa fè mwen grandi chak jou,
Puiske w ap kondui m.
Mèsi Seyè,
Pou pasyans eprèy yo ban mwen,
E puiske mwen vin pi fèm,
Mwen sèvi ou pi byen.
Men lè pwoblèm yo
Tounen pi rèd,
Mwen jete nati imèn nan;
E mwen lese lespri
Kontwole tout bagay;
Pou nan mitan yo,
Mwen kab konnen kijan
Pou mwen aji,

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

E Bondye dikte m, byen vit,
Tout sa pou m fè...
Mèsi Seyè,
Pou tout vikwa
Ou ban n chak jou;
Mwen vire do bay tout peche,
Lavi pa anyen...
Mèsi Seyè,
Paske tout bagay
Vin nan plas yo;
Mwen wè vizaj ou,
M ap suiv ou pou toutan...

(Joël Lorquet)

Boukan, jiyè - out 1990. 26èm ane, paj 4

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*
NWÈL : YON FÈT Y AP FETE DEPI LANTIKITE

Nwèl, se yon fèt y ap fete depi lontan nan lantikite. Depi nou tou piti, nou wè chak ane yo fete Nwèl nan mwa desanm.

«Nwèl, se fèt Jezi, piti Bondye a, te voye sou latè nan vant Mari pou l te ka sove lèzòm». Men, èske tout moun k ap fete Nwèl wè l konsa? Èske tout moun ki renmen fèt Nwèl wè enpòtans li ak misyon Jezi te vin akonpli lè li te vini sou latè.

Bètleyèm! Se vil ki pi enpòtan sou latè paske se la Sovè a te pran nesans.

Nwèl! Se pi gwo kokennchenn fèt nan tout almanak ki egziste, Nwèl fè nou sonje anivèsè Jezi. Konnen l, se renmen l, se onore peyi kote li te fèt la ak anivèsè l tou. Men gen anpil moun ki panse se yon 24 desanm vre nan aswè ti Jezi te fèt. Gen lòt moun ki kwè Jezi fèt chak Nwèl epi li mouri ane pwochen nan epòk Pak. Si nou gade byen, pa gen moun ki konnen dat Jezi te fèt. Istwa rakonte tibebe a te vin nan yon lè ki te gen fredy, sa vle di nan sezon ivè. Se sa k fè yo chwazi dat 24 desanm pou yo fete l. Paske yo kwè lè sa a te fèt frèt anpil. Men, tout moun lib pou yo chwazi nenpòt dat pou yo fete gwo evènman sa a. Si yon moun ta di Jezi fèt yon 24 desanm, se sou blòf li ye. Li ta dwe montre ou kote li wè sa ekri, menm Labib pa bay pyès dat.

Nwèl, se yon fèt kretyen yo fete kòm souvni nesans Sovè a, Jezikri, Bondye te voye pa amou li gen pou nou.

Kòm Adan ak Ev te dezobeyi l, li voye pwòp pitit pa l pou vin rekonsilye nou avè l. Men sa li di nan pawòl li «Nenpòt moun ki kwè p ap mouri, men li va gen lavi pou toutan.» Avan sa, lè yon moun te fè yon peche, fò li te tiye gwo mouton pou ofri sakrifis. Men depi Jezikri vini, li pran tout sakrifis nan plas nou; se sa k fè kounyeya nou kapab priye ak lafwa sèlman, repanti avèk tout senserite tout sa nou fè ki mal epi Bondye ap padone nou.

Men malerezman lè moun yo fete Nwèl, yo fè banbòch sèlman. Yo pa janm pran yon ti tan pou reflechi sou enpòtans sa a Jezi te pote e ki posib pou yo jwenn jodiya.

Pou peyi d Ayiti, fèt Nwèl sanble te kòmanse fete pou premye fwa nan mwa desanm 1492, lè Panyòl yo te touche tè a paske avan sa, Endyen yo pa t konn koze konsa. Men gen bagay ki pa fè nou plezi. Nou ka di pèp ayisyen renmen kopye sou sa ki vini san yo pa mete l nan jan lakay yo. Nou ka wè sa lè nou pase devan gwo magazen lavil; nou wè yon gwo blan byen kòlte, abiye ak koulè wouj ak blan; bonèt pou fredy nan tèt li san pa gen nèj k ap tonbe epi yo rele l Papa Nwèl oubyen Tonton Nwèl. Isit, pa gen sapen blan, yo pito al jouk Kenskòf, Fisi y al pran bwapen pote desann pou fè bèl abdenwèl. Poukisa yo pa fè yon Tonton Nwèl ayisyen ak gwo ble l sou li ak djakout li nan do l? Yo ta kenbe menm prensip

ak lòt peyi yo, men ak yon lide ayisyen, paske nou se Ayisyen; se si vre, chante a di «Nwèl twopik yo, se pa yon vrè Nwèl».

Gen anpil moun, jouk yo vin granmoun, yo kontinye kwè nan *Tonton Nwèl* toujou; menm si yo pa janm wè l, yo toujou sipoze li egziste.

Mwen sonje lè m te timoun, yo te toujou konn ap pale m sou «Papa Nwèl». Yo di m si m pase lekòl, misye ap pote kado pou mwen. Yon fwa, 24 desanm rive, m dòmi; demen maten lè m leve, m santi yon bagay anba tèt mwen; lè m ouvri l, m te wè yon bèl ti avyon. Tout mande m mande, yo di m se Papa Nwèl ki pase e ki mete la pou mwen. «Misye se nan nuit li mache lè tout timoun ap dòmi; se sa k fè m pa ka wè l».

Ane pwochen, pa malchans pou paran m yo, je m al tonbe sou yon ti machin jwèt yo te sere nan yon kwen nan chanm nan. La, m sispèk yo; m pare pou yo. 24 desanm vin rive ankò. Demen, lè m leve, m wè se menm ti machin nan m te wè a; yo vin mete anba tèt mwen. Lè y ap vin di m se Papa Nwèl ki pote l, m tou di yo: m p ap pran nan blòf sa a ankò. M te gen tan wè kado Papa Nwèl la nan kwen kay la! Ebyen se depi lè sa a, m pa pran nan mera sa a ankò!

Sa k fè m di Nwèl pa gen okenn valè nan lemond se paske nou wè se yon mwayen pou anpil magazen vann anpil nan epòk sa a. Se lè tout radyo ap pase mizik Nwèl, ki fè anpil plak Nwèl vann. Se lè pou tout moun achte kat voye bay mennaj ak zanmi yo. Se lè gato ak yon dal lòt bagay vann menm avan premye janvyè.

Tan pou moun yo ta plis panse kado Bondye te ba yo, sou valè sakrifis pitit li te pran nan plas yo; se lè sa a, yo wè pou yo bwè kleren, banboche ak fi isit lòtbò. Ti medam yo konn wè jou a tèlman bèl, yo tou pran yon vakans nèf mwa ak yon ti bebe.

Men, kisa Nwèl ta dwe ye pou nou, mezanmi? Gen yon ekriven ki te ekri: «Sa pa di anyen si Jezikri fèt mil fwa nan Bètleyèm; si li pa fèt lakay pa ou, kè ou vid toujou».

Depi Bètleyèm nou wè Jezi ki kòmanse vwayay li pou l monte kalvè pou l kapab rachte moun ki pèdi. Pa gen anyen ki pi mèveye lè nou wè «Letènèl» kite twòn li nan syèl pou l vin sove nou. Li te pran menm fòm ak lèzòm. Li pase mizè; yo imilye l; yo pa t gen plas nan otèl la pou li; manman l te oblije fè l nan yon pak bèt.

Nou bezwen konsidere fèt Nwèl kòm yon gwo evènman kote Liberatè a ki gen anpil puisans ak lanmou te vin rachte mwen menm avèk ou; wete nanm nou nan vye bagay yo rele peche. Nou bezwen konfòme nou paske l di nou: «Mwen vin chèche e sove tout moun ki te pèdi. Nou bezwen repanti paske wayòm syèl la prèt pou rive».

Wi, Nwèl fè nou sonje Bondye men nou bezwen kontinye sonje li toutan.

Nwèl, se yon okazyon pou nou santi nou kontan, pou nou bliye pwoblèm nou yo ak tout move mès ki gen nan monn sa a.

Nwèl, se yon fèt, yon fèt ki fete toupatou sou latè, yon fèt ki pote lajwa nan kè tout moun. Li tèlman bèl, li pote yon koulè nan je lèzòm ki fatige, ki fin dezespere. Nwèl gen yon gwo siyifikasyon. Nwèl ofri yon bèl pwomès; li fè limanite konnen li kapab sove pa mwayen Jezikri.

(Joël Lorquet)

Boukan. #193. desanm 1983. 20^{èm} ane. paj 10,11,12

NWÈL LAKAY

Mezanmi, ala on bèl fèt se Nwèl!
Depi se epòk sa a ki pral rive
Ondirè, ou santi tout bagay chanje
Tout radyo gen tan kòmanse pase bèl ti chante Nwèl.

Se tout moun k ap priye pou yo wè jou sa a
Paske yo deja fè anpil pwojè pou yo ka byen fete
Men podyab, anpil konn gen tan al nan «peyi verite»,
Yo pa menm gen tan banboche ak lèzengra

Epi jou kouri, jou kouri, fèt Nwèl vin rive
Kè tout moun kontan, pèsòn pa vle dòmi,
Depi granmoun bouch fòbòp rive jouk sou timoun piti
Yo si tèlman ap fete, yo rive bliye si peche egziste

Aswè 24 desanm sa a, lari a chofe...
Tout magazen rete ouvè byen ta
Kote ou pase se jwèt, poupe, ti machin revolvè ak peta;
Pidetwal fè moun pè; ou pa ta di se dife?

Chanmas chaje ak moun k ap monte desann
Sa k ap jwe raf, k ap bwè krèm, lòt k ap manje fritay
Sa k pral nan bal; lòt k ap tyeke yon kòmè; Ayayay!
Fi ki pwofite yo konn tou pran yon vakans 9 mwa, san konprann...

Klòch ap sonnen! Se Nwèl, fò y al nan reveyon,

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

Granmoun katolik yo pral katedral, nan mès minui;
Sa ki kretyen yo pral priye nan vèydeni,
Tout bouch ap manje: pate cho, ti sirèt, ak bonbon...

Gen de moun se jou sa a pou yo fimen,
Pou yo bwè kont tafya yo,
Andire jou Nwèl sa a, yo bliye tout pwoblèm yo,
Men, kon Nwèl fin pase, penpenp yo ap pi rèd lè yo retounen;

Nwèl se fèt ki fè tout moun achte kat ak kado
Pou voye zetrenn bay zanmi, bay mennaj yo tou.
Tout moun ap fete; menm pòv yo toupatou
Sèl ti bòn yo blije ret kwit bonm manje sou recho...

Nwèl lakay; genyen menm se lwa pou yo bay manje
Y ap fè gaspiyay, yo bliye apre demen;
Men, lè babako manje fini, pa rete anyen,
Tèt yo cho, lè sa a yo regrèt, yo pa t nan Bondye.

Nwèl lakay, son w bèl fèt, se lajwa, lagetè
Men, li t ap pi bèl toujou
Si nou te fè l chak jou nan kè nou
Ak lamou pou pwochen nou, nou ta va ede.

Nwèl son w okazyon ki ta dwe fè nou reflechi
Sou enpòtans pitit Bondye te voye sou latè
Pou sove n epi nou meprize l pase vètè...
Wi, Nwèl lakay, son w fèt, yon fèt ki dwe fè nou panse pi plis sou lavi!

(Joel)

VIV NWÈL!!

Nwèl, se lanmou,
Nwèl, se lajwa
Nwèl, se kè kontan,
An menm tan, se espwa limanite,
Viv Nwèl!

Nan fèt sa a, se pa sèlman
Mwen menm,
Se pa sèlman ou menm k ap rejwi,

Men lanati alawonnbadè,

NWÈL!!

A la yon bèl fèt,

Viv Nwèl!

Toupatou kote ou pase

Se yon sèl pawòl, «Nwèl la rive»

Nan tout rankwen, machann ap vann

Jwèt pou timoun piti...

Aktivite an denmon...

Kay ap pentire...

Abdenwèl ap dekore...

Reveyon isit,

Reveyon lòtbò...

Jou sa a tou, kèk gwo kodenn

Pèdi lavi yo,

Timoun yo tounen

Ti zwazo nan bwa

Afòs yo chante Nwèl.

... O! ala yon bèl bagay!

Men wi, se Nwèl,

Viv Nwèl!

(Joseline Coquillon)

Boukan, #193. desanm 1983, 20^{èm} ane. paj 14

NWÈL! NWÈL! (1)

Nou konnen chak moun gen karaktè pa l, manyè pa l ak mès pa l; konsa, chak moun fete «Nwèl» li nan jan pa l.

Si nou ta vle esplike mo «Nwèl» la, nou ta ka di «se yon fèt ki fete an souvni lè Jezikri te fèt». Nou ka di tou se yon «gwo evènman ki gen anpil enpòtans pou tout moun k ap viv sou latè. Se sa k fè Nwèl fete tout kote nan lemonn. Nan pifò peyi, yo fete fèt sa lannuit 24 rive 25 desanm.

Si nou obsève byen, nou ka di moun alèkile pèdi sans mo «Nwèl» nan lè yo fete l la. Si nou gade byen fèt sa a tounen yon bon moman pou fè komès mache byen, pou fè grinbak ak lamama antre nan pòch... Se epòk moun ka fè kòmès, machann pwofite fè pi bèl lavant.

Pou di verite, Nwèl se yon jou ki fè nou sonje lè Sovè a te fèt. Sovè sa a se Jezikri, Bondye te voye nan lemond pou wete nou nan peche. Men si nou gen bon memwa, se li menm menm yo te meprize, trayi, kloure sou yon kwa, apre sa yo te pèse kòt li ak yon lans... Men li te leve soti nan tonbo a sou twa (3) jou. Tout moun te konstate li te resisite paske anpil moun te wè l parèt devan yo avèk yon rad byen klere. Se vre, se te menm Jezikri sa a ki te mouri e ki resisite ak yon lòt kò, yon kò «gloriye».

Men pou li te ka rive mouri pou nou, fò li te vini nan mitan nou tankou tout tibebe. Kidonk, «Nwèl» pa nenpòt fèt; se yon fèt espesyal paske se lè sa a Bondye te ban nou Redanmtè li te pwomèt nou an. Kòm se yon fèt Nwèl la ye, anpil moun pwofite pou kè yo kontan. Gen bèl reveyon toupatou, gen legliz ki prepare yon bèl pwogram pou jou swa sa a. Toupatou kote ou pase se fèt.

Pou nou nan peyi nou, moun pa vle rete chita lakay jou sa a . Bò isit se pate cho, se moun ki pral mès minui, se mennaj ak mennaj ki pral nan sinema oubyen nan bal... bò la menm, se yon gwoup moun k ap bwè tafya arebò yon tab. Chak moun pran plezi jan pa yo, jan yo wè li bon. Fò nou pa bliye tou gen anpil moun k ap priye pou di Bondye mès pou gwo kado sa a li te fè nou. Menm malere a ki pa gen lajan ki kwokiye kò l nan yon kwen pou kont li ap fete «Nwèl» pa l anndan kòf kè l.

Wi! Men si «Nwèl» se yon fèt ki soti lwen, lwen nan lantikite, li pa dwe pèdi valè siyifikasyon l genyen. Sa vle di «lanmou», yon lanmou ki pa tankou lòt yo, yon lanmou ki fè nou santi nou dwe bati yon krèch anndan kè nou pou ti Jezi ka vin rete. Si se pa sa, nou pa konprann ditou kisa fèt Nwèl la vle di vrèman.

«Nwèl, yon lanmou ki dwe pouse nou pou nou fè sa ki byen epi fete nan sa ki byen». Se tout sa Nwèl la ye.

(Joël Lorquet)

Boukan, #204. desanm 1984, 20^{èm} ane. paj 3, 4

SA NWÈL YE?

Gen anpil moun ki kwè
Nwèl se jou pou yo pran plezi nèt ale,
Bwè tafya, manje anpil manje,
Al nan bal ak nan vodou,

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

Pèdi nuit nan move plezi
Di betiz nan lari, goumen,
Fè eskandal ak gwo kout ri.
Gen lòt ki kwè
Se jou pou yo bay fanmi yo,
Mennaj yo, ak zanmi yo anpil bagay,
Sipriz, ak gwo kado.
Gen lòt ankò ki kwè
Se jou swa sa a pou yo fè tyakala,
Bay lwa manje, bat tanbou,
Fè briganday tout nan nuit
Ap di abobo, bagay ki pa vo anyen
Sa Nwèl ye menm pou nou?
Nwèl: se Bondye papa a nan amou li,
Li bay sèl pitit li a,
Jezikri ki kite glwa l nan syèl la
Pou l vin mouri pou nou sou latè.
Pou l bay vi l pou nou sou lakwa.
Pou l ka sove nou nan men satan;
Bondye bay sovè sa a kòm kado,
Pou tout moun ki asepte l
Ka gen lavi ki p ap janm fini an.
Ou pa vle l tou?

(Marc Andre Lorquet)

Boukan, #215. desanm 1985. 21^{èm} ane. paj 12

DE TI MO SOU FÈT NWÈL

Fèt Nwèl la, ki toujou tonbe pandan sezon yo rele «ivè » (ki fè fredri), se yon fèt payen peyi Lagrès ak Wòm ak lòt peyi zòn Ewòpdinò te konn selebre nan onè dye yo pa t janm wè yo. Relijyon Katolik, Potestan ak kèk Advantis chwazi dat 25 desanm nan pou fete Nwèl. Fò nou di: Fèt Nwèl la te vin ofisyèl pa yon konvansyon ki te fèt; sa gen 500 à 400 ane konsa. Yo te chwazi li pou te ka fè moun sonje jou Jezikri te fèt.

Men, alèkile, Nwèl la vin tounen yon epòk ki make kòmansman fèt fen ane a. Gen moun ki di tou fèt sa a sanble ak yon okazyon pou moun repoze yo, apre tout kantite pwoblèm ak tribilasyon lavi a, kote gen plis chagren pase lajwa; kontantman toutbon ki fè moun bliye pou yon tikras tan, tout gwo traka lemond ap konfwonte. Kidonk, Nwèl se yon okazyon

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

pou moun ale lwen tristès ak lavi di kote gen yon sitiwayon politik ou pa janm ka rive konprann.

Malgre tout bagay, Nwèl la senbolize yon lòt sezon nan lanati. Nan peyi kote ki gen nèj, pyebwa yo pral dòmi anba glas pou yo reveye pi anfòm lè prentan! Jounal *Boukan* ap pwofite voye swete tout zanmi lektè li yo, yon «Jwaye Nwèl» ak yon «bòn ane».

Boukan, #248. desanm 1988. 24^{èm} ane pa j 13

FÈT NWÈL ALE, FÈT NWÈL TOUNEN (Joël Lorquet)

Nwèl ale, Nwèl tounen, peyi a toujou rete. Moun vini, moun ale; fèt Nwèl toujou rete.

Se pa fèt Nwèl nou ta vle kritike men, èske pèp la janm vrèman fè yon ti reflechi sou enpòtans evènman sa a? Nwèl se sèlman yon jou, yon dat lèzòm chwazi pou fè nou sonje te gen yon sovè ki te fèt, ki te vin sou latè, ki te pran fòm yon tibebe pou l te ka vin pi pre nou pou montre nou chemen verite, chemen syèl la.

Malerezman, gen moun se chak ane, chak fèt Nwèl y al legliz. Pou moun sa yo, Nwèl la se jou ti Jezi pral refèt tout bon vre; se sa k fè yo fè krèch, abdenwèl ak babako manje; yo pa janm panse si se nan fon kè yo Jezi ta dwe fèt.

Yo te gen dwa chwazi nenpòt ki lòt dat pou fete Nwèl la; kidonk paske Labib di, sovè a te fèt nan epòk fredy, alòs yo chwazi desanm kòm mwa fredy pou selebre fèt la, paske nan zòn jewografik pa nou an desanm toujou gen fredy. Fò nou fè ou konnen nan peyi tankou peyi an Afrik yo, mwa fredy pa yo pa tonbe an desanm. Gen peyi, se an jiyè yo gen fredy; kidonk, gen peyi ki pa fete Nwèl pa yo menm lè ak nou.

Tout bagay sa yo montre nou koze Nwèl la se tou senpleman yon dat, yon jou yo chwazi pou fè nou sonje bèl bagay sa a. Men, Nwèl p ap janm gen okenn enpòtans si nou pa chanje kè nou, si nou pa fè volonte Bondye.

Mezanmi ann chanje kè nou! Ann fè volonte Bondye! Ann sispann bay blòf, fè demagoji, fè magouy pou nou ka bay Nwèl la enpòtans li.

Fete Nwèl pa ka bay moun lavi etènèl; ou te mèt fete Nwèl jouktan ou sou, si Jezikri ki se mèt Nwèl la pa antre nan kè ou, ou pa nan anyen ki bon. Mezanmi fete Nwèl! Se bon! Men pa bliye tèt nou, sali nou ak nanm nou!

Boukan, #259. desanm 1989. 25^{èm} ane, paj 5

NWEL (2)

Nwèl se fèt tout timoun,
Timoun pòv, timoun rich,
Timoun blan, timoun nwa,
Timoun san manman, òfelen,
Timoun byennere, antoure
Timoun gwo, timoun mèg,

Nwèl se fèt tout timoun
Kit yo jwenn kado,
Bèl jwèt, ki vann byen chè,
Kit yo pa gen anyen,
Mòso pen sèk
Ak yon vè dlo

Nwèl se fèt tout timoun
Sa ki konn li
Ki al lekòl,
Sa ki pa konn jebede
Nan fèy kafe
Sa ki pa janm sispann kriye

Nwèl se fèt tout timoun
Pase li pote espwa
Menm si pafwa
Li pa bay lajwa,
Menm si pafwa
Pwoblèm yo toujou la

Nwèl se fèt tout timoun
Espwa fè viv,
Annou chwazi lavi,
Menm lè fènwa parèt,
Pa dekouraje, yon jou n a fè fèt
Nwèl se espwa
Espwa nan refleksyon,
Pran bon jan desizyon
Pou fè efò
Pou nou lite
Pou yon chanjman
Pou timoun nou yo

Ka pi kontan demen...
Pou fete toutbonvre
Bon jan Nwèl...

(J. Lorquet)
Boukan, #267. nov - des. 1990. 26^{èm} ane. paj 5

NWÈL SE SENBÒL CHANJMAN TOUT BON

Chak ane, nan anpil peyi sou latè beni, yo toujou fete fèt Nwèl. Yo pran Nwèl pou fè banbòch men, anpil fwa nou pa janm pran tan pou nou reflechi sou enpòtans ak rasin fèt sa a.

Nan yon ti pak zannimo nan Bètleyèm, nan premye lan (lan 1) yon pòv ti dam yo te rele Mari te akouche yon tibebe yo rele Jezi. Ti akouchman sa a ki pa sanble anyen epi ki tankou tout lòt ki fèt chak jou nan lopital, ta pral chanje anpil bagay nan istwa lèzòm sou latè.

Ebyen, Mesi a, Sovè a, yo t ap tann depi lontan an, li te fèt: se te Jezi.

Chak ane, pou selebre kokennchenn jou sa a, tout moun mete yo sou aktivite; y ap sekwe kò yo, degaje yo pou fè babako banbòch. Se tout kote ou pase ou wè manifestasyon tankou bal, reveyon, kèmès, manje, elatriye... Nwèl tou, se epòk yo fè echanj kado, tout kalte plezi; se epòk kote tout timoun pa dòmi; y ap siveye Tonton Nwèl. Men Nwèl konn pote anpil tèt chaje : anpil moun ki pa gen mwayen, nan foli fè fèt y al tonbe nan vòlè anba lavil pou foure men nan pòch lòt moun; konsa, yo konn pran prizon.

* Anpil pitit malere konn gen anbisyon lè yo wè pitit grannèg gen gwo jwèt epi yo menm yo pa jwenn anyen oubyen yo ba yo yon ti poupe.

* Nwèl se lè anpil tifi, ti demwazèl pral tonbe ansent paske yo pwofite antre ta; yo pa dòmi; yo chape poul yo al nenpòt kote...

* Nwèl fè moun kontinye ap koupe pyebwa, bay plis pwoblèm debwazman nan peyi a, paske moun ki pa ka sèvi ak sapen plastik etranje oblije koupe pyebwa ki nan mòn nou yo...

* Kidonk, anpil moun pa konprann fèt sa a.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

* Nwèl, se youn nan fèt ki pi bèl ki ka egziste sou latè beni. Se fèt tout moun, «pit kou mawon, zannanna kou pengwen» se fèt rich ak pòv; timoun kou granmoun menm sou baton; se fèt tout moun.

* Depi mwa novanm pwente, komèsan, zotobre, pwopriyetè kay kòmanse pwòpte fasad kay yo, plas piblik yo ak lari yo. Se lè sa a bòs pent yo fè plis kòb. Se sèl lè Nwèl ou ka wè fanal, jwèt poupe, pidetwal, peta, klorat, blad ak chante Nwèl nan radyo. Katolik lontan yo menm pa janm rate mès minui yo.

Men li ta bon pou alèkile pou Ayisyen kòmanse demistifye, wete mistè fèt Nwèl sa a pou konsidere li tankou yon jou nòmal. Se sa pou yo ta fè, pou moun ta rive konnen:

* Menm si li pa gen kòb, li pa bezwen al vòlè, al fè sa ki mal pou banboche yon sèl jou epi gen remò konsyans apre.

* Pitit malere pa ta bezwen kite anbisyon pote yo si paran yo pa ka achte gwo jwèt ba yo; yo ta aprann reziyen yo.

* Ti demwazèl yo pa ta bezwen pwofite dezonore tèt yo pou tonbe ansent; yo ta konnen tout jou se menm, okontrè jou Nwèl se jou pou moun pa ta fè peche ditou.

* Pèp ayisyen dwe aprann chwazi pwoteje peyi l olye pou l ap koupe bwapen pou fè abdenwèl; li bezwen sèvi ak lòt mwayen ki p ap kraze peyi l.

* Nwèl se pa fèt dezòd, men se fèt senplisite, fèt pataj, fèt lafanmi, fèt zanmitay. Nwèl se fèt lajwa nan kè.

* Nwèl, se senbòl «liberasyon». Nwèl, se lè pou nou leve kanpe lapriyè pou chanjman, chanjman nan kè nou dabò, chanjman nan lespri nou, chanjman pou peyi nou.

Viv Nwèl!

Boukan, #267. novanm - desanm 1990. 26^{èm} ane. paj 7

LODYANS POU RI

Nou konn wè de moun ki pa konnen anyen, men ki pa vle zòt konnen. Vwala se yon mesye ki te genyen yon jounal nan men l. Men li pa t konnen G-a-ga nan fèy malanga nan fèy malanga. Se foto sèlman li t ap gade.

Twouve li kenbe jounal la tèt anba, men gen yon zanmi l ki t ap pase, li wè sa; li kouri di l konsa:

«O, kamarad se tèt anba ou kenbe jounal la wi». Sa k pa konn li a di konsa: «Si ou pa t di m sa la a, m t ap fin li tout wi.

Se te yon lòt mesye ki te avèk yon fi, men mesye sa a te visye anpil. Lè madanm li fè manje, se de (2) plat pou yo fè pou li.

Twouve, yon jou genyen yon moun ki vin manje avèk li; madanm li wè sa twò lèd pou l retire twa (3) plat. Sa vle di de (2) pou mari l, youn (1) pou lòt moun nan; li oblije ap foule plat mari l la pou l kapab mete yon sèl. Men je mesye a al tonbe sou li pandan l ap fè sa; misye a di konsa:

«Gade madanm, foule, pa foule se de (2)».

(Jose)

BLAG! BLAG! BLAG!

Vwala se te yon pwofesè avèk yon direktè. Men direktè a te aloufa anpil nan manje. Yon jou, yo envite toude mesye sa yo nan yon fèt. Men lè yo rive, yo mete yo chita sou menm tab epi yo bay chak yon plat manje. Twouve asyèt ki pi gwo a al devan pwofesè a. Lè direktè a wè sa, li pa kontan ditou; li vire devan, li vire dèyè sou chèz li chita a. La menm, li vin jwenn yon plan ki ka pèmèt li vire tab la. Li di pwofesè a konsa: «Gran save yo di tè a won tankou yon boul, tankou yon zoranj»; pandan tan sa a, li tounen tab la, yip! Gwo plat manje a rete devan l sèk! Men pwofesè sa a ki pa t twò sòt, konprann fent direktè a. Li di konsa: «Dirèk, menm tè sa a pa rete kanpe; an menm tan li tounen sou li menm». Pandan tan sa a, pwofesè a revire tab la epi l rebran manje a. Direktè a wont e depi lè sa a li kontante l ak sa yo ba li.

Se te yon mesye ki te antre nan yon restoran. Lè li rive, li chita. Li di moun k ap vann yo konsa: «Mwen grangou, fè vit. Vann mwen 5 pyas manje. Moun yo pou montre jan yo pran ka li anpil di l: «Avèk plèzi, misye!». Misye pa konprann, la menm li reponn : «Non, pa mete plezi ladan l, mwen pa manje plezi!».

(Joseline Coquillon)

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

BLAG! KRIK? KRAK!

(Joseline Coquillon)

Se te yon machann fritay ki t ap vann. Men chak tan l ap fri, bon sant fritay li yo bay chak moun yon kalòt si tèlman yo gen bon odè.

Yon jou genyen yon mesye ki di machann nan konsa: «Machè, mwen si tèlman pran sant fritay ou yo chak jou, vant mwen toujou plen; mwen pa janm bezwen manje ankò – Madanm nan di l: «Se konsa w ap fè m fè defisi? W ap peye m jodiya!». Misye pa fè ni de ni twa; li pran yon senkant kòb nan pòch li; li frape l atè a. Li di madanm nan konsa: «Ebyen, pran son l».

Vwala se Bouki ak Ti Malis, de (2) konpè ki pa janm antann yo. Ti Malis tande y ap fè yon priyè yon kote. Ti Malis di: «Nonk, monchè, y ap fè yon priyè yon kote la a men m pa gen bèt pou m ale. Kisa m ta fè la a. Pye bèf, se sa k ap sèvi bwa baryè. Trip bèf, se sa k ap sèvi kòd pou mare baryè. Monchè mwen pa bezwen di ou ki valè vyann ki gen nan priyè sa a». Bouki di: «Ebyen, monchè, w a sele m; piga ou mete ti bagay pike, pike a non!». Ti Malis mete bèl kostim li sou li. Li sele Nonk byen sele. Epi l di: «Nou prale». Yo pati. Bouki di: «Sonje mwen di ou pinga ou mete ti bagay pike a non!». Lè yo prèske rive, Ti Malis pase Bouki yon kout zepon, djik! Bouki ponpe, li ponpe, li tonbe nan kay priyè a san l pa konnen. Lè Ti Malis rive, li pran Bouki l al mare l nan yon pyebwa; li menm l al manje. Se sèlman kèk ti patat ase yo pote ba li. Nonk di «Ala nonm radi se ti Malis! Gade sa l fè m non! M va regle l!». Pandan yo la, priyè ap chante. Ti Malis la nan tout plezi l; Bouki la nan tout mizè l; se vye pay pwa, po patat yo pote ba li.

Aprè priyè, Bouki di ti Malis: «Monchè, se pa sa ou te di m non, men depi m vin la a, ou pa ban m anyen pou m manje». Ti Malis di : «Nou pral patisipe nan brisak sa a; m pote anvil vyann; lè nou rive, m ap ba ou vyann agogo». Li pase pye l sou Nonk ankò. Lè yo prèske rive, Ti Malis pase Nonk yon zepon, Nonk kouri, li kouri! Amezi l ap kouri, l ap di: «Madanm, madanm, mete dlo nan dife! Nou pran ti Malis jodiya!». Lè ti Malis tande sa, Bondye fè li jwenn yon pyebwa; li kenbe yon branch, li monte sou pyebwa a. Bouki ap kouri toujou, li pa konnen si ti Malis rete nan wout.

Kòm sèl la toujou rete sou do Bouki, li konprann se ti Malis. Lè l rive kay madanm, li gade, li wè se sèl la, li pa wè pwent pye ti Malis. Li gen yon sèl raj ki pran l, li rachonnen sèl la epi l manje l.

Mwen ki t ap pase, ki wè sa, mwen di konsa: se Bondye ki fè Malis se yon nonm ki gen anpil lespri. Si ou te pran l, se konsa ou ta fè l tou. Li vire, li gade m yon kout pye epi m vin tonbe la a pou m te ka rakonte n istwa sa a.

J. Lorquet

Boukan, #196. mas 1984. 20^{èm} ane

PONGONGON (Blag)

Twouve se te yon pwofesè ki t ap fè yon ti lekòl andeyò. Ou konnen nèg pa fò, men l ap debouye l. Move chans pou misye, genyen yon enspektè ki vin vizite ti lekòl sa a. Pwofesè a pa t janm montre timoun yo anyen. Paske li menm pou kont pa l, li pa konn anyen. Se yon pwofesè mawon.

Parèt enspektè a parèt, li fè pwofesè a prete li klas la epi li kòmanse ap poze kèk kesyon. Li leve yon premye elèv. Li di l konsa: «Site twa (3) pon an Ayiti». Elèv la tranble tankou fèy bwa paske l pa konnen yo. Men pwofesè a pa t ale nèt; li te rete bò yon fenèt dèyè do ti gason an. Li di l, di: «Pon Sonde»; elèv la repete: «Pon Sonde». Kòm li pa konnen sa pou l di ankò, pwofesè a di «Pon Lilèt». Ti gason a repete: «Pon Lilèt». Men rete yon twazyèm. Ni pwofesè ni elèv la pa kapab di l; pwofesè a rete deyò a, li grate tèt li epi l di konsa: «Mwen pa konnen l non, gen lè ou pran nan pongongon». Elèv la menm podyab ki pa konprann, li jis repete: «Pon Sonde, Pon Lilèt, Pongongon».

Renmen imite

Vwala se te prezidan *Ronald Reagan* pandan tan eleksyon, yo ki te òganize yon gwo dine nan palè Etazini. Li te envite anpil gwo levit. Men kòm ou konnen daprè prensip savwaviv, depi gen yon gran pèsonalite yon kote, ou fèt pou suiv li epi tann li fè avan ou menm ou kòmanse fè.

Sa ki rive, tout moun atab, epi prezidan *Reagan* vin rive. Pou kòmanse, li pran yon pen; li rache l ti mòso pa ti mòso.

Tout moun pran yon pen tou, yo fè menm jan avè l: yo rache l tou. Prezidan an mete pen an nan yon soukoup ki gen lèt. Tout moun fè menm bagay tou. Pou fini, te gen yon ti chat toupren prezidan an, li mete soukoup pen an devan l. Li di: «Mimi men pa ou». Tout moun te anbarase. Yo pa konnen sa pou yo fè paske yo pa t gen chat bò kote yo. Ebyen, yo oblije manje pa yo a. Sa k fè sa te rive yo, se paske yo renmen kopye twòp sou lòt.

(J. Coquillon)

Boukan, #203. novanm 1984. 20^{èm} ane. paj 14

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*
LANMOU : KISA LANMOU TA DWE YE?

Mwen renmen ti moman sa a anpil, ti moman mwen pran pou m ekri zanmi lektè nou yo. Se tout kè m mwen mete deyò ak tout sa k nan sèvel tèt mwen pou mwen swete yo kèk bon gagay epi pou m bay chak moun kèk konsèy.

Lanmou, se yon mo jèn yo ki fèk ap fleri renmen sèvi anpil menm si yo pran lavi demen an yon jan pi serye.

Nou pral eseye konsidere mo sa a ansanm pou n wè sa ki nan nannan l. Annou fè konsyans nou travay pou n mande n si lanmou egziste vre nan lemonn jodiya jan pou l ta dwe ye?

Pou mwen, si te gen lanmou, nou pa t ap jan nou ye jodiya. Lanmou ta dwe montre nou pou n pataje ak pwochen nou yo tou sa nou genyen. Si lanmou te egziste, pa t ap gen kesyon rich ak pòv; nou tout t ap sou menm pye, ki vle di, nan menm wotè. Nou t ap wè li nesèsè, li nòmal si nou gen dis (10) machin pou nou rete ak yon sèl epi pou n ta bay tout lòt yo. Paske gen yon pakèt moun k ap mache apye sou bò lari; soulye yo ap dechire; yo anba solèy cho k ap boule kalbas tèt yo. Nou ta va wè sa se pa anyen, se pa yon bagay difisil pou nou lage yon pyès monnen nan kwi yon pòv malere ki avèg. Ak yon pakèt egzanz ankò, si m ta pran tan m pou site yo, m pa t ap janm rive fini.

Lanmou, se yon pakèt afè, menm Labib pale sou sa. Lanmou se inyon, se wè pwochen ou epi konsidere l tankou pwòp tèt pa ou paske lanmou mande pou bliye tèt ou tou.

Sanble gen kèk moun malveyan ki fè mo lanmou an tounen yon mo konsa konsa, yon mo san valè. Jodiya, se tout moun ki sèvi ak mo sa a nan pwòp jan pa yo. Nou rive nan yon syèk kote ou pa ka di yon gason parèy ou oubyen yon zanmi fi parèy ou, ou renmen l paske ou pè pou l pa pran sa nan yon lòt sans! Se yon bagay ki pa fasil pou ta kontre yon moun ki konprann mo sa a epi ki genyen l nan li toutbon.

Se pa sèlman al file yon bèl ti nègès epi pou ou di l: «M renmen ou»..., tankou pwason renmen dlo, tankou kochon renmen labou..., pou panse ou mete mo a an aplikasyon. Okontrè, si ou ta renmen yon moun ou ta dwe Asepte l jan li ye a: menm si l lèd, menm si l bèl, menm si l sal, menm si l pwòp... Pifò jèn deyò a renmen sou yon sèl aparans yon kalite oubyen yon bèl figi yo wè kay demwazèl la, pa vre? Pou yo, se lè moun nan reponn yo «wi», menm si se pè moun nan pè fè misye wont oubyen li sezi, ki fè l reponn konsa. Men nan ka sa a, èske gen lanmou toutbonvre?

Li ta bon pou n pa janm bliye kèk ti konsèy sa yo ki bon anpil epi m ta renmen ban nou jodiya.

* Si yon moun renmen paske gen lajan, sa se pa lanmou.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

- * Si yon moun renmen paske gen bèl figi, sa se poko lanmou.
- * Si yon moun renmen paske li vle imite, pa gen lanmou la a.
- * Si yon moun renmen paske gen yon senp kalite, se pa sa lanmou.

Men si yon moun renmen tou senpleman paske li renmen lanmou epi li renmen sa ki byen ak tout lòt bagay lanmou genyen, san li pa wè pyès enterè, ni avantay, se lè sa gen lanmou toutbonvre.

Petèt, vrè lanmou an va egziste yon jou, men se pa sou tè sa a men nan paradi ki gen anlè a? Ebyen, ann fè efò, ann lite, ann goumen pou n wè si nou va ale tou! Kanta «lanmou sou latè», sanble se mo a yo te tounen lanvè ki fè yo genyen l. Fò yo ta jwenn yon lòt mo pou tradui afeksyon yon moun genyen pou yon fi. Konsa yo ta jwenn vrè plas lanmou.

Lè tout moun alawonnbadè va mete yo ansanm ak tout kè yo pou y ale nan kafou evolisyon,

Lè chak moun va fè yon egzamenkonsyans,

Lè nou va wete lakay nou vye konplèks ki fè nou santi nou enferyè oubyen siperyè,

Lè sa a tout moun va konstate lanmou se pa yon bagay ki di nan bouch men yon bagay ou ka wè, ou ka wè l lakay moun, ou ka wè l nan jès li.

Lanmou la, l ap tann nou. Sèlman, nou dwe fè premye pa ansanm, men nan men pou n pote kouwòn li ba li kote tout moun ap di ak yon sèl vwa: «Lanmou se wa!»

Joël Lorquet
Boukan, #195. fevriye 1984. 20^{èm} ane. paj 4

SEN VALANTEN

Aprè fèt Nwèl, Sen Valanten se okazyon ki fè komès la mache pi byen. Se yon fèt yo fete nan twaka peyi sou latè. *Sen Valanten* se lè tout jènjan ki renmen pwofite panse a mennaj yo e pou moun ki marye, se okazyon pou reflechi toutbonvre sou fason y ap viv ansanm nan.

Men nan Pòtoprens, se bagay pou ta wè, moun konn oblije mete yo an ran pou rive achte yon ti kado lè fèt sa a rive.

Jou 14 fevriye sa a, tout jèn fi mete bèl ti wòb woz yo sou yo; yo resevwa bèl powèm.

Sen Valanten se pa sèlman fèt lanmou ak santiman; li ta dwe yon okazyon pou pitit panse ak manman yo, ak gran paran yo tou kote yo ta kapab ekri moun sa yo yon bèl ti biyè, voye bèl kat oubyen achte bèl sache sirèt ak chokola pou yo.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

Men nou bezwen konnen tou byen: «Sen Valanten» fèt lanmou, se pa sèlman chak 14 fevriye paske Bondye mande pou nou youn renmen lòt; nou dwe fè sa chak moman nan lavi nou. Sa ta dwòl pou yon moun pase tout yon ane ap rayi pwochen li epi jou 14 fevriye a sèlman, li sispann rayi l.

Nou pa dwe janm sispann renmen pwochen nou. Pa janm bliye sa: «Sa yon moun fè, se sa li va wè». Ou renmen frè ou, ou ede li, ou konseye li, ou ankouraje li; lè ou menm ou va gen pwoblèm, w ap jwenn yon lòt moun k ap fè menm jan an pou ou. Men si ou chita w ap fè sa ki mal yon jou se charite w a mande, epi ou ka pa menm ka jwenn.

Annou fè sa Bondye di!
Annou renmen pou tout lavi!
Konsa n a va toujou beni!
Mèsi!

J. Lorquet.
Boukan, # 239. fevriye 1988. 24^{èm} ane. paj 8

MEN DIS KÒMANDMAN POU MARYAJ KÈ KONTAN

Ala bèl bagay se yon maryaj kote mesye ak madanm antann yo. Men se pou nou konnen bèl antant mande anpil efò.

- 1). Sa pa sifi pou renmen nèt ale, fò ou **konprann** tou moun ou te chwazi pou marye a.
- 2). Sa pa sifi pou onore, ou fèt pou aprann **respekte**.
- 3). Sa pa sifi pou pale, yon **ti bo** tanzantan ka fè nou vin pi pre.
- 4). Si lajounen ou pa montre yon ti **entimite**, pa panse nan nuit sa pral chanje lè nou kouche.
- 5). Rankin fè moun dekouraje, men blese kapab panse si ou prèt pou **padone**.
- 6). Asepte moun nan malgre vye move kote, men se bon kalite yo pou ou konsidere.
- 7). Ba li **valè** nan zye lòt moun k ap gade, epi l ap renmen ou pi plis san vye panse.
- 8). Alèkile, lajan an se pou nou toulède li ye, fò li **pataje**, fò li byen **balanse**.
- 9). Tout jalouzi fèt pou evite, kite plas pito pou konfyans ak **senserite**.
- 10). Sekrè tout maryaj tèt kole, se **fidelite**.

Boukan, #258. novanm 1989. 25^{èm} ane. paj 11

REYAKSYON (*Boukan*)

Remèsiman

Jounal *Boukan* voye remèsye Anbasad Etazini (nan Pòtoprens) pou sèvis enfòmasyon ak relasyon kiltirèl (USIS) toujou voye pou nou depi yon mwa. Anpil bilten ki gen nouvèl sou tout bagay enpòtan k ap pase lakay pèp ameriken.

Nou voye yon gwo kout chapo pou madam Polynis ki te panse a jounal *Boukan*, e nou espere lè va gen bous pou pèmèt jounalis al patisipe nan seminè, yo p ap bliye nou tou.

Ane sa a, se bisantnè Simon Boliva, liberatè peyi Amerikdisid yo. Anbasad peyi Venezyela an Ayiti te òganize yon ekspozisyon pòtre gwo zotobre politik sa a. Yo te fasilite kèk jounalis ayisyen, nan mwa jiyè ane sa a, al nan inogirasyon jwèt olenpik nan vil Karakas (peyi Venezyela). Kè nou kontan paske yo pwomèt pou yo ede konfrè nou (Lorquet) pou l al fè you repòtaj sou peyi Venezyela.

Boukan, #192. novanm 1983. paj 14

LÈT BOUKAN RESEVWA

Byen chè zanmi m yo:

Mwen gen yon grap plezi nan kè m pandan m ap ekri nou kounyeya. Mwen dwe di nou mwen konn li jounal nou an. Se konsa mwen li nimewo mwa janvyè a tou. M ap ankouraje nou pouse pou pi devan.

Rezon plis ki fè m ekri nou se pou jwèt nou mete nan fen jounal la. Mwen te amize m pou m fè l e men repons mwen jwenn pou non 29 peyi yo...

Pèsonèl jounal *Boukan* yo,

Bonjou! Bonswa!

Aprè mwen fin salye nou, mwen dwe di nou dabò nèg ki kote m ye, ki non mwen. Si nou konn al an pwovens, m se moun nan yon katye ki rele Lyankou ak kèk distans vil Senmak. Pou distrè pasyon m, m toujou renmen li, m se Kamelòt Janpyè (Carmelot Jean-Pierre).

Se konsa m konn achte ti jounal sa yo; mwen renmen yo anpil; m te viv sou entèvyou papa jounal la ak Jowèl Lòkè a. Sa te enterese m pou m foure dwèt nan gonbo jounal sa a.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

Mwen te rankontre ti jwèt ki gen 29 peyi kache yo. M pran chans mwen; si l pa bon la move nan lanvè landrèt.

Carmelot Jn-Pierre
Lyankou.

Monchè Joël,

Mwen kontan anpil jwenn chans pou m kapab ekri jounal *Boukan* paske sa fè lontan depi m te gen anvi sa a men li pa t ka reyalize. Mwen voye yon gwo kout chapo pou ven ane nou tout ekip jounal *Boukan* pase ap redi pou bay lang nou an. Mwen di bravo pou sa. Mwen p ap twò long paske se jis yon ti konpliman mwen t ap fè nou pou bon travay sa a nou reyalize depi ventan.

Bravo jounal *Boukan*!
Pierre M. Chérubin
Pòtoprens.
Boukan, #196. mas 1984. 20^{èm} ane. paj 8

Jounal *Boukan*,

Mwen kontan jodiya pou m voye ti lèt sa a ban ou. Mwen renmen li jounal sa a anpil anpil. Mwen toujou renmen bay lòt moun li l tou pou yo ka fè konesans avè l. M ap priye pou jounal la kenbe la pi di. Mwen pwofite di nou bòn fèt. Mwen mande Bondye pou beni komite jounal la.

Se Manm Elsi Kaliks (Elsie Calixte) Amedisali.

Lèt sa a, se yon lèt ki soti Sodo. Men sa l di :

Jounal *Boukan*,

Mwen voye gwo kout chapo pou ou. Kòm ane sa a jounal la voye di nou «li la pi rès, li la pi di», mwen byen kontan. Mwen swete pou l kenbe fèm epi mwen menm tou, mwen pwomèt pou m toujou bay kolaborasyon m toutotan m kapab. Mwen kontan wè nou. Mwen kab di m rekonèt tout moun k ap travay nan jounal la gras a pòtre yo ki ladan l nan. Mwen di zanmi nou, Joël Lorquet, mèsì anpil pou bèl jwèt sa yo li voye ban nou ki pèmèt nou kab deplwaye ti sa nou gen nan sèvèl tèt nou an. Mwen mande zanmi sa a pou l toujou kontinye voye bèl jwèt pou nou.

Mèsì anpil!
Madan Edwa Kaneyis (Edouard Canéus), Sodo.
Boukan, #197. avril 1984. 20^{èm} ane. paj 4

Mesye Joël Lorquet
Jounal *Boukan*
Pòtoprens

Zanmi mwen,

Mwen te jwenn *Boukan* mwa mas la. Se pou m di ou mwen renmen tout sijè ki ladan l. Depi kòmanse sou afè Chikago a jis nan ti jwèt ki nan dènye paj la.

Pou jwèt Chikago a menm, se kase tèt. Mwen pa jwenn ni asansè, ni travay. Mwen kwaze ak konnen nan tèt foto a. Antouka mèsì pou sa.

Nan okazyon fèt manman nan mwa me a, mwen tou pwofite voye ti bout bwa sa nan *Boukan* an. Mwen dedye l pou tout manman yo, pou manman m tou: Madan vèv Andre Dominik Tèmitis (André Dominique Thermitus).

Boukan, #209. me 1985. 21èm ane, paj 11

Se vre, nou fè Joël konpliman pou ti pòtrè a; si nou gade byen, n a wè nan fon an, yon bèl ti kay ki gen kont pòt ak fenèt pou lè antre anndan l. Devan pòt la, nou wè yon jèn ti gason ak pantalon kout ansanm ak yon jèn ti nègès ki gen tèt li byen penyen. Toulède ap fè yon jwèt; gen lè se «Vwasi lapolka» y ap fè. Sa se yon bon bagay. Depi yon timoun fin fè travay li, etidye leson l, se pou l jwe pou kè l ka toujou kontan. Timoun pa fèt pou gen pwoblèm; se granmoun ki fèt pou pran tèt chaje pou yo.

Sou anba pyebwa ki sou bò dwat pòtrè a, nou wè yon monitè ki chita ap bay yon jèn gason leson, sa se yon bon bagay. Yon moun fèt pou etidye. Li te mèt gen kenz (15) sèz (16) an, se pou l derape. Paske nan laj sa a, se yon ka (1/4) nan lavi a ase nou viv. Pifò tan nou gen pou pase sou tè a devan nou. Se sa k fè, nou wè jodi, nou pa konn sa demen rezève. Pandan nou kapab, se pou n etidye.

Twazyèm pòtrè ki sou bò goch la menm, se yon sen. Nou wè yon bèl jèn gason ki deja gen ven (20) an. Li chita devan yon tab ak yon tas akasan devan l. Nan do l, gen yon fenèt ki ouvè epi nou wè solèy la ki fèk ap balize dèyè mòn nan. Sa vle di se granmaten li ye. Jenòm sa a ap kalkile pou konnen sa l ap gen tan fè pou jounen an.

Wi se vre, lajounen an kout men sa pa vle di pou otan nou p ap gen tan fè anyen. Se nou menm ki pou konnen kijan n ap fè, pou nou gen tan fè tou sa nou gen pou n fè. Men wè pa wè, nou pa pou janm bliye ti konsèy sa a: pito nou chèche bay bagay peyi Wa ki nan syèl la premye plas nan lavi nou; lè sa a, Bondye va ban nou tout lòt bagay nou bezwen yo tou.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*
1985, ANE ENTÈNASYONAL POU LAJENÈS

Apa li papa! 85 lan rive! Kè tout jèn kontan paske se ane yo. Nou ta dwe mete vwa ansanm pou nou di «Asanble Jeneral Òganizasyon Nasyonzini» mèsi! Tout moun konnen jèn jodi yo se granmoun demen. Se yo ki va genyen pou ranplase moun jodi yo.

Nou espere tou paran va pran plis konfyans depi ane sa a pou yo edike timoun yo pi byen, pou yo voye je sou yo pi souvan. Nou espere jèn yo va pran konsyans toutbon pou yo fè peyi a avanse pou pi devan e pou yo pran avni yo pi serye. Lè yo renmen lekòl, aprann yon metye ki ka itil yo, paran yo ak peyi a, anpil moun va benefisye nan sa. Peyi a va fè plis pwogrè.

Jounal *Boukan* jèn tou, se sèlman venteyen ane li genyen. Se sa k fè n ap di tout jèn: bòn ane! Bon kouraj!

Boukan, #205. janvyè 1985. 21^{èm} ane. paj 3, 4

BOUKE ESPESYAL POU JOJO

Boukan :

Pandan n ap gade ane a ki chavire ale, gen anpil nan nou ki kontan paske fèt la rive.

Men konsa tou, genyen ki gen chagren paske gen yon ane ki ale. Kisa ou vle? Se lavi a ki fèt konsa. Konsa tou, jou ki te 16 desanm, pandan mwen fè yon kout pye nan *Boukan*, mwen wè yon gwo fèt ak bèl flè kote kè espoze sou tout tab ki te la ak bèl mizik ki t ap monte kote Bondye ye pou ba li glwa ak onè li merite.

Kòm gade pa bouke je, mwen te fè yon pwoche pi pre pou m ka wè pi byen ki kalite koudyay sa a epi yo di m:

Jodiya 16 desanm, se pa reve w ap reve. Si ou potko konnen, kite m di ou, se Joël Lorquet ki mèt seremoni an. Menm moun nan kontinye pou di m:

Monchè, nou pa ta ka rete san nou pa fè fèt sa a ak Joël jodiya pou n montre l jan nou kontan pou toutbon sèvis ak bon lanmou li blayi nan mitan nou. Joël Lorquet gen plis pase sizan depi l ap travay ak nou nan jounal *Boukan*. Epi se avèk konsyans e kouraj li toujou fè travay li.

* Li fè kaligrafi pou *Boukan*.

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati* ak Joël Lorquet

- * Li ekri atik pou fè travay edikasyon.
- * Li bay bon nouvèl tou.

Men tout sa pa anyen devan pasyans ak swen li mete nan travay li.

Jodiya nou kontre vwa nou pou n di Joël: bòn fèt! Pandan li deside pou l kontre tèt li ak madanm Bondye te sere pou li a.

Nou voye gwo bouke sa a pou Joseline ak Joël. Se avèk anpil jwa nou patisipe nan fèt sa a.

Nou mande Bondye pou li beni fanmi an. Epi nou kwè lapè, lanmou, bonè ak sajès ki sòti lakay Bondye va wouze yo chak jou kou yon jaden flè ap fè grandi. Konsa tou, kay yo va tounen yon jaden kote kè ki boulvèse va twouve yon zanmi, yon konseye. Se pou nou renmen youn lòt menm jan Bondye mande l la.

Joël se avèk yon chay kontantman, jounal *Boukan* ak tout moun ki ladan l yo di ou bòn fet!

VIV MARYE YO!
VIV JOSELYNE AK JOEL!
BON FÈT JOJO!

Boukan, #260. janvyè 1990. 26^{èm} ane. paj 13

YON TI KOZE AK JÈN YO (1)

Zanmi jounal *Boukan*, jodiya nou ta renmen kòmanse ak yon lòt seri atik pou jenès peyi d Ayiti. Nou ta renmen fè yon bon jan ti koze ak jèn yo tanzantan pou nou eseye pote yon ti konsèy, yon ti limyè ki dwe klere wout nou tout.

Moman n ap viv kounyeya se lè ane a fèk kòmanse, se lè anpil moun ap fè bilan. Sa vle di y ap eseye wè kisa ane a ki sot pase a pa t ba yo tan pou yo te fè, kisa yo te gen tan reyalize epi tou ki desizyon pou yo pran pou yo ka pwofite ane ki fèk kòmanse a. Se konsa, zanmi jèn parèy mwen yo, m ta vle pale nou jodiya pou nou pa gaspiye tan nou. Se yon bagay ki enpòtan anpil; se yon kado menm Bondye ban nou lè nou gen «tan». Anpil fwa nou konn tandè moun yo ap di: «si m te gen tan». Fò mwen di nou tan toujou la, men se nou menm ki mal sèvi ak *tan* an oubyen nou pa konn kòman pou nou pataje l.

Labib bò kote pa l di: «gen yon tan pou chak bagay» (ki vle di yon tan pou ri, yon tan pou fache, yon tan pou travay, yon tan pou repoze, elatriye). Nanpwen bagay fè m mal konsa lè m wè jèn parèy mwen ap gaspiye tan yo, alòske gen yon pakèt bagay yo te ka fè avè l. Mezanmi, «**tan se lajan**». Se vre wi, gaspiye tan se lajan k ap gaspiye. Si nou te pran

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

menm tan sa a n ap gaspiye a lè nou chita sou yon bout mi pou n ap bay vye blag, anmède fi k ap pase, si olye pou nou chita dèyè yon tab domino tout lasent jounen, nou te pran tan sa a pou nou fè kèk bagay ki itil, nou ta pwospere. Pa egzanzp, ann pran tan pou li yon liv, pou fè yon reyinyon pou diskite sou pwoblèm ki enterese nou oubyen poukisa nou pa al kay yon bòs ki gen metye pou n gade epi n a tou aprann metye a tou? Sa ta pi itil nou.

Mezanmi, annou sispann betize non! Tan nou se yon bagay ki twò serye. Si jodi m pa janm gen tan; m toujou sou aktivite, se paske m te kreye kèk bagay pou m te fè nan yon lè m te tèlman gen tan ap gaspiye; m te konn santi m annuiye.

Ou menm tou, sispann gaspiye tan ou, ou p ap janm santi ou annuiye ankò, okontrè, w a fè lajan epi ou p ap janm regrèt jenès ou pou ta di: «si m te konnen toujou dèyè».

J.L

Boukan, #216. janvyè 1986. 22^{èm} ane. paj 4

YON TI MO SOU PWOBLEM JOURNAL AN AYITI

Nan tout peyi nan lemond gen journal. Gen divès kalite journal tou: genyen ki espesyalize nan «politik», nan «ekonomi», nan «lasyans», nan «lamedsin», elatriye. Tout journal pa gen menm objektif, ki vle di yo p ap fè menm travay.

Journal toujou pote «mesaj» epi «konesans». Avantaj yon **journal ekri** gen sou lòt **medya** yo (tankou televizyon ak radio ki klase nan **journal pale**). Radyo ak televizyon pale ak bouch epi de jou pita yon moun ka bliye mesaj la men *journal ekri* a menm (ki parèt sou papyè) se yon fòm ekri moun kapab konsève nan achiv epi anplis yo kapab li l awotwva pou fè lòt moun tande mesaj la.

Nan tout peyi etranje, nou wè moun poko menm leve, yon tas kafe nan men yo. Fò yo bwè l ak journal la nan men yo. Se nòmal, se yon abitud ki fè pati edikasyon yo.

Sepandan, Ayisyen an menm prefere pa konn sa k ap pase ditou ditou tan pou l ta achte yon journal. Gen moun ki di se lajan Ayisyen pa genyen pou l achte yon journal; lè ti lajan an rive, li gen twòp bagay pou l fè avè l epi l prefere sere ti 3 goud li, ti 75 kòb li pou demen maten... men se pa vre nèt non. Annou wè :

Premyèman : Si yon sèl Ayisyen pa ta gen kòb pou l achte yon journal, dakò men li ta gen dwa mete l ak lòt moun, fòmè yon gwoup epi youn apre lòt yo ta pase l de men an men.

Dezyèmman : Se pou nou di pito, sa k fè Ayisyen pa achte jounal se paske yo prefere sere kòb la pou yo jwe bòlèt. Kidonk se pa yon pwoblèm lajan men se yon pwoblèm edikasyon.

Mwen dakò nan bòlèt la, ou pran chans ou, ou gen dwa mare yon bèl kòb men kisa ou panse sou yon malere ki p a t gen senk kòb epi yo fè l kado 100 dola pou l peye kay li, oubyen pou l fè ti manje l epi de semèn apre li tounen bò kot moun ki te ba l kòb la pou l mande E si yo pa gen pou ba li ankò? Sa k pase : li pa konn kontwole lajan l; li jwe bòlèt, aza, l al nan gagè avè l.

Gen kote an Ayiti tankou Site Simòn, moun yo viv sou pwòp enfòmasyon yo; sa pa enterese yo pou achte jounal ... Daprè sa yon pwofesè peyi Lafrans te di :

«Jounal se yon fenomèn devlopman kiltirèl; sa vle di, yon media», yon jan, yon mwayen ki kapab ede ou anrichi konesans ou».

An Afrik pa egzanp, te gen yon fanm ki te soti nan mòn; l al lavil al aprann li epi lè l fini, li remonte nan mòn nan avèk yon pakèt jounal li te achte. Li t ap plede li yo; sa te vin fè lòt moun anvi konn li tou ...

Men sanble Ayisyen an pou yon bagay enterese l, fò li gen pawòl politik. Gen yon moun ki t ap bay yon egzanp, li di: «Nan Lavale Jakmèl, te gen yon epòk kèk moun te konn reyini epi youn ladan yo te kanpe pou li jounal *Fratènite* pou yo. Petèt paske yo te jwenn yon bagay pwofitab pou yo. Nou menm Ayisyen, nou bezwen aprann enterese nou tou nan jounal ki pote konesans, ki pote limyè tou.

Pou fini, poukisa nan peyi isit yo revann jounal ak woman ki sot lòtbò menm lè yo dezyèm men? Sepandan, nou pa janm wè yo revann jounal ayisyen yo lè yo gen de, twazan ... Lè jounal yo fin pase, se de bagay yo wè pou yo fè avèk yo: swa yo chire yo pou al nan latrin, swa yo fè sache pou met diri, pwa ak lòt manje ladan yo. Alòske jounal se dokiman ki ka toujou itil. Yon atik gen dwa gen twazan men li ka toujou anrichi konesans nou. Si tout Ayisyen te konn renmen li jounal, ebyen pou valè moun ki gen nan peyi a, ta gen plis jounal epi plis ide ta simaye. Tout jounal fèt pou di verite paske yo se dokiman pou istwa demen tou. Se s ak fè kèlkeswa peyi a, li ta dwe gen demokrasi toutbonvre.

J.L

Boukan, # 216. janvyè 1986. 22^{èm} ane. paj 13

YON TI KOZE AK JÈN YO (2)

Zanmi jèn peyi d Ayiti Toma yo, m voye yon gwo kout chapo epi mwen koube byen ba pou m salye nou jodiya! Mwen kontan anpil paske m kapab ekri ak kè poze nan jounal *Boukan* jodiya. Lontan nou te konn oblije ap teke mo, chèche sa pou n di ak sa pou n pa di. Men kounyeya gras ak revolisyon nou te fè a, nou fin pa kase sèk barik la.

N ap viv yon moman kounyeya ki frajil anpil, ann di: se yon peryòd ze fele pou moun yo ka pi konprann (ki vle di: se yon moman nou bezwen obsève, nou bezwen suiv sa k ap pase pandan nou kite zye nou byen kale ak zòrèy nou an twonpèt pou n pa pran nan panzou).

Peyi nou se pou nou. Nou fin fè yon si bèl travay; se pou nou chita alèkile pou n reflechi sou sitiyasyon an, epi pou n travay toutan pou nou ka pouse pou pi devan. Se pou nou fè atansyon tou ak tout kalite ide k ap sikile. Paske nan demokrasi a, gen tout kalite, men se pou nou analize yo pou n wè sa pou n pran ak sa pou n pa pran paske gen lide ki ka fè yon peyi avanse, men an menm tan, gen lòt tou ki ka fè li tonbe nan menm twou kote l te ye a.

Jèn frè m yo, Ayisyen parèy mwen yo, nou bezwen aprann konn distenge demokrasi ak lisans. Demokrasi pa vle di dezòd, briganday, dezobeyisans. Okontrè, vrè demokrasi a tabli, se lè youn respekte lòt, respekte ide lòt, relijyon lòt, kwayans lòt. Natirèlman ou kapab preche yon lòt, ba lòt kèk konsèy men se pa pou nou fòse okenn moun fè sa ou vle fè ou menm.

Ann aprann konsève libète. Pi bon fason pou yon moun kenbe libète, se lè li òganize. Mezanmi jèn yo, se pi bon moman pou nou chèche kreye klib, gwoup, asosyasyon, sendika elatriye ...

Se pa pou ti krik, ti krak pou n pran lari, epi avan ou antre nan manifestasyon, se pou tande byen kisa y ap mande a, si se yon bagay ki posib.

Jèn yo, nou ta ekri plis wi, men nou konnen m pa dwe kenbe twòp plas. N ap oblije kite nou. Antouka m ta mande nou pou nou pran chemen legliz pou n lapriyè pi plis pou peyi a paske p ap janm gen okenn Ayisyen ki ka rezoud pwoblèm peyi nou an si se pa Bonbye.

Jèn mwen yo, kenbe, pa lage! Nou konnen avni peyi a se nan men nou li ye.

Joel Lorquet
Boukan, #219. avril 1986. 22^{èm} ane. paj 3

YON TI KOZE AK JÈN YO (3)

Zanmi jèn mwen yo alawonnbadè, mwen salye nou. N ap viv depi kèk tan nan moman gran chanjman. Depi Divalye te fin al fè wout li, yon lòt van te kòmanse soufle. Pèp la ki t ap soufri depi 28 ane konsa, se te nòmal pou l vole ponpe anlè, pou l te kraze tout bagay ki te reprezante sa ki te anpeche l deplwaye zèl li.

Anpil manifestasyon ak revandikasyon te kòmanse toupatou nan peyi a. Dechoukay pa t janm ko ka fini. Men anpil lòt fo lidè te pwofite foure kò yo pou fè pèp la fè tenten tou. Avan lontan, je tout moun te gen tan fin wè klè. Pèp la te wè bon mouvman li t ap mennen an; gen lòt vagabon ki ta renmen manje manje a nan men yo.

Tout moun gen dwa fè manifestasyon men fò yo fè l nan lòd ak disiplin. Se pa dezòd, kraze brize. Toutan yon pèp pi òganize, se otan li gen plis fòs.

Dezòd yo, se toujou bak y ap fè nou fè. Se kontraye yo kontraye devlopman an. Lè wout bloke, lè lekòl kontinye ap kraze, di m sa ou vle, se pa peyi a k ap benefisye anyen.

Pèp la te kòmanse rekonèt li toutan jou yo te kòmanse pase. Li fini pa wè kounyeya se pa tan pou chak moun gad nan pa li men, se tan pou yo panse «pèp», panse «peyi» paske gen yon gwo danje ki sou tèt peyi a. Si Ayisyen pa lite pou kenbe pou lapè ka tabli toutbonvre, nou konn sa k ap tann nou ...

Jèn yo, mo a se nan men nou li ye: «Fò sa chanje!». Wi, fò bagay yo chanje! Fò tout sa ki bloke avansman peyi a rive wete kò yo pou kite tout sa ki byen, ki bon pou peyi nou ka vin bèl toutbonvre.

Jèn yo, kenbe pa lage!

J. Lorquet
Boukan, #220. 22^{èm} ane. me 1986, paj 3

YON TI KOZE AK JÈN YO (4)

Vakans lan tanmen rive; li kòmanse fè cho anpil; se lè tout jèn kòmanse ap reflechi pou wè ki kote yo pral pase vakans pou al pran bon jan van, frechè, benyen nan rivyè ak nan lamè.

Men jèn yo, fò mwen di nou tou vakans pa sèlman repo, pran bon jan plezi. Ak vakans lan, nou ka fè anpil bagay. Èske nou konnen nan peyi lòtbò dlo, gen timoun se lè yo pwofite fè kòb inifòm ak liv lekòl yo?

Poukisa nou menm tou nou pa chèche itilize tan vakans nou yo yon fason pou no tire pwofi? Se posib nou al dèyè travay nou gen dwa pa jwenn men gen de bagay nou kapab fè: nou gen dwa kontinye chèche travay jouk tan nou bouke oubyen jouktan Bondye fè nou jwenn kichòy; «pwonmennen chèche pa janm dòmi san soupe». Yon lòt bagay nou ka fè se kreye yon bagay pou nou fè, sa ka ba nou lajan. Gen kantite bagay nou ka fè: si ou se moun andeyò, ou gen tè ou gen dwa di ane sa a w ap travay tè a pi plis pase lòt ane yo. Ou kapab pran kèk lòt moun pou ba ou kout men epi menm vye tè yo ou gen dwa pran san ou, ou wete tout vye wòch, vye raje pou wè si ou a fè l travay. Paske pa gen vye tè; se nou menm ki pa gen pasyans pou fè l pwodwi.

Si ou pa konn fè anyen, si ou pa gen tè, si ou pa gen pyès metye, vakans se bon lè pou ta tou pwofite aprann yon metye. Nou plen zanmi ki konnen yon metye; nou gen dwa alèkile ekri tout kalite metye yo sou yon papye epi chwazi sa nou pi renmen an. Men si pa egzant se enjenyè ou ta renmen ye epi vwala ou lekòl toujou, bon, vakans lan alèkile se lè pou ta travay plis matematik; sa a se yon egzant pami lòt ... ki vle di zanmi jèn mwen yo, m vle fè nou wè vakans lan kapab itil nou, kit pou kounyeya, kit se pou demen nou.

Bò kote pa m m p ap janm sispann ban nou konsèy pou nou pa gaspiye tan nou; tan nou enpòtan anpil; se yon bagay nou p ap janm ka ratrape si n pèdi l.

Zanmi jèn nou yo, annou pase yon vakans ki pa menm jan ak lòt; yon vakans ki nan avantaj nou.

Bon vakans!

J. Lorquet.
Boukan, #222. jiyè - out 1986. 22^{èm} ane. paj 3

REFERANS

- Boukan*, # 191. oktòb 1983. paj 11,12
Boukan, #192. novanm 1983. paj 13,14
Boukan, #193. desanm 1983, 20^{èm} ane. paj 14
Boukan, #194. janvyè 1984. 20^{èm} ane. paj 13
Boukan, #195. fevriye 1984. 20^{èm} ane. paj 4,9
Boukan, #196. mas 1984. 20^{èm} ane. paj 3,4,5,6,8
Boukan, #197. avril 1984. 20^{èm} ane. paj 4,5,6,7,8,9
Boukan, #198. me 1984. 20^{èm} ane. paj 13,14,15
Boukan, #199. jen 1984. 20^{èm} ane. paj 13
Boukan, #201. septanm 1984. 20^{èm} ane. paj 3,4
Boukan, #202. oktòb 1984. 20^{èm} ane, paj 3,4
Boukan, #203. novanm 1984. 20^{èm} ane. paj 3,4,13,14
Boukan, #204. desanm 1984. 20^{èm} ane. paj 3,4
Boukan, #205. janvyè 1985. 21^{èm} ane. paj 3,4
Boukan, #206. fevriye 1985. 21^{èm} ane. paj 9,10
Boukan, #207. mas 1985. 21^{èm} ane. paj 3,7,8,14
Boukan, #208. avril 1985. 21^{èm} ane. paj 4,5,6,8,9,14
Boukan, #209. me 1985. 21^{èm} ane. paj 4,11
Boukan, #210. jen 1985. 21^{èm} ane. paj 8,9,10
Boukan, #211. jiyè – out 1985. 21^{èm} ane. paj 10,14
Boukan, #212. septanm 1985. 21^{èm} ane. paj 3,4,5
Boukan, #213. oktòb 1985. 21^{èm} ane. paj 4,7,12
Boukan, #214. novanm 1985. 21^{èm} ane. paj 3, 4, 5,9,10,11
Boukan, #215. desanm 1985. 21^{èm} ane. paj 3,4,9,10,12
Boukan, #216. janvyè 1986. 22^{èm} ane. paj 4,13
Boukan, #219. avril 1986. 22^{èm} ane. paj 3
Boukan, #220. me 1986. 22^{èm} ane. paj 3,5,6,7
Boukan, #222. jiyè – out 1986. 22^{èm} ane. paj 3
Boukan, #228. fevriye 1987. 2^{èm} ane. paj 11,12
Boukan, #230. avril 1987. 23^{èm} ane. paj 10
Boukan, #231. me 1987. 23^{èm} ane. paj 3,4
Boukan, #237. desanm 1987. 23^{èm} ane. paj 11
Boukan, # 239. fevriye 1988. 24^{èm} ane. paj 8
Boukan, #241. avril 1988. 24^{èm} ane. paj 3,4
Boukan, #242. me 1988. 24^{èm} ane. paj 10,11,13
Boukan, #243. jen – jiyè 1988. 24^{èm} ane. paj 10,11
Boukan, #247. novanm 1988. 24^{èm} ane. paj 7
Boukan, #248. desanm 1988. 24^{èm} ane. paj 13
Boukan, #251. mas 1989. 25^{èm} ane. paj 3,4
Boukan, #253. me 1989. 25^{èm} ane. paj 7

E. W. Védrine - *Boukan dife leterati ak Joël Lorquet*

- Boukan*, #255. jiyè – out 1989. 25^{èm} ane. paj 8,9
Boukan, #256. septanm 1989. paj 11,14
Boukan, #257. oktòb 1989. paj 3
Boukan, #258. novanm 1989. 25^{èm} ane. paj 11,12
Boukan, #259. desanm 1989. 25^{èm} ane, paj 5,10,12
Boukan, #260. janvyè 1990. 26^{èm} ane. paj 13
Boukan, #261. mas 1990. 26^{èm} ane. paj 9,10,11,12
Boukan, #263. avril – me 1990. 26^{èm} ane. paj 10,11,12
Boukan, #264. jen 1990. 26^{èm} ane. paj 9
Boukan, #266. septanm – oktòb. 1990. 26^{èm} ane. paj 5,9,14
Boukan, #267. nov – desanm 1990. 26^{èm} ane. paj 1,5,7,9